# IУАЩХЬЭМАХУЭ

12+

ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ

1958 гъэ лъандэрэ къыдокI

март **2** апрель

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид,
КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
ХьэIупщы МуIэед (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2018

# Псалъащхьэхэр

## ЖьантIэ

*УсакIуэ Тхьэзэплъ Хьэсэн илъэс 75-рэ ирокъу*

**ХьэкIуащэ Андрей.** Лъэхъэнэхэр зэпызыщIэ.......... 3
Тхьэзэплъ Хьэсэн хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр.......... 15
**Тхьэзэплъ Хьэсэн.** *Усэхэр*.......... 20

*УсакIуэ Бемырзэ Мухьэдин къызэральхурэ илъэс 70 ирокъу*

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Зи сатырхэр уахътыншэ.......... 37
**Бемырзэ Мухьэдин.** *Усэхэр*.......... 50

*УэрэджыIакIуэ Мэремыкъуэ Хъусен илъэс 70 ирокъу*

**Истэпан Залинэ.** Уэрэдыр зи гъащIэ. *Интервью*.......... 59

*Жылагъуэ лэжьакIуэ Уэхъутэ Александр илъэс 70 ирокъу*

**Даур Жэхьфар.** Адыгэхэм я лIыкIуэ.......... 65
**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.** Хэкупсэ нэс..........74

## Прозэ

**Мэзыхьэ Борис.** КIэнджэгу. *Рассказ*.......... 77

## Усыгъэ

**БакIуу Хъанджэрий.** ХъуэпсапIэ нэхухэр зи гъуазэ.......... 83
**Зэубыд Ахьмэд.** *Усэхэр*.......... 85

## Публицистикэ

**НэщIэпыджэ Замирэ.** «Адыгэ хабзэр» Истамбыл нэсащ.......... 95
**Шыпш Даянэ.** ЦIыху цIэрыIуэхэр.......... 101
**Мэремыкъуэ Элеонорэ.** Кавказ расэ.......... 108
**Унэж Кашиф.** Мыхьэнэшхуэ зиIа къэхъукъащIэхэр.......... 111

## Литературэ щIэныгъэ. Критикэ

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** ЩIэблэм я хъэтI.......... 123

## ЩIэблэ

**Щомахуэ Залинэ.** Нур. *Рассказ*.......... 135
**Таджэ Замир.** Езанэ. *Рассказ*.......... 151

## Сабийхэм папщIэ

**Даур Зое.** Зым и зэран щэм йокI. *Таурыхъ*.......... 154

Псалъэзэблэдз.......... 158

*УсакIуэ Тхьэзэплъ Хьэсэн илъэс 75-рэ ирокъу*





# ЛЪЭХЪЭНЭХЭР ЗЭПЫЗЫЩIЭ

Къэбэрдей усакIуэ хьэлэмэт Тхьэзэплъ Хьэсэн къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу. А зэманым къриубыдэу хузэфIэкIам, и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэм я гугъу умыщIми, апхуэдиз илъэс бжыгъэ къэбгъэщIэныр насыпщ, ди щхьэщыгум итым и тыгъэ лъапIэщ. ПхужыIэнукъым а илъэсхэр абы пщIэншэу игъэкIуауэ, и щхьэ игъэфI къудейуэ ар дунейм тетауэ. Лъэпкъ литературэм илъэс 50 и пэкIэ къыхыхьа усакIуэ ныбжьыщIэр, и къуажэгъу КIуащ БетIали зэрыжиIащи, «Зэманыр IуэхукIэ игъэнщIыфу» псэуащ, ешрэ псэхурэ имыIэу лэжьащ, и щIэныгъэм зэрыхигъэхъуэным, и Iэзагъыр зэрыригъэфIэкIуэным сыт щыгъуи яужь иту. Ар наIуэу белджылы мэхъу япэу дунейм къытехьа и тхыгъэхэмрэ иужькIэ къыдэкIахэмрэ зэплъытмэ, ухуэкIэ-гъэпсыкIэ и лъэныкъуэкIэ абыхэм ягъуэта зэхъуэкIыныгъэхэр зэбгъапщэмэ. А зэманхэм къриубыдэу усакIуэм езым и тхэкIэ, и хъэтI зэригъэпэщыжащ, анэдэлъхубзэрэ урысыбзэкIэ Налшыкрэ Москварэ тхылъ 27-рэ къыщыдигъэкIащ.

А псор зыхузэфIэкIа щIалэм и япэ лъэбакъуэхэр тыншу щытакъым. ГъащIэ гъуэгум техьэ ныбжьыщIэ куэдми ещхьу, абыи IэщIагъэ

хуэхъунур занщIэу хузэхэгъэкIакъым. Курыт еджапIэр къызэриухыу ар щIотIысхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и мэкъумэш факультетым. ИлъэсиплIкIэ щеджауэ абы къыщIокIри, Москва макIуэ икIи М. Горькэм и цIэр зезыхьэ Литературэ институт цIэрыIуэм щIотIысхьэ. Абы зэрыщеджэм хуэдэурэ, 1972 гъэм ди университетыр къеухыж, илъэситI докIри, литературэ институтыр къызэриухам щыхьэт техъуэ тхылъыр иIыгъыу и Хэкум къегъэзэж.

Москва щыщеджа илъэсхэм, тхэкIэм и Iэмалхэмрэ и щэхухэмрэ зэрызригъэщIам нэмыщIкIэ, Хьэсэн урыс, дунейпсо литературэхэм кууэ щыгъуазэ захуещI. Тхылъ куэд зэрыщIиджыкIам, щыхьэрым зэманышхуэкIэ зэрыдэсам и фIыгъэкIэ, урысыбзэри зрегъащIэ, абыи иритхэу щIедзэ. Iэрыхуэу, гъэхуауэ ар къызэригъэсэбэпыфыр нэрылъагъу къыпщащI а бзэмкIэ итха и IэдакъэщIэкIхэр урыс журнал зэхуэмыдэхэм къызэрытехуэм, Москва дэт тхылъ тедзапIэхэми къызэрыщыдэкIым.

Тхьэзэплъым и тхылъхэм я нэхъыбэр («Ещанэ сменэ» (1971), «ЦIыхубз хужь» (1976), «КъежьапIэхэр» (1979), «Псыпэ» (1980), «УэрэдыщIэ» (1983), «ЩIыгу гъащIэ» (1983) дунейм къыщытехьар совет къэралыгъуэм и  лъэхъэнэрщ. А илъэсхэми лъэпкъ куэду зэхэт литературэхэм емызэшу, яхуэмыухыу щагъэлъапIэр гъащIэщIэрт, дуней псом щызэлъащIыса абы и ехъулIэныгъэхэрт, ахэр зи фIыгъэ партымрэ абы и унафэщI къэмылэнджэжхэмрэт. А узыфэм имыцIалэу, езым и Iуэху еплъыкIэ иIэжу тхакIуэхэм къахэкIыр закъуэтIакъуэт, апхуэдэхэри хьэIупс ящIырт, Хэкум ирахурт.

Тхьэм къыбгъэдилъхьа зэчийм къыхуимыдарэ е и лIыгъэм къыхэкIа? Ар зэхэгъэкIыгъуейщ. Ауэ усакIуэ ныбжьыщIэм псоми яIэщIэужэгъуа псалъэ лъагэхэр, хъуэхъухэр IэщIыб ещI, партым и IуэхущIафэми, гъащIэщIэм и гъэлъэпIэнми зыщедзей. «Сыхэмыхьэмэ, ситхьэлэн» жыхуиIа хъунщ, цIыху гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ Iуэху нэхъыщхьэхэрщ – хэкум, адэ-анэм яхуиIэ щытыкIэр, ныбжьыщIэхэм яку дэлъ лъагъуныгъэр, и лъахэм и теплъэр, абы и дахагъыр къэгъэлъэгъуэным зрет. Ар нэрылъагъу щохъу усакIуэ щIалэм и япэ усэ тхылъ «Ещанэ сменэм». Абы ит усэхэм уащыхуэзэркъым псоми ехьэжьауэ ягъэлъапIэ партми, псэукIэщIэми, хэбгъэзыхьмэ, къэрал унафэщIхэм я цIи къыщиIуакъым. ГъэпсыкIэ нэс зэкIэ ямыгъуэтами, къэхутэныгъэщIэ щIагъуэ яхэмылъми, а тхыгъэхэм къыщыIуэтащ къызэрыгуэкI цIыхухэр зыгъэпIейтей гурылъ-гурыщIэхэр, и хэкум IэфIагъыу хуиIэр, хузэфIэкI псори абы хуищIэну зэрыхьэзырыр. Къыщалъхуа щIыналъэм гурыщIэ къабзэ хуиIэр усакIуэм къыщеIуатэ Iыхьищу зэхэт «Си лъахэ» жыхуиIэ усэм. Абыхэм ящыщ зым зэрыщыжыIащи, абы хэт лирическэ лIыхъужьым и гъащIэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ и адэжь лъахэм, ар имыIэжмэ мыпсэуфынуи къыфIощI:

*Си адэжь Хэку,*
*Уэращ сэ си къежьапIэр,*
*ГъащIэр сухми –*
*Уи щIым сыщIэлъынщ...*
*Гъэмахуэ шылэм*
*Жьауэ сыпхуэхъуфмэ,*
*ЩIымахуэ уаем*
*Узгъэхуэбэжыфмэ,*

*Нэщхъей ущыхъум*
*Удз гъэгъа Iэрамэ*
*Уэ нып Iэщ Iэслъхьэу*
*Узгъэгуф Iэжыфмэ,*
*Дунейм сехыжми,*
*Псэум зеслъытынщ –*
*Мы си псэр ныбжьу*
*Уи щIыгум тетынщ.*

ЩIалэгъуэр лъагъуныгъэншэу епхьэкIыфынукъым, аращ Тхьэзэплъми и япэ усэхэм щIыпIэ нэхъ ин абы щIыщаубыдыр. Пэжщ, нэгъуэщIхэм жамыIа щIэ, щIэщыгъуэ щIагъуэ абыхэм ящIэлъкъым, язынықъуэхэр гум ехуэбылIэркъым, адрейхэм уэру уи «шагъдий жэрри», уи «щIакIуэ фIыцIэри», уи «шыгъуэгу щхьэгъубжэри» къыщигъэсэбэпащ, екIуэкI гъащIэм ахэр зэрыпэIэщIэм и гугъу умыщIыххи.

Езы усакIуэ дыдэми а илъэсхэм къыгурыIуэжауэ къыщIэкIынущ апхуэдэ къэгъэлъэгъуэкIэр зэрымытэмэмыр, къызэремызэгъыжыр. Абы бгъэдыхьэкIэщIэ къыхуигъуэтыну ар яужь зэрихьам щыхьэт тохъуэ а илъэсхэм абы и Iэдакъэ къыщIэкIа «Дызэхуэзэт...» жыхуиIэ усэр. Пэжагъ хэлъу, гъэщIэгъуэну, псалъэ лей хэмыту а тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ зэрысабийрэ къызэдэхъуа, къызэдэгъуэгурыкIуа ныбжьыщIитIым, ямыщIэххэу, яку лъагъуныгъэр къызэрыдыхьэр, ар зищIысыр къазэрыгурыIуэр, занщIэуи а тIур абы балигъыпIэ зэрыригъэувэр:

*Дызэхуэзэт.*
*Псалъэ куэд зыжетIэт.*
*Ауэ тIуми дигухэр*
*Зэхуэщымт.*
*Дысабийт – дымыщIэт*
*Зэрытетыр*
*Псэ зэпыщIэу*
*Лъагъуныгъэ щIым.*
*ДызэфIэнэрт.*
*Дэ игъащIэкIэ*
*Дызэхуэмызэну*
*Тхьэ щытIуэжт.*
*ЖытIэр ди фIэщ хъужу*
*Дэ дежьэжырт,*
*Ауэ сыхьэт дэкIым*
*ДызэкIужт.*
*Аурэ хьэблэм*
*Iуэху дыкъащIыр дэ тIур:*
*«ФщIэрэ?*
*Мы тIур фIыуэ зэролъагъу!» –*
*Зэхыдох ар.*
*Мэхъу зэжетIэр мащIэ.*
*ЩIым доплъыхыр –*
*Дыхъумэ зэгъунэгъу.*
*Дэ дымыщIэт*
*Дякум илъыр сытми –*
*Ауэ цIыхухэм*

*Абы цIэ къыфIащ –*
*«Лъагъуныгъэ!»...*
*А зы псалъэ закъуэм*
*Куэд дэмыкIыу*
*Дэ балигъ дищIащ.*

УсакIуэм къригъэжьа къэхутэныгъэм иужькIи пещэ, гурыщIэ лъагэр къэгъэлъэгъуэкIэщIэхэмкIэ иIуатэу щIедзэ. Абы и щапхъэу къэпхь хъунущ «Зы уэрэд» жыхуиIэ усэ Iэрамэр. Ар и гъэпсыкIэкIи гъэщIэгъуэнщ: тхыгъэр Iыхьит Iу зэхэлъщ, псори зэхэту усэ тIощIым ноблагъэ, я ухуэкIэкIи зэщхьэщ, языхэзри сатыриплIу, сатырищу, тIууэ, зыуэ зэхэтщ, зытеухуари езы усакIуэмрэ абы и гумрэ дуней фIыгъуэр, лъагъуныгъэр цIыхубэм зэрыбгъэдалъхьэнырщ:

*Сыту дахэ удзхэр щыгъэгъам!*
*Здэнти си гур ахэм яIыгъам.*
*Ауэ щIыгур хуейщ зэхэскIухьын,*
*Гур згъэпсэхум, сыт къарум сихьын?*

*Сигу! Удз IэплIэ къисчым упыIэн?..*
*Удзхэм дыхэмыту хэт жиIэн*
*Иджы си гум дэрэ!*

*Сигу, мы удзхэр дэнкIи щIым тетпхъэнщ,*
*Ар цIыху лъагъуныгъэм хуэгъэгъэнщ!..*

*Фхуэгъэгъа? Узыншэу-тIэ, дожьэжыр...*



УсакIуэм и гур нэхъ зыхуэмыгъуэ а темэр нэхъ куу ищIым нэхъ фIэкъабылу иужьыIуэкIи етх «Лъагъуныгъэ» зыфIища усэ гупыр. «Зы уэрэдым» къыщхьэщыкIыу, абы нэгъуэщI гъэпсыкIэ игъуэтащ, хэт усэхэр нэхъ быдэу зэпыщIащ, дэтхэнэми и кIэух сатырыр зэхъуэкIыныгъэншэу къыкIэлъыкIуэм и пэщIэдзэм къыщыхьыжащ:

*Си къэшэным и псэм IэфIу фыдэжей.*
*Гухэль псыпэ щэхуу – щэхукIэ жыIэгъуей!*
*Жьыбгъэми щэху дыдэу щхьэцыр фхуезгъэжьынщ.*
*Уэгум вагъуэ итыр сэри къыфхуэзбжынщ.*
*ФхуезгъэщIынщ губгъуэшхуэм удз гъэгъау бостей,*
*Кърифшэну дахэр сэ си дей пщэдей.*
*Ауэ иджыпстукIэ IэфIуэ ар вгъэжей.*
*И гум фемыIусэ – хъунущ ар лыгъей.*

Тхьэзэплъым и япэ усэхэмрэ поэмэхэмрэ нэхъ зытегъэщIауэ щытар лъэпкъ усыгъэм нэхъ пасэхэм зэригъэпэща усэ гъэпсыкIэхэрщ. Абы и тхыгъэхэм я нэхъыбэм къыщыгъэсэбэпар силлабо-тоникэм и жыпхъэ зэхуэмыдэхэрщ, абы и строфикэ зэмылIэужьыгъуэхэрщ, кIэух рифмэрщ. УкIэлъыплъыпэмэ, нэхъыбэрэ усакIуэр зэжалIэр усэ кIэщIхэрщ, апхуэдэм дежи, къэгъуэтыгъуейуэ зэрыщытым къыхэкIкIэ, кIэух рифмэкIэ абы сатыриплIым щыщу зэпэджэж ищIыр етIуанэмрэ еплIанэмрэщ, ахэри языныкъуэ сатырхэм нэхъ мащIэж щохъу. Ауэ 80 гъэхэм абы къигъэсэбэп усэ гъэпсыкIэм зехъуэж, нэхъыбэрэ ар В. Маяковскэм и усэ ухуэкIэм хуэкIуэу щIедзэ. Зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкIэ,

ар зэпхар зытетхыхь Iуэхухэрщ, а IэмалымкIэ абы игъэпсыр жылагъуэм, зауэм, мамырыгъэр хъумэным, лъэпкъ щхьэхуитыныгъэм щIэбэн цIыху къэмылэнджэжхэм ятеухуа тхыгъэхэрщ. Апхуэдэ усэхэм цIыхухэм уакъыщыхуеджэн хуейр зэIущIэхэрщ, зэхуэсыпIэхэрщ, сатырым хэт дэтхэнэ зы псалъэми щIэлъ гупсысэр къедаIуэм и деж нэхъ наIуэу нэсын папщIэ. А усэ гъэпсыкIэм тету тхащ «ЩIыгу гъащIэ» тхылъым ит тхыгъэхэм я нэхъыбэр. Абы хыхьэ «ЩIым и псалъэ» усэм мыпхуэдэ сатырхэм уащыхуозэ:

*Хыхъащ а бомбитIыр*
*лIэщIыгъуэм*
*нэпскIэ,*
*Лыгъейм*
*ищIауэ*
*сырымей*
*дунейр.*
*Лъэпкъыр лажьэрт –*
*шхэжырт*
*гуфIэжу,*
*ИмыщIэу*
*и уафэ къабзэм*
*къыхудрахьейр.*

Сыт хуэдэ щхьэусыгъуэ хуэхъуми, иужьрей илъэсхэм къэбэрдей усакIуэр урыс усакIуэшхуэм и жьауэм къыщIокI, гъэщIэгъуэныращи, абы и Iэужь щIагъуэ хэплъагъуэркъым урысыбзэкIэ и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэми.



Ди къэралым зэхъуэкIыныгъэхэр щекIуэкIын ипэ къихуэуи, иужьыIуэкIи, лIыпIэ иува, зи зэхэщIыкI – Iуэху еплъыкIэхэр зэтеува усакIуэм и тхыгъэхэр хэпщIыкIыу йофIакIуэ: зыхэт, екIуэкI гъащIэм и лъэныкъуэ куэд къызэщIаубыдэ, ящIэлъ гупсысэр нэхъ куу, зэхуэмыдэ, езыхэри зэщIэкъуа, языхэзри и щхьэ хущыт мэхъу. Нэхъ ехьэжьауэ абы къигъэсэбэпри лирикэ усэхэрщ, нэхъыбэу абыхэми къыщыIуэтар езыр зыгъэпIейтей и гурылъ-гурыщIэхэрщ. Усэхэм щызэфIэгъэува лирическэ лIыхъужьыр хуитыныгъэм, пэжыгъэм, цIыхугъэм, захуагъэм я телъхьэщ, я бэнакIуэщ, дуней псом, езыр щыпсэу къэралышхуэм, и лъахэм къыщыхъу, щекIуэкI дэтхэнэ зы Iуэхуми ар егъэпIейтей – и гум, и псэм йожалIэ, ягъэгушхуэ, ягъэгубжь. УсакIуэм игу къоуэр къэралыгъуэ лъэщыр зэракъутар, хуэмышэчыххэр, арэзы зытемыхъуэр зэхъуэкIыныгъэ псори бащэу зыщыгугъам къыдэкIуа зэхэщIыкI пхэнжхэмрэ хабзэ мыхъумыщIэхэмрэщ. «Илъэсипщ1 дэкIащ къэкъуалъэу» жыхуиIэ усэм ехьэкI-къехьэкI лъэпкъ хэмылъу къыщегъэлъагъуэ нобэ апхуэдизу ягъэлъапIэм къытхуихьа «фIыгъуэ» мыухыжхэр:

*Зэрызохъэр къэралыжьыр,*
*СССР-р мэлъэлъэж.*
*..............................*
*Гугъуехь защIэу докIуэ гъащIэр, –*
*ЦIыху къарум къыхуимытIэс.*
*Ди псэ дыдэми и лъащIэр*
*ГъащIэ нэзи нэмыплъыс.*

*Ауэрэ докIуэ, доIэ псэкIэ.*
*Зэм доджалэ, дотэджыж.*
*Дезышэх хьэлъагъэр плIэкIэ*
*Здэтхъ дымыщIэу дэ дохъыж.*

«ХабзэщIэ» къэунэхуахэм къытхуахьа бэлыхьхэр зи плIэм дэхуауэ абрэмывэу ар зыхь къыдалъхуахэм усакIуэм и гур ящIоуз, ауэ быдэу и фIэщ мэхъу зэ мыхъуми зэ гугъуехь хьэлъэхэм къаIэщIэкIыу, нэплъэжыгъуэ абыхэм зэрагъуэтыжынур:

*Дауэ апхуэдэу*
*Сыпсэуфыну?*
*ЦIыхур Iэщ пэбжу*
*Къалъытэ хъуа?*
*Хьэл ямыIэжу*
*Зыр зым хуэфIыну,*
*Щхьэ нэпсеягъэр*
*УэфI къащыхъуа?!*
*Пэжу жысIэнщи,*
*Тхьэусыхафэм*
*Мылъкуи былыми*
*Къимылэжьын.*
*Дэ дыщыщIэткIэ*
*ГъащIэ унафэм,*
*Хуейщ мыхъумыщIагъэм*
*Дыпэлъэщын.*



УсакIуэ набдзэгубдзаплъэм гу лъетэ гъащIэ зыхэтым и мызакъуэу, езы цIыхухэми хэпщIыкIыу зэрызахъуэжам, зэрекIэкIуам, пасэрей хабзэ-нэмысхэр IэщIыб зэращIам, цIыхугъэншэ, гущIэгъуншэ зэрыхъуам. И усэхэм ящыщ зым зэрыщыжиIэмкIэ, цIыхур къызытепщIыкIауэ жыхуаIэ номинхэм пщIыхьэпIэ къудейуэ ямылъагъун, яхуэмыщIэн икIагъэхэр, хьэдэгъуэдахэхэр елэжь езым нэхърэ нэхъ Iущрэ гъэсэныгъэ зиIэрэ щымыIэу къэзылъытэж цIыхум. Игу щIэмыгъуу, зыфIимыгъэIуэхуу, зыми фIэмылIыкIыу абы ищIэ щIэпхъаджагъэхэр пэжагъ хэлъу къыщыгъэлъэгъуащ «СыкъызытехъукIа номинхэ...» усэ хьэлэмэтым:

*... СыкъызытехъукIа номинхэ!*
*Фэ фыкъыщIэнащ щIы щIагъым кууэ,*
*Тхышэу, кIэ кIыхьу, жьэпкъ кIыхьу, Iэ кIыхьу*
*ИкIи Iэпхъуамбэ кIыхьхэу.*
*Сэ иджы захуэу лъакъуитIкIэ сыкъэуващ,*
*Си IитIри хуит къэхъуащ!*
*Сэ иджы сыноминыжкъым –*
*Псэ зыIутхэм я нэхъ Iущ дыдэ сыхъуащ!*
*Си Iэхэр есащ тхьэлэным,*
*Iэпхъуамбэхэр есащ Iэщэхэм я кIакхъур щIэчыным.*
*.....................................................*
*Арат сэ лъакъуитIкIэ сыкъэувиу*
*Си Iэхэр хуит къыщIэхъуар.*

ГъащIэ хьэлъэм лэжьакIуэ къызэрыгуэкIхэм зэпымыууэ къахуихь гугъуехьхэм ахэр къыIэщIэхын папщIэ щIэн хуейр къыхуэщIэркъым усакIуэм. КъыгуроIуэ зы цIыху къарукIэ абыхэм зыри зэрыпхуемыщIэнур. Иужь лъэхъэнэхэм абы и Iэдакъэ къыщIэкIа и тхыгъэхэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, ар иджы зыщыгугъыр Тхьэшхуэрщ, зи гущIэгъумрэ хьэтырымрэ псори зыпэплъэ закъуэрщ. И усэхэм ящыщ куэдым ар Тхьэм щолъэIу и Iумэтым ит цIыху цIыкIур и гущIэгъум химыну, абыхэм ятелъ бэлыхьхэм я хэкIыпIэ хъунухэр къыжриIэну, гъуэгу тэмэм тригъэувэжыну. «Уафэмрэ псэмрэ я зэхуэзапIэм» и усэм абы мыпхуэдэ лъэIукIэ Тхьэшхуэм зыхуегъазэ:

*Уэ къыдэтыж зэхэщIыкI, зэгурыIуи,*
*Псэун къаруи псэм къыхэлъхьэж.*
*Дунейм и щIагъи дунейм и щIыIуи*
*Псэ екIуэлIапIэу тхуэпщIар къэдгъэщIэж.*

И лъэIум къикIын зэрыщымыIэр езы усакIуэми къыгурыIуэжу къыщIэкIынщ, ауэ, иджыкIэ, хэкIыпIэ закъуэу абы къыхуэнэжыр зыщ – щIылъэ унафэщIхэм щызэхамыщIыкIкIэ, Тхьэм елъэIунырщ.

Иджырей гъащIэм и щытыкIэ зэIумыбзым теухуащ усакIуэм урысыбзэкIэ итха «Неопалимая Купина», «До конца еще далече», «Адыги», «И тот, кто посмеет», «Я веру потерял к демократам», «Вот и у нас богачи появились» жыхуиIэхэр. Ахэр урысыбзэкIэ къызэрыдэкIрэ зэманыфI щIами, адрей и тхыгъэ нэхъыфIхэм хуэдэу хэIущIыIущэ хъуакъым.

Тхьэзэплъым гъащIэр фIыуэ елъагъу, абы кууэ щыгъуазэщ, дунейм къыщыхъу-щекIуэкIхэм темыплъэкъукIыу кIэлъоплъ, дэтхэнэ къэхъугъэми ар поджэж, абыхэм зэрыхущытыр ибзыщIыркъым, ехьэкI лъэпкъ хэмылъуи къеIуатэ. УсакIуэм и къалэмыпэр куэдым нэсащ, Iэджэм тетхыхьащ, а илъэгъуахэм къыхузэIуаха гупсысэхэр езым и хьэтIкIэ тхылъеджэхэм я пащхьэ ирилъхьэжащ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа псоми зы тхыгъэ закъуэкIэ уатепсэлъыхьын пхузэфIэкIынукъым, ауэ ди щхьэкIэ гуапэ тщыхъунт критик ныбжьыщIэхэм ар я пщэ дальхьэжатэмэ.

Сыт хуэдэ ныбжьым имытами, зи IэщIагъэр фIыуэ зылъагъу, зи псэм ар хэлъ дэтхэнэ тхакIуэри и щIэныгъэм, и Iэзагъым зэрыхигъэхъуэным, абы нэхъри зэрызригъэужьыным ерыщу яужь итын хуейщ. Дунейпсо литературэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм ящыщ гуэрхэр къиштэу ахэр ди лъэпкъ литературэм сэбэп зэрыхуэхъуну щIыкIэри имыубзыхуу хъунукъым. Къапщтэмэ, илъэс 50-60-кIэ узэIэбэкIыжмэ, къэбэрдей усыгъэр сонетым щыгъуазэу щытакъым, апхуэдэ тхыгъи абы хэтакъым, ауэ иджы ар Iэзэу зытх усакIуэхэр диIэ хъуащ, апхуэдизу ягу ирихьащи.

ЩIэ гуэр къэхутэным увыIэгъуэ имыIэу яужь зэритыр къигъэлъагъуэу, Тхьэзэплъым иужьрей илъэсхэм ехьэжьауэ къигъэсэбэпу щIедзэ КъуэкIыпIэ лъэпкъхэм лIэщIыгъуэ зыбжанэ ипэкIэ зэрагъэпэща рубаикIэ зэджэ усэ гъэпсыкIэр. ПхужыIэнукъым ар ди лъэпкъ усыгъэм имызагъэу лъэщыгъэкIэ къэбэрдей усакIуэм кърипхауэ. Ди литературэм ныбжьышхуэ имыIэми, куэд щIауэ ущыхуозэ сатыриплIу зэхэт строфам, катренкIэ зэджэжым. Пэжщ, апхуэдэ сатыриплIыр и щхьэ хущыткъым, ар усэм, поэмэм щыхэткIэ, и пэм е и ужьым щыт строфахэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ, гупсысэ пыухыкIа щIэлъкъым, гъэпсыкIэ быдэми теткъым. Рубаим и сатыриплIым щы къудейрщ –

езанэ, етIуанэ, еплIанэхэрщ – кIэух рифмэкIэ зэпыщIар, ещанэр сытым щыгъуи рифмэншэщ. КъуэкIыпIэ усыгъэхэм рубаим къыщагъэсэбэпу щытащ редифри. Апхуэдэм дежи сатыр зэкIэлъыкIуэхэм щыт рифмэхэм яужькIэ зэщхьу зы псалъэм е зытIущым къыщытрагъэзэжырт, ди зэманым ар зэзэмызэ фIэкIа къамыгъэсэбэпыжми.

Тхьэзэплъ Хьэсэн и рубаихэр япэщIыкIэ зэритхар урысыбзэщ. Ахэр щIэх-щIэхыурэ газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуэу щIадзащ, иужькIэ, 2013 гъэм, тхылъ щхьэхуэу, «Караванщик» и фIэщыгъэцIэу Налшык къыщыдэкIащ.

Абы псалъащхьэ хуэзытха профессор Эфендиев С. рубаихэр лъэпкъ усыгъэм и хэлъхьэныгъэу, ар зи IэдакъэщIэкIым и ехъулIэныгъэ иину къилъытащ. Ауэ Эфендиеври езы усакIуэ дыдэри пэплъауэ, щыгугъауэ къыщIэкIынукъым апхуэдэ пщIэрэ щIыхьрэ а тхылъым и натIэ хъуну. Гъэ дызэрыхьам и пэщIэдзэм Тхьэзэплъым а и тхылъым къыхуагъэфэщащ Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр – «Урысей литературэм и саугъэт иныр». Зэгухьэныгъэм и унафэщIыми, зэIущIэм кърихьэлIахэми псалъэ гуапэ куэд хужаIащ къэбэрдей усакIуэми, абы и тхылъми. Иужьрей илъэсхэм апхуэдэ щIыхь къэзылэжьа, саугъэт лъапIэ зыхуагъэфэща ди тхакIуэхэм къахэкIакъым.





**Тхьэзэплъ Хьэсэн** *(ижьымкIэ еплIанэр)* **УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым и дамыгъэ «Урысейм и литературэ саугъэт иныр» кърατащ. Москва, ЦДЛ.** *2018*

Эфендиевым зэрыжиIэмкIэ, Тхьэзэплъым урысыбзэкIэ итхащ рубаи 1200-м нэблагъэ, иужь лъэхъэнэхэм и Iэдакъэ къыщIэкIахэм я гугъу умыщIми. Ахэр адыгэбзэкIэ зэрызэмыдзэкIар усакIуэм игу къеуэрти, абыхэм ящыщ зыкъом, 200-м нэблагъэ, езым адыгэбзэм Iэзэу кърищэзагъэри, «Адыгэ псалъэ» газетым и къыдэкIыгъуитIым (2014 гъ.) къытехуащ. Гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым абыхэм я нэхъыбэр урысыбзэкIэ къыдэкIахэм зэрапэгъунэгъум. Апхуэдэу щытми, зэрыхузэфIэкIкIэ усакIуэр яужь итщ рубаим и гъэпсыкIэр и тхыгъэхэм зэрыщихъумэным, абыхэм ящIэлъ гупсысэр сыт хуэдизкIи нэхъ куу, пэж, щIэщыгъуэ

зэрищIыным, ди лъэпкъ гъащIэм къызэрыригъэзэгъыным. ЗэхэтыкIэ мыхъумыщIэ нобэ къэунэхуам, щэн-къэщэхуным, псори зэритхьэкъуар зыфIэмыкъабыл усакIуэм и рубаихэм ящыщ зым мыпхуэдэу щыжеIэ:

*ГъащIэм япэм дигъэIущырт, гъуэгу зэпытчым хуэтщIу пщIэ.*
*Иджы, нобэм зы къэнакъым дымыщэжу хъунур пщэ.*
*КъытщIэкIуам и нахуэ дыдэр ауэ жыжьэу тхуэмыубзыху, –*
*Мис, итIани, дефэ-дешхэу, дэ дрещхьщ матэншэ бжьэм.*

Къулейсызыгъэм хэмыкI цIыхухэр зыхэт бэлыхьым усакIуэр егъэхыщIэ, зыгуэркIэ абыхэм защIигъэкъуэну щIохъуэпс. И рубаихэм ящыщ зым мыпхуэдэу ар къыщеIуатэ:

*Уэ къыдэт, ди Тхьэшхуэ, псалъэ, псэ щыуар къэзыIэтыж, –*
*Ар щыуами, уи IэмыркIэ къаруущIэ езытыж.*
*ГъащIэ хъарым ар ипхауэ, дуней псор щIэщIауэ ехь,*
*ЩхьэзыфIэфIхэм хэту кIуэуэ, имыIэжу къыщхьэщыж.*

И тхыгъэхэм ящыщ зым усакIуэм пэжу гу зэрыщылъитащи, цIыхухэм блэкIар зэрамыщIэр, ямыщIэ къудейм къыщымынэу, къазэрыфIэмыIуэхур насыпыншагъэхэм я хэкIыпIэ зэрыхъуар къыщыгъэлъэгъуащ:

*ЦIыхум иIэ и хэлъэтыр толькъун уэру дэни нос.*
*ИкIи псоми зыщIегъакъуэ, икIи хъуркъым зым и кIэс.*
*Уеблэм ар дунейм и купщIэщ – ди нэр купщIэм нэмыплъыс,*
*Аддэ, адэм и адэжым щыIар тщIэжкъым нобэ къэс.*

Дэ тщIэркъым дяпэкIэ рубаим и натIэ хъунур, зы усакIуэм фIэкIа ар къыщимыгъэсэбэпкIэ. Ауэ Тхьэзэплъым къыхилъхьа жэрдэмыр къабыл ящыхъурэ нэхъыжьхэм къащIэувэ ныбжьыщIэхэм даIыгъмэ, ари, сонетым ещхьу, лъэпкъ усыгъэм лъэ быдэкIэ зэрыщыувыным шэч хэлъкъым.

Тхьэзэплъ Хь. литературэм къыхыхьэн и пэ къихуэу къэбэрдей усыгъэм поэмэ жанрым зыщиужьауэ, тхыгъэ хьэлэмэт зыбжанэ зэригъэпэщауэ, традицэ гуэрхэри иIэ хъуауэ щытащ. УсакIуэ ныбжьыщIэм абыхэм нэIуасэ зэрызыхуищIам, ахэр щапхъэ зэрыхуэхъуам шэч хэлъкъым. Абы щыхьэт тохъуэ а жанрыр къигъэIурыщIэну яужь ихьэу «ЦIыхубз хужь» поэмэр (1976) къызэрыдигъэкIар. Ар романтизмэм и жыпхъэхэм тету гъэпсащ, лъабжьэ хуэхъуар 19-нэ лIэщIыгъуэм и зэман псэзэпылъхьэпIэм къэхъуа зы Iуэхущ. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, Кавказ зауэр щекIуэкIа илъэсхэм бгырыс сабий куэд урысхэм гъэру яубыдащ, абыхэм я нэхъыбэр унэIут ящIащ, языныкъуэхэр унагъуэхэм зрашалIэри, бын ящIащ. Сыт щхьэусыгъуэ хуэхъуами, поэмэм и лIыхъужьхэм цIэ яIэкъым, абы и щIыIужкIэ сабийхэр лъэпкъкIэ зыщыщри, Iуэхухэр щекIуэкI щIыпIэхэри тхыгъэм щыгъэбелджылакъым. А щыуагъэр игъэзэкIуэжыну яужь ихьа, сытми а тхыгъэр урысыбзэкIэ зэзыдзэкIа Чконие Д. цIыхубз хужьым Аннэ фIищащ, ауэ анэшхуэмрэ щIалэмрэ абыи цIэимыIуэу къигъэнащ.

Поэмэм нэхъ гукъинэжу щызэфIэгъэувар анэшхуэм и образырщ. Хьэзабрэ бэлыхьу къытепсыхахэм ар апхуэдизкIэ ираудыхащи, IэфIыгъэ лъэпкъ гъащIэм хуиIэжкъым. Ар цIыху ткIийщ, залымщ, и жыIэм, и унафэм зыри фIэкIыу идэркъым. Абы и пхъурылъху закъуэм

и гурыщӀи, и лъагъуныгъи хъымпӀару къридзэркъым, зэрысабийрэ и деж къыщыхъуа бгырыс щӀалэми теплъэ хъуркъым. Зэреджэр «бусурманщ». Хэбгъэзыхьмэ, ар иукӀыну яужь йохьэ.

Псэм дыхьэу, зэфӀэкӀрэ лъэкӀыныгъэрэ бгъэдэлъу а тхыгъэм щыплъагъур цӀыхубз хужьым и образырщ. Ар залымыгъэм къэмылэнджэжу пэщӀэтщ, и лъагъуныгъэмрэ и бын закъуэмрэ лӀыгъэ хэлъу ехъумэ. Сытым къыхэкӀами, тхыгъэм нэхъ зэфӀэкӀыншэу къыщыгъэлъэгъуар бгырыс щӀалэм и образырщ. УсакӀуэм ар хухэшакъым абы и хьэлщэныр наӀуэу сэтей зыщӀыфын Ӏуэху. Шы пшэр уанэу дэнэкӀи йоутэкӀ: зэм, къыщалъхуа и хэкум кӀуэжыну мурад ещӀ, зи гурылъ къабзэхэр къыхузэӀузыха хъыджэбзыр здишэу; зэми ар зытригъэхьэжыркъым, гухэлъ лъэпкъ хуимыӀэжу тхьэ еӀуэри, ауэ иужькӀэ, зыкъызэредзэкӀыжри, арыншауэ мыпсэуфыну къыщӀедзыж, икӀэм-икӀэжым, абы и хьэдэр ӀэщӀэлъу псым зрегъэтхьэлэж.

УсакӀуэм и етӀуанэ «Елмысхъан» жыхуиӀэ поэмэми лъабжьэ хуищӀар гъащӀэ блэкӀарщ. Егъэлеиныгъэ гуэрхэр хэлъми, а тхыгъэм зи гугъу щыщӀа цӀыхугъэншагъэхэм хуэдэхэр пщылӀхэр щыщыӀа лъэхъэнэхэм ялэжьу зэрыщытам шэч хэлъкъым. Апхуэдэ щӀэпхъаджагъэ Ӏэджэ адыгэ хъыбарыжьхэм къахощыж. Поэмэм и лӀыхъужь нэхъыщхьэ Елмысхъан и образымкӀэ усакӀуэм жиӀэну зыхэтыр зыщ: къызэрыгуэкӀ адыгэ бзылъхугъэхэм гъэпщылӀакӀуэхэм лей мыухыж ирапэс. А залымыгъэм ерыщу пэщӀэтщ къызэрыгуэкӀ цӀыхубзыр, кърапэса цӀыхугъэншагъэр имыгъэгъуу илъ ещӀэж. Апхуэдэ лӀыгъэ, зэфӀэкӀхэр къызыкъуэкӀа пасэрей лъэпкъ цӀыхубз хахуэм и образ гукъинэж щызэфӀэгъэуващ КӀэрашэ Т. и «Шу закъуэ» романым.

Елмысхъан унэӀутщ, зиусхьэным и хьэпшыпщ, ауэ ар цӀыхущ, абы игу худэгъахуэркъым пщым кърищӀа напэншагъэр, икӀи ар абы хуигъэгъуркъым. Зи щхьэм япэ зи щӀыхьыр изыгъэувэ бзылъхугъэ телъыджэхэр ди лъэпкъым пасэм къахэкӀыу зэрыщытам ар и зы щыхьэтщ.

Поэмэм нэгъэсыпа щыхъукъым Мурат и образыр. ЦӀыхубз насыпыншэр мэзым ишэу пщыӀэм зэрыщӀигъэтӀысхьэмрэ абы и сабий закъуэр а зэрыхьзэрийм къызэрыригъэлымрэ фӀэкӀа зыри ищӀэркъым, къыпхуэмыубыд ныбжь къудейуэщ тхыгъэм зэрыхэплъагъуэр. Япэм пщыжь-уэркъыжьхэм яхэлъа ткӀиягъэхэм, лӀыгъэхэм ящыщ гуэри дэплъагъуркъым пщы ЛӀыжьокъуи: ар зэфӀэкӀыншэщ, зыӀурамылъхьэжщ. Адыгэ лъэпкъым и унафэщӀхэр апхуэдэ дыдэу лӀыгъэншэу, шынэкъэрабгъэу щытауэ фӀэщ щӀыгъуейщ.

ЗытеухуакӀи и гъэпсыкӀэкӀи зи гугъу тщӀа тхыгъэхэм къащхьэщокӀ усакӀуэм и поэмэ «Щыгу гъащӀэ» жыхуиӀэр. Ар лиро-эпическэ тхыгъэщ, абы къыщыгъэлъэгъуахэм щыгъуазэ дахуэзыщӀыр, абы къыщыӀуэта гупсысэхэр къызыбгъэдэкӀыр тхыгъэр зи ӀэдакъэщӀэкӀырщ. Пэжым и бэнакӀуэ, залымыгъэрэ мыхъумыщӀагъэу дуней псом щекӀуэкӀхэр зи псэм зыхудэмыгъахуэ, псэупӀэ къезымыт абы и лирическэ лӀыхъужьым и гупсысэр дэни нос, языхэзми и Ӏуэху хэлъу къелъытэ, залымыгъэр дэнэ щӀыпӀи щигъэкӀуэдыну хущӀокъу, а Ӏуэхугъуэм ерыщу щӀобэн. Езыр хэмытами, абы игу хуигъэхуркъым къыдалъхуахэм Хэку зауэшхуэм бэлыхьрэ хьэзабу къахуихьар, ар егъэхыщӀэ Японием щрадзыха атом бомбэм и лыгъейм цӀыху куэд зэрыхэкӀуэдам, абы егъэлъапӀэ зи щхьэхуитыныгъэр псэкӀэ къэзызэуа вьетнамхэр, яхуэмыфащэ, къамылэжь пэтми, абы и гур щӀоуз а зауэ гущӀэгъуншэм Ӏэшэ-лъашэу къигъэна Америкэм и сэлэтхэм. Ехьэжьауэ поэмэм щыгъэлъэпӀащ Азием, Африкэм, Америкэм ис лъэпкъхэм я щхьэхуитыныгъэм папщӀэ ирагъэкӀуэкӀ

бэнэныгъэр, щытхъу псалъэкІэ зыхуегъазэ абыхэм я унафэщI къэмылэнджэжу щхьэхуитыныгъэм зи псэр щІэзытахэм.

УсакIуэм къыгуроІуэр дуней дызытетым ноби шынагъуэ зэрыщхьэщытыр, псэзэпылъхьэпІэм ар зэритыр. Аращ дунейм цIыхуу тетым абы мыпхуэдэ лъэIукIэ защIыхуигъазэр:

*Мы ди гъащIэм фIыгъуэ дэ тыдоIуэ,*
*ФIыгъуэри, жыдоIэ, зехъэгъуейщ.*
*ЦIыхухэ!*
*ГъащIэм фыхуэсакъ фэ зэпымыууэ,*
*Мамырыгъэр фхъумэ –*
*Аращ ди дунейр!*
*Ар дыдейщ!*

Тхьэзэплъым гулъытэншэу къигъанэркъым зыхэт зэманри. Нэгъэсыпа мыхъуами, ар къыщыгъэлъэгъуащ «Мис апхуэдэу», «ЛIэщIыгъуэ къудамэ», «Нэхущ вагъуэ», «Гум и псыпэ» жыхуиIэ поэмэхэм.



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **Тхьэзэплъ Хьэсэн, урыс тхакIуэ Болтыханов Фёдор, балъкъэр усакIуэ Макитов Сафар, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, балъкъэр усакIуэ Созаев Ахъмэт, урыс тхакIуэ Кузьмин Валентин сымэ.** *1996*

Илъэс кIуам и кIэухым къыдэкIа «Литературная Кабардино-Балкария» журналым къытехуащ Тхьэзэплъ Хь. и романыщIэ «Экспедицэ – 2516» зи фIэщыгъэцIэр. И кIэм нэс узынэмыджыса тхыгъэм утепсэлъыхьыну къезэгъыркъым, ауэ дэ зи гугъу тщIынур абы и япэ Iыхьэ щыгъуазэ зызыхуэтщIаpщ. Япэрауэ, нобэр къыздэсым а Iуэхум теухуа тхыгъэ ди литературэм къыхыхьакъым, етIуанэрауэ,

уафэм гъунэжу ит вагъуэхэм ятеухуауэ щIэныгъэлIхэм къахутахэм тхакIуэм щыгъуазэ кууурэ зищIащ, ещанэрауэ, ар зэрытха урысыбзэр къулейщ, пфIэгъэщIэгъуэну укъоджэ. ТIэкIу укъэзыгъэуIэбжьыр, мыгурыIуэгъуэр абы хэт лIыхъужьхэм я цIэхэрщ: фIэщ щIыгъуейщ ди цIыхухэм 2516 гъэм апхуэдэцIэхэр зэрахьэну.

Илъэс щэ никъуэм нэблэгъауэ Тхьэзэплъыр лъэпкъ литературэм щолажьэ. Я гугъу тхуэмыщIами, а зэманым къриубыдэу абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ рассказ кIэщI, очерк, публицист тхыгъэ Iэджэ.

Пасэми батэр игъэшакъым, ауэ нобэ нэхъ пхырыхуахэм ящыщщ лъэпкъ критикэр. Къэбэрдей литературэр иужьрей зэманым IэнатIэ гугъу дыдэ Iууващ, гурыIуэгъуащэкъым пщэдей махуэм абы къыпэплъэри. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, критикхэм нэхъ дащыхуей, дащыхуэныкъуэ зэман дыдэм абы щылэжьэн димыIэжу дыкъыщIидзыжащ. Лъэпкъ критикэм гулъытэншэу къигъэнахэм ящыщ зыщ Тхьэзэплъым и творчествэри, ауэ усакIуэм ар и щхьэ щIригъэжэн щыIэкъым, ди деж ар хабзэ щыхъуащ, адрейхэми хужаIа щIагъуэ щыIэкъым.

Тхьэзэплъ Хь. и лэжьыгъэкIи литературэм пыщIащ: илъэс пщыкIублым нэблэгъауэ ар урысыбзэкIэ къыдэкI «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэщ. Зэман зэIумыбзым а IэнатIэм пэрыува усакIуэм и фIыгъэкIэ, пэж жыпIэнумэ, а журналыр а илъэсхэм къызэтенауэ къыщIэкIынущ. Зи тиражкIэ ди деж къыщыдэкI газетхэм ехьэехуэ а журналым и пщIэр республикэм и мызакъуэу, урысей къэралыгъуэми щылъагэщ, сытым щыгъуи щIэупщIэ иIэщ. Иужьрей илъэсхэм екIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм я зэранкIэ ди щIалэгъуалэм ящыщ куэд урысыбзэкIэ тхэуэ хуежьащ, узыгъэгуфIэн а Iуэхум хэмылъми. Абы къыхэкIкIэ зи художественнэ тхыгъэхэр журналым тезыдзэр хэпщIыкIыу нэхъыбэ хъуащ. А псом къыдэкIуэуи журналым и къалэн нэхъыщхьэри зыщигъэгъупщэркъым – адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкIэ къыдэкI тхыгъэ нэхъыфIхэр зэдзэкIауэ тредзэ, Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я литературэхэм тхылъеджэхэр пIалъэпIалъэкIэрэ нэIуасэ хуещI, лъэпкъ литературэхэм я ехъулIэныгъэныкъусаныгъэхэм теухуа теоретическэ лэжьыгъэхэр къытохуэ.

Тхьэзэплъ Хь. жылагъуэ къалэн зэхуэмыдэхэри егъэзащIэ: ар Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и къудамэхэм ящыщ зым хэтщ, ЩIэныгъэмкIэ Дунейпсо Адыгэ (шэрджэс) академием и щIэныгъэ секретарщ, КъБР-м и МВД-м и деж щыIэ советым и тхьэмадэщ. И IэщIагъэ-лэжьыгъэхэм къемызэгъыщэ пэтми, ар техникэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, абы и лъэныкъуэкIи къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр ирегъэкIуэкI, патенту бгъу иIэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и культурэмрэ литературэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэхэр къалъытэри, Тхьэзэплъ Хь. «Урысей Федерацэм культурэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр 1999 гъэм къыфIащащ, иужькIэ УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и дамыгъэ «Урысейм и литературэ саугъэт иныр» (2017) къратащ.

Жыгъэм щIэх имыубыд цIыху щыIэмэ, Тхьэзэплъ Хьэсэн абыхэм ящыщ зыуэ къыщIэкIынущ. Апхуэдэ ныбжь абы зыми иритынукъым. Ар иджыри жыджэрщ, IэпсынщIэ-лъэпсынщIэщ, и узыншагъэкIи зэпэщщ. Ди тхыгъэм и кIэухыу си гуапэу Хьэсэн сехъуэхъуну сыхуейт узыншагъэрэ дэрэжэгъуэрэ иIэу иджыри ар илъэс IэджэкIэ и псэм щигъафIэ, фIыуэ илъагъу ди лъэпкъым хуэлэжьэну.

**ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

# Тхьэзэплъ Хьэсэн хужаӀахэм щыщ пычыгъуэхэр

Дэтхэнэ зы литературэ тхыгъэми псэ хэтын хуейщ, уигъэхуабэу, уи гум, уи псэм къыдыхьэу. ТхакӀуэм ар хузэфӀэкӀамэ, и ӀэдакъэщӀэкӀхэр яджмэ, – аращ абы и дежкӀэ нэхъ насыпышхуэ дыдэр.

Тхьэзэплъ Хьэсэн и усэхэмрэ и поэмэхэмрэ гъащӀэм и джэрпэджэжщ. Ахэр щыхьэт тохъуэ ар адыгэ литературэм лъэ быдэкӀэ зэрыхэувам.

**ШЭДЖЫХЬЭЩӀЭ Хьэмыщэ,**
*КъБР-м и цӀыхубэ тхакӀуэ*
*1993*

Тхьэзэплъ Хьэсэн и тхылъхэр адыгэбзэкӀи урысыбзэкӀи щӀэх-щӀэхыурэ дунейм къытохьэ. Зы усэ тхылъкъым икӀи тхылъитӀкъым абы Налшыкрэ Москварэ къыщыдигъэкӀар. Нобэ ар лъэпкъ литературэм и жьантӀэр зыгъэбжьыфӀэхэм ящыщщ. И цӀыхугъэрщи... Ди къэралышхуэ якъутэжам щӀыпӀэ щӀагъуэ иӀэкъым Хьэсэн и цӀыхугъэ, и ныбжьэгъу, фӀыуэ къэзылъагъу тхакӀуэ здэщымыӀэ. Тхьэзэплъым пщӀэ къыщыхуащӀ, и псалъэ къыщалъытэ, и жыӀэ Ӏуэху щытращӀыхь Москваи.

**ХЬЭХ Сэфарбий,**
*тхакӀуэ*



Си ныбжьэгъу пэж Тхьэзэплъ Хьэсэн и творчествэм пщӀэшхуэ щигъуэтар ар къыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэр щӀыналъэм и закъуэкъым. Абы гулъытэ хэха щегъуэт Урысей Федерацэм и ТхакӀуэхэм я союзми. Хьэсэн и Ӏуэху бгъэдыхьэкӀэр куэдым я дежкӀэ щапхъэщ, абы и гупсысэхэмрэ и чэнджэщхэмрэ пщӀэшхуэ щаӀэщ и тхакӀуэгъухэм я деж. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, Тхьэзэплъым и тхылъхэр цӀэрыӀуэ дыдэщ, абы и ӀэдакъэщӀэкӀхэр цӀыхубэм фӀыуэ ялъэгъуащ.

**ПАРПАРЭ Анатолий,**
*УФ-м и ТхакӀуэхэм я союзым и секретарь,*
*УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат,*
*МГУ-м и профессор, ЩӀДАА-м и академик*
*2013*

Лъэныкъуэ куэдкӀэ зэчий зыбгъэдэлъ цӀыху хьэлэмэтщ Тхьэзэплъ Хьэсэн. Ар илъэс 30-м щӀигъуауэ соцӀыхури, дапщэщи щӀэщыгъуагъ гуэр дызолъагъу. «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и къызэгъэпэщакӀуэ икӀи и унафэщӀ щыпкъэ ди ныбжьэгъуфӀым Ӏуэху зехьэкӀэ гъэщӀэгъуэни бгъэдэлъщ. Абы япэу къыхихьащ гъунэгъу щӀыналъэхэм я тхакӀуэхэм, усакӀуэхэм я тхыгъэхэр щӀыпӀэ журналхэм къытедзэныр. Къэралым щыпсэу лъэпкъхэр я щэнхабзэ фӀыгъуэхэмкӀэ апхуэдэу зэдэгуэшэныр бэм яку дэлъ зэпыщӀэныгъэхэр зыгъэбыдэщ, езыгъэфӀакӀуэщ.

И къалэмыпэм къыпыкӀ усэхэм уатепсэлъыхьмэ, Кавказым къыщыхъуа, абы и къурш уардэхэмрэ псыкъелъэ уэрхэмрэ я да-

хагъыр зылъэгъуа икIи псэкIэ зыхэзыщIа цIыхурщ зи гурылъхэр апхуэдэ бзэ къулейкIэ къэзыIуэтэфынур. Тхьэзэплъыр апхуэдэщ.

**ДУДЧЕНКЭ Светланэ,**
*УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым жэуап зыхь и секретарь*
*2013*

Тхьэзэплъ Хьэсэн и усыгъэм щыгъуазэ зыхуэпщIа нэужь, наIуэ мэхъу ар литературэ зэчий къулей зыбгъэдэлъ цIыхуу зэрыщытыр. Ар ящыщкъым зи гурыгъу-гурыщIэхэр занщIэу къизыкIут усакIуэхэм. Хьэсэн и дэтхэнэ псалъэми гупсысэ куу щIэлъщ, абыхэм укъыхураджэ дунейм щекIуэкI Iуэху жыгъейхэм уакIуэцIрыплъу, нэхъ Iуэхугъуэшхуэхэр зыгурыбгъэIуэным. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм Тхьэзэплъым и усэхэм философие лъабжьэшхуэ ярет. КъызыхэкIа лъэпкъым и гумрэ и псэмрэ щыщIэхэр къэзыIуэтэну хущIэкъу а хэкупсэм и дежкIэ а псоми мыхьэнэшхуэ яIэщ.

**ЛОПУСОВ Юрий,**
*усакIуэ,*
*УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым и секретарь*
*2013*

Нарт IуэрыIуатэр зи лъэпкъ фIыгъуэ адыгэхэм илъэс мин бжыгъэ хъуауэ къадекIуэкI хабзэр и лъабжьэщ Тхьэзэплъ Хьэсэн и усыгъэм. Абы пещэ адыгэ усакIуэ щэджащэхэу ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, КIуащ БетIал, Теунэ Хьэчим, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм сымэ къагъэщIа литературэ щэнхабзэм. Ауэ щыхъукIи, Хьэсэн и творчествэм хэлъ бгъэдыхьэкIэщIэхэри нэрылъагъущ. Абы и усэхэм ящIэлъщ дунейм, гъащIэм, цIыхум ятеухуа философие гупсысэ куухэр.



**ГВАРАМИЕ Алекэ,**
*физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор,*
*РАЕН-м, ЩIДАА-м я академик,*
*Абхъаз къэрал университетым и ректор*
*2013*

Кавказ Ищхъэрэм и усакIуэ пажэхэм ящыщщ къызыхэкIа адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэр лъэныкъуэ куэдкIэ къэзыгъэлъагъуэ Тхьэзэплъ Хьэсэн. Абы и творчествэр художественнэ гупсысэкIэ куум и щапхъэщ. УсакIуэм гулъытэшхуэ хуещI цIыху гъащIэм и купщIэр къэгъэлъэгъуэным, абы и гумрэ и псэмрэ щыщIэхэр сэтей къэщIыным.

**СЭКИЙ Риммэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор,*
*Армавир къэрал педагогикэ университетым и ректор*
*2009*

«Литературная Кабардино-Балкария» литературно-художественнэ икIи жылагъуэ-политикэ журнал цIэрыIуэм и пашэу щыткIэрэ, Тхьэзэплъ Хьэсэн лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI Кавказ Ищхъэрэм, Урысейм зэрыщыту я творческэ къарухэр зэкъуэгъэувэнымкIэ. Абы и журналым традзэ Москва, Санкт-Петербург къалэхэм, Шэшэным, Адыгейм, Дагъыстаным, Абхъазым, Къалмыкъым, нэгъуэщI щIыналъэхэми я тхакIуэхэм, усакIуэхэм я къалэмыпэм къыпыкIахэр. ЖыпIэнурамэ, Тхьэзэп-

лъыр зи унафэщI журналыр Урысей Федерацэм щынэхъыфIхэм ящыщщ.

**ЭЛЬДЫШЕВ Эрдни,**
*Къалмыкъ Республикэм и цIыхубэ усакIуэ,*
*Къалмыкъ Республикэм и ТхакIуэхэм*
*я союзым и тхьэмадэ*
*2013*

Тхьэзэплъ Хьэсэн егъэлеяуэ зэфIэкIышхуэ бгъэдэлъщ. УмыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым зэман кIэщIым къриубыдэу рубаи купщIафIэ куэд дыдэ абы и къалэмыпэм къызэрыпыкIар. Хьэсэн и творческэ щIэиныр – ар социально-философие къэхутэныгъэхэр кууүэ зыщегъэкIуэкIын хуей псэкупсэ Iыхьэшхуэщ. Абы и рубаихэр Хьэрш гъунапкъэншэщ, КъуэкIыпIэмрэ КъухьэпIэмрэ я усыгъэ щэнхабзэр зэпызыщIэ къудамэ лъэщщ.

**ЭФЕНДИЕВ Сэлихь,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор,*
*КъБКъУ-м и профессор*
**ЭФЕНДИЕВ ФуIэд,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

Лъэпкъ литературэм зыужьыныгъэщIэ щигъуэт иджырей лъэхъэнэм усакIуэ Тхьэзэплъ Хьэсэн Iэрыхуэу къегъэсэбэп къухьэпIэ щIыналъэхэм нэхъыбэу щыцIэрыIуэ рубаи жанрыр. Абы и усыгъэ дунейм щызэхеухуанэ гъащIэр зэрызэхэлъ Iуэхугъуэхэр, гурыщIэхэр: ФIымрэ Iеймрэ, Дунеймрэ Псэмрэ, Псэуныгъэмрэ ЛIэныгъэмрэ, Лъагъуныгъэмрэ Напэмрэ. Хьэсэн и гупсысэр усыгъэм и гъунапкъэхэм йокI – ар нос философием, хьэршым пыщIа зэхэщIыкIым, гъащIэм кууүэ кIуэцIрыплъ цIыхум бгъэдэлъ акъылыфIагъым.

**КУЯНЦЕВЭ Еленэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

Бгъэдэлъ зэчий абрагъуэм и фIыгъэкIэ Тхьэзэплъ Хьэсэн Iэмал егъуэт и къалэмыпэм къыпыкI дэтхэнэ зы усэми гъащIэм и лъапIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр IупщIу къыщигъэлъэгъуэну. СатыриплIу зэхэт и тхыгъэхэм усакIуэм белджылы щещI езым и дуней еплъыкIэхэри. Шэч хэлъкъым абы и рубаихэр а жанрыр къэгъэщIэрэщIэжынми литературэм нэгъуэщI къудамэщIэхэр «къыдэжынми» зэрыхуэлэжьэнум.

**АЛЪХЪЭС Светланэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

Тхьэзэплъым и гъащIэр хуигъэпсащ лъэпкъ щэнхабзэм, литературэм зегъэужьыным. ГъащIэм сыт щыгъуи щIэрыщIэ гуэр къыхэзыгъуэтэф усакIуэ IэкIуэлъакIуэм и дэтхэнэ тхыгъэри щIэщыгъуэщ, хьэлэмэтщ. Абы и къалэмыпэр здынэмыс дурэшплIэрэш къэгъуэтыгъуейщ. Хьэсэн и усэхэм, прозэ щIыкIэу тха миниатюрэ кIэщIхэм дунейпсо мыхьэнэ зиIэ къэхъукъащIэхэм къыщыщIэдзауэ цIыху щхьэхуэм зы мэскъалкIэ игу къыдридзеинкIэ хъуну гупсысэ кIэщIхэм, гурылъ темыпыIэхэм нэс къызэщIаубыдэ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист*



**Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэрэ Тхьэзэплъ Хьэсэнрэ.** *1992*






*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **Армавир дэт Лингвистическэ университетым и ректорым и къуэдзэ Сэкий Нурдин, ЩIДАА-м и президентым и къуэдзэ Къумахуэ Башир, ЩIДАА-м и президентым и къуэдзэ Бэчыжь Лейла, ЩIДАА-м и президент Нэхущ Iэдэм, ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь Тхьэзэплъ Хьэсэн сымэ.** *2012*



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ*: **КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым и тхьэмадэ Тхьэзэплъ Хьэсэн, Урысей Федерацэм и посолу Сирием щыIэ Гагитадзе В. Ю., Къэбэрдей-Балъкъэрым хамэ къэрал зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министр Емуз А. Гъу. сымэ.** *1995*





**Балъкъэр усакIуэ Додуев Аскэррэ Тхьэзэплъ Хьэсэнрэ.** *2014*

*Усэхэр*

## ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн

* * *

Муслъымэну зигу зэгъэжи,
НэгъуэщӀ дини хъум зи фӀэщ
ЯщӀыр лъэпкъхэр зэхэгъэжи,
Зым нэхъ зым нэхъ згъэлъэщ.

Щхьэ хаутэрэ лъапӀагъэр?
Хуей ди динхэр зэдэуэн?
Тхьэшхуэм дежкӀи ар захуагъэ,
Уэ къомыщхьым уезэуэн?!

Щыт динщӀэкъуу, умыкӀийуэ,
Тхьэ хэпхари уэ гъэпэж.
Ауэ зы зэгъащӀэ ткӀийуэ:
Уэ уцӀыхущ! Ар псом ищхьэжщ.

Тхьэшхуэр пщӀым уи фӀэщ — уи фӀыгъуэщ.
Уи бзэр гуауэу ущымыт.
Псэ ешамкӀэ — Тхьэр щӀэщыгъуэщ,
Тхьэшхуэр дин хэплъыхь хэмыт.

## СИ ЛЪАХЭ

*Ар сэращ, Къурмэнщ, къопсалъэр.*
**Дыгъужь Къурмэн**

Ар сэращ, Хьэсэнщ, къопсалъэр,
Шэрэдж Іуфэ щупӀа цӀыкӀущ.
КъиплъыхьыхукӀэ уи щӀыналъэр
КъыпхуэгуфӀэу гъащӀэр зыкӀущ.

Ар сэращ, акъужь мыпыӀэу
ЩӀэтыр ушэу уи бгы щӀагъым.
Ар сэращ, уэрэд бжезыӀэу
Тетыр къуршхэр зи лъагагъым.

* * *

Си лъэпкъым и псэ
сурэтыр
Къуршыщхьэм
къытетIысхьащ...
Къеплъыхьыр жылэ
зэхэтыр —
АдэкIи модэкIи плъащ.
— Сыт, — жи, —
къэхъуар, —
къопсалъэри,
— Щхьэ икъухьа фыхъуа?!
— Ди къуэпс зэпхар,
къэлалэри,
Дунейм дыхъуащ ипхъа.
— Сыт-тIэ, щIэвгъэгъуур
щхьэкIэр,
Лъабжьэр здевгъэубыдыж!
— Дэри ар ди гум
къокIыр,
Ауэ зыдмыгъуэтыж.
— Сыт, — жи, —
къарукъэ
хабзэр,
Адыгэ хабзэр — лъэщщ!
Уи нэмыс лъагэу
къабзэр
Хэт зыхуэмыхъур пэщ?..

Сэри жысIэн сымыщIэу,
Си лъэпкъыжь напэр мэс...
Сыноплъ, нэхъыжь, — нэхъыщIэу:
Хъуну уанэгу сышэс?!

## АДЫГЭ ЛЪЭПКЪ

Мо Тхьэмадэ бжьыфIэу
Къытехьар гъуэгущхьэм,

Сыту лIыжь зэкIужу
Уэсу зэщIэтхъуа!
Ей, Адыгэ Дадэ!
Махуэ тхухъу уи жьыщхьэр,
Уэ пхуэфэщэжыну
ЩIэблэ къыпщIэхъуащ.

Мо, гуфIэжу, Дадэ къыбгъурыт
ЩIалэшхуэр,
Плъагъукъэ зэрыуардэр, —
Дыгъэр и щхьэщыгущ.
Ар Адыгэ щIалэщ —
Аращ зэрыгушхуэр!
Адыгэ щIыналъэр
Абы и лъэпкъ щIыгущ.

Мо, гуфIэжу, Нанэ
КъыдэкIар куэбжэпэм,
Нурыр къыщхьэщихыу,
Сыту цIыху зэкIуж!
Ар Адыгэ Нанэщ,
Ди IэфIагъ къежьапIэщ,
Псэм и гугъуехь щэхухэр
Щэхуу зыгъэхъужщ.

А хъыджэбз щэныфIэу
Нанэ къыбгъурытыр
Сыту пщащэ дахэ,
Сыту Iэпкълъэпкъ екIу!
Ар Адыгэ пщащэщ,
Хьэл зэпIэзэрыту,
Дыгъэ бын къыдохъури,
Нэмысышхуэм хуепI.

Мо пщIантIэшхуэ дахэм
Сабийу щызэблэжыр
Дадэ и цIыкIущхьэщ,
Нанэ и сурэтщ.
Адыгэ лIэужьым
ЩIэуэ къыщIэблэжыр,

Тхыдэ гъуэгу мытыншыр
Напэ зиIэу зыкIущ.

## СЫАДЫГЭЩ

Сыадыгэщ, жиIэу
зи щхьэр зыгъэлъагэр,
Фыкъэуви нобэ,
зыр зым дыкъуэвгъэт.
Ди адэжь щIыналъэу
ди псэупIэ лъахэр,
Хамэ къизэрыгуэм —
зыми едвмыгъэт.
Фыгупсысэ жьыри,
фыгупсысэ щIэри:
Ди щIыналъэ дахэр
зы IэгупIэ хъуащ.
ДыкIуэдыж пэлъытэу
сыт дэ къытщыщIари —
Дэри
лъэпкъгъэкIуатэ
щIэблэ къытщIэхъуащ.
Нобэрей щытыкIэр
пщэдейм и Iумахуэу
Дауэ щIэблэ къакIуэм
бгъэдэтлъхьэну ар?!
Тхыдэм ириджэгур
хэт жиIэну захуэу,
Дрикъункъэ дерсу
лъэпкъым къытщыщIар?
Си тафэшхуэ си псэу,
си къуршыжьхэу си нэр
Си пщэдей къэушым
хуэхъумэ хамэгу...
ЩIэблэр
хэт лъапсэншэу
дунейм къытезынэр,
И Адэжь щIыналъэм
щимыIэжу жьэгу?!

Маржэ! ФыкъэувыIи,
зыр зым девгъэпсалъэ.
Ди Адыгэ лIыгъэр
зэщIэдвгъэкъуэж.
Хабзэми нэмысми
хуэхъур пIалъэрщ
пщалъэ,
ХабзэщIэкъу гуIэжу
дывмыгъэкIуэдыж.
Сыадыгэщ жиIэу
зи щхьэр зыгъэлъагэр,
Фыкъэуви нобэ,
зыр зым дыкъуэвгъэт...
Дэрмырамэ, хэт-тIэ
зыхъумэнур лъахэр!
Зэкъуэш-зэрыIыгъыу,
лъэпкъыр дыщывгъэт.
Къыпхуохъуахъуэ жьыри,
къыпхуохъуахъуэ щIэри,
Ди Адэжь щIыналъэу
ди псэр зыгъэнэху.
Дэ доIэт нэмысри
ди Адыгэ пщIэри
ЩIэблэ къыкIэлъыкIуэр
гъащIэм хэбэкъуэху.



## СИ КЪУАЖЭ, СИ ДОХЪУШЫКЪУЕЙ

Си къуажэ дахащэ,
Шэрэдж зэIущащэ,
Си гъащIэм и IэфIыр
УиIащ уэ шууейу.
Си нэгум ущIэту,
Си пщIыхьхэм ухэту,
Сопсэу сыпхуэгуфIэу,
Жылэжь Дохъушыкъуей.

Си къуажэ дахащэ,
Шэрэдж зэIущащэ,

Сэ дэнэ сыкӀуами,
Уи деж сыкъокӀуэж.
Си къуажэ дахащэ,
Зи гуащӀэр схуэбащэ,
Сэ дэнэ сыкӀуами,
Уи деж сыкъокӀуэж.

Уи губгъуэхэр щхъуантӀэу,
Уи гъавэхэр бэву,
Уи щӀэблэ гуфӀэжым
Я гъащӀэр боӀэт.
ГуфӀэгъуэр уи жьантӀэу,
ХъерхэкӀ уи ӀэнатӀэу,
Уи бын къыпхуэкӀуэжым
Уи ӀэфӀыр ибот.

Зи пщащэхэр дахэу,
Зи щӀалэхэр пагэу,
Си Анэу си лъахэ,
Си нэху Дохъушыкъуей!
Нэмысыр бгъэлъагэу,
Насыпыр бгъэлъапӀэу,
Уи хъуэхъуэр мыухыу
Утохьэр пщэдейм.

## ТХЬЭЗЭПЛЪХЭ Я ЛЪЭПКЪ УЭРЭД

Ди лъэпкъ дахащэу
        ди Тхьэзэплъ лъэпкъыр,
Нобэ гуфӀэжу дэни щопсэу.
Пелуан пэлъытэщ,
        жанщ и Ӏэпкълъэпкъыр,
Тхьэр къыткӀэлъыплъу
                дыздегъэпсэу.

*Ежьу:*

Маржэ, ди щӀэблэ,
Лъэпкъыр вгъэбыдэ,

Фи лъэр щIэлъэту
ГъащIэр ефхьэкI!
Жьэгу зэхэублэу
Тхыдэр вгъэкIуатэ,
Iуэху фыпэщIэту
ГъащIэм фекIуэкI.

Ди сабий IэфIхэу
Ди сабий тхуэфIхэр,
ГъащIэм дефIакIуэу
батэр ягъэш.
Ди хабзэзехьэу
ди нэхъыжьыфIхэр,
Къуэш къахуэхъунум
яхуохъур къуэш.

*Ежьу*



Уей, жыIэ, нобэ ди лъэпкъ гъэгушхуэм,
Ди лIы Iэужьыр жыжьэ
тхухэш!
ЩIэблэ къытщIэхъуэр
гъащIэм тегушхуэм,
Хъункъэ ди IэфIыр
Iыхьэ мыгуэш.

*Ежьу*

## АДЭМ И УЭСЯТ

*Си адэм и фэеплъу*

I

Сэ си адэр
щIы хъужами
сщIэркъым,
Ауэ
кхъащхьэр
банэу зэщIэкIат...

ЗыхимыщIэу пшэплъыр
си Iэпкълъэпкъым
Сыныр сIыгъыу
дыгъэр къыщIэкIащ.
Ухъужами уэ
щIы щIагъ щыщ
аддэ,
Къысхуэгъэгъу,
уи кхъащхьэм
нэпс теткIуам.
СыщытыхукIэ
къочэ си гур,
дядэ!
СхуэмыгъэпщкIуу
си нэм
нэпс къекIуар.
Зэхэпхатэм,
дядэ,
уэ си псалъэр,
Сабийм хуэдэу,
си гур бгъэгуфIэнт.
Пхуэсшиинт сэ
нобэ дыгъэпс фалъэ,
Акъужь фалъэ
нобэ уезгъэфэнт.
Ауэ сыт,
щхьэ закъуэу щыму сынхэр
Бдзантхьэм хэт къыпфIэщIуэ
ЗэфIэтщ,
Сэ къызэжьэ хуэдэ
сыкъэсынум, —
Зыми емыжьэжхэм
уэ уахэтщ.
Ауэ ахэр...
Мэгупсысэ ахэр...
ЛIахэр
я щIэблэщIэм йогупсыс.
Сэ си адэр
сщIэркъым
гъущI хъужами.

Гъущ I хъужамэ,
дауи,
сэшхуэщ ар!
ЩIыр мэхыщIэ —
дыркъуэхэр кIыжакъым...
Къетыж уи къуэм,
Iэщэу,
уигу къэплъар!

II

«Умыдзыхэ, щIалэ,
къэплъыхь гъащIэр:
Дэ дэщхь куэдыр
гуауэу ещIэхащ.
Ахэм псоми,
псэкIэ фэ фыкъащIэр —
Дэри ди псэр
фэ фщIэузу хъуащ.
Лъэпкъыжь
хъумэу
зыхэтщIащ дэ зауэр.
Зауэ губгъуэм
дэ дыщыхэщIащ...
Дыщыпсэум дэ
зыхэтщIам цIыху гуауэр,
ДыщылIам
щIыгу гызым
дыIущIащ.
Тхэлъа лIыгъэр
Пхурехъу уэ лъэпкъ набдзэ.
Пхэлъмэ лIыгъэ,
Хъунщ сымыубзэщхъуж.
Хэтщ уэ уи лъым,
Хэтщи си лъы къабзэ —
ПIэщIэслъхьа бэракъ
умыутIыпщыж.
Къысхэч лъынтхуи,
шыкIэпшынэ куэду

ЩӀэгъэдэӀу мы щӀы хъурейр
и макъ:
«ЦӀыхухэ!
ЦӀыхухэ!
Зауэхэм
щыкӀуэдхэ,
Фхуэмыхьыжу фтелъыр
хэт и хьэкъ?!»

III

... Іэпэр теслъхьэм,
лъынтхуэр мэкӀэзызыр,
Зыхуей псор
къимыкӀыфыну
фӀощӀ.
Сэри,
сщӀэркъым,
къиутӀыпщкъым си бзэр,
Езы лъынтхуэм,
гъын къудейу,
зешэщӀ.
КъызогъэкӀри гъыбзэ —
нэпс щӀэкӀынущ.
Дядэм фӀэфӀу щытар
уэрэд ӀэфӀщ.
АтӀэ,
уэрэд ӀэфӀхэр къизгъэкӀыну?
Дауи хъун...
Адэжьхэр лӀау щӀым щӀэлъщ.
Сэ къизгъэкӀмэ гъыбзэ,
дауэ хъуну, —
Адэ зыщхьэщытхэм
сыт жаӀэн?
Гур щӀоузыр
ахэм къащыхъуну —
Зыхуэдизыр
адэ уимыӀэн.
Гъыбзэ хьэлъэр
кърезгъэшмэ Ӏэпэм,

Сэ фызабэ нэпсхэр дэнэ схьын?!
«Дэнэ?..
Дэнэ?..» —
МэIущащэ Iупэр.
Iэр
сошынэ
лъынтхуэм сэ теслъхьэн.
Iэпэр теслъхьэм,
мэкIэзызыр лъынтхуэр.
Игъэгужьеину
фIощIыр псэ!
Зэм мэщыгъуэ,
зэм мэгуфIэ лъынтхуэр...
— ЖыфIэт, цIыхухэ,
къизгъэкIынур сэ!

* * *

*Си къуэш Руслан и фэеплъу*

Зи кIуэжыгъуэр — йожьэж.
Зи къэкIуэгъуэр — къоблагъэ...
Сэ гъэмахуэмрэ щIымахуэ щIыIэмрэ
Си псэм и пшэ пыхухэмкIэ зэспхынщ.
Кърегъагъэ нэхъыбэу,
Ирегъуж удз гъэгъахэр нэхъ кIасэу, —
Удз гъэгъа мелуанхэр зы Iэрамэу
зэспхынщ,
Си псэр я дыщэ кIапсэу.
Си гъатхэ жьыбгъэ...
Си гъатхэ жьыбгъэ — си псэм и жьыбгъэ,
НэпIащIэ, дытохьэ гъуэгу!
Ситщ уи ужьым;
Ей, уэ дэнэ сыздэпшэр?!
Уэрэ дэрэ дызэщщ,
КъыдоIэт парус инхэр шэщIауэ...
«Дэ докIуэ ди гум дыздихьым —
Гъэхэр щызэрызехьэм,
ИкIи сэ схуэдэ дыдэу
Жьыбгъэ къыщыушам.

НыщIэпхъуэ, парус пIэтам!
Дэ, аддэ, хы куэд къыщыдожьэ,
Дэ толъкъун инхэм дыпожьэ —
ШэщI парусхэр нэхъри ткIийуэ,
НыщIэпхъуэ…»
Уи ужьым сэ ситщ!..
Зи къэкIуэгъуэр мыупщIэу къэсынщ,
Зи кIуэжыгъуэ къэсари, сыт пщIэн,
ежьэжынщ…

* * *

Уафэм къикI псалъэ
ЩIым щегъэIу Хьэсэн.
Уэри, апхуэдэу,
Уи псэр лъагэм лъохъур.
Хьэсэн хэмыт
Хьэл гуэркIэ игъэсэн
Иубу
ЩIэблэ щхьэзыфIэфIу къэхъур.

Хьэсэн щыгъупщэу
Уафэ хабзэ ткIийр,
ЩIыху зэрызехьэм хэпщхьэу,
ЗигъэпщкIужкъым.
Къыхуэмылъагъуу
Зыщыхун къуэкIийр,
НэуфIыцIщхьэрыуэу
Бакъуэу зиукIыжкъым.

Пшагъуэбэ гъащIэр
Нэхъри къищIэху,
Хьэсэн къехъуэпс
IэфIыгъэр и жумарту;
Дуней нэмыщIхэм
КъыщипщIыхьу щэху,
ЩIыгу гъащIэм пещIэ
IэфIыр гъащIэ мардэу.

Апхуэдэ тыгъэм
Iуэхухэри еузэщI,
ЦIыхубэ гъащIэм
Къыздихь Iэмалыншэу.
Арыншэм —
ЦIыхухэм я къарур мэкIуэщI,
ЛIэныгъэм зыщIишапэу
Къарууншэу.

Ди нобэр хуейщ
ГугъэщIэм етлъытын,
Ди псэ къарукIи
ДгъэгуфIэну гъащIэр.
Арыншэм, дигухэр
МафIэу къэлыдынщ,
Исыжу гъащIэ
Арыншами мащIэр.



*   *   *

Сэ сопсэу си насып къэззэужу.
Арыншамэ, сэ гъащIэ сиIэнт?!
Си гугъуехькIи гуфIэгъуэ къэсхыыжу,
А гугъуехьым и хъуэпскI зыхэсщIэнт?!

Псэ гупышхуэу си щыгу щыуфэразэм
ПщIыхь дахащэхэр щэхуу къысхуахь.
ГъащIэ нахуэр а пщIыхьхэм хэткIухьым,
Си къарури емышу зэдахь.

Толъкъунышхуэу къиуами сыпожьэр,
Щос си натIэм Абы кърихтхар.
Си къэкIуэну, бэшэчу, сызэжьэр,
Къызолъыхъу пщэдей махуэу зэпхар.

Со сопсэу мис апхуэдэу зыхэсщIэу
Си нахуапIи си пщIыхьи пыщIар.

Арыншауи, къэкIуэнум сыIущIэм,
ЗгъэщIэгъуэнт нэхущ дахэ къищIар.

* * *

Илъэс куэд дэкIащ къэкъуалъэу,
Зэрызехьэу къэрал псор,
Лъэпкъыу щыIэм Iэр дгъэдалъэу,
ТфIэмыфIыжу дэ къэтпсэур.

Зэбгыропщыр къэралыжьыр —
Хэти хуит хуэхъуат дунейм,
Хаутэжу Бэракъ плъыжьыр,
ТецIыбыхьт лэжьакIуэ хейм.

Пщы, зэгуэр щыIар, къащIэжырт, —
Хьэдэ къупщхьэхэр къатIыжт;
Лъэпкъ мыдаIуэм лъыр къыщIэжырт,
Лъыми, лъэпкъ лъыщIэж ищIэжт.

Зыми къуаншэу зимыбжыжу,
Хабзэншагъэм хуит ищIат.
Къуентхъ зиIахэм зэпабжыжу,
ЩымыIа «цIыхущIэ» хъуат.

Жылэр хэпсэм щыбэгъуэнум,
Бгъэбэгъуэнур багъуэу къокI —
Лъэпкъ есар зыгуэр лъыхъуэным, —
Бэракъ ткIийм и хабзэм щIокI.

Я жьэр зосэ лIыкIуэ нэпцIхэм:
Лъэпкъ щхьэхуитуи загъэIу.
Демократу тхьэгъэпцI хъуахэм,
Бэр зэрахуэ, ягъэщэIу.

Зэрызохьэ къэралыжьыр,
СССР-р мэлъэлъэж.
Демократие «щхьэлыжьым»
Бэр ищIащ зэIумыплъэж.



3 Заказ №144

Иралъэф къэралым фIыгъуэр,
Бий яIахэр къуэш мэхъуж.
МылъкукIэ зыр адрейм ефыгъуэу,
Дыгъур дыгъум йодыгъуэж.

Аурэ макIуэ пшэкIэху къищIыр,
Зэхэгъэжыр гъащIэм ещI.
КъыпхуэмыщIэу зыр зыпищIыр,
Узэхъуапсэ гуэрхэм пещI.

ПсэкIэ гугъущ зэхэбгъэкIыну
Апхуэдиз къэхъукъащIэу хъуар!
Хэт ищIэнт ди нэгу щIэкIынур, —
Апхуэдизу къытщIэхъуар.

СщIэркъым нобэ ди гъащIэщIэр
Къэзыша Iэмыр къарур.
Ауэ куэдым зыхыдощIэр
А къарум ебэкI ерур.

Дауи, ар, щхьэщыгу Iизыныншэу,
Ди лъэхъэнэм къэмыхъуа.
ЩыIэщ-тIэ къару дызышэу
Нобэм къэс дымылъэгъуа.

Губжь а Iуэхум хэлъу щыткъым —
ГъащIэм махуэ къэс зехъуэж.
Дуней ин, дыздитым и пкъым,
Ди псэм куэд къыщелъыхъуэж.

ЛIо-тIэ пщIэнур, къохъу хъуэжыгъуэ, —
КъакIуэр кIуэжым елъытащ.
Дэ дымыщIэ щхьэусыгъуэ
Тхыдэу хъуар зэгуэр щIэтащ.

Гугъуехь задэу дэ ткIу гъащIэр
Щыху къарум къахуимытIэс.
Ди псэ дыдэми и лъащIэр
ГъащIэ нэзи нэмыплъыс.

Аурэ докIуэ, доIэ псэкIэ.
Зэм доджалэ, дотэджыж.
Дезышэх хьэлъагъэр, плIэкIэ
Здэтхь дымыщIэу дэ дохьыж.

Ит-имытми ди натIэм,
Псэр зыгъащтэ куэд тлъэгъуащ.
Дыкъагъэшурэ, дылантIэу
Псори зыхь бэшэч дыхъуащ.

Ей, си лъэпкъыу лъэпкъ дахащэ,
Тхыдэ жыжьэ къэзыкIуа, —
Дэ зэманым дыхуэфащэ,
Хьэмэ, зэдмыкун еткуа?!

Дэ лъэпкъ хабзэу, бий къэтлъыхъукъым,
Бий дыщащIи — дымыпхъэр.
Мис а хьэлым дигъэщIэхъукъым —
Дрещхьщ уэм щыхуарзэ бгъэм.

... БлокI, блолъэтыр ди илъэсхэр.
Ди щIэблэщIэм щIэ къелъхуж,
ГъащIэм щIэуэ къыдипэсхэр
Зыр зым тыгъэу иретыж...

МакIуэ гъащIэр. МакIуэ тхыдэр.
Дуней-шэрхъым екIу и гъуэгу,
СщIэркъым аури дыщIэшхыдэр,
КъытхуэмыщIэу щIэлъ ди нэгу.



* * *

*Сэхъурокъуэ Хьэутий хузотх*

СыкъэкIуащ сэ зэзгъэщIэну
ЦIыхур щIым зэрыщыпсэур,
И гъуэгу дахи хупысщэну,
Згъэбэгъуэну зыщIэкъу псор;

Щэху-IэфIыгъэм ныпэшачэу
Щыт гуапагъэм и къарур,

ФӀэщхъуныгъэм хуэбэшэчу
ПэщӀэтыну къэхъу ерум.

СыкъэкӀуащ хэслъхьэну гъащӀэм
Сэ си гуащӀэм и жумарт.
ЦӀыхур гъуащэурэ здэпӀащӀэр
Езгъэлъагъум — жысӀэу — арт.

Тхьэр кӀэлъыплът цӀыху гъащӀэ Ӏумпӏэм,
Игъэунэхуу ящӀэу хъуар,
Езы цӀыхур кӀуэрт щыхупӀэм,
ИмыщӀэжу къыщӀэхъуар.

Тхьэм жиӀащ итӀанэ гуащӀэу:
«ФыкъэувыӀэ, бгым фыщохху!
Къыфпэщытыр фэ зэвгъащӀэ!
Фыгупсысэ. Фэ фыцӀыхущ!»...



СыкъэкӀуащ сэ зэзгъэщӀэну
ЦӀыхум гъащӀэм хилъхьэу хъуар;
И гупсысэр зыхэсщӀэну,
Згъэбэгъуэну къилъыхъуар.

*УсакIуэ Бемырзэ Мухьэдин къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу*





# ЗИ САТЫРХЭР УАХЪТЫНШЭ

*Уэ яжьэ ухъужами – псэущ уи усэр,*
*УлIами – уи уэрэдыр зэрыпсэущ.*
*Ар щэхуу жеIэр уафэм къехуэх уэсым,*
*Акъужьым щызэблех адыгэщI псом...*
Бемырзэ Мухьэдин

Лъэпкъыпсэ зыIут, лъэпкъылъкIэ псыхьа, псэм ехуэбылIэ мы псалъэхэр зигу къыдэкIа усакIуэр зэрыуахътыншэр шэч зыхэмылъыжщ. Бемырзэ Мухьэдин и цIэр адыгэу дунейм тетым яIурылъщ, и усэхэр дзапэ уэрэдым хуэдэу зэпадзыжу цIыхубэм хэлъщ. А уэрэдыр зэрыкIэншэр тхьэгурымагъуэм хуэдэу зэманым гурыгъуазэкIэ пхырыплъыфа усакIуэпсэм, дауикI, зыхищIат, ди статьям и пэщIэдзэм къыщытхьа сатырхэр щиусым.

* * *

Бемырзэ Мухьэдин Хьэмид и къуэр 1948 гъэм апрелым и 7-м Къэрэшей-Шэрджэс республикэм и Хьэбэз куейм хыхьэ Али-Бэрдыкъуэ (Хьэгъундыкъуей) къуажэм къыщалъхуащ. Зауэ мафIаем кIуэцIрыкIыу зи сабий быным къахыхьэжа, ауэ уз бзаджэм зэуэ хигъэщIа Бемырзэ Хьэмид 1950 гъэм дунейм ехыжри, илъэс пщыкIубгъум иту фызабэу къэна анэм – Лейла – Мухьэдинрэ абы и шынэхъыщIэ Мухьэрбийрэ цIыхубз къару къудейкIэ ипIыну, балигъ гъащIэ мытыншым лъэ быдэкIэ хигъэувэну къыхудэхуащ. А къалэн хьэлъэр абы къыдагъэпсынщIащ и адэ-анэм – Хьэмидрэ Хьэуятрэ: сабиитIыр зэрыщIыгъуу я пхъур зрашэлIэжри, щIалитIыр къэжэпхъыу еджапIэ щIэтIысхьэхукIэ дапIащ.

1966 гъэм Мухьэдин къуажэ еджапIэр дыжьын медалкIэ къиухащ. Къэрэшей-Шэрджэс педагогикэ институтым и филологие факультетым щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэта нэужь, Бемырзэм дзэм къулыкъу щищIащ. 1971 – 2003 гъэхэм Али-Бэрдыкъуэ къуажэ еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щригъэджащ. А илъэсхэм Бемырзэмрэ езым нэхърэ нэхъыжь егъэджакIуэ Шорэ Хьэсинрэ я жэрдэмкIэ еджапIэм къыщызэIуахауэ щытащ къуажэм и тхыдэр къэзыIуэтэж музей телъыджэ. Абы щIэлъыну хьэпшыпхэр зэхуэхьэсынымкIэ а тIум къадэIэпыкъуат егъэджакIуэхэри, еджакIуэхэри, къуажэдэсхэри.

Къуажэ еджапIэм егъэджакIуэу зэрыщылажьэм къыдэкIуэу, Бемырзэ Мухьэдин япэщIыкIэ Хьэбэз роном методисту, иужькIэ лъэпкъыбзэмрэ литературэмрэ егъэджыным и IуэхукIэ Мэзкуу щыIэ щIэныгъэ-методикэ центрым и къудамэу Черкесск дэтым щIэныгъэлI нэхъыжьу щылэжьащ. 2003 гъэм щыщIэдзауэ дунейм ехыжыху (2007 гъэ пщIондэ) «Черкес хэку» газетым и собкору Хьэбэз куейм щыIащ.

ЩIэблэр егъэджэнымрэ гъэсэнымкIэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэр къалъытэри, Бемырзэр егъэджакIуэхэм я япэ Союзпсо съездым, 1989 гъэм Мэзкуу щекIуэкIам, ягъэкIуауэ щытащ. 1997 гъэм абы къыфIащащ «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ», 1998 гъэм – «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ усакIуэ» цIэ лъапIэхэр. Апхуэдэуи, ар 1998 гъэм Къандур Иззэт и цIэкIэ щыIэ Дунейпсо саугъэтым и лауреат хъуащ.

1971 гъэм Бемырзэм и усэхэр зэрыт «Ди гухэлъхэр» усэ сборникыр (автор зыбжанэм я IэдакъэщIэкIхэр иту) Ставрополь тхылъ тедзапIэм и Къэрэшей-Шэрджэс отделенэм (Черкесск) къыщыдэкIащ. Апхуэдэуи, 1972 гъэм а тхылъ тедзапIэ дыдэм дунейм къыщытехьащ Мухьэдин и усэ зыбжанэ зэрыт «Зэкъуажэгъухэр» сборникыр (автор гупым я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэсауэ). Псыпэ лъэужьыфIэ хъуа а тхылъитIым къакIэлъыкIуащ нэгъуэщIхэри: «Зэшхэм я макъ» (автор гупым я тхыгъэхэр иту; Ставрополь, 1974), «ЛIыгъэм и тхыдэ» (Черкесск, 1981), «Уэрэду сиIэр уэрщ» (Черкесск, 1990), «ДыгъафIэ уэс» (Налшык, 1993), «Адыгэу ущытыныр гугъущ» (Налшык, 2002). Бемырзэм и IэдакъэщIэкIхэр Къэрэшей-Шэрджэсми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Адыгейми къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ куэдрэ къытрадзащ, апхуэдэуи, абы и усэхэр итщ 2003 гъэм Псыхуабэ къыщыдэкIа «Антология народов Северного Кавказа» (I том) тхылъым.

ЗэрыусакIуэм, егъэджакIуэм къыдэкIуэуи, Бемырзэр зэдзэкIакIуэ Iэзэт. «Уэрэду сиIэр уэрщ» тхылъым итщ Пушкиным, Есениным, Блок, Бодлер, Ахматовэм, Кедриным, Гамзатовым, Светлов сымэ я усэхэр, Мухьэдин адыгэбзэкIэ зэридзэкIауэ.

Бемырзэр псэемыблэжу телэжьащ егъэджэныгъэми, щIэблэм я гъэсэныгъэми. Абы и гуащIэ ирихьэлIащ класс нэхъыжьхэм литературэр зэрыщаджыну программэхэмрэ тхылъхэмрэ зэхэлъхьэным. Апхуэдэщ ебгъуанэ, епщIанэ, епщыкIузанэ классхэм адыгэ литературэр зэрыщаджын программэхэр, ебгъуанэ классым и «Адыгэ литературэ» тхылъыр (и закъуэу), ебгъуанэ, епщыкIузанэ классхэм я адыгэ хрестоматиехэр (гъусэ иIэу). Абыхэм нэмыщI, 2006 гъэм Къэрэшей-Шэрджэсым и тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ Бемырзэ Мухьэдин гъусэ иIэу зэхилъхьа, епщыкIузанэ классым адыгэ литературэр зэрыщаджынум тегъэпсыхьа тхылъыр.

Лъэужь дахэ къызэзынэкIа егъэджакIуэ, усакIуэ Бемырзэ Мухьэдин 2007 гъэм январым и 11-м дунейм ехыжащ. Абы и цIэр фIащащ Али-Бэрдыкъуэ къуажэм и уэрамхэм ящыщ зым.

* * *

Бемырзэ Мухьэдин и псэкIи, и акъылкIи, и щIэныгъэкIи зэпэщауэ, езыр къызыхуэтыншэу дуней псо ирикъуу къэгъуэгурыкIуащ: и IэщIагъэ-щIэныгъэкIэ – егъэджакIуэт, гъэсакIуэт, ущиякIуэт, и псэкIэ – усакIуэт, и хьэл-щэн, дуней тетыкIэкIэ – адыгэлI ахъырзэмант – къуэ, къуэш, щхьэгъусэ, адэ, адэшхуэ гумащIэт, ныбжьэгъу пэжт.

Усэхэм ящIилъхьэ гупсысэ и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, Бемырзэ Мухьэдин и усыгъэр къуэпсыбзэу зэкIэщIокI. Абы къыхощхьэхукI хэкур фIыуэ лъагъуным, щIыуэпсым теухуа, философие, лъагъуныгъэ лирикэ лIэужьыгъуэхэр. Ауэ Бемырзэм и усыгъэр зэрыщыту къапщтэмэ, абы ипкъри и купсэри къэзыгъэщIыр зы псалъэкIэ къыпхуэIуэтэнущ – АДЫГАГЪЭ. Ар я пщалъэу, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ я хьэлщэн нэхъыщхьэу гъэпсащ Мухьэдин и дэтхэнэ усэри. «АдыгагъэкIэ» еджэу абы къигъэщIа усыгъэ дунейм къызэщIеубыдэ адэжь щIыналъэр, лъэпкъыр, анэдэлъхубзэр фIыуэ лъагъунри, тхыдэр джынри, ныбжьэгъугъэр, къуэшыгъэр гъэпэжынри, диныр къабзэу зехьэнри, нэгъуэщI Iуэхугъуэ зыбжани.

Сыту пIэрэ атIэ, усакIуэм къызэрилъытэмкIэ, «уадыгэным къикIыр»? Апхуэдэ фIэщыгъэм щIэт и усэми нэгъуэщI и IэдакъэщIэкIхэми къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, Бемырзэм адыгэу ущытыным щIелъхьэ философие гупсысэ куу: *«адыгэу упсэуным къикIыр зыщ – уадыгэну къыпкъуэкIыныр щ лIыгъэ»*. «Уадыгэным къикIыр» усэр Бемырзэ Мухьэдин дуней псом адыгэу тетым къызэрацIыхуа тхыгъэщ. Псом хуэмыдэу ар псынщIэу дэнэ щIыпIи щызэлъэщIыса хъуащ журналист Къардэн Аслъэн а усэм макъамэ щIилъхьэу, уэрэдри гитарэкIэ езым игъэзащIэу дакъикъийкIэ екIуэкI видео трихыжа иужькIэ. Бемырзэм и усэхэм ящыщ зым зэрыщыжиIауэ, «уэрэдыр лIэкъым, жыгъэми игъэшкъым», ар гумрэ псэмрэ къабгъэдэкIыу яусамэ. Аращ «Уадыгэным къикIыр» уэрэдыр лъэпкъым и гъащIэм хэшыпсыхьыным щхьэусыгъуэ хуэхъуари – ар ноби ди уэрэджыIакIуэхэми ягъэзащIэ.

«Адыгагъэ» гурыIуэныгъэр инщ, ар щIэныгъэлIхэми нобэкIэ IупщIу къахуэIуэтакъым. Адыгэм и хьэл-щэн нэхъыщхьэхэм ящыщт: цIыхухъум – лIыгъэр, бэшэчыгъэр, хахуагъэр; бзылъхугъэм – нэмысыр, шыIэныгъэр, фIэлIыкIыр, нэгъуэщI куэдхэри. А псори Бемырзэм и усэхэм къахэбгъуэтэнущ, образ телъыджэхэмкIэ щIэгъэбыдэжауэ: *«Уадыгэныр мыгурыфI-гурей, / Зи уэлиигъуэм фIэфIмэ – улъэпкъыпсэу, / Адыгэу хъуам тралъхьэмэ тезыр, / IэщIыб пщIыжыну уи анэдэлъхубзэр»; «Адыгэр зэикI хуэпсэуакъым и щхьэм, / ЩхьэхуэфI гупщыси и гум къимыхьа, / Зэгуэрми и фейдэр игъэнэхъыщхьэу / НэгъуэщIхэм я фэжагъуэ къимыхьа»*. И тхыдэр лъыкIпсыкIми, адыгэм и хьэл-щэнри, и дуней тетыкIэри, и теплъэри сыт щыгъуи хъуэпсэгъуэт, щапхъэ зытрахт: *«и хэкур дахэт, и щIыр бейт, и Iэщым тафэр яуфэбгъурт...», «и щIалэм зищIу лъэгущIэтын, и напэр кIапэкIэ имыщэт», «и пщащэм и щхьэм пщIэ хуищIыжт, бзылъхугъэ щIыхьыр ихъумэфырт, дахагъкIэ – гъащIэр щыз зыщIыжт, гуапагъкIэ – унэм и жьэгу мафIэт»*. Адыгэр дуней псом щыцIэрыIуэт хьэщIэм хуищI пщIэ, кIэлъызэрихьэ хабзэ и лъэныкъуэкIэ. Ар екIуу къыщыгъэлъэгъуэжащ ищхьэкIэ къэтхьа щапхъэхэр къызыхэтха «Ирехъу и Iэнэр узэда» усэм. Бемырзэм зы усэм къригъэтIэсэн хузэфIэкIащ адыгэ гъащIэ, дуней псо:

*Ирехъу и Iэнэр узэда,*
*Езы хьэтыкъри ирегъаблэ,*
*Адыгэм и гур зыт зэтар –*
*Къащымыхъунырт ар ныбаблэ.*
*Шей фIыцIэ ефэми езыр,*
*Хуей хъумэ, и щхьэм щIэмыпIастхъэу,*
*И хьэщIэм папщIэкIэ хьэзырт*
*Абы сыт щыгъуи и шыгъупIастэр.*

**(«Ирехъу и Iэнэр узэда...»)**



Ауэ, щыIам утепсэлъыхьыныр мащIэщ... Ди жагъуэ зэрыхъунщи, адыгэм нобэ адыгагъэу дэплъагъужыр, ар пщалъэ гуэркIэ къыпхуэпщыххэнумэ, зэрыхъур зы мэскъалщ. И хабзэр зэримыхьэжкIэрэ, и пщIэнэмыс имыIыгъыжкIэрэ, и бзэ имыхъумэжкIэрэ адыгэм махуэ къэскIэ хуэм-хуэмурэ и IэкIэ зеукIыж. ЛъэпкъкIуэдым и гузэвгъуэр зи псэм къыщIэзэрыхьа усакIуэр зэм *«Къэуши, си адыгэ, зыкъэщIэж!»*, – жиIэу мэлъаIуэ, зэми, адыгэм и дуней тетыкIэ хъуар игу темыхуэу, мэдалъэ:

*Адыгэ цIыхури мэхъу кIуэ пэтми жьгъей.*
*Хъанцэгу и къуршрэ и тенджызу псынэр,*
*ЩхьэхуэфI гухэлъым ар иронэщхъей,*
*Лъэпкъ кIуэд зэрыхъур имылъагъуу и нэм.*
*Ди щIэблэр едэIуэжкъым къэзылъхуам,*
*Еплъыжкъым ди цIыхубзхэр я нэмысым,*
*Фадафэм и пщылIыпIэ зэрыхуам*
*Ди щIалэхэр ехъыж, игъуэ нэмысу.*
*Iыхьлыгъэр куэдым къызэрапщыр мылъкущ,*
*ЦIыху уасэр къызэрабжыр и лэжьапIэрщ,*
*Iиманыншагъэр ямыщIыж емыкIу,*
*Нэмыплъи хуамыщIыж зимыIэм напэ.*

**(«Уадыгэным къикIыр»)**

Адыгагъэр, хабзэр, лIыгъэр IэкIэ узэмыIусэф, нэрымылъагъу фIыгъуэхэщ, аращ ахэр пхъумэну щIэгугъури. Адыгагъэм цIыхур къулей ещI, ауэ абы жыпыркъым, атIэ псэрщ игъэнщIыр, иузэщIыр. ЦIыхур мылъку къэугъуеиным щыдихьэха, «цIыхугъэ», «гуапагъэ», «гущIэгъу» псалъэхэм я мыхьэнэр щаIэщIэхуа иджырей зэманым напэм ухуэпэжу ухэпсэукIыныр тыншкъым. УкIытэрэ фIэлIыкIрэ здэщымыIэм Iуэху мыхъумыщIэ куэд щахузэфIокI. Псэ къулеигъэм нэхърэ хьэпшып лъапIэм пщIэ нэхъ щыхуащI лъэхъэнэм, ди жагъуэ зэрыхъунщи, адыгагъэр хабзэ нэхъыщхьэу щытепщэжкъым, хабзэ гуэр щыIэжу утепсэлъыхь хъужыххэнумэ. А Iуэхум ехьэлIауэ усакIуэпсэм хуэмыгъэвыж гукъеуэхэрщ «УкIытэ» усэр къызыпкърыкIари. Усэм и лирикэ лIыхъужьыр ироукIытэ мыукIытэхэр куэд зэрыхъуам. УсакIуэм къызэрилъытэмкIэ, лъэпкъ щIыхьыр зэрыпхъумэжын Iэмалу къэнэжар гъадэщIыдэм хыхьэжа адыгагъэр къэгъэпсэужынырщ, щIэблэм я гъэсэныгъэм ар гъуазэ хуэхъунырщ. Пэжщ, абы мылъку къыпэкIуэнукъым, ауэ хьэкIэкхъуэкIэм къыщхьэщызыгъэкI хьэл-щэн гуэрхэр цIыхум зыхилъхьэжынымкIэ сэбэп хъунущ:

*Адыгагъэ, укIытагъэ, напэ,*<br>
*МылъкукIэ флъэкIкъым зыри вгъэунэн.*<br>
*Ауэ нэкур зэрихъумэу напIэм*<br>
*Фэ цIыху щIыхьыр фхузэфIокI фхъумэн.*

**(«УкIытэ»)**



Бемырзэ Мухьэдин фIыуэ илъагъурт и Хэкур, къызыхэкIа лъэпкъыр, щIыуэпсыр, къэзыухъуреихь цIыхухэр... кIэщIу жыпIэмэ – зэрыдунейуэ. Апхуэдэ лъагъуныгъэ мыухыж къызыщыпкI псэр мыусэнкIэ Iэмал зимыIэт. Апхуэдизу зызыщимыгъэнщI и лъахэм теухуауэ усэ куэд и Iэдакъэ къыщIэкIащ Бемырзэм, языхэзми адыгэ щIыналъэм и дахагъыр уи нэгу къыщIигъэувэрэ абы хуэусэ усакIуэм и зэчийр зэрыабрагъуэм щыхьэт техъуэжу. Мухьэдин и усэхэр бзэ шэрыуэкIэ тхащ, абыхэм нэхъыбэрэ ущрохьэлIэ зэгъэпщэныгъэ гъэщIэгъуэнхэм, щIэджыкIакIуэр зыпэмыплъа жыIэкIэ щIэщыгъуэхэм. Бзэм и художественнэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ псыхьа мыпхуэдэ сатыр Iущхэр уигу къэкIын папщIэ, дауикI, усакIуэу укъигъэщIын хуейт: *«Жьыбгъэр мэпыхьэ, цыджан шыкIэпшынэу»; «Гъатхэ псыдзэр зыщIэуа щыхь бжьабэу, / Пшагъуэ Iувым жыгхэр къыхосыкI»; «Уэгу нэкIум вагъуэхэр щожэщIри, / Нэпс ткIуэпсу щIылъэм къокIуэсэх»; «Вагъуэбэ уафэм хуедзыр джэш / МазэщIэ техъэм гъуэгу»; «ПщIащэ гъуахэр, гуIэ нэпсу, жыгхэм къаIэпоху, / Жьыбгъэ щIыIэри жьуджалэм ироджэгу лъапэху»; «Сабий нэщхъыфIэ напэ уэгуу, / Вагъуэбэ уафэр итщ си щIыIу»; «Щызоуэр щхъэм гупсысэр, шы лъэхъауэ, / ХэкIыпIэ къигъуэтыну мэгуIэжыр»; «Жэщ псом щIыIэбжьым щыдыкъа бабыщу, / Уэгу бгъафэм вагъуэ цIыкIухэр щIэпщхъэжащ»; «ПсыIуфэ дзэлым, щхьэр зыхущI хъыджэбзу, / Хелъафэр и къудамэр псы къиуам»; «КъысщIэбдза лыгъэм и кIэгъуасэм, / Шыуану, си гур дэуфIыцIащ»; «Уафэ жьэпхъалъэм дыгъэр, джэдыкIэу йожьыхь»; «ХъыджэбзыIэу, акъужьыр дэхащIэу / ЗэIепщIыкI си щхьэц жэп зытехар»...*

XIX лIэщIыгъуэм къэхъуа ИстамбылакIуэ (ПсыикIыж) Iуэхугъуэр убгъуауэ къыхэщыжащ Бемырзэм и усыгъэм. Абы лъандэрэ

лIэщIыгъуэрэ никъуэрэ дэкIыжами, хамэ къэрал щикъухьа хэхэсхэм къагъэзэжу лъэпкъыр зэкъуэувыжыфакъым, абы и узыр ноби дэтхэнэ зы адыгэми пкърытщ. Зыщыпсэу къэралхэм я унэцIэ къудеи щызэрахьэжыну, я бзэкIэ щызэпсэлъэну хуитыныгъэ зимыIэ, хыщIыб гъащIэ гугъур натIэ зыхуэхъуа адыгэхэр Бемырзэм ирегъапщэ «яубэрэжьауэ ямыгъагъыж сабийм». «Тыркум щыпсэу адыгэм и тхьэусыхэ» усэм IупщIу уи нэгу къыщIегъэувэ апхуэдэ гъащIэм и щIыIагъыр, дыджагъыр:

*ЖыдмыIэщи – дымыгъуэщ, жыдоIэри – дыгъуамэщ.*
*Ар хъунут, уи гур мыгъумэ е уи гу къуэпсхэр гъуамэ,*
*Ар хъунут, зы цIыху закъуэм и гуауэу щытыгъамэ*
*Е лъэпкъым и гукъеуэм хэкIыпIэ иIэгъамэ.*

**(«Тыркум щыпсэу адыгэм и тхьэусыхэ»)**

Хэкур зрагъэбгынахэм я закъуэкъым апхуэдэ гукъеуэ зиIэр. Зи адэжь лъахэм щыпсэуну е къэзыгъэзэжу лъапсэ щызыухуэжыну зи насып къикIахэри хуощыгъуэ адыгэр нобэкIэ зэрызэкъуэхуам. «Лъэпкъ гукъеуэ» зыфIища и усэм Бемырзэм щетх: *«Узгъейуэрэ си нэпсри гъущыжащ, / Псынащхьи здэщымыIэ къум пшахъуэщIу, / УгуIэурэ уил къабзэр щыщыжащ / ЖэнэткIэ зэджэ хэхэс хэку жагъуэжъхэм».*

Адыгэм и бын дапщэ XIX лIэщIыгъуэм тхыдэм ПСЫХЭКIУАДЭ щыхъуар?.. Лъэпкъым и щхьэ кърикIуа насыпыншагъэхэр гуащIэу къызэреузарщ Бемырзэ Мухьэдини «Псыхэгъэ» усэр итхыныр къызыхэкIар. ГущIыхьэщ усакIуэм тхьэусыхафэкIэ Хыгуащэм зэрызыхуигъазэр:

*Къыпхуэсхьащ си гукъеуэр, Хыгуащэу*
*ЦIыху гъы макъри дыхьэшхри зыхуэщ,*
*Си тэмакъыр зыхуз лIы нэпс гуащIэм*
*И хьэтыркIэ гулъытэ къысхуэщI.*
*Пасэрейхэм, зы цIыху псым итхьэлэм,*
*Я гур къутэу, псыхэгъэ ящIыжт –*
*Сэ сызыхь лъэпкъ гукъеуэм и хьэлъэр*
*ХьэдагъэищэкIи нэпс мыкIуэщIыжщ.*

**(«Псыхэгъэ»)**

«Дуней нэплъэгъуэр зиIэжынкIэ» Бемырзэр зыхуэхъуэпса адыгэр лъэпкъыу къызэтенэнымкIэ хэкIыпIэ нэхъыщхьэу щыIэр бзэм зегъэужьынырщ, ар щIэблэм яIурылъхьэнырщ. Анэдэлъхубзэм и гимн хъуащ абы и «Адыгэбзэ» усэр. Адыгэбзэм «къигъэщIэнур къигъэщIауэ», «КъалэкIыхьым уфIимыхыу», «Псыжь узэпримыхыу» жызыIэхэм я «псалъэ мыжьэ-мывэм» усакIуэм гухэщI кърατыркъым, уеблэмэ ди бзэм къыпэлъэщын зэрыщымыIэмкIэ фIэщхъуныгъэ къыхалъхьэ. А гупсысэр Мухьэдин художественнэ Iэзагъ ин хэлъу къеIуатэ, анэдэлъхубзэр къуршыпсым и образ телъыджэм иригъапщэкIэрэ: *«...Къуршыпс ежэхыр хуэщIкъым дэгу / Абы зыгуэрым хидза мывэм. / Псыр тожри, мывэхэр къонэж, / Гъуэгу зэрытехьэрэ и псыпэр, / ЗэринэкIар абы гъунэжщ / Мывэ пкIэлъейрэ щхьэдэхыпIэу».* УсакIуэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, адыгэбзэр «лъэщщ», «зи зэманыгъуэу гурыхуэщ», «адыгэ пшынэу жьгъырущ»,

«хеящIэ джатэу» жанщ, къарууфIэщ, «анэ быдзышэу IэфIщ», «пщащэ гущIэр зэзыгъэдзэкI» гухэлъ уэрэдуи мэIу. Ди бзэм и пщIэр зэрылъагэр, и мыхьэнэр зэрыиныр усэ сатыритIкIэ къиIуэтэн лъэкIащ Бемырзэм: *«Уэ уафIэжьгъейми, къэбгъэщIащ, / Зэрыдунейуэ зэджэ «Нартхэр»,* – жеIэ абы и анэдэлъхубзэм хуэгъэзауэ. Усэр гур хэзыгъахъуэ хъуэхъу дахэкIэ, фIытеIуэ псалъэхэмкIэ еухыж:

*Си лъэпкъым щIэблэ къыщIэхъуам*
*Насып вагъуэбзэу ужьэхэпсэу*
*Я нэхъ тхъэмыщкIэ ар щыхъуам*
*УреIэ уэ, си адыгэбзэ!*
**(«Адыгэбзэ»)**

Бемырзэ Мухьэдин и усыгъэм щытепщэр цIыху гъащIэм и лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэр гъуджэу къызытещ философие лирикэрщ. Абы куэдрэ ущрохьэлIэ мылъкукIэ цIыхухэр зэрызэхуэмыдэм, зимыIэр зиIэм и лъэгущIэтыну къызэрекIуэкIым. УсакIуэ нэсым и гупсысэхэр щхьэхуитщ, ар зыми и бжьым щIэт хабзэкъым, уеблэмэ цIыху щIыхьыр хэзыутэхэм псалъэ нэхъ Iэщэ IэщIэмылъу япэщIэувэн хузэфIокI. АрщхьэкIэ мылъкур щытепщэ зэманым псалъэ-Iэщэр щоубзэщхъу: *«Абы (къэрал мылъкур зи тхъууалъэхэм. –* ***Хь. Л.****) я мывэ плIимэр зыдэж Iуащхьэм / Къемыжэхыну сэ си шэрхъ хъурейр»,* – етх усакIуэм.

Мылъкур насыпым и пщалъэу къыщалъытэ зэманым цIыхухэри гущIэгъуншэ щыхъуащ. Ар Бемырзэм и зы усэм гъэщIэгъуэну къыщыгъэлъэгъуащ. Зи гур узу къэкIуа бзагуэм дохутырым «Мыбыи сыт зыгъэузынур и гур» хужеIэ, апхуэдэ щIыкIэкIэ гушыIа фIэщIыжу. А псалъэ гуемыIухэмрэ цIыхугъэм и щапхъэу щытын хуей дохутырым и щэныншагъымрэ игу худэмыгъахуэу усакIуэм жеIэ:

*Я нэхъ цIыхугъэншагъэми и гъунэт*
*Ебдзыныр жэуапыншэм а псальейр.*
*Гууз ирихъукIыну ирикъунти*
*И гъащIэр бзэншэу къызэрихь къудейр...*
**(«Щилъагъум зи гур узу къэкIуа бзагуэр...»)**

Адыгэ усыгъэм ущрохьэлIэ философие гупсысэ шэрыуэ зыщIэлъ усэ-шабзэхэм («стихи-стрелы»). А жанрым ирилажьэу щытащ КIыщокъуэ Алими нэгъуэщI адыгэ усакIуэ зыбжани. Бемырзэ Мухьэдини иIэщ апхуэдэ усэхэр: едзыгъуитIу (сатырийуэ) зэхэт усэхэмрэ зы едзыгъуэ (сатыриплI) фIэкIа мыхъу усэ кIэщIхэмрэ (усэ-шабзэхэмрэ). Ахэр мыин дыдэми, ящIэлъ гупсысэр куущ, шабзэшэу гущхьэм зэпхидз псалъэхэмкIэ гъэнщIащ. ГъэщIэгъуэнращи, усэр нэхъ кIэщIыху, абы щIэлъ гупсысэр нэхъ куущ, шэрыуэщ. Абы и щыхьэту къэтхынщ Бемырзэм «ГъащIэ хабзэ» зыфIища усэр:

*Щхьэж хуэфэщэн и щыдэжынщ:*
*ЦIыху щIыIэлIэхым хуэлъэщ шын,*
*Щхьэемыгугъум мылъку хуэмыщ,*
*Зэмыщхь зэгъусэ зэрымыщI.*
**(«ГъащIэ хабзэ»)**

Адыгэм и лъэпкъ афористикэм нэхъ зызыужьа къэгъуэтыгъуейщ. IуэрыIуатэри, тхыдэ дэфтэрхэри, нэгъуэщI тхыгъэ лIэужьыгъуэхэри щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, адыгэм и псалъитIым языр псалъэ шэрыуэу, жыIэгъуэу, псалъэжьу зэхэлъу къигъэсэбэп хабзэт. Адыгэбзэм нэхъ къулей уигъэлъыхъуэну ар ягъэшэрыуэрт лъэпкъ IуэрыIуэдзхэмрэ джэгуакIуэхэмрэ. Бзэм я нэхъ дахэр Iурылъэ ар Iэзэу гъэбзэрэбзэныр зи лъым хэлъу къигъэщIа Бемырзэ Мухьэдини и усэхэм куэдрэ уащрохьэлIэ адыгэ псалъэжьхэр зи лъабжьэ гупсысэ гъэщIэгъуэнхэм, философие жыIэгъуэ шэрыуэхэм: *«Имыгъуэ псалъэм гум шыгъушыпсыр декIэ», «...АрщхьэкIэ джатэм и уIэгъэр кIыжми, / Имыгъуэ хъуэныр пхуигъэхужкъым уигу»* (*егъапщэ:* «Джатэм иуIар хущхъуэкIэ хъужми, псалъэ гуауэм и уIэгъэр мыкIыжщ» псалъэжьым); *«Щхьэр зыфIэкIуэдыр щIэгупсыскъым пыIэм»* (*егъапщэ:* «Къуийм и пыIэр щхьэрыхумэ, укIытэжыркъым» псалъэжьым); *«Iэпхлъэпх ящIа аслъэныр укIыгъуафIэщ»; «... ИкIи къыпфIэмыIуэхум уи щхьэм нэхъ, / УкIуэдыжынущ псыншэ хьэндыркъуакъуэу»; «Анэр къыпащIыкIкъым къурэ щхьэкIэм, / Адэри псэунукъым тIэуней...»; «ЗимыIэ лIибгъум сытри я дуней, / Я лIыгъэр елъытамэ зылъэкI зым?..»* (*егъапщэ:* «Зы лIыр джэдыгуибгъурэ лIибгъур джэдыгуншэу» псалъэжьым); *«Лэныстэм я нэхъыфIри къыумыщтэмэ куэдрэ / ТхылъымпIэ къудей имыбзыжу мэулъий»; «ХыфIэбдзэр IэкIэ – дзэкIэ къэпщтэжынщ»; «ЗыщIам насыпыр аркъэнкIэш, / Трехыр шатэ псыми»; «ЛIыгъэ зиIэр ирикъейкъым и къарум, / Мы дунейм темыт фIэщIыжу нэхъ еру»; «Къуршыбгъэр зэрышхмэ, къуаргъ шхыну къонэж»; «Делэр схуэхъун нэхърэ IупэфIэгъу, / АкъылыфIэр схурырехъу жагъуэгъу...»* (*егъапщэ:* «Ныбжьэгъу делэ нэхърэ – бий губзыгъэ» жыIэгъуэм).

Бемырзэ Мухьэдин «усакIуэ нэщхъей» цIэр зытеIукIахэм ящыщщ. Ауэ усакIуэ нэсыр зытетхыхьыр кууэ зыхищIэ Iуэхугъуэхэрщ. Бемырзэри хуейт Ашэмэз и бжьамийм пэджэжу макъамэ дахэ иусыну, и усэхэр фIым хуигъэпсыну, арщхьэкIэ зыхэпсэукI зэманым къыщыхъукъыщыщIэ Iуэху мыщхьэпэхэм ар апхуэдэ шэсыпIэ ирагъэхьэркъым. И хъуреягъыр мыхъумыщIагъэ зэфэзэщу, усакIуэр IуэхуфI гуэрым IэрыщIу теусыхьыфыркъым. *«Сэ уэрэд зэхэслъхьэну сыхуейт, / Ашэмэз и пшыналъэм пэхъуну, / Мы ди хэкум щхьэщыт щIымахуейр / ШэчыгъуафIэ абы хуигъэхъуну»,* – етх абы. Ауэ афиянафэмрэ фадафэмрэ зэщIащта дунейм усакIуэм и пшынэм къыщикIыр нэгъуэщI пшыналъэщ:

*Сэ сыхуейт зэхэслъхьэну уэрэд,*
*Ауэ... гъыбзэ сфIэхъункIэ сошынэр...*
**(«Сэ уэрэд зэхэслъхьэну сыхуейт...»)**

Усэ нэщхъей и къалэмыпэ къызэрыпыкIым папщIэ дэуэгъу къыхуэхъухэми жэуап щыпкъэ яритыжыфырт Бемырзэм:

*... Армыхъумэ сэри фIым сыхуэусэн*
*Мынэхъ хуэмыхуу си къарум къихьынут,*
*Ауэ къалэмыр згъэдэIуэфми сэ,*
*Мы сигу къигъыкIыр дэнэ сыбгъэхьыну?..*
**(«Си дэуэгъухэм я жэуапу»)**

Бемырзэм и усыгъэм ущрохьэлIэ фIыуэ илъагъу-къэзылъагъуж цIыхухэм – адэ-анэм, къуэшым, щхьэгъусэм, быным, ныбжьэгъухэм – яхуэгъэза е я фэеплъ усэхэмрэ поэмэхэмрэ. Апхуэдэщ «Поэмэ нэщхъей» *(Си адэ Хъэмид и фэеплъу)*, «Жьыгъэ» *(Си адэшхуэ Хъэмид и фэеплъу)*, «ПаупщIмэ зы Iэр, къэнэжар мэгуIэр...» *(Мухьэрбий хузотх)*, «Анэ», «Зураб деж», «Сипхъухэм» *(Зулетэрэ Мадинэрэ)*, «Лъэпкъым и зэчийхэр» *(Къалмыкъ Юрэ и фэеплъу)*, «Гум и пшыналъэ» *(Пхъэш МуIэед и деж)*, «Нэхущ Мухьэмэд и фэеплъу», н. Мыбыхэм я нэхъыбэр XIX лIэщIыгъуэм урыс литературэм куэду къыщагъэсэбэпу щыта жанрым – лирикэ хуегъэхьыныгъэм е зыхуэгъэзэныгъэм (лирическое послание, лирическое обращение) пэгъунэгъущ е мемориальнэ (фэеплъ) лирикэм щыщщ. Ахэр усакIуэм и лъагъуныгъэм и зы плъыфэщ, ауэ Бемырзэ Мухьэдин и усыгъэм IупщIу къыхощхьэхукI дэзыхьэха пщащэм, щхьэгъусэм хуэгъэпса лъагъуныгъэ лирикэр.

Бемырзэм и гухэлъ усэхэми, зы лъэныкъуэкIэ, адыгэлIым и бэшэчагъыр, жыру псыхьа и хьэл-щэныр, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ – и гу хуабагъыр къыхощ. Абы и лъагъуныгъэр пагэщ икIи щхьэхуитщ:

*Срехъу хьэфиз ущысфIэкIуэд сыхьэтым –*
*ИтIанэ уи гъэпцIагъэр слъагъуфынкъым,*
*НэгъуэщIым хуэпхь насыпыр пэрыхьэтми,*
*IущIыхьэ нэпсым си нэр ирифынкъым.*
*Срехъу дэгу-бзагуэ сыщыбгъэпцI дакъикъэм,*
*ИтIанэ уи псальейхэр зэхэсхынкъым,*
*ИтIанэ уи гущIэгъум сыщIэлъэIуу,*
*Сыуву си лIы напэр тесхыжынкъым.*
*УщысIэщIэкIкIэ лъэр къыздремыбзэ –*
*СыпкIэлъыжэнкъым, мыхъуми, сыноубзэу.*

**(«Срехъу хьэфиз ущысфIэкIуэд сыхьэтым...»)**

Лирикэ лIыхъужьыр гухэлъым гуитIщхьитI зэрищIым, ар зыхишэ псэ бэнэныгъэм теухуа мотивым адыгэ литературэм куэдрэ ущрохьэлIэ. Сыт хуэдиз лIыгъэ зауэ губгъуэм къыщылъыкъуэмыкIами, адыгэлIыр гухэлъым къыщигъэхаши къэхъурт, псом хуэмыдэжу, ар усакIуэ псэ пIащIэмэ. Бемырзэм и «ЦIыху зэпIэзэрытхэм сывохъуапсэр...» усэм и лирикэ лIыхъужьыр йохъуапсэ зи акъылыр зи гумрэ зи псэмрэ я тепщэу псэухэм: «зыми зэхэзещхъуэн яхуэмыщIхэм», «лъэ быдэкIэ щIыгум ирикIуэхэм», «жагъуэгъухэм я бзэр удын яхуэхъукIи гуфIэн къэзымыгъанэхэм». Апхуэдэ цIыхухэм я лъагъуныгъэми щыпкъагъэ хэлъщ, ауэ щIэлъу пIэрэ абы хуабагъэ? ФIыуэ ялъэгъуар IэщIыб зыщIыжыфхэм гухэлъ яIэххар пэжу пIэрэ? НасыпыфIэу пIэрэ апхуэдэ цIыхухэр? ЦIыху гъащIэмрэ цIыхугумрэ шабзэшэу кIуэцIрыкI упщIэ жэуапыншэ куэд кърокIуэ мыпхуэдэ едзыгъуэ IущкIэ иухыж усэм: «*Фэ фщIэркъым лъагъуныгъэ насыпыншэ, – / Бзылъхугъэ зи гухэлъым епцIыжам / И закъуэ къыфщымыхъуу «щIым и бынжэ», / Фэ фхузэфIокIыр фигу ивгъэхужын...*».

Бемырзэм и лъагъуныгъэ лирикэм IэкIуэлъакIуэу хэухуэнащ щIыуэпсым и образыр. «ИкIэрей сыхьэтыр хуабэм егъэщIэж» усэм гъэмахуэмрэ хуабэмрэ я кIэухымкIэ усакIуэм лъагъуныгъэ жэуапыншэм, гухэлъ нэщхъейм и сурэт щещI: «*ИкIэрей сыхьэтыр хуабэм егъэщIэж.*

*/ Арагъэнщ уи нитIри хамэ щIысхуэхъуар: / Дякум дэта щIалэм и цIэр пщыгъупщэж / ЩысфIэщIа тэлайм хъунт сэ сыщIэщхъуа»*. ЩIыуэпсым и образ телъыджэрэ фIылъагъуныгъэ къабзэрэ щызэщIэлъщ Мухьэдин и «Акроусэми»:

*Дыщэм и нэз кIапэу щытми мы дунейр,*
*Уэ узимыIамэ, ар къум нэщI къудейт,*
*Нур зымыдзыж дыгъэу мыл хъурей тыкъырт,*
*Е екIуэлIапIэншэу данэ зэрылъ къырт.*
*Инжыджыпс ежэхыр зэрыхуейуэ нэпкъ,*
*Мы си гъащIэм сэри сыщыпхуейщ, си нэху.*
**(«Акроусэ»)**

Акроусэм и щхьэхуэныгъэщ сатыр къэскIэ къызэрыщIидзэ хьэрфхэм къехыу укъеджэмэ, псалъэ е псалъэуха хъууэ. Апхуэдэ ухуэкIэр щIагъыбзэм и зы фащэу къагъэсэбэп хабзэщ. Мы Iыхьэр къызыхэтха акроусэм хэт сатырхэм я пэщIэдзэ хьэрфхэм зэкIэлъыкIуэу укъеджэмэ, мыращ къыбжаIэр: «ЗУРЯТУ СИ ДУНЕЙМ»... ГурыIуэгъуэщ мыр усакIуэм и щхьэгъусэм зэрыхуэгъэзар.

Бемырзэм и усэхэм щегъэлъапIэ дуней псом щызэлъэщIысауэ адыгэ бзылъхугъэм и дахагъымрэ гуакIуагъымрэ. «Адыгэ пщащэ нэсым» зыфIища усэр егъэпщэныгъэ защIэу гъэпсащ, икIэм-икIэжым, адыгэ бзылъхугъэм и хьэл-щэнри, и теплъэри, и акъылыфIагъри къызытещ сурэт усакIуэм абы псалъэкIэ щещI. «Къанжэм и фIыцIэр зи фIыцIэу къанжэм и хужьыр зи хужь», «Тамбукъан гуэлым и Iуфэм къыщыкI къамылу зэкIуж», «зи Iупэхэр Iущхьэ гъэгъа», «бланэм и кIуэкIэр зи кIуэкIэ», «зи нитIыр вагъуэ лыд», «зи набдзэ фIыцIэ зэхэкIэр мазэ къурашэ цIыкIуитI» бзылъхугъэм и теплъэм усакIуэм егъэпщэныгъэ, эпитет телъыджэ бжыгъэншэхэр къыхуегъуэт:

*ЕтIысэхамэ тхъэрыкъуэ,*
*Зиукъуэдиямэ аслъэн.*
*Лэгъунэ нысэу, тхъэрыIуэ*
*ЗыхуищIа щауэм Iуплъэн.*
*Зи щхьэцыр Къущхьэхъу псыкъелъэ,*
*Зи щIыфэр къэжэр бжьэхуц,*
*Гухэлъым къыщигъэделэм,*
*Акъылыр зи шэпэIудз...*
**(«Адыгэ пщащэ нэсым»)**



Бемырзэм и лъагъуныгъэ лирикэм и зы Iыхьэщ «Лъагъуныгъэм сыхуэщыпкъэщ» зыфIища сонет Iэрамэр. Сонет Iэрамэр сатыр пщыкIуплIу зэхэлъ сонетурэ пщыкIутху мэхъу, абыхэмкIэ зэхэгъэува цикл къагъэщIу. Сонет Iэрамэм и щхьэхуэныгъэщ къыкIэлъыкIуэ сонетыр ипэ итыр зэриуха сатырымкIэ къыщIидзэу гъэпсауэ щытыныр. Сонет пщыкIуплIыр зэриух иужьрей сатырхэр зэкIэлъыхьауэ хоувэ епщыкIутхуанэ сонетым – «магистраль»-кIэ зэджэм, абы сонет къэскIэ ящIэлъ гупсысэ щхьэхуэхэр къыщызэщIэкъуэжащ. Дауи, тыншкъым усэ сатыр 210-рэ хабзэ хэхам тету зэпхауэ къэбгъэщIыныр, абы и жыпхъэми, и рифмэ гъэпсыкIэми, щыпхрыша гупсысэхэми тещIыхьауэ. Ап-

хуэдэу щытми, усыгъэм и жанр нэхъ гугъу дыдэу къалъытэ сонет Iэрамэр Мухьэдин адыгэ усакIуэ псоми япэ къигъэIэрыхуэн хузэфIэкIащ 1973 гъэм – езыр илъэс 24 ныбжьым иту. Ар щхьэхуэу къытехуащ «Iуащхьэмахуэ» журналым, нэхъ иужьыIуэкIэ усакIуэм «ЛIыгъэм и тхыдэ» (Черкесск, 1981) зыфIища и япэрей тхылъым иту къыдэкIащ.

Сонет е сонет Iэрамэ зи Iэдакъэ къыщIэкIа адыгэ усакIуэхэм я нэхъыбэр зытетыр «инджылыз фащэрщ»: катренищрэ кIэух сатыритIу зэхэлъу. Бемырзэ Мухьэдин и сонет Iэрамэр щитхым нэхъ фащэ гугъур – «итальян сонетыр» къыхихат: катрену тIурэ терцету тIурэ зэдзылIауэ. Пэжщ, Бемырзэм и сонет Iэрамэм рифмэ ухуэкIэр щызэпиуди хэтщ, ауэ абы и тхыгъэм и гупсысэкIи, темэкIи, сюжеткIи итальян сонетым къигъэув къалэнхэр щыгъэзэщIащ. Щапхъэу къэбгъэлъагъуэ хъунущ гупсысэр къызэщIэзыкъуэж епщыкIутхуанэ – магистраль – сонетыр:

*Нэрыгъ зэ пщIамэ, мывэ джейри мэсыр,*
*Гукъеуэм си гум щищIыжащ унагъуэ.*
*КъысфIэщIт зэгуэрэм уэ у-Дахэнагъуэу,*
*Сэрауэ уи псэ закъуэ Джэримэсыр.*

*Уи деж кIуэ гъуэгур быркъуэшыркъуэт, хьэлъэт,*
*Гукъанэ зэпымычхэмкIэ гъэнщIат.*
*IэмалкIэ ди жагъуэгъухэр зэхуэщIат,*
*Абыхэм сэ сатекIуэфакъым хьэлкIэ,*

*ФIылъагъуныгъэм нэхъ симыIэу Iэщэ,*
*Илъэсхэм уардэу сэ сапхырыкIынут,*
*ИджырикI сщIэнут сэ схузэфIэкIынур.*
*Гугъуехь спэщIэлъыр аркъым зыщIэсIэжьэр:*

*Ди натIэм илъагъэнт дызэпэIэщIэу,*
*Нэгъуэщ1 щхьэгъусэм гъащIэр детхьэкIыну.*
**(«Лъагъуныгъэм сыхуэщыпкъэщ», 15-нэ сонет)**

Мыбы къызэрыхэщымкIэ, катрен строфаитIым деж Бемырзэм къыщегъэсэбэп итальян сонетым къигъэув рифмэ зэпхыкIитIым языхэзыр: *абба* – къызэщIэзыкъуэ («охватная», «поясная») рифмэ лIэужьыгъуэр. КъыкIэлъыкIуэ терцетитIым я рифмэ ухуэкIэр мыпхуэдэу къэбгъэлъагъуэ хъунущ: *сдд – ссд.*

Сонет Iэрамэм и ухуэкIэ хабзэм тету, Бемырзэм и кIэ дыдэу къакIуэ магистраль сонетым сатырхэр зырызурэ къытрешри, адрей сонет пщыкIуплIым зэкIэлъыкIуэу я къыщIэдзапIэ ещI. Япэрей сонетри иужьрей дыдэ сонетри къызэрыщIидзэ, епщыкIуплIанэр зэриух усэ сатырыр зэтохуэ – *«Нэрыгъ зэ пщIамэ, мывэ джейри мэсыр».*

Бемырзэм и сонет Iэрамэм макъхэм, рифмэм, строфар зэрыухуам, ритмикэм мыхьэнэшхуэ щаIэщ, ауэ тхыгъэм къалэн пыухыкIа щагъэзащIэ образхэм, сонетхэм ящIэлъ гупсысэхэм, усакIуэм и художественнэ Iэзагъым. И фIэщыгъэми ищхьэкIэ къэтхьа кIэух сонетми къызэрыхэщщи, Мухьэдин и сонет Iэрамэм лъабжьэ хуэхъуар лъагъуныгъэрщ, гухэлъ жэуапыншэ-насыпыншэрщ. Тхыгъэм и кIыхьагъкIэ

усакIуэм хиухуэнащ и лирикэ лIыхъужьым и дуней еплъыкIэм, щыIэкIэ-псэукIэм, гурыгъу-гурыщIэхэм, гунэджым ехьэлIа образ гъэщIэгъуэнхэр. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, бампIэр къыщытеуэм деж ар здэкIуэ «бгы лъапэм щыдаущ екIэпцIэ мэзыр», ар «зылъэхъэну къэIэбэ къудамэхэр», нэгъуэщIхэри. Лирикэ лIыхъужьым и гупсысэ нэщхъейхэр усакIуэм сонет къэскIэ егъэпщэныгъэ щIэщыгъуэхэмкIэ къыщеIуатэ: *«Гукъеуэм си гум щищIыжащ унагъуэ»; «Вагъуэншэ уафэу нэщI схуэхъуащ уи гущIэр»; «СылъаIуэу Iэ сшиям къыщыдыхьэшхри, / Уэших нэпцIу сщхъэщыкIащ уи лъагъуныгъэр»; «Сыпсалъэми, плъыржьэрым ихь уIэгъэу, / Шэджагъуэ махуэу уи нэхэм сопщIыхьыр»; «...Зэгуэрми «фIыуэ слъагъу» жызымыIэжырщ / Зи гъащIэр гужьеигъуэкIэ гъэнщIар»; «IэмалкIэ ди жагъуэгъухэр зэхуэщIат...»; «Псы ткIуэпсрэ пэт екъутэ псыхъуэ мывэр, / Ди я кум ахэр (жагъуэгъухэр. –* **Хь. Л.***) дэувахэщ хъэлэу...»; «Зэгуэпыр блащхъуэу гущхъэм къынэсыпэм, / Уэрэдым си гупщысэр изохъэлIэр...»*. Еянэ сонетым и кIэухым – ебгъуанэм и щIэдзапIэм деж абыхэм къэсыхукIэ тхыгъэм щIэлъа гупсысэ нэщхъейр токIуэтри, фIэщхъуныгъэ лъэщымрэ псэ бэнэныгъэмрэ тепщэ щохъу. Лирикэ лIыхъужьым и плIэр иузэхужу адэкIи гъащIэм насып щигъуэтыжыным щIэхъуэпс, хущIэкъу мэхъу: *«Илъэсхэм уардэу сэ сапхрыкIынущ, / Жагъуэгъухэр гукъыдэжкIэ зэзгъэфыгъуэу. / ИджырикI гъащIэм къыспэщылъщ и фIыгъуэр, / Игъэунэхуакъым си къарум лъэкIынур,»* – жеIэр абы. АрщхьэкIэ епщыкIущанэ-епщыкIуплIанэ сонетхэм деж лирикэ лIыхъужьым и гукъеуэр аргуэру къытокIуэ:



*НэгъуэщI щхъэгъусэм гъащIэр депхъэкIыну*
*КъызжаIэпами, хъунтэкъым си фIэщ.*
*Уэ сигу уилъынущ, – узыхуейр къысфIэщ, –*
*Фэеплъуи уи сурэтыр къесхъэкIынущ.*
**(«Лъагъуныгъэм сыхуэщыпкъэщ»)**

Иужьрей магистраль сонетым и кIэ дыдэ сатыритIым къызэраIуатэщи, адыгэ псалъэжьым «узыхьыну псым зыдегъэзых» зэрыжыхуиIэм хуэдэу, лирикэ лIыхъужьыр арэзы тохъуэ и щхьэ кърикIуам, абыкIэ зыри игъэкъуэншэжыркъым икIи фIыуэ къыгуроIуэ Ухыгъэм и Iэмырым узэрыфIэмыкIыфынур... Аращ абы и гуауэри нэхъ гъэткIугъуафIэ щызыщIыр: *«Ди натIэм ильагъэнт дызэпэIэщIэу, / НэгъуэщI щхъэгъусэм гъащIэр детхъэкIыну...»*.

«Лъагъуныгъэм сыхуэщыпкъэщ» сонет Iэрамэр адыгэ литературэм деж сонет жанрым и зыужьыныгъэм и щIэдзапIэу къэплъытэ хъунущ. Абы ипэ къихуэу ди усакIуэ нэхъыжьхэм куэдрэ къагъэсэбэпакъым а жыпхъэр, псом хуэмыдэжуи абы и «итальян» фащэр.

Лиро-эпикэм и хэлъхьэныгъэ хъуащ Бемырзэ Мухьэдин и поэмэхэри: «ЛIыгъэм и тхыдэ», «Къуэш лъагъуныгъэ», «Гъуэгу махуэ, щIалэгъуэ!» (1977), «Поэмэ нэщхъей» (1987–1991), «Ди лъэпкъ пщыуэркъхэм я фэеплъу» (2000–2001), «Iэдииху» жыхуиIэхэр. Мыхэр псори щитха гъэр тхуэмыгъэнахуэми, Бемырзэм и «ЛIыгъэм и тхыдэ» япэ тхылъу 1981 гъэм къыдэкIам итащ ищхьэкIэ къэдгъэлъэгъуахэм ящыщу япэрей поэмищыр («ЛIыгъэм и тхыдэ», «Къуэш лъагъуныгъэ», «Гъуэгу махуэ, щIалэгъуэ!»). Ахэр усакIуэм 80 гъэхэм ипэ къихуэу итхащ.

И IэдакъэщIэкIхэри щыхьэт зэрытехъуэщи, Бемырзэ Мухьэдин къызыхэкIа лъэпкъым псэухукIэ хуэпэжащ икIи хуэусащ. ИгъащIэ псокIэ ар щIэхъуэпсащ адыгэр зылI и быну зэкъуэувэжу и жэнэт щIыналъэм лъабжьэ быдэ щищIыжыным, лъапсэ дахэ щиухуэжыным, къуэпсыбэ щидзыжыным. Езыри и гуащIэ къызэрихькIэ телэжьащ а къалэн мытыншхэр гъэзэщIа хъуным, ауэ хунэсауэ пIэрэ усакIуэ гумызагъэр и лъэпкъымрэ псэм пищI и хэкумрэ яхуиIэта уэрэдыр нижыIэсыну?.. И усэхэм языхэзым абы щитхыгъат:

*Си гъащIэ, куэдщ уэ къысхуэпщIар,*
*Къыптенэжакъым сэркIэ щIыхуэ.*
*Сыхуейт иджы зы слъэкIыжын –*
*СыхущIыхьэн, къэмысу жьыгъэр,*
*Гухэлъ уэрэду пхуэстхыжын*
*Уэр щхьэкIэ мы си гущIэм щыхъэр.*
**(«Ей, гъащIэ – нэху пытхъахуэ тIэкIу...»)**

«Лъэпкъ щIыхьым зи псэр шэпэIудз» хуэзыщIа усакIуэ, егъэджакIуэ Бемырзэ Мухьэдин и цIэр адыгэм и тхыдэми, културэми, литературэми уахътыншэ щыхъуащ, нэхъыщхьэращи, цIыхубэм фIыкIэ, дахагъэкIэ, къабзагъэкIэ ягу къинащ. И зы усэм къызэрыхэщщи, усакIуэм гуращэу, хъуэпсапIэу гъащIэм щиIари аращ:

*Сэ куэд сыхуейкъым: зы сабий нэхъ мыхъуми,*
*Хьэщыкъ анэбзэм хуищIыжынырщ стхам,*
*Е си лъэпкъ мащIэу си гур зыхуэмыгъуэм*
*КъиIэтыжынырщ уи зы дэхуэха.*
*ИкIи зэгуэрым, и кIэм нэса щагъэу,*
*Сигу мафIэр, си лъэпкъ мащIэ, хъужмэ дий,*
*ЖыпIэнырщ: «Си цIэр щIэлъу и гущIагъым*
*Тетащ дунейм Бемырзэ Мухьэдин...»*
**(«Си лъэпкъым»)**

ЦIыху зэчиифIэхэм езыхэр псэу щIыкIэ фэеплъ зыхуагъэувыж хабзэщ. Урыс усакIуэшхуэ Пушкин А. зэритхауи *(«Я памятник себе воздвиг нерукотворный»)*, Бемырзэ Мухьэдини фэеплъ мыкIуэдыжын зыхуигъэувыжащ. УсакIуэр зыщалъхуа Али-Бэрдыкъуэ къуажэм Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъу 1989 гъэм щагъэува сыным Бемырзэм и Iэдакъэ къыщIэкIауэ дунейм адыгэу тетым зэлъащIыса псалъэхэр къыхэIущIыкIащ. Жьыбгъэми хуэмыпхъэхыжын, уэшх-уэсми яхуэмылъэсыжын, дыгъэ жьэражьэми фае хуэмыщIыжын усэ сатырхэрщ зи гугъу тщIы сыным тетыр:

*Лъэпкъ щIыхьым зи псэр шэпэIудз хуэзыщIу,*
*ЯукIыхункIэ бийм хуимыкIуэтахэм,*
*Хьэжрэту мыжурыпэм ирихужьэу,*
*ИстамбылакIуэ гъуэгум текIуэдахэм*
*Щана псэ нэхухэм я фэеплъщ мы сынри,*
*Адыгэ, зэтеувыIи, хуэгумэщI...*
**(«Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм»)**

Бемырзэ Мухьэдин хуэдэ адыгэлI щыпкъэт, дауи, Къэзанокъуэ Жэбагъы «щIым лIаи псэуи щIэлъщ» щIыжиIэгъар. А усакIуэ ахъырзэманым и цIэри, и Iэужьри, и лъэужь дахэри адыгэр ирипагэу, иригушхуэу ноби лъэпкъым къыдогъуэгурыкIуэ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

## *Усэхэр* БЕМЫРЗЭ Мухьэдин

### СИ ЛЪЭПКЪЫМ

Тхьэ лъапIэр си щыхьэтщ, щыхьэтщ ныбжьэгъухэр,
ЦIыху фIыуэ сыкъэзыщIэхэр щыхьэтщ:
Си лъэпкъ, сэ зэикI уи нэмыс згъэщIэхъуу,
ЦIыху Iейуэ сыщытакъым зы сыхьэт.
Къыщызапэс къэхъуами схуэмыфащэ,
Захуэзгъэгусэ мыхъумэ ар зыщIам,
ХуэстIыну сыпылъакъым зэикI мащэ,
Я хьэкъ си гугъэу ахэр Iузгъэщ Iэн.
Е бампIэм си гур зэгуиуду щыхъукIэ,
Сащысхьти «щIэгъэкъуэн» абы хуэхъуам,
Си гъащIэ мыкIуэмытэм щхьа сыщыгъуэу,
ТхылъымпIэм есIуэтылIэрт сигу дэгъуар.
Си гъащIэр схьами сэ жыIэзыфIэщу,
Зыгуэрхэм жаIэр хъууэ сэ си фIэщ,
Нэжэс щэн-хьэлыр гъащIэ хабзэ сфIэщIу,
Къэхъуакъым цIыхум сэ дыгъужь щыфIэсщ.
Си нитIыр къыщипхъуауэ щхьэхуещагъэм,
Зы цIыхуи сэ и мылъку фIэзмыубыда,
Е щэхуу кIэлъызесхьэу хъуагъэщагъэ,
Зыгуэрми и лъэр сэ щIэзмыуда.
Сэ куэд сыхуейкъым: зы сабий нэхъ мыхъуми,
Хьэщыкъ анэбзэм хуищIыжынырщ стхам,
Е си лъэпкъ мащIэу си гур зыхуэмыгъуэм
КъиIэтыжынырщ уи зы дэхуэха.
ИкIи зэгуэрым, и кIэм нэса щагъэу,
Сигу мафIэр, си лъэпкъ мащIэ, хъужмэ дий,
ЖыпIэнырщ: «Си цIэр щIэлъу и гущIагъым
Тетащ дунейм Бемырзэ Мухьэдин...».

### УАДЫГЭНЫМ КЪИКIЫР

Адыгэу нобэ ущытынир гугъущ,
Адыгэу нобэ упсэунир хьэлъэщ.
Зэманыр жырри зыгъэщащэ гухъущ, –
Абы екъутэр цIыхум и щэн-хьэлыр.
Абы пэлъэщкъым лъэпкъми и къарур.
ИгъащIэкIэ хабзэфI зэрихьэгъахэр,
Зэхекъутэжри ди зэман ерум,

ХуэнщӀей пэлъытэу, яхепхъэжыр гъэхэм.
Адыгэ цӀыхури мэхъу кӀуэ пэтми жьгъей.
Хъанцэгу и къуршрэ и тенджызу псынэр,
Щхьэхуэфӏ гухэлъым ар иронэщхъей,
Лъэпкъ кӀуэд зэрыхъур имылъагъуу и нэм.
Ди щӀэблэр едэӀуэжкъым къэзылъхуам,
Еплъыжкъым ди цӀыхубзхэр я нэмысым,
Фадафэм и пщылӀыпӀэ зэрыхуам
Ди щӀалэхэр ехьыж, игъуэ нэмысу.
Ӏыхьлыгъэр куэдым къызэрапщыр мылъкущ,
ЦӀыху уасэр къызэрабжыр и лэжьапӀэрщ,
Ӏиманыншагъэр ямыщӀыж емыкӀу,
Нэмыплъи хуамыщӀыж зимыӀэм напэ.
ЕщӀыфыр япэ къэсым хэутэн,
Лъэпкъыбзэу илъэс минхэм я уэсятыр,
ПлъэмыкӀыу бгъэшынэн е бгъэукӀытэн,
Адыгэ щӀыхьыр пфӀыхаутэ ятӀэм.
Апхуэдэу щыхъукӀи, лъэпкъ ягъэпудам
ДэщӀыну зи гум къэкӀыр зырызыххэт,
Хэт илъэс кӀуахэм игу ираудащ,
Хэт и щхьэр лъэпкъ гукъеуэ хэмытыххэ.
Адыгэу нобэ ущытыныр гугъущ,
Ауэ сыт щыгъуэт щыщытар ар тыншу,
Къэвгъуэтыт тхыдэм зэ щищӀыж ди гугъу,
Ди гъащӀэр тхьауэ дэ къэзэуатыншэу!
Щалъхуати, и мыгъуагъэу, жэнэт хэку,
Яхуэхъури бийхэм ар хьэ зэрышхыпӀэ,
НэщӀэбжьэ куэдхэр щӀагъэкӀащ и нэгу,
Ди лъэпкъ бэшэчу, лӀыхъужьыгъэр зи бэм.
И тхыдэ кӀыхьу къызэринэкӀам,
Ар куэдрэ ихуэгъащ псэзэпылъхьэпӀэ,
Имыгъуэтыжу, уеблэмэ, щӀэлъхьэпӀэ,
И быну хамэ Ӏэщэм къиукӀар.
Къэхъуащ монголхэм ар щапэщӀэта,
Зы фэбжь кърахмэ, щащӀэу ярихыжу,
ГуӀэжу Лабэ Ӏуфэ щыӀута,
Сабийхэр псыхьэлъахуэу къыхихыжу.
АрщхьэкӀэ, хуэмызами сыт махуей,
Абы игъэпудакъым зыкӀи и щхьэр,
И Хэкур къигъэнэн щыхъуами хуей,
Яхуэувакъым ар лъэгуажьэмыщхьэу.
Адыгэу нобэ ущытыныр гугъущ,
Адыгэу нобэ упсэуным къикӀыр,
Ди тхыдэ гуауэу фхуэсщӀыжам зи гугъу,
И напэ къэс унэджысынырщ и кӀэм.
Ирехъу гуфӀэгъуэ, е гухэщӀ ирехъу,
Абы ухущытынырщ ухуэфащэу,
Уи напэм ену уи гур хурырегъу,
Уи махуэ къэсыхун цӀыхугъэ бащэу.
Уадыгэныр мыгурыфӀ-гурей,

Зи уэлиигъуэм фIэфIмэ – улъэпкъыпсэу,
Адыгэу хъуам тралъхьэмэ тезыр,
IэщIыб пщIыжыну уи анэдэлъхубзэр.
ПIурылъу зы бзэ, узэдису зыщI,
Хьэлэлу къыщыптепсэкIэ зы дыгъэ,
Адыгэу упсэуным къикIыр зыщ –
Уадыгэну къыпкъуэкIынырщ лIыгъэ.

ЛЪЭIУ

Адыгэ лъэпкъым и Iэпкълъэпкъ пщыкIутI –
Адыгэ анэм и зэш бын гъуэзэджэ,
Фэ адэжь хэкум вагъуэу фыщылыдт,
Фыкъэзылъагъухэр къывэхъуапсэу зэкIэ.
Натхъуэджыр, беслъэнейр, еджэрыкъуейр,
Жанейр, мэхъуэшыр, хьэтыкъуейр, шапсыгъыр,
ИтIанэ абазэххэр, къэбэрдейр,
Адэмей лIакъуэр, кIэмыргуейр, бжьэдыгъур.
Кавказым и дахапIэр фэ фи хэкут,
ЩIыгулъым я нэхъ бейр фи хьэсэ щIапIэт,
Къэрал зэмыщхьэм къыфхухашу гъуэгу,
Фи тенджыз Iуфэр яIэт кхъухь тедзапIэу.
Иджы фэ дуней псом фыщикъухьащ...
Фэрыншэу нэщхъеялэщ чэщей мэзхэр,
Фэрыншэу, уэгум вагъуэ щипхъыхьар
Мэкъуауэ бадзэу, мафIэ нэпцIкIэ мэсхэр.
Адыгэ лъэпкъым и лIакъуэ пщыкIутI,
Iэпкълъэпкъыу цIыхум фэ фхуэдизщи иIэр,
Зыгуэр фыхэщIу и гур ивмыуд,
Фи псэуныгъэр гурыфIыгъуэу зиIэм.

* * *

Мейкъуапэ щыщIэдзауэ Адлер нэсу,
Хы Iуфэ Iэгъуэблагъэхэри хыхьэу,
Адыгэ жыгхэм щодауш я мэзыр,
Адыгэ фIэщыгъэцIэхэр зэрахьэр:
ЦIэмэз, ТIуапсэ, Псыжь, Iэнапэ, Сочэ,
Шэпсы, Щхьэгуащэ, Псыбэ, Дэгъуэмыс...
Къытезгъэзэжу сэ а цIэхэм соджэр,
Адыгэ тхыдэм сфIэщIу сыкIэрыс,
ИкIи апщIондэхункIэ, си хэку дахэ,
КъысфIощIыр псы шыугъэр къызыпыж
Хы ФIыщIэ нэпкъ щIэхахэм кхъухь къутахуэу
Хыуей нэужьым укъыщысщыпыж...

ХЪУЭПСАПIЭ

Макъ зиIэм ещIыр джэрпэджэж,
Пкъы зиIэм едзыр ныбжь,

Дунейм и тхыдэ сызэджэж,
УIэгъэу сфIощI убжьыбжь.
ЛIэщIыгъуэу цIыхум къигъэщIам,
Мамыру хисэу гуэдз,
Уэ, лъырэ нэпскIэ мыгъэнщIау,
Пщызгъуэткъым напэкIуэцI.
ЗимыIэр зиIэм и джэгуэнщ, –
Ирехъу ар лъэпкъ е цIыху, –
Къарум игъуэтмэ зытекIуэн,
Къэгъазэ имыцIыху.
Уэ си тхьэ, хъуну пIэрэ зэ
Зэщыхъухэу цIыхухэр цIыху,
ЯIыгъ IэнатIэм, мылъкум, бзэм,
ИмыщIхэу ин е цIыкIу?!
Зы лъэпкъ щхьэхуещэм и нэфI-нейм
Химыхыу фэбжь адрейм? –
Армырмэ, сфIощI сэ мы дунейм
Ущыпсэунри лей...

## АШЭМЭЗ

Лыгъей мафIэр щIадзауэ щIыр мэс,
Ялеижкъым уэ плъэкIыу щытам,
КъыIэщIэкIи ажал узыщтам,
Зэ къэщтэж уи бжьамийр, Ашэмэз!
ПщIэжрэ, япэм къыщыхъумэ щIым уэгъу
Е лъэпкъитIым яку дэлъмэ къайгъэ,
ТхьэмыщкIагъэм хуэхъуфу дэуэгъу,
Уэ бжьамийм уи макъамэр къибгъэкIт.
А макъамэм дэщIыгъуу къэкIыжт
Дыгъэ гуащIэм къэкIыгъэ исар,
А пшыналъэр зи щIыфэ нэсам
Къытехуа и уIэгъэхэр кIыжт.
ЩIакIуэ кIапэм лъэпкъитI теувар
А бжьамийм узэрепщэу зэкIужт,
Зэхихыжт пшэм и напщIэ уфар,
Псыежэххэм мыл телъыр къэткIужт.
Ауэ ар зы зэманти блэкIащ,
УэрикI, нарт, утетыжкъым дунейм.
Арагъэнщ, къытщыхуауэ и нейр,
Къайгъэ мафIэр нэм зэкIэ щIикIар...

## АНЭМ И ПСАЛЪЭ

Зи узыр сипкъкIэ зыхуэзгъэву
ЩыгуIэм гу сызыхуэхъун,
Уэращ сэ гъащIэр схуэзыгъэфIыр,
Си щIалэу гу щысхуэху слъагъун.
АжалкIэ сяпэ уимыщ закъуи,
ЩымыIэ уэ пхуэзмышэчын,

Си Ӏэ лъэныкъуэр пыбупщӀами,
КъэнамкӀэ ӀэплӀэ уэсшэкӀынщ.

*   *   *

Я анэр быным щамыдэж зэман,
Я адэм къуэхэр щыхуилъыж лъэхъэнэ,
Ей, зэман гугъу, зэман къуапэтемэн,
Ди япэкӀэ иджыри сыт бгъэхъэнур?
Ӏыхьлыгъэм и ӀэфӀагъым ебэкъуам
КӀухьэн зыгуэрым фӀэщ щӀыгъуейщ хуиӀэну,
Абыхэм я тхьэр бохъшэ быдэу къуаргщ,
А ахъшэ тхылъырщ ахэм я къурӀэныр,
Зы щӀыпӀэм щызэщехур цӀыхур лым,
НэгъуэщӀым щыщӀобэгыр щӀакхъуэ бзыгъэм –
ЦӀыху цӀыкӀур гъейм зыгуэрурэ къелынт,
ДэмыкӀуэдыжмэ ар ныбэизыгъэм...

*   *   *

Сэ фӀыуэ уэ узэрыслъагъум,
Си нэху, къытепхъэ хъумэ шэч,
Къытехьэ шэч мо уафэ плъагъуми –
Уи дзыхьмыщӀыгъэм ар пэшэч.
Къытехьэ шэч езы гухэлъми –
Апщыгъуэ ари щымыӀэж.
СызэрыщыпкъэМ шэч щыхэлъкӀэ –
Сызэрыпсэуми къытехьэж.
Сэ ену ар уэ бжезмыӀэфми,
ПсалъэншэУи къысфӀощӀыр ӀупщӀ –
ПфӀэӀэфӀрэ уи псэр пфӀэмыӀэфӀрэ
Къэхъуа зыгуэр уэ къыщоупщӀ?!

*   *   *

Срехъу хьэфиз ущысфӀэкӀуэд сыхьэтым –
ИтӀанэ уи гъэпцӀагъэр слъагъуфынкъым,
НэгъуэщӀым хуэпхь насыпыр пэрыхьэтми,
ӀущӀыхьэ нэпсым си нэр ирифынкъым.
Срехъу дэгу-бзагуэ сыщыбгъэпцӀ дакъикъэм,
ИтӀанэ уи псалъейхэр зэхэсхынкъым,
ИтӀанэ уи гущӀэгъум сыщӀэлъэӀуу,
Сыуву си лӀы напэр тесхыжынкъым.
УщысӀэщӀэкӀкӀэ лъэр къыздремыбзэ –
СыпкӀэлъыжэнкъым, мыхъуми, сыноубзэу.

АДЫГЭ ПЩАЩЭ НЭСЫМ

Тамбукъан гуэлым и Ӏуфэм
КъыщыкӀ къамылу зэкӀуж,

Зи Iупэ цIыкIухэр къэгуфIэм
Iущхьэ гъэгъауэ зэIуж.
Бланэм и кIуэкIэр зи кIуэкIэ,
Вагъуэм нэхъ лыдыр зи нитI,
Зи набдзэ фIыцIэ зэхэкIэр
Мазэ къурашэ цIыкIуитI.
ЕтIысэхамэ тхьэрыкъуэ,
Зиукъуэдиямэ аслъэн.
Лэгъунэ нысэу, тхьэрыIуэ
ЗыхуищIа щауэм Iуплъэн.
Зи щхьэцыр Къущхьэхъу псыкъелъэ,
Зи щIыфэр къэжэр бжьэхуц,
Гухэлъым къыщигъэделэм,
Акъылыр зи шэпэIудз.
Жыжьэу иреIу уэ уи фIыцIэр,
Щауэхэр изу уи ужь,
Къанжэм и фIыцIэр зи фIыцIэ,
Къанжэм и хужьыр зи хужь.

* * *

ЦIыху зэпIэзэрытхэм сывохъуапсэр:
ФыхуэщIкъым зымикI фэ зэхэзещхъуэн.
ФыгубжькIэ, фыкъэлыбкъым уафэхъуэпскIыу,
Лажьэншэ цIыхум фэ ефпэскъым хъуэн.

Фи гъуэгур захуэу, фи акъылыр къабзэу,
Лъэ быдэкIэ фрокIуэр щIыгум фэ.
Удын фхуэхъуакIэ фи жагъуэгъухэм я бзэр,
Фэ зэикI къэвмыгъанэ фи гуфIэн.

Фэ фщIэркъым лъагъуныгъэ насыпыншэ, –
Бзылъхугъэ зи гухэлъым епцIыжам
И закъуэ къыфщымыхъуу «щIым и бынжэ»,
Фэ фхузэфIокIыр фигу ивгъэхужын...

* * *

ЩIымахуэ, гъатхэ, гъэмахуэ, бжьыхьэ...
Блолъэтри гъэхэр, къытхуонэр пщIыхьэу,
Иныкъуэр тхуохъур гукъэкIыж гъафIэ,
Иныкъуэр гуауэу гум щыдогъэвыр,
Жьы щхьэл кIэрахъуэу мы дунеижьыр
Егъэджэрэзри зэманым и жьым,
Ди гуIэ макъхэр имыщIу щхьэжэ,
ГугъапIэу диIэр тфIызэхехьэжэ.
Ей, зэман бзаджэ, ей, зэман гуащIэ,
КIэщIщ армырами цIыхум епт гъащIэр,
НыбжькIэ нэсахэм уи хъер щемыкIкIи,
Игъуэ нэмысу зыми уемыджэ.

Гу ящегъахуэ, хъунумэ, гъащIэ,
Къахуумыгъэсу зэуэ лIэныгъэр,
Бын зэщIэрыуэхэм – анэ гумащIэм,
ЗэрышагъащIэхэм я лъагъуныгъэм.

* * *

Щилъагъум зи гур узу къэкIуа бзагуэр,
Дохутырым, къыфIэщIыжу гушыIа,
«Мыбыи сыт зыгъэузынур и гур?!» –
Iэнкуну къеплъ тхьэмыщкIэм хужиIат.
Я нэхъ цIыхугъэншагъэми и гъунэт
Ебдзыныр жэуапыншэм а псалъейр.
Гууз ирихъукIыну ирикъунти
И гъащIэр бзэншэу къызэрихь къудейр...

НАПЭ

Зым, «ахъшэ иIэщ» жаIэри, йофыгъуэр,
Адрейм йохъуапсэр, иIэщи фызыфI,
НэгъуэщI зыгуэрми щыIэм я нэхъ фIыгъуэу
Къелъытэр, цIыхум иIэмэ насып.

Йохъуапсэр зиIэм гъащIэ, узыншагъэ,
АрщхьэкIэ зэи сэ сыхуэмыза,
ИриукIытэжу и цIыхугъэншагъэм,
Нэмыс зыхилъхьэжыным щIэхъуэпса.

Ей, гъащIэ, цIыхур дызыхуейр мымащIэ,
АрщхьэкIэ напэр дэ къыдэмэщIэкI
ЩыпфIэщIым, егупщыси тпэщылъ мащэм,
Iиманыр, сынолъэIу, тщхьэщумыгъэкI!..

АДЫГЭБЗЭ

Си гъатхэ дыгъэ къуэмыхьэж,
Си гукъыдэж, си гурыфIыгъуэ,
Дунейр уэрыншэм ныбгъуэхьэшт,
УзиIэу зыми семыфыгъуэ.
УзиIэу зыми семыиж –
АбыкIи, си бзэ, уэрщ си щапхъэр:
Сэ уи беягъкIи сыбеижщ,
Адрейхэр сщIэнуи сыхуопабгъэр.
Уэрыншэм гъащIэр шхын мышыут,
И IэфIи фIэIуи зыхэзмыщIэу,
Мо дыгъэ къепсыр щхьэкIуэ шут,
Абдж къызэрыкIуэт вагъуэ мыщIэр.
ЖызыIэ щыIэщ псэлъэгъэху,
Уэ къэбгъэщIэнур къэбгъэщIауэ,
И псалъэ кIапсэр зэрихъэху,

УфIэмыIуэхуу, къопэбжьауэу.
Сэ зы дакъикъи семыдэIу
Абы я псалъэ мыжьэ-мывэм.
Къуршыпс ежэхыр хуэщIкъым дэгу
Абы зыгуэрым хидза мывэм.
Псыр тожри, мывэхэр къонэж,
Гъуэгу зэрытехьэрэ и псыпэр,
ЗэринэкIар абы гъунэжщ
Мывэ пкIэлъейрэ щхьэдэхыпIэу.
Си адыгэбзэ, уэ улъэщщ,
Зи зэманыгъуэу угурыхуэщ,
ЦIыхугу дэтхэнэри къотIэщI,
Уэ ущагъабзэкIэ Iэрыхуэу.
Зэм, си бзэ, уохъури уэ жъгъыру,
Адыгэ пшынэу уобзэрабзэ,
Зэм, къызыкъуохри уи къарур,
ХеящIэ джатэу ар уогъабзэ.
Анэ быдзышэу уэ уIэфIщ,
УщыщхьэщыскIэ сабий гущэм,
Гухэлъ уэрэди жыбоIэф,
ЗэригъэдзэкIыу пщащэ гущIэр.
Уэ уафIэжьгъейми, къэбгъэщIащ
Зэрыдунейуэ зэджэ «Нартхэр»,
Гъэ минхэр, си бзэ, уэ бгъэщIащ,
Иджыри мащIэкъым уи натIэр...
Си лъэпкъым щIэблэ къыщIэхъуам
Насып вагъуэбэу ужьэхэпсэу
Я нэхъ тхьэмыщкIэ ар щыхъуам
УреIэ уэ, си адыгэбзэ!

* * *

Сэ уэрэд зэхэслъхьэну сыхуейт,
Ашэмэз и пшыналъэм пэхъуну,
Мы ди хэкум щхьэщыт щIымахуейр
ШэчыгъуафIэ абы хуигъэхъуну.
Сэ сыхуейт мы лъэхъэнэ ерум
Си лъэпкъэгъу къыхэнахэм лъащIэншэу,
Си уэрэдым яхилъхьэу къару,
Гугъуехь псоми пхишыну лажьэншэу.
Ауэ сэ сыхъужакъым сабий,
Усэм лъэкIри лъэмыкIри сымыщIэу,
Нобэ дэ ди гущIыIум ит бийм
ЛъэкIыныгъэ къищтар зыхэзмыщIэу.
Сэ си усэр схуэщIынукъым мылъку,
Дэхуэхахэр зыхуей хуигъэзэну,
Хущхъуэ уасэ къудей зыкъуэмылъ
ЦIыху сымаджэхэм ар яIэзэну.
Хуэхъуфынукъым ар щIэгъэкъуэн
Къару фIыцIэм джэгуэн ищIа цIыхухэм,

ЛъэмыкIыну IэмалкIэ текIуэн
Iулъхьэ мыхъумэ нэгъуэщI зымыцIыхухэм.
ПцIы яупскIэ зи нэгур мыджыл
Хэку уэлийхэм хэзагъэркъым жьабзэ –
Щымыхъуну си усэр уэчыл
Уэчылыншэ здэхъуам къэрал хабзэр.
Щихъумэнукъым лъэпкъыр абы
Афянафэ, аркъафэ уз хьэлъэм,
Къамышэфрэ ямыIэу зы был,
Iуэхуншагъэм ди щIэблэ итхьэлэм.
Сыт атIэ, фIэкI симыIэу гъерэт,
СыщIыпеуэр сэ нартым и пшынэм?..
Сэ сыхуейт зэхэслъхьэну уэрэд,
Ауэ... гъыбзэ сфIэхъункIэ сошынэр...

* * *

Къуршыбгъэхэр щохуарзэр уэгум лъагэу,
Къыр дамэм пшэ ешахэм зрагъэщI.
Аргуэру сыпIейтейуэ ситщ уи лъахэм,
Къурмэн сызыхуащIын си адыгэщI.

Шхыныншэурэ гъаблэгу къэзыщта цIыхуу,
ЗызмыгъэнщIыжу сошэр уи хьэуар,
Сэр хуэдэу, дауикI, нэгъуэщI зым ицIыхукъым,
Уэрыншэу мы илъэсхэр зэрысхьар.

Уи пащхьэм сэ мардэншэу сыщыкъуаншэщ,
ПпэIэщIэ сыхъухункIэ сщIакъым сэ
Мы илъэс закъуэм сызыщалъхуа къуажэм
Апхуэдиз дыдэу хуезэшыну псэр.

Щиху тхьэмпэ Iувхэм дыгъэ бзийм зыфIещIэ,
Мэз жыг епэрым бжьэхэр бгыпэм деш.
Сэ гуфIэм си гур сIэпихын къысфIэщIу,
Сыщытщ Iэнкуну ди къуажэбгъум деж.

ФIэхъусыжым щIыгъуу, къысхуэшии уи Iэр,
Уи куэщIым, Хэку, аргуэру сынеджэж.
Уэ зырщ уэрэду гъащIэм сэ щызиIэр,
Адрейхэр псори уэ уи джэрпэджэжщ.

*УэрэджыIакIуэ Мэремыкъуэ Хъусен илъэс 70 ирокъу*





# УЭРЭДЫР ЗИ ГЪАЩІЭ

*Мэремыкъуэ Хъусен Бахъсэн районым хыхьэ Исльэмей къуажэм 1948 гъэм февралым и 12-м къыщалъхуащ. Къуажэ еджапIэм къыщызэрагъэпэща хорым уэрэд щыжиIэу щыщIидзам занщIэу нэрылъагъу хъуат абы къыдалъхуауэ макъ зэриIэр. 1966 гъэм ар щIэтIысхьащ Налшык дэт Музыкэ училищэм. Абы къыщыдеджащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу Тут Заур, Пщыгъуэш Юрэ, Пщыншэ Хьэлым, Къуныжь Алим сымэ. Хъусен иригушхуэу игу къегъэкIыж и егъэджакIуэу щытахэу Къуэдзокъуэ Владимир, Хьэсанэ Мусэ, Темыркъан Юлэ, Проскуринэ Варьянэ, нэгъуэщIхэри.*

*1968 гъэм Мэремыкъуэр дзэм къулыкъу щищIэну ираджэ. Абы щыщыIа илъэсхэрщ и макъым нэхъри зыщилъэщIар. Куйбышев (иджы Самарэ) гарнизоным уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблым солисту хэтащ, иужькIэ ансамблым и унафэщIым и къуэдзэуи щытащ. 1970 гъэм музучилищэр къеухри, ар Музыкэ театрым и хо-*

*рым хохъэ. ЗэманкIэ абы щолажьэ, иужькIэ Къэрал телевиденэмрэ радиомрэ я хорым хэтщ. Езым къиуха Музыкэ училищэми егъэджакIуэу щылэжьащ Хъусен, еджапIэм иIа «ШыкIэпшынэ» ансамблми и солисту щытащ. И зэфIэкIыр зэрылъагэм, искусствэм псэ къабзэкIэ зэрыбгъэдэтым и щыхьэтщ Налшык дэт «Эльбрус» комбинатым «Iуащхьэмахуэ» фIэщыгъэр иIэу уэрэдымрэ къафэмкIэ гуп къыщызэригъэпэщауэ зэрыщытар. 1984 гъэм щыщIэдзауэ Мэремыкъуэр илъэс куэдкIэ щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием.*

*И щIэныгъэм консерваторэм щыпищэну и унагъуэ IуэхукIэ хуэмыхъуами, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтащ – абы къиухащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым тхыдэмкIэ и къудамэр.*

*1990 гъэм Мэремыкъуэ Хъусен къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэр. Апхуэдэуи ар Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ артистщ. Ди щIыналъэм и мызакъуэу, къэралым щекIуэкIа зэхъэзэхуэ, зэхыхьэ куэдым хэтащ, ди лъэпкъ искусствэр иIэту, адыгэм и цIэр фIыкIэ игъэIуу.*

*ЦIыхубэм фIыуэ яльагъу артистыр, зи пшыналъэр мыбгъунлъэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэр ди псэлъэгъущ.*



**– ЗэрыжаIэу, псыпэр зэрыкIуэм псыкIэр ирожэ, Хъусен. Уи щIэдзапIэм, уи сабиигъуэм я гугъу уэзгъэщIынут.**

– Куэдрэ и гугъу сщIащ си псыпэм. Си адэ Билал и дзапэ уэрэдым сыщIэдэIуурэ мэкъушэ дыкIуэрти дыкъэкIуэжырт. Дахащэу къехъулIэрт адыгэ уэрэдыжьхэр, екIуу игъэзащIэрт зауэм щыгъуэ ятха уэрэдхэр. Иужьрейхэм ящыщ гуэрхэр сэ нобэми сощIэж. Унэми куэд дыдэрэ щызэхэсхырт ди анэ Къэрэжан и гущэкъу уэрэдхэр. Си анэм и макъыр, зэрыдэ машинэм дежьууэ здэщысым жиIэу щыта уэрэдхэр иджыпстуи си тхьэкIумэм ит хуэдэщ. А псом къыщIэтэджа щIалэр уэрэджыIакIуэ мыхъуу къэнэнт?! *(мэдыхъэшх)*. Ауэ абы щыгъуэми уэрэд жыIэныр натIэ схуэхъуну сигу къэкIыххэртэкъым, си адэрати, уэрэджыIакIуэ сыхъуну хуеиххэтэкъым, бухгалтеру седжэмэ, къысхуимыщIэн щымыIэу жиIэрт.

Школыр къыщызухым щыгъуэ абы и унафэщI Безыр Нухь къыщIэупщIат си мурадхэм. ФIы дыдэу седжат, экзаменхэми сыпэлъэщыну сыкъигъэгугъэрт. Юрист сыхъуныр си хъуэпсапIэу щыжысIэм, си жэуапыр игу ирихьакъым икIи чэнджэщ къызитащ «си зэчийр щIым щIэзмытIэжу» искусствэм пыщIа IэщIагъэ зээгъэгъуэтыну.

А махуэхэм ирихьэлIэу районым КультурэмкIэ и унэм къыщыхахырт Музыкэ училищэм щIагъэтIысхьэну ныбжьыщIэхэр. А зэпеуэм сызэрыхэтари зи фIыщIэр Нухьщ, нотэхэр сымыцIыхуми,

уэрэд жыIэнымкIэ экзаменыр фIы дыдэу стыри, еджапIэм сыщIэхуащ.

**– Хъусен, Музыкэ театрми КъБР-м и радиоми ущылэжьащ, гупым ухэтуи уэрэд жыпIащ, иджыпсту уи закъуэу утыкум уитщ. Абыхэм ящыщу дэтхэнэра нэхъ дэрэжэгъуэ нэхъыбэ къозытыр?**

– Училищэр къэзухри, Музыкэ театрым и хорым лэжьэн щыщIэздзащ, ауэ ар сфIэмащIэт. Къэбэрдокъуэ Борис и уэрэдхэм щыщ ттхыуэрэ худсоветым зэреттами, нэгъуэщI зыгуэрхэр зэрысхузэфIэкIми си къарур нэхъри си фIэщ ящIыжт. Уэрэд цIэрыIуэ зыбжанэ зэрыжысIэм къыдэкIуэу, КIуж Борис, Дэбагъуэ Хьэсэн, Бэрэгъун Владимир, ПащIэ Ахьмэд, Беппаев Сергей, нэгъуэщIхэми мыIейуэ запысщIыжырт. Къэрал телерадиокомитетым и унафэщI Дыду Владимир сыхуэзауэ къызжиIащ Музтеатрым сыкъыIукIыу радиом сыкIуэну. Псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ тIэкIу гугъут, общежитием сыщIэсти, сыкъыщIагъэкIынут. Ар зы, етIуанэрауэ, тенор зэрамыIэми къыхэкIыу, театрым сыщылажьэмэ нэхъ къащтэрт. ПцIы хэслъхьэркъым, лэжьапIэ сызэригъэувымкIэ си тхылъым Дыдум Iэ щIидза къудейуэ, сэри сыкъыщIэмыкIыжауэ, культурэмкIэ министру щыта Ефэнды Джылахъстэн абы деж нэпсэлъат: «Музыкэ театрым Хъусен къыIукIыжауэ жаIэри, радиом къыумыщтэ», – жери. Сигъэгъэзэжыну арат зыхуейр. ЖыпIэнурамэ, бзаджагъэ сыхуекIуэри, сакъыфIыIукIауэ щытащ, нэгъуэщIу хъунутэкъым. Си къару илъыгъуэт, си макъым и лъэщыгъуэти, ар згъэIуну сыпIащIэрт. Хорым сыхэтащ зэбграгъэкIыжыху, си уэрэд жыIэнми зэран хуэмыхъуу, уеблэмэ радиом щезгъэтхынуIамэ, си бжэр зэIухауэ.

Зы махуи сыхущIегъуэжакъым, утыкум уи закъуэу уитыным фIы фIэкIа хэлъуи схужыIэнукъым. КъэскIуа гъащIэ гъуэгуанэми, си творчествэми сызыхущIегъуэжарэ згъэзэкIуэжыну сызыхуеярэ хэтауэ къысхуэщIэжыркъым.

**– Уэрэдыр гукъинэ зыщIыр сыт, Хъусен? Уэ бгъэзащIэхэм ящыщу сыт хуэдэхэра дзапэ уэрэд хъуахэр?**

– ЦIыхум хуэлэжьэн, ифI зехуэн зэрыхуейр гъащIэм нэхъыщхьэу къигъэув Iуэхухэм ящыщщ. Ерэ фIырэ зэхэсщIыкI зэрыхъурэ сэ абы сыхущIокъу, къызэрызэхъулIэр зылъагъур цIыхубэращи, си гъащIэр пщIэншэу къыщIэмыкIыну Тхьэм солъэIу.

Сэ си щIалэгъуэм щыгъуэ ягъэзащIэу щыта уэрэдхэм купщIэшхуэ яхэлът. Сэри сыт щыгъуи сыхущIэкъуащ уэрэд мыхьэнэншэ утыку къызэризмыхьэным. Уэрэдым и лъабжьэр макъамэракъым, зэрыжаIэщи, симфониер псоми къагурыIуэркъым. Иджыпсту зы макъамэ пычыгъуэ ущIэзгъэдэIунщи, пщыгъупщэжынущ. Мыхьэнэ зиIэ, гупсысэ зыщIэлъ псалъэхэр си Iуэхущ уи гум ихужмэ. Псалъэхэр къомыхуэбылIэмэ, уэрэдыр щIыжыпIэни щыIэкъым, абыкIэ цIыхум я гум удыхьэфынукъым... Псалъэ

купщIэншэ зыщIэлъ уэрэдым гъащIэ иIэкъым. Псалъэм и хьэтыркIэ, зэи сщыгъупщэркъым Лыкъуэжь Нелли мы и псалъэхэр: «Уи бзэр бзууэ пIэщIэкIамэ, / КIэлъылъати къэпхъуэтэж. / Бзэр уи щIэблэм Iурыпчамэ, / КъэтIи мащэ итIысхьэж». «Адэм къигъащIэр зы мащIэщ, / Анэм къигъащIэр мыкуэд. / Ахэм я IэфIыр зымыщIэм, / И гъащIэр пщIэншэу мэкIуэд», – итхащ Джэдгъэф Борис. КъызэрыгуэкIщ, гурыIуэгъуафIэщ, абы щыгъуэми гукъинэщ, цIыхум зэхищIыкI къудей мыхъуу, ипхъуэтэн хьэзырщ.



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **Мэремыкъуэ Хъусен, пшынауэ ПщыхьэщIэ Мухьэжыр, уэрэджыIакIуэ Пщыгъуэш Юрэ сымэ.** *1989*

Сэ сыдэмылэжьауэ, и уэрэд жызмыIауэ зы композитори диIэу къыщIэкIынукъым. Зи уэрэд згъэзэщIахэм ящыщ дэтхэнэ зыми сыдэлэжьэну си кIэн къызэрикIам егъэлеяуэ срогушхуэ. Апхуэдэ уэрэдхэм, зи псалъэхэр цIыхум ящымыгъупщэу дзапэ уэрэд хъуахэм ящыщщ хэкур, лъэпкъыр, адыгагъэр, цIыхугъэр, анэдэлъхубзэр зыгъэлъапIэхэри, лъагъуныгъэм теухуахэри, гушыIэ уэрэдхэри. Апхуэдэщ, псалъэм и хьэтыркIэ, «Адыгэ нэмыс» (псалъэр Хьэнфэн Алим, макъамэр Даур Аслъэн), «Си анэбзэ, си адыгэбзэ (пс. Джэдгъэф Борис, м. Къардэн Хьэсэн), «Жьым фымыщI и жагъуэ» (пс. Гъубж Мухьэдин, м. Тхьэбысым Умар), «Нэхъыжьхэм къытхуащIам унафэ» (пс. Къанкъул ФIыцIэ, м. Къэбэрдокъуэ Борис), «Къафэжь» (пс. Къэжэр Пётр, м. Бэрэгъун Владимир), «Пшынэ фIыцIэ» (псалъэхэри макъамэри Къуэдз Iэбубэчыр), «Уи цIэр Мадинэ, хьэмэ Маринэ?» (пс. Гъубжокъуэ Лиуан, м. Къардэн Хьэсэн), «Си гъатхэ» (пс. Тхьэгъэзит Зубер, м. ХьэIупэ ДжэбрэIил), «Ленэ дахэкIей» (пс. Бахъуэ БетIал, м. Къардэн Хьэсэн), «Хэт усIэщIиха?» (пс. Бахъуэ БетIал, м. Къардэн Хьэсэн), «Мэкъуауэм и уэрэд» (шэрджэс цIыхубэ уэрэд), «Хъэрахъэ» (пс. Щоджэн Хьэбас, макъамэр цIыхубэм ейщ, КIарэ Фолэ хэлэжьыхьыжауэ), нэгъуэщI куэди. Зи цIэ къисIуахэри, адрей уэрэд куэдыкIейхэри си напщIэм телъ лэжьыгъэщ, ахэр зытхахэми фIыщIэ лей яхузощI.

**– Зэгуэр дызэпсалъэу къызжепIауэ щытат зэман зэхуэмыдэхэм утыку къипхьа лэжьыгъэхэм я нэхъыфIыр щызэхуэхьэсауэ дискибл дунейм къытехьэн хуейуэ. Дэнэ нэса абы и Iуэхур?**

– Щылъщ хьэзырыпсу, къыдэгъэкIын фIэкIа хуэмейуэ. Абы темытыр укIуэдыж. Псалъэм папщIэ, уэрэду, макъамэу, усэу зэхэт, лъэпкъым и тхыдэ гуузым теухуа «Адыгэ» композицэр. Абы щоIу ХьэIупэ ДжэбрэIил, Мысостышхуэ Пщызэбий, ЖьакIэмыхъу КIунэ, нэгъуэщIхэми я макъ. Абы къыдэкIуэу, уэрэдищэ; Къанокъуэ Баширрэ сэрэ зэпэддзыжу жытIэу адыгэ псалъэжьищэ, макъамэ щIэту зы хъуэхъу и гъусэу; хорыр ежьууэ, лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэр щIэту езгъэтха цIыхубэ уэрэдхэр; симфоние оркестрыр зыщIыгъухэмрэ шыкIэпшынэ макъ зыщIэтхэмрэ; зи макъамэм сыхэлэжьыхьыжа, «къэзгъэщIэрэщIэжа» уэрэдхэр. ЖыпIэнурамэ, лэжьыгъэ хъарзынэт, лъэпкъым, цIыхубэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэт. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэкIэ дунейм къытехьакъым, мылъкукIэ зыкъытщIэзыгъэкъуэн дызэримыIэм къыхэкIыу.

**– Хъусен, уи бынунагъуэм утхутепсэлъыхьамэ, ди гуапэ хъунт.**

– Пхъурылъхуу плIы сиIэщ – щIалитIрэ хъыджэбзитIрэ. Мис ахэращ насыпыр зыхэслъагъуэр, гурыфIыгъуэ нэхъыщхьэуи сиIэр ахэращ.

Псом хуэмыдэу срогушхуэ мы гъэм МГИМО-м и «Международное право» къудамэм и бакалавриатыр къэзыух си щIалэ нэхъыжь дыдэм, Асхьэд. А еджапIэм къыдэкIуэу, ар щIэсщ Урысей Федерацэм и Правительствэм деж ФинансхэмкIэ щыIэ университетым. ТIури зэгъусэу къызэдиухынущ, Тхьэм жиIэмэ. Гъэ кIуам ар практикэ щыIащ УФ-м и Къэрал Думэм. ЩIымахуэ сессиер «фIы защIэкIэ» итауэ къэкIуэжат. Дауэ абы узэрыримыгушхуэнур?! Япэрауэ, пщIэ щIиту щIэтIысхьакъым, зы «4» къыхэмыхуэуи йоджэ. ЕтIуанэрауэ, жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру хэтщ, МГИМО-м и студсоветым и тхьэмадэщи, цIыхум гукъинэж ящыхъу зэхыхьэ куэд къызэрегъэпэщ. Абыхэм ящыщщ КъБР-м и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерий и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ теухуа пшыхьыр, апхуэдэуи Лъэпкъ шхыныгъуэхэм, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я IэпщIэлъапщIагъэм теухуа зэIущIэхэр.

«Урыс-Кавказ зауэм хэта адыгэ лIыхъужьхэр» темэмкIэ игъэхьэзыра лэжьыгъэм ди республикэм щекIуэкIа зэпеуэм япэ увыпIэр къыщихьауэ щытащ. «Адыгэхэр» фондым Москва щеджэ ди лъэпкъэгъу студентхэм папщIэ игъэува, Къэжэр Альберт и цIэр зезыхьэ ахъшэ саугъэтыр къыхуагъэфэщащ нэгъабэ. УвыIэгъуэ имыIэу тхылъ йоджэ, си библиотекэм (ар Iейуэ схужыIэнукъым, адыгэм и мэ зыщыуа зыIэрызмыгъэхьэу къэзгъанэркъым) хэсщ.

**– Хъусен, иджыпсту сытым уелэжьрэ, мыщэхумэ?..**

– Сэ сыщолажьэ Думэн Мурадин къызэригъэпэща ЭстрадэмкIэ театрым. Абы щыIэщ цIыху зыхыбл зыхыхьэ «Ридадэ» ансамблыр. Гупым игъэзащIэ уэрэдыжьхэм папщIэ иджыпсту радиом ежьур щызотх. Иджырей Iэмалхэр къэзгъэсэбэпурэ, щымыIэж хорым и къалэныр згъэзащIэу жыпIэ хъунущ. Си щхьэкIэ хуабжьу сыхуэныкъуэщ радиом и хорым. Абы и зэфIэкIыр инт, ди лъэпкъым и дежкIэ хэщIыныгъэшхуэу къызолъытэ ар зэрызэбграгъэкIыжар.

Апхуэдэу иужь ситщ нарт пшыналъэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным, щIэрыщIэу егъэтхыжыным. Лъэпкъ зыбжанэ хьэзырщ ар зыкIэщIаупщIэну, аращи, тегъэщIапIэ нэхъыбэ диIэху ди дежкIэ нэхъыфIщ.

«Ридадэм» и къыхуеджэныгъэ хуэдэу стхащ зы лэжьыгъэ, езым и фIэщыгъэцIэр иIэжу.

Си уэрэд щэ бжыгъэу радиом щIэлъхэми хуэдэу, а нобэ зи ужь сит макъамэхэри ежьухэри лъэпкъым си фэеплъу къыхуэзгъэнэнущ.

*Епсэльар* **ИСТЭПАН Залинэщ**

*Жылагъуэ лэжьакIуэ Уэхъутэ Александр илъэс 70 ирокъу*





# АДЫГЭХЭМ Я ЛIЫКIУЭ

Иджыблагъэ илъэс 70 ирикъуащ Урысей Федерацэми хамэ къэралхэми фIыуэ къыщацIыху жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Жылагъуэ палатэм, апхуэдэуи ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием хэт Уэхъутэ Александр Жамырзэ и къуэр.

Зи гугъу тщIы щIалэр щIэджыкIакIуэхэм нэхъыфIу къацIыхун папщIэ, къыхэзгъэщыну сыхуейщ абы езым и фIэфIыныгъэкIэ жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ Iуэхугъуэхэр къызыхэкIа лъэпкъым и пащхьэм зэрыщызэрихьэр: Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и унафэщIщ, КъШР-м щыIэ Шэрджэс (адыгэ) жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я союзым и тхьэмадэщ. Зыщыщ лъэпкъым къищынэмыщIауэ, Урысей къэралыгъуэми и хэкупсэ нэсу щыткIэрэ, илъэсипщI зыбжанэ хъуауэ ар жыджэру хэтщ жылагъуэ Iуэхуми.

Уэхъутэ Александр Къэрэшей-Шэрджэсым и Хьэбэз районым щыщ Беслъэней къуажэм 1948 гъэм январым 12-м къыщалъхуащ. Бынунагъуэшхуэм сабий ебгъуанэу къихъуащ ар. Жылэм пщIэшхуэ къыхуащIу, цIыху щабэу, хьэлэлу, хьэщIэхуэфIу дунейм тетащ Александр и адэ-анэр. Нобэр къыздэсым нэхъыжьхэм гуа-

пэу ягу къагъэкIыж Уэхъутэхэ Жамырзэрэ КIуцэрэ (Мамхэгъхэ япхъущ).

Адыгагъэрэ хабзэ дахэрэ зэрылъ унагъуэм Александр я нэхъыщIэти, гулъытэ хэха лъысу къэхъуащ. Набдзэгубдзаплъэу къыдэкIуэтей щIалэ цIыкIум адрейхэм я хьэлыфI псори зыхилъхьащ, цIыхур зэхищIыкIыу, пщIэ яхуищIу къэтэджащ.

Беслъэней къуажэм дэт курыт еджапIэр къиуха нэужь, Советыдзэм Германием щиIэ гупым къулыкъу щищIащ. ИтIанэ Ерыскъы промышленностымкIэ Москва дэт технологие институтым щIэтIысхьэри, ар 1976 гъэм ехъулIэныгъэкIэ къиухащ.

ЩIэныгъэ зригъэгъуэту къигъэзэжа нэужь, Александр лэжьащ Черкесск къалэм и жылагъуэ шхапIэхэм я унафэщIу, Домбай турист комплексым и ресторанхэм я директору.

Мыгувэу къежьащ Урысейм и цIыхухэм я гъащIэм зезыгъэгъэза зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр. Абыи хэзэгъащ Уэхъутэ Александр. «Адыгэ» фIэщыгъэцIэр иIэу фирмэ къызэригъэпэщри, и мурадхэр зригъэхъулIащ. А Iуэхугъуэм хьэлэмэт хэлъкъым мы зым фIэкIа: уней, хьэрычэтыщIэ IэнатIэхэр а лъэхъэнэм къызэIузыххэр зыхущIэкъур экономикэм зегъэужьынымрэ мылъку къэлэжьынымрэмэ, Александр къигъэлъэгъуащ зи яужь итыр лъэпкъым и зыужьыныгъэр арауэ зэрыщытыр. Абы и фирмэм епхауэ къызэригъэпэщащ республикэм и Творческэ интеллигенцэм и совет икIи а Iуэхум къыхишащ щIэныгъэлIхэр, тхакIуэхэр, усакIуэхэр, культурэм и лэжьакIуэхэр. А псори зыхущIэкъур зыт — адыгэбзэр, хабзэр, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнырт. Къригъэблэгъахэм ящыщт ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Бэчыжь Лейла. Творческэ интеллигенцэм и советым хэтхэм ар я унафэщIу хахащ.

Апхуэдэу жыджэру къыщIидзащ Уэхъутэ Александр и жылагъуэ лэжьыгъэм. Абы ипэжкIэ, Германием къулыкъу щыщищIами, Москва щыщеджами ар комсомол къызэгъэпэщакIуэу щытащ. Абыхэм нэмыщI, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Сирием, Иорданием икIауэ щыхьэрым щеджэхэм я адыгэ хасэхэм я зэхуэс куэдым я жэрдэмщIакIуэт икIи я зэхэшакIуэт. А лъэхъэнэращ щызригъэгъуэтар жылагъуэ лэжьакIуэ нэсым и Iэзагъыр.

Уэхъутэм япэу зэфIигъэкIа Iуэхугъуэ щхьэпэхэм ящыщщ пасэу дунейм ехыжа шэрджэс усакIуэ щэджащэ Нэхущ Мухьэмэд и усэхэр щызэхуэхьэса тхылъыр къыдэгъэкIыныр. Ар утыку къыщрахьэм кърагъэблэгъат Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ щыщ хьэщIэ куэд дыдэ.

Александр зэфIигъэкIащ мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI IуэхугъуэфIхэри. ЦIыхухэм ягу къинэжащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ усакIуэ Бемырзэ Мухьэдин и ныбжьыр илъэс 50 щрикъум КъШР-м и ГТРК-м абы и жэрдэмкIэ къыщызэрагъэпэща пшыхьыр.

Уэхъутэ Александр и мылъкукIэ дунейм къытехьащ Половинкинэ Тамарэ и «Черкесия — боль моя» (ар етIуанэуи къыдэкIыжащ икIи хьэрыпыбзэкIэ, тыркубзэкIэ, инджылызыбзэкIэ зэрадзэкIащ), Соколовэ Аллэ и «Адыгская гармоника в контексте национальной культуры», Хьэткъуэ Самир и «История Черкесии», ЩIэнкIауэ М., Адзын М. сымэ я «Муслъымэн адыгэхэм я хьэдисхэр, зэчыр-

хэр, фарзхэр», Косовэ къикIыжу адэжь хэкум къэIэпхъуэжахэм Адыгейм культурэмкIэ и министр Шэмсэ Гъэзий ятритхыхьа «ПсыкъикIыжхэр», адыгэ дохутыр цIэрыIуэ Лий Адэлджэрий теухуа «Сэ сыдохутырщ» тхылъхэр, нэгъуэщI куэди. Ахэр ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу щIыпIэхэм щызэбгрыкIащ икIи пщIэшхуэ къыщыхуащIащ.

1996 гъэм Черкесск къалэм щекIуэкIа Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ещанэ Конгрессым Уэхъутэ Александр щыхахащ абы и генеральнэ секретару. Апхуэдэу къыщIидзащ и дунейпсо IуэхущIафэхэм. ДАХ-м и тхьэмадэ Къалмыкъ Юрэ къалэн къыщищIри, Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН) Эстонием щригъэкIуэкIа конференцым кIуащ икIи абы къыщыпсэлъауэ щытащ КъуэкIыпIэ Европэм и лъэпкъ мащIэхэр зыхэт гугъуехьхэм теухуауэ.

А зэIущIэшхуэм Уэхъутэм щыжиIахэм пщIэшхуэ хуищIащ абы и лэжьыгъэм хэта, Дунейпсо Абхъаз-Абазэ Ассоциацэм и тхьэмадэ, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Шамбэ Тарас. Александр и къэпсэлъэныгъэр иуха иужькIэ, ар къэтэджщ, IэплIэ иришэкIри, хуабжьу къыщытхъуащ, купщIафэу, кIэщIу икIи гъэхуауэ адыгэхэм я гугъуехьхэр утыку къызэрырилъхьам папщIэ.

ИужькIэ, илъэс никъуэ дэкIри, Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и пащхьэм къиувэу адыгэ (шэрджэс) лъэпкъыр зыIууэ лъэпощхьэпохэм тепсэлъыхьа япэ адыгэлI хъуащ Уэхъутэ Александр. Ар къыщыхъуар 1997 гъэм мартым и 24-м ООН-м Женевэ (Швейцарие) щригъэкIуэкIа 53-нэ сессиеращ. Абы теухуа тхыгъэхэр тетащ хъыбарегъащIэ къыдэкIыгъуэ куэдым, «Черкесское зарубежье» газетри яхэту. Мис апхуэдэу IуэхуфIкIэ ежьа хъуащ Уэхъутэм и дунейпсо жылагъуэ лэжьыгъэр, ДАХ-м и генеральнэ секретарь къулыкъум пэрыту.

Сирием и Джолан щIыпIэхэм щыIащ Уэхъутэ Александр, адыгэ хэхэсхэм я деж пщIэшхуэ щызиIэ, нобэрей ислъам дунейм и цIыху нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ Сэхьид (и адыгэ унэцIэр — Цейщ) Джэудэт IущIэн папщIэ. Ислъамыр джыным куэд зэрыхищIыхьам, лъэпкъ, дин зэмылIэужьыгъуэхэм я зэхуаку мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ дэлъыным сыт щыгъуи зэрыхэлIыфIыхьым къыхэкIыу, Сэхьид хагъэхьащ КъурIэным итхэм къарыкIым тепсэлъыхьыну хуит ящIа закъуэтIакъуэм.

Уэхъутэм и насып къихьащ Ямыгъэлъэгъуа Лъэпкъхэм я Зэгухьэныгъэр (ОННН) къызэрызэрагъэпэщрэ илъэсипщI зэрырикъум и щIыхькIэ 2001 гъэм Таллинн щекIуэкIа дунейпсо конференцым хэта Далай Ламэ XIV цIыху цIэрыIуэми IущIэну. Ахэр тепсэлъыхьащ тибетхэмрэ адыгэхэмрэ зыIууэ гугъуехьхэм. Буддизмэм и пашэ (абы къызэщIеубыдэ Азием и щIыпIэ куэд, Урысей Федерацэм хыхьэ бурятхэр, къалмыкъхэр, тувинхэр яхэту), МамырыгъэмкIэ Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща Далай Ламэ XIV епсэлъылIэну Iэмал зэриIам Александр дэрэжэгъуэ ин къритащ. Абы хьэкъ щыхъуащ лъэпкъхэм я зэхуаку къыдэхъуэ зэгурымыIуэныгъэхэр гъэкIуэдыжынымкIэ мамырыгъэр хэкIыпIэ нэсу зэрыщытыр.

Налшык щекIуэкIа ДАХ-м и етхуанэ Конгрессым Уэхъутэ Александр щыхахауэ щытащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лIыкIуэу ОННН-мрэ лъэпкъхэм зэдай нэгъуэщI зэгухьэныгъэхэмрэ щыIэну. Апхуэдэ пщэрылъ иIэу абы илъэсихкIэ адыгэ Iуэхур пхигъэкIащ. 2005 гъэм Уэхъутэр лIыкIуэ ящIащ ООН-м Нью-Йорк щригъэкIуэкIа

конференцым. Ар теухуат IэщэкIэ зэпэщIэувэныгъэ дунейм къыщымыгъэхъунымкIэ жылагъуэм и мыхьэнэм. Александр яхэтащ лъыгъажэм пэщIэтынымкIэ чэнджэщхэр щызэхагъэувэм икIи адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ абыкIэ яIа зэфIэкIхэр къызэхуэсахэм я пащхьэм ирилъхьащ.

Ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу къэрал куэдым щыIащ Уэхъутэр. Абы и лъэр здынэмыса къэгъуэтыгъуейщ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и генеральнэ секретару лажьэкIэрэ, ДАХ-м и лIыкIуэу ОННН-м щыIэкIэрэ абы кууэ щыгъуазэ зыхуищIащ адыгэхэм — хэхэсу дуней псом щызэбрыдзахэми адэжь Хэкум щыпсэухэми — ди гугъуехьхэм икIи ахэр зэфIэха хъуным и къару псори ирехьэлIэ.

Лъэпкъ культурэр, анэдэлъхубзэр хъума хъунымкIэ зэфIигъэкI и жылагъуэ IуэхущIафэхэм адэкIи пищэурэ, Уэхъутэ Александр и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщащ Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-культурэ автономие. Абы и мурадхэмрэ къалэнхэмрэ зыхуэунэтIар бзэр, хабзэр хъумэным, культурэр къэгъэщIэрэщIэжыным, тхыдэр кууэ джыным я закъуэкъым, атIэ тхыдэм и пэжыр я гъуазэу УФ-м щыпсэу лъэпкъхэм яку мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щыгъэбыдэнырщ.

Уэхъутэм и фIыщIэкIэ ар зи пашэ, Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-культурэ автономием къыхилъхьэри, Къэрэшей-Шэрджэсым и Iэтащхьэм и унафэкIэ республикэм щагъэуващ Адыгэбзэмрэ тхыбзэмрэ я махуэр. Абы ипкъ иткIэ, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм илъэс къэс щрагъэкIуэкI, адыгэхэм я мызакъуэу, адрей лъэпкъхэри дэзыхьэха «Си бзэ — си псэ, си дуней» зэпеуэр. И ныбжьэгъу нэхъыжь, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд щапхъэ трихри, а IуэхуфIыр Къэрэшей-Шэрджэсым щрихьэжьащ Александр. АбыкIэ хуабжьу щIэгъэкъуэнышхуэ къыхуэхъуащ Чыржын Кукулэ (Черкесск дэт курыт еджапIэ №5), Аджий Сарэ (ЕгъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр училищэ), Къантемыр Баблюстэрэ ДыщэкI Маринэрэ (тIури Егъэджэныгъэм и лэжьакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым щыщщ), Бэчыжь ФатIимэ (КъШР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэ) сымэ, нэгъуэщI куэди.

КъШР-м щылажьэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я гъусэу, адыгэхэм я лъэпкъ-культурэ автономием иджы къызэрегъэпэщ тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я творческэ пшыхьхэр, адыгэ сурэтыщIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэтхэр, апхуэдэуи культурэм и лэжьакIуэ пэрытхэм я юбилейхэм ирихьэлIэу буклет зэмылIэужьыгъэхэр къыдегъэкI.

Уэхъутэм и мылъкукIэ КъШР-м и ГТРК-м адыгэбзэрэ урысыбзэкIэ щагъэхьэзыращ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я культурэм и лэжьакIуэ пашэхэм ятеухуа нэтын зыбжанэ.

ЦIыхубэ тхакIуэ, УФ-м и Президентым и деж щыIэ Жылагъуэ палатэм хэт МэшбащIэ Исхьэкъ, дуней псом щыцIэрыIуэ дыщэкI, зи лэжьыгъэхэр Санкт-Петербург и Эрмитажым щагъэлъэгъуа Еутых Iэсият, адыгэ усакIуэ гъуэзэджэ, философ, узэщIакIуэ Къуиикъуэ Налбий, Адыгейм и цIэкIэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэт Салов Евгений сымэ, нэгъуэщI куэдми ятеухуа нэтынхэр гум имыхужщ.

Мылъкуу текIуэдэнур Уэхъутэм и пщэ ирилъхьэжщ, КъШР-м и ГТРК-м и унафэщIхэм ягурыIуэри, тележурналист гуп тенджыз ФIыцIэ Iуфэм Iус шапсыгъхэм я деж ягъэкIуауэ щытащ. Абы гъусэ хуащIат шапсыгъхэм я щIыпIэхэр, къэкIыгъэхэр, псэущхьэхэр фIы дыдэу зыщIыху, мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидат Хьэкъун Барэсбий. Тезых гупым ар гъуэгугъэлъагъуэ бэлыхь яхуэхъуащ икIи я мурадыр къехъулIащ. Мыгувэу дунейм къытехьащ «Цветёт лоза на фоне моря» («Тенджыз Iуфэм къудамэ псыгъуэхэр щогъагъэ») телевизионнэ фильмыр. Ар куэдым ягу ирихьащ.

Уэхъутэ Александр къызеригъэпэщащ адыгэ культурэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэм я выставкэ. Апхуэдэу, псалъэм папщIэ, Стащ Юрэ и философие щыгъын-дамыгъэхэр «Через дизайн — к миру» фIэщыгъэр иIэу Кисловодск, Ставрополь, Краснодар, Черкесск, Эстонием и къалащхьэ Таллинн щигъэлъэгъуащ, арджэн, пасэрей адыгэ Iэмэпсымэхэр щIыным хуэIэзэ ГъукIэ Замудин и IэдакъэщIэкIхэр утыку кърихьащ. КъищынэмыщIауэ, Бырсыр Абдулыхь и сурэтхэм, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩIДАА-м и академик ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и архивым щихъумэхэм, ХьэцIыкIу Майе и «Духовная Вселенная адыгов», Хьэткъуэ Самир и «История Черкесии», «Старые черкесские сады» тхылъхэм «лъэтеувэ» яхуищIащ. Уэхъутэм и мылъкукIэ къызэрагъэпэща апхуэдэ Iуэху щхьэпэхэр куэду къыубжэкIыфынущ.

Адыгэ культурэм и тхыдэм Уэхъутэр меценат гъуэзэджэу зэрыхыхьэнур быдэу си фIэщ мэхъу. Арагъэнщ адыгэхэр абы адыгэхэм я лIыкIуэкIэ щIеджэр. «Культурэм и IэмалхэмкIэ — лъэпкъ зэгурыIуэныгъэмрэ узэщIэныгъэмрэ дыхуэкIуэу» — аращ Александр и къыхуеджэныгъэр. А гупсысэм арэзы утемыхъуэнкIэ Iэмал иIэкъым, сыту жыпIэмэ культурэм и бзэр псоми къагуроIуэ икIи тэрмэш хуэныкъуэкъым», — щетх Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт Псыхэмыхьэ Мусэ Александр триухуа «Адыгэхэм я лIыкIуэ» очеркым.

Иужьрей илъэсхэм Уэхъутэм ирихьэжьа Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ Архъыз Ищхъэрэм РАН-м щиIэ Астрофизическэ обсерваторэм 2014 гъэм щригъэкIуэкIа «Проблемы сохранения черкесского фольклора, культуры и языка» дунейпсо щIэныгъэ-практикэ конференцыр. Ар фэеплъ хуищIат бзэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Мыжей Михаил. А конференцым и материалхэр щызэхуэхьэса тхылъыр иужькIэ къыдигъэкIыжащ, хэт хуейми щыгъуазэ зищIыфын хуэдэу. Зи гугъу тщIы проектым ипкъ иткIэ а гъэ дыдэм дунейм къытригъэхьащ Шэрджэс Алий и «Адэжь хъыбархэр» («Старинные черкесские сказания») тхылъыр. Ар тхылъ тедзапIэм илъэсибл хъуауэ щIэлът, къызэрыдагъэкIын мылъку зэрамыIэм къыхэкIыу.

2015 гъэм Уэхъутэ Александр къызеригъэпэщащ икIи иригъэкIуэкIащ адыгэ культурэмрэ анэдэлъхубзэмрэ хъумэным хуэунэтIа, адыгэбзэр джынымрэ абыкIэ егъэджакIуэхэр гъэхьэзырынымрэ пыщIа гугъуехьхэр щызэпкъраха иджыри зы щIэныгъэ-практикэ конференц. Абы бзэм и щIэныгъэлIхэмрэ анэдэлъхубзэр езыгъэджхэмрэ гъунэгъу зэхуищIащ, зэпищIащ.

Александр и жылагъуэ лэжьыгъэм къыщиIэтыр егъэджэныгъэм, анэдэлъхубзэр хъумэным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм я закъуэкъым.

Ар хуабжьу иропIейтей къытщIэхъуэ щIэблэм псэкIэ зегъэужьыным, гущIэгъу яхэлъу къэгъэтэджыным.

Фашистхэм Ленинград иращIэкIа блокадэм къыхаша сабийхэр 1942 гъэм зэзышэлIа Беслъэней къуажэдэсхэм я фэеплъыр мыкIуэдыжын ищIын папщIэ, Уэхъутэ Александр зыхуигъэзащ Санкт-Петербург и парламентым икIи къыхилъхьащ беслъэней анэхэм я фэеплъ «ищхъэрэ къалащхьэм» щагъэувыну. Ар пхигъэкIын щхьэкIэ Санкт-Петербург кIуащ, кърагъэла сабийхэм ящыща Адзын Рэмэзан дэщIыгъуу. Ахэр IущIащ архитектурэмрэ ухуэныгъэмкIэ къалэ комитетым и унафэщIым икIи фэеплъыр щагъэувыну щIыпIэр къыхахащ. Ар хуагъэзащ Санкт-Петербург и Малоохтинскэ паркым, лицей №533-м пэмыжыжьэу.

Лицейм и унафэщIхэм Iуэхур зытетыр ягуригъэIуа иужькIэ, абы щеджэхэр Александр иригъэблэгъащ Беслъэней къуажэм. ЗэIущIэр хуабжьу щхьэпэ хъуащ. Санкт-Петербург къикIа сабийхэмрэ Беслъэней щыщ цIыкIухэмрэ удз гъэгъахэр щыхасащ къуажэм дэт Адыгэ анэм и фэеплъым и деж. Апхуэдэу ежьащ Нева псы Iуфэм Iут къалэм и еджакIуэхэмрэ адыгэ сабийхэмрэ я зэныбжьэгъугъэр.

Зи гугъу тщIы Iуэхум къыпищэу, Уэхъутэ Александр кърригъэблэгъащ Тель-Авив дэт университетым и профессор Орон Яир. Абы къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ Ленинград щыщ сабийхэр Беслъэней къуажэм 1942 гъэм зэрыщагъэпщкIуам теухуа хъыбарым. Адыгэ анэм и фэеплъ щагъэува щIыпIэм псори зэгъусэу кIуащ икIи ахэр хуэзащ сабийуэ кърагъэлахэмрэ а Iуэхугъуэр зи нэгу щIэкIахэмрэ. Ленинград къраша цIыкIухэр къыздрикIуа лъагъуэмкIэ хьэщIэхэр Теберда яшащ.

Израилым игъэзэжа иужькIэ, профессор Орон Яир къыдигъэкIащ и нэгу щIэкIахэр къыщиIуэтэжа «Банальность милосердия» тхылъыр. Ар зыубгъуауэ тепсэлъыхьащ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм щыгъуэ Беслъэней адыгэ къуажэм щыпсэухэм, я псэм шынагъуэ ин телъ пэтми, Ленинград къраша журт сабийхэр къызэрырагъэлам. Езыр къыщалъхуа жылэм Орон Яир щигъэуващ беслъэнейдэсхэм я фэеплъ.

Уэхъутэм нэгъабэ кърригъэблэгъащ Израилым и тележурналистхэр икIи абыхэм мыгувэу дунейм къытрагъэхьэнущ Беслъэней къуажэм журт сабийхэр 1942 гъэм къызэрыщрагъэлам теухуа фильм. Абы адыгэхэм я мызакъуэу, Къэрэшей-Шэрджэсми, Кавказми, Урысейми я цIэ фIыкIэ игъэIунущ.

Школхэм, сабий садхэм, библиотекэхэм, культурэмрэ егъэджэныгъэмрэ я нэгъуэщI IэнатIэхэми Уэхъутэ Александр хуабжьу ядоIэпыкъу. Къапщтэмэ, курыт еджапIэ №9-м абы класситI щиухуэри, компьютерхэмрэ адыгэбзэр яджын папщIэ зыхуеину литературэмкIэ къызэригъэпэщыжащ. Черкесск дэт курыт еджапIэ №11-ми Уэхъутэм щиухуащ адыгэбзэмкIэ класс. Ар щIэтыпхъэ псомкIи къызэригъэпэщащ езы Александр хуэдэу меценат гъуэзэджэ, Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэт Къардэн Мухьэдин. А тIум я фIыгъэкIэ курыт еджапIэ №11-р адыгэбзэмрэ литературэмрэ къызыхуэтыншэу щадж, щызрагъащIэ щIыпIэ хъуащ.

Школхэм, музейхэм, библиотекэхэм я унафэщIхэм нобэр къыздэсым Уэхъутэ Александр фIыщIэ хуащI, унэлъащIэкIэ, тхылъхэмкIэ, нэгъуэщI зыхуеинухэмкIэ къазэрыдэIэпыкъуам

папщІэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, нэгъуэщІ къуэш республикэхэм я тхакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІыу минрэ щитхум щІигъу абы тыгъэ яхуищІащ Байрамуковэ Хьэлимэт и цІэр зезыхьэ Республикэ библиотекэмрэ Хьэбэз, Адыгэ Хьэблэ районхэм щыІэ къудамэхэмрэ. Уэхъутэм и псапащІэ Іуэхугъуэхэм я фІыгъэкІэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и библиотекэхэм къыщыбгъуэтыфынущ адыгэ тхакІуэ, усакІуэ цІэрыІуэ МэшбащІэ Исхьэкъ и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса том 20-р, Лермонтов Михаил и кавказ поэмибгъур, Ацкъан Руслан зэридзэкІауэ. Биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей академием хэт, Краснодар щыщ Щоджэн Іэсхьэд еджапІэ ищхьэм папщІэ игъэхьэзыра тхылъхэр Байрамуковэ Хьэлимэт и цІэр зезыхьэ Республикэ библиотекэм зэрыІэрыхьари Александр и фІыщІэщ.

Уэхъутэм и ІуэхущІафэхэр зэхьэлІар къызыхэкІа адыгэ лъэпкъым и закъуэкъым. Абы и жылагъуэ Іуэхугъуэхэр цІыхухэр зэкъуэзыгъэувэщ икІи дэтхэнэ лъэпкъми кърихьэжьа дауэдапщэхэм ар сыт щыгъуи и хьэщІэ лъапІэщ. Къэрэшей-Шэрджэсым хиубыдэ лъэпкъхэм я зэхыхьэхэм Уэхъутэр губзыгъэу, купщІафІэу, зэпІэзэрыту къыщопсалъэ, я гугъуехьхэмрэ гурыщІэхэмрэ псэкІэ игъэву. Аращ къэрэшейхэми, нэгъуейхэми, абазэхэми, урысхэми я лъэпкъ Іуэхугъуэхэм дапщэщи щІрагъэблагъэр.

ЖэрдэмщІакІуэу, къызэгъэпэщакІуэ Іэзэу, хэкупсэ нэсу зэрыщытым къыхэкІыу, Уэхъутэ Александр мызэ-мытІэу хахащ КъШР-м Лъэпкъхэм зэдай и советымрэ Жылагъуэ палатэмрэ. Нобэ ар и тхьэмадэщ Къэрэшей-Шэрджэсым Лъэпкъхэм зэдай и советым. Абы хохьэ республикэм щыпсэу лъэпкъ нэхъыщхьиблым я лІыкІуэхэр икІи дэтхэнэми зэрыгурыІуэфын, зэрыдэгъуэгурыкІуэфын акъыл бгъэдэлъщ а цІыху щэджащэм.

**ДАУР Жэхьфар,**
*Урысей Федерацэм культурэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ,*
*Къэрэшей-Шэрджэсым щІыхь зиІэ и журналист*





**Далай Ламэ** *(сэмэгумкӀэ етӀуанэр)* **Уэхъутэ Александр фӀыщӀэ къыхуещӀ. Эстоние, Таллинн,** *2002*



**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэхуэсышхуэр Налшык щокӀуэкӀ.**

*СэмэгумкӀэ къыщыщӀэдзауэ:* **Сирием щыӀэ Адыгэ ФӀыщӀэ Хасэм и тхьэмадэ Абазэ Шэрэф, «Іуащхьэмахуэ» журналым и лэжьакӀуэ Къаныкъуэ Заринэ, Уэхъутэ Александр сымэ.** *2000*





**Уэхъутэ Александр** *(яку дэсырщ)* **Адыгэхэм къращӀылӀа лъэпкъгъэкӀуэд зауэм** *(1763-1864)* **теухуауэ ООН-м Женевэ щригъэкӀуэкӀа 53-нэ сессием къыщопсалъэ.** *1997*



**Уэхъутэ Александр Тыркум щылажьэ Адыгэ Бзылъхугъэ Хасэм и гуащэ Шурдым Гюнсель и гъусэу.** *Истамбыл, 2017*

# ХЭКУПСЭ НЭС

Уэхъутэ Александррэ сэрэ илъэс 40-м щІигъуауэ дызэныбжьэгъущ. И хьэл-щэнымрэ и дуней тетыкІэмрэ зыгуэр хэбдзыну хэлъу пІэрэ, жысІэу мы щІалэм сыкІэлъоплъри, пэжыр жыпІэмэ, згъуэтыркъым апхуэдэ. Япэрауэ, хабзэ щыпкъэ хэлъщ. ЕтІуанэрауэ, къызыхэкІа адыгэ лъэпкъыр гурэ псэкІэ фІыуэ елъагъу.

Псоми ящІэж, 1942 гъэм, нэмыцэхэр къэсын ипэ, Ленинград къикІа сабий гуп Беслъэней къуажэм зэрыпхъуакІуэхэм Іэрамыгъэхьэу зэрыщыщахъумэфар. Журт, урыс сабийхэр къэзыхъума адыгэ анэхэм я фэеплъ Беслъэнейм щыгъэувыныр япэу зигу къэкІар Уэхъутэ Александрщ.

ФІы пщІамэ, ар уи щхьэкІэ пхуэбэгъуэж хабзэщи, Израилым щыщ профессорым итхыжащ Беслъэней къуажэм журт сабийхэр зэрыщахъумам, ахэр нэмыцэхэм къызэрырагъэлам, апхуэдэ зыхуэщІа адэ-анэхэм ятеухуа тхылъышхуэ. Ари зи жэрдэмыр, зи фІыгъэр, шэч хэмылъу, Уэхъутэ Александрщ. Беслъэнейм щапІыжа сабийхэмрэ абыхэм я щхьэм кърикІуамрэ, я псэукІэ хъуар къыщыгъэлъэгъуа фильми тращ. Лэжьыгъэр Урысей Федерацэм и телеканал зыбжанэм, Израилым, США-м, Франджым, Инджылызым къыщагъэлъэгъуауэ щытащ. Апхуэдэ ІуэхущІафэхэрщ цІыхур зыхуэдэр къэозыгъащІэр. Александр и лъэпкъым щхьэкІэ ешыркъым, хузэфІэкІыр абы зиужьын папщІэ елэжь.





**Уэхъутэ Александр** *(ижьымкІэ)* **Урысей Федерацэм щыпсэу адыгэхэм я щэнхабзэ автономием и ЩІыхь тхылъыр ХьэфІыцІэ Мухьэмэд ирет.** *2006*

Уэхъутэм егъэлажьэ «Адыгэ» зыфIища IуэхущIапIэ. Абыи и мурад нэхъыщхьэр шэрджэсхэр зэрыгъэцIыхужынырщ, зэкIэлъыгъэкIуэнырщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, куэдым дэIэпыкъуэгъу яхуохъу.

Абы и лъэныкъуэкIэ сэ зы хъыбар сыщыгъуазэщ. Адыгэхэр Косовэ къыщрашыжым (цIыхуи 120-м щIигъурт), Минводы аэропортым кхъухьлъатэр къыщетIысэхырт. Уэхъутэ Александр адэжь хэкум къэзыгъэзэжхэм япежьащ икIи игу ирилъхьащ япэу ди къэралым къыщеувэх цIыхум машинэ къыхуищэхуну. ЗэрыжиIам хуэдэ дыдэуи, япэу къикIа сабийм и унагъуэм «Жигули» машинэ иритащ.

Апхуэдэу и гур зэIухауэ, и псалъэм тебгъуэтэж адыгэлI нэсщ Уэхъутэр.

Александр усэ, очерк, нэгъуэщI тхыгъэ куэд хуатхащ. Абыхэм лъабжьэ яхуэхъуар и лъэпкъэгъухэм зэрызащIигъакъуэрщ. Уэхъутэм ищIэм гъуни нэзи иIэкъым, фильм трахми сэбэп мэхъу, щIэныгъэ конференц къызэгъэпэщынми холIыфIыхь. Псалъэм папщIэ, сэ сыхэтащ беслъэнейхэм иращIэкIауэ абы Мейкъуапэ махуищ-плIыкIэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм. Апхуэдэ дыдэу, адыгэ IуэрыIуатэм, бзэм теухуа зэхыхьэ Архъыз къыщызэригъэпэщащ. Ахэр щапхъэ къудейщ, Уэхъутэр зэлэжьа псори къыпхуебжэкIынукъым.

Сашэ сэрэ мызэ-мытIэу хамэ къэрал зэгъусэу дыкIуащ – Сирием, Иорданием, Израилым, Тыркум. Дэнэ дыщыIами, Уэхъутэм и гуапагъэр, и гушыIэ дахэр зыхащIэрт. Нэхъыщхьэращи, сыт имыщIэми, псори зытрищIыхьыр лъэпкъым и Iуэхур ипэкIэ гъэкIуэтэнырщ. Сэ зэрысщIэмкIэ, абы тхылъышхуэ къыхудигъэкIащ икIи сыт и лъэныкъуэкIи дэIэпыкъуащ Къэрэшей-Шэрджэсым и Хьэбэз къуажэм щыщ, адыгэ IуэрыIуатэр зэхуэзыхьэсыжа Шэрджэс Алий.

Илъэс 15 хъуауэ Уэхъутэр Урысей Федерацэм щыпсэу шэрджэсхэм я щэнхабзэ автономием и тхьэмадэщ. Ди къэралым ис адыгэхэр нэхъыфIу зэрыцIыхужыным, зэкIэлъыкIуэ хъуным хуэунэтIауэ абы куэд хузэфIэкIащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Москва къалэм щэнхабзэ зэхыхьэ щекIуэкIми, Налшык апхуэдэ зэхуэс щызэхашэми, Александр къызэгъэпэщакIуэфIу яхэтщ. Ди гуапэ хъуащ иджыблагъэ Кенжэ щызэхэта «Адыгэ бзылъхугъэ-2017» зэпеуэм ар къызэрытхуеблэгъар, ди пщащэхэр и псалъэкIэ, щIыхь тхылъкIэ зэригъэгушхуар. 1998 гъэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щедгъэкIуэкI «Си бзэ – си псэ, си дуней» зэхьэзэхуэри Уэхъутэм къыддиIыгъщ, уеблэмэ езыми апхуэдэ зэпеуэ КъШР-м щыIэ адыгэ къуажэхэм щригъэкIуэкIын лъэкIащ.

Ноби Александр и мурадхэр мащIэкъым. Лъэпкъ музей зыхэтыну, адыгэ Iэмэпсымэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ щащэну тыкуэнышхуэ ухуэным йолэжь ар. И гур зэIухауэ дунейм тет-

щи, узыншэу илъэс куэдкIэ псэуну си гуапэщ. Сашэ хуэдэщ щапхъэщ зыхужаIэр. Абы бын дахэ игъэсащ – нэхъыжьитIыр (Тенджызрэ Ланэрэ) Эстонием щригъэджащ, щIэныгъэ куу яIэщ. НэхъыщIэ Эммэ Швейцарием университет къыщиухащ. Дэтхэнэми лъэпкъ Iуэху зэрахуэмэ яфIэфIу, я адэм и Iуэхур даIыгъыу апхуэдэщ. Александррэ и щхьэгъусэ Зулифэрэ я быным я быныжхэр я гурыфIыгъуэу зэдапIри, насыпыфIэхэщ, унагъуэ дахэщ.

Уэхъутэ Александр къигъэщIа илъэс 70-м хуэдиз Тхьэм къыхупищэ, дэрэжэгъуэ, гукъыдэж, узыншагъэ иIэу!

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ,*
*Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ*

МЭЗЫХЬЭ Борис

# КIЭНДЖЭГУ

*Рассказ*



ИгъэщIагъуэу, и щхьэр щIыщIиупскIэн и мащIэтэкъым Аслъыжан. Бгъэм ипхъуэтауэ и гугъа джэд купраузыжьыр, щIэкIэцIауэ къыщIэкIри, джэдджьей бын щIэсу нышэдибэ пщIантIэм къыдыхьэжащ. Жэп зытеха тхьэрыкъуэфу, жьыгъэм зэригъэлымпIыжа джэдым апхуэдэ лIыгъэ къылъыкъуэкIыну Аслъыжан и пщIыхьэпIэ къыхэхуэнтэкъым. Аркъэхъыжьэ гъунэгъу щIалэжьыр нэхъ щабэу къыщIэкIакъым – Аслъыжан IэщIигъэкIа ахъшэ щIыхуэр къыхуихьыжащ, зыкIи щымыгугъыжауэ. Абы щIыхуэ итыжауэ зылъэгъуа хьэблэм дэскъым – зыгуэркIэ яIихамэ, ямыIам хабжэри мэтIысыжхэр армыхъумэ. Абы и закъуэ – нышэдибэр Iуэху телъыджэу зэIущауэ къыщIэкIынт. «Езым» къылъыкъуэкIар-щэ? Илъэс тIощIрэ пщIым нэсауэ зэбгъэдэсщи, иджыри къэс димылъэгъуа нобэ дилъэгъуащ. Хэт и гугъэнт Сэрал НэхъуатIэ пщэфIапIэм щIыхьэу фызым ипщэфIым и Iуэху хилъхьэну. Ари НэхъуатIэ! Езы НэхъуатIэ дыдэ! Машинэ щискIэ, бэзэрым техьэни, тыкуэным Iулъэдэни абы зриусыгъуэджэкъым. ЦIыхухъу щыхъукIэ, лы къэщэхукIэ ещIэ, хьэжыгъэ жыпIэнущи, щIыбкIэ Аслъыжан кърыгъэхьыркъым. И гуэныхь сыту ищIын – щIыIалъэр зэи нэщI ищIыркъым. Ауэ «мор пщэфI», «мыр дыгъэшх», жиIэу пщэфIапIэм щылъэуджыджэхэм ящыщкъым. Нэхъ гъэшхэгъуафIэ дэнэ къипхын – сыт ухуейми хутегъэувэ, щытхъупсыр къригъэжэхыу, фIэIэфIыпсу ешх. Пэжщ, хабзэщIэкъущ – нэмыс хэти кIэлъызэрихьэнущ, къыкIэлъызэрамыхьэжуи идэнукъым. Къуныжьейр зи кIыхьагъым зылI къыдэпшынкъым НэхъуатIэ хуэдэу зи нэмыс, зи пщIэ хуэсакъыж, жьым къазэрыпикIухьыни, щIэм зэрадекIуэкIыпхъэри ещIэ. Куэбжэпэм тесу нысащIэ цIыкIу блэкIамэ, мэтэдж мо лIыжьышхуэр. Ар зылъагъум щыгъупщэн. Мис, нысищ диIэщи,

игъащIэм ямылъэгъуа си гуащэ-тхьэмадэм я цIэ къраIуамэ, къыщылъэт хъуахэщ.

Аслъыжан езым апхуэдэу къыщыхъуу арами ищIэркъым, ауэ и лIым хуэдэу фIэлIыкIышхуэ зиIэ жылэ псом дэмысу къыфIощI. Абы и пащхьэ гуитIщхьитI щымыхъу куэд щыIэкъым. И щIыкIэщ. НэхъуатIэ щыпыгуфIыкI дыдэм дежи – ар сыт хуэдэу гуапэу пыгуфIыкIрэ, и нэгу псом нэхугъэ нурыр кърихыу! – абы щыгъуи нэбжьыц цIырхъым къапхыплъ нэ щхъуантIитIым зэи мыткIу мыл кIанэ цIыкIухэр щопщIыпщI, нэм и хуабагъэр ягъэупщIыIуу. И бэкъуэкIэ къудейм еплъ: ерыщыгъэ хэлъщ – лъагэу иIэта лъакъуэ кIыхь щIым къытрипхъуэтыкIыр сакъыу, щабэу зэригъэувыжми, щыпсалъэкIэ, «гупсэхуу фыкъызэдаIуэ», жыхуиIэу, тхъугъэ зыхидза, мащIэу теукъуеикIа напщIэхэм зэрызригъэIэтми, Iэпхъуамбапщэр лъагэу иIэту, и псалъэ кIапэр зэрыщIигъэбыдэжми.

Езы Аслъыжан дыди ауэ сытми фIэлIыкIрэ НэхъуатIэ. Илъэс дапщэ хъуауэ я щхьэнтэ зэбгъэдэлъ, итIани щыхъыджэбз дэсам хуэдабзэу щоукIытэ, цIыху щыту къыщепсалъэкIэ, гъэмахуэ мыIэрысэ джабэплъу, и нэкIущхьитIыр къызэщIонэ. Дадэ-нанэ зэдэхъужа щхьэкIэ, лъхуэн-пIэнми яхуэгъэткIуакъым яку дэлъ хабзэмрэ нэмысымрэ. «Къоплъамэ, плъыжь уохъу, мыпхуэдиз сабийр дауэ зэвгъэпэщыфа?» – жаIэу хьэблэ фыз къехъурджэуамэ, Аслъыжан погуфIыкI, гъуэбжэгъуэщым ещхь нэхугъэ гуэр и нэгум къолыдыкI: «Уэздыгъэр ункIыфIа нэужь ар нэгъуэщI мэхъу», – жеIэри.



Мис апхуэдэлIщ нышэдибэ машинэ цIыкIукIэ пщIантIэм дигъэкIыу уэрамым еуэкIыху Аслъыжан зыкIэлъыплъыжа Сэрал НэхъуатIэ хъужыр езыр. Пщэдджыжь къэси ар лIым докIуатэ куэбжэпэм нэс, нышэдибэ и закъуэ? Ауэ «хабзэм и пкъо» зыфIаща цIыхум машинэм зыкъришиикIыжри, IэпэкIэ ар зыбгъэдишащ, зыгуэр игу къихьа е IэщIэгъупщыкIаIам ещхьу. «Пщыхьэщхьэ, Инармэсхэ япхъу, моуэ нэхъ хэкъузауэ пщафIэ, уи дэлъху къыщыкIуэкIэ узэрыпщафIэм ещхьу. НысащIэ цIыкIур къызыхэкIа бынунэр зэхэтIысхьэрэ шхэуэ есагъэнщи, сэ гъащIэм сыкъыкIэрыхуауэ къыщыхъуу къыщIэкIынщ». «Нэхъыжь цIыкIуитIым я жагъуэ хъунщ, Сэрал, бын ягъуэтыжащ, уи Iэнэ кIапэ къэмытIысурэ», – къригъэжьат Аслъыжан и нысэ нэхъыжьитIым къащхьэщыжыну, арщхьэкIэ и лIым машинэ щхьэгъубжэр дригъэжейуэ щыIужым, фызри, «нэхъыщIэ цIыкIур игу нэхъ дыхьагъэнщ», жиIэу егупсысри, Iуэху пэрыхьэжащ. Ауэ махуэр зи кIыхьагъым Аслъыжан и щхьэм икIакъым и щхьэгъусэм и псалъэр.

Гъэмахуэ махуэми дунейр и кIыхьагъкъэ, шыщхьэIу дыгъэр пIастхъэ-лъастхъэу уафэгум итщ, и гъуэгу хухэмыгъэщIу.

Унэгуащэри и пIэм иуджыхь дыгъэм худоплъей, унагъуэм исхэр къыщекIуэлIэжынур къыхуэмыгъэсу. Дыгъэр здынэсам шэч къытрихьэм ещхьу, зэзэмызэ сыхьэтым хуоплъэкI, хэкъузауэ ипщэфIынум зэкIэ тримыубыдэу.

Сытми, зэманыр зэпилъытэри, иджы пIастэпс тезгъэувэмэ, лIыр хуабэу кърихьэлIэжынщ, жери, щымыщ къыхимынэу хугур хьэдзэ зырызу зэхидзри, псы къэкъуалъэм хикIутащ, мэлылыщIэр тебэ куум ирилъхьэри, мафIэ щабэ щIищIэжащ. Плъыжьу гъэжьа мэлылым пIастэ дишхыу шху фалъэ трифыхьыжмэ, тхьэмахуэ зэхуакукIэ кърихьэкIыну жиIэу НэхъуатIэ гушыIэнут, абы хупыгуфIыкIыу... Аслъыжани ищIэркъэ псалъэ дахэм лъэр зэрыщIигъэкIыр. Джэд лыбжьи яхуищIынщ. «Мамэ и джэд шыпсым хуэдэ зыхуэщI Къэбэрдейм дэнэ къэна, кIахэми Хьэжрэтми искъым», – жи нысащIэ цIыкIуми. Абыи гуащэр къызэрыдихьэхын ещIэ... СыкъегъэпцIэ. СыкърегъэпцIэ, алыхь, зыкъезгъэгъэпцIэну сыхьэзырыпсым, псалъэ дахэм пщIэ щIатыркъым. Джэд упщэфIыныр Iуэху иджы сытми, щIыIалъэм тIу дэлъщ, лъынэ защIэу. Бгъэгъуэлъхьэнукъым, бгъэм щыпхъумэнукъым, Iус жыпIэнукъым – щIэзщ тыкуэным, ущыхуейм къэщэху. Ауэ, азалыхь, IэфIагърэ къэуаткIэ ар пщIантIэм щыпэщэщам пэхъумэ си Iуэхумэ. Ауэ уи Iуэху дегъэкIри – ари хъарзынэщ.

«Нэмэз зыщIынум и Iэпщэ сыхьэтыр триухуэ хъунущ, НэхъуатIэ и унэ къекIуэлIэжыкIэмкIэ», жаIэу ауэ сытми къыхужаIэркъым. Зэманыр сыхьэтихым щхьэдэхарэ дакъикъипщI хуэдиз дэкIакъэ – НэхъуатIэ и машинэ щхъуантIэ цIыкIур куэбжэпэм кърехулIэжри, уэрамыщхьэм зи дамэхэр тезыубгъуа дэшхуей лъабжьэм щIегъэувэ, дыгъи къемыгуауэу, уэ къех хъужыкъуэми, зэран къыхуэмыхъуну. Ауэ ныщхьэбэ пщIантIэм дихуэжри, зи кIуэцIыр мывэ пхъэбгъукIэ къищIыкIа, зи блыни бгыкъуи пластик хужькIэ зэщIэIулIа щIэщI щIэращIэм щIигъэувэжащ, пщэдей пщIондэ гъуэгу техьэн нет зэримыIэм и щыхьэту. Куэд мыщIэу щIалэмрэ нысащIэмри къыIулъэдэжащ, урысыбзи адыгэбзи къызыгурымыIуэ машинэ щIыбышэм ису. Абы и IункIыбзэр НэхъуатIэ и къуэ нэхъыщIэм иритат, университетым и диплом къыщыIэщIалъхьа махуэ дыдэм. НэхъыжьитIыр хуемыджэу IэщIагъэм зратати, щIэныгъэ къыхуэзыхьа и къуэ нэхъыщIэм абыкIэ хуэупсауэ арат. ЩIыбышэмыщIыбышэми, Iэщ игъашхэ, жыг хадэ зэрихьэ хуэдэурэ зэхуихьэса ахъшэр, шыгъу хуэлIа жэму, зыIурибзеящ.

ЗызэфIахыжу затхьэщIа, пщIантIэм зэрыдэс щыгъын щатIэгъа нэужь, пщэфIапIэ-шхапIэ хуэдэу унэм къыпащIыхьа пэшышхуэм Аслъыжан Iэнэ къащыхуищтащ: плъыжьу гъэжьа мэлыл пшэрыр пIэнкIыжу зэрылъ тебэр стIолыкум иригъэу-

ващ, и нысэ Мадинэ къыдэIэпыкъуурэ, псоми я пащхьэ пIастэ убзытари, тепщэч нэщIри, нащэ, пIэтIрэжан убзытари трагъэзагъэри бжэмкIэ плъэуэ увыжахэщ, НэхъуатIэрэ ХьэтIунэрэ пэплъэу. ЩIалэм куэдрэ зригъэжьакъым, ауэ НэхъуатIэ тIэкIу зрилъэфыхьри, и натIэц цIырхъыр Iэбжьанэкlэ дрижьейуэрэ бжэкум къиуващ.

Махуэ къэс зытешхыхь стIолыр мыхъуу, цIыху къащыхыхьэкIэ къащтэ стIолыр плIанэпэм къыдахарэ тепхъуэ гъэфIэнри телъыжу щилъагъум, Iуэхур зыхуихьынур имыщIэу, ХьэтIунэ и анэм еплъащ:

– ЛIо, мамэ, хьэщIэ диIэну?

– АIэ, тхьэ, хьэщIи дыпэмыплъэ... – Аслъыжан и нэкIущхьитI дыгъэм ижьам плъыжьыгъэ мащIэ къыщIэлъэдащ, сэхусэплъ щыхуа фIэкIа умыщIэну.

НэхъуатIи а зэрымыпIащIэм хуэдэурэ аргуэру и щхьэц цIырхъыр дрилъэщIейщ, набдзэ тхъуахэр Iэпхъуамбапщэмкlэ ирилъэщIэкIщ, темыт пащIэр щIиIуантIэри, жьантIэм дыхьащ, гупсэхуу Iэнэр зэпиплъыхьри, и нэхъыжь тIысыпIэр иубыдыжащ.



– ФыкъэтIыс, тIасэ, зэдэшхэ фIыщ, жи. Куэдкъэ Iэнэ зырызу дызэрыщысар. Уа, Инармэсхэ япхъу, зы бжьэ къапщтэркъэ?

Унагъуэр фадэ щыщIэркъым, хуэмыерыщми, хьэщIэ къахуепсыхамэ, бащырыбэ щхьэкIэ тыкуэным зыгъэкIуэнум ящыщкъым НэхъуатIэ. ЩIыIалъэми дэтщи, я щIыунэми ашыккIэ итщ, псыIэ къэхъумэ, ятегъэпщIа тхылъымпIэр къатехуу.

НысащIэр жэри Iэгубжьэ цIыкIухэр къихьащ.

– ИIэ, тIасэ, ерыскъыр дывмыгъэгъэупщIыIу, псори-псори фыкъэтIыс, – жи Аслъыжан, ауэ «Сипсэ» цIэ лейр зыфIища нысащIэ цIыкIум зэрызрилъэфыхьыр щилъагъум, НэхъуатIэ жьантIэм къыдэкIщ, абы и Iэблэр иубыдри, стIол кIапэм, гуащэм ищхъэрабгъукIэ, щигъэтIысащ, ХьэтIунэ нэхъ хуэгъэзауэ: – Адыгэм псалъэжь диIэщ, дахэ, «узыгъэтIыс уиубыжыркъым», жиIэу. Зым адрейм зыщигъэпщкIуу дыщIэсын мы унэм? Зы Iэнэ дытешхыкIынщ, – ар жиIэри, НэхъуатIэ бащырыбэр къиштэщ, япэ бжьэр езым и IэкIэ яхуригъахъуэри, а къалэныр ХьэтIунэ дежкIэ иригъэкIуэтэкIащ, щхьэгъэрытыну зэримымурадыр пхъашэу зэрыIэбамкIэ къигъэлъагъуэу. – НтIэ, бынунагъуэ узыншэ тхьэм дызэхуищI, ерыскъы IэфI куэд тхьэм зэдыдигъэшх, нэмыс, хабзэ дяку дэлъу дызэдэпсэуну тхьэм солъэIу. – Ар жиIэщ, Iэгубжьэм мащIэу хигъэщIри, Iэнэм телъым езыр япэу хэIэбащ. Тепщэч нэщIым лы, пIастэ ирилъхьащ. Гукъыдэжи иIэт: и гуапэ хъуат нысэр лэгъунвакъэ лъэдакъэ тепIытIакIэ пщэфIапIэм къызэрымыкIуари, зи бгъэ-зи пщэ къиха зэрылажьэ щыгъыныр зэрызэрихъуэкIари, и щхьэц

налъэ къыIужхэр зэщIикъуэу гуэлмэдын пIащIэ цIыкIукIэ и щхьэр зэрыфIипхыкIари. Хъуэхъу жиIэмэ, Iэнэм щысхэм я Iупэ хащIэ хуэдэ ящIу яIэтурэ стэкан цIыкIухэр ягъэувыжырти, «Уа, тIэкIу щхьэ фыхэмыфрэ?» – жери НэхъуатIэ мащIэу зигъэткIий хуэдэу зищIащ.

– Сэ сыбдофэ, Сэрал, – жиIащ Аслъыжан, и Iупэм нэсаинэмысаи жыпIэну игъэувыж пэтми. – Сипсэ цIыкIу зыIуилъхьэ хъунукъым, – къыщхьэщыжащ ар нысэм.

НэхъуатIэ къыфIэщIащ а псалъэхэм нысащIэр плъыжь дэхъуауэ.

Ныщхьэбэ НэхъуатIэ къызэрыкIыпат: имыхабзэу, тафэтелэу Iэджэм тепсэлъыхьат, къыдэлэжьахэмрэ хьэблэдэсхэмрэ ядищIэ хьилагъэр Iэнэм щысхэр игъэдыхьэшхыу яжриIэу, икIэм Аслъыжан деж къэсыжри, абы зыбжанэрэ тегушыIыхьыжащ.

– Сэращ пхуэмыухыр, къыстумылъхьэу сыт къэбгъэна? – гушыIэр абыи уэим ищIыркъым. Ауэ ныбжьыщIитIым псалъэ жамыIэу щыст, нэхъыжьым жиIэр даIыгъыу, гукъыдэж яIэми, я макъым зрамыгъэIэтыщэу, пыгуфIыкIыу.

Апхуэдэурэ пщыхьэщхьэшхэри нэблагъэу хуежьауэ, Аслъыжан, Iэнэм кхъуей къытеслъхьэнщ, жиIэу егупсысри, нысэр имыгъэтэджу езыр щIэкIащ. НэхъуатIи къуэмрэ нысэмрэ я гукъыдэжыр нэхъ кIащхъэ зэрыхъур щилъагъум, и пащхьэ ит и бжьэр иубыдри псори зэрышхыкIа тебэжьым иплъащ: дагъэ диижам къыхэпIиикIыу и курыкупсэм лы Iыхьэ закъуэ илът, «хэт къапхъуэу сишхын?» жиIэм хуэдэу.

НэхъуатIэ и стэканыр иIэтыным хунэмысу, ХьэтIунэ япэ зригъэщри дыжьын гуахъуэмкIэ лы Iыхьэр нысащIэм дежкIэ игъэжащ, кIэн идзам ещхьу дагъэ диижам лъэужь щыхишу, адрейри къапхъуэри, лым къэувыIэпIэ иримыту, и лIым къыхуидзыжащ. НэхъуатIэ и нитIыр тебэм инащ: и къуэмрэ и нысэмрэ я пIэ исми, гъуащхьэиж джэгу къыфIощI: баш хьэншакъым ещхьыркъэпс дыжьын гуахъуэмкIэ щIалэм лы Iыхьэр зэм нысащIэмкIэ едз, тебэ джабэм къыщигъэувыIэкIэ, нысащIэр къыхущIоуэри, лъэгу цIанлъэм лы Iыхьэр кърожэ, носри, щIалэм и баш хьэншакъыр хьэзырыпсщи, къехуж. Лы тыкъыр кIэнщи, и пIэ изагъэркъым. Сытми, нысащIэр япэу къэхэшащ: Iэбэщ, сэр къиштэщ, лы Iыхьэр тIу ирищIыкIри нэхъ иныр ХьэтIунэ хуигъэкIуэтащ. НэхъуатIи и стэканыр сакъыу, макъ иримыгъэщIу IуигъэкIуэтащ. Ар зэман гуэркIэ щысащ, тебэ нэщIым иплъэу, итIанэ:

– Кином щIидзэ хъунщ, зыкъыкIэрывмыгъэху, – ерагъкIэ зэхэпх къудейуэ къыдришеящ абы.



6 Заказ №144

– УэI, «Кармелита» и щIэдзэгъуэр къэсащ, – нысащIэм щыжиIэм, ХьэтIуни сыхьэтым еплъри къэтэджащ.

Аслъыжан къыщыщIыхьэжам НэхъуатIэ зэрыщыст, тебэ нэщIым иплъэу.

– Сыту фIыуэ уигу къэкIа кхъуей къэпхьыну, – жиIащ абы, и щхьэгъусэм и бжьэм аркъэ тIэкIу хигъахъуэурэ.

Езым и Iэгубжьэр къиштэжщ, «Ефэ, Инармэсхэ япхъу, ткIуэпс къыумынэу», жиIэри и бжьэм ефащ, кхъуей хэхагъащIэри тришхыхьыжащ.

– Алыхьым и шыкурщ, зэ уи Iэнэ кIапэ къызэрыбгъэтIысар, дяпэкIэ тIэу-щэ шхын къэсщтэнкъым, адрей нысащIитIри... – къригъэжьат Аслъыжан, арщхьэкIэ НэхъуатIэ абы и псалъэр кIэщIу Iэпихащ:

– Хьэуэ, Инармэсхэ япхъу, уэлэхьи, сэ махуэ къэс ахэр си стIолыщхьэ кIэн щызмыгъэджэгуфын. Сэ къэзгъэтIысами, уэ си Iэнэм схупэрышыж къуэри нысэри...

# ХЪУЭПСАПIЭ НЭХУХЭР ЗИ ГЪУАЗЭ



*Шэрджэс усакIуэ, журналист Зэубыд Ахъмэд 1942 гъэм Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ Зеикъуэ (ХъэтIохъущыкъуей) къуажэм къыщалъхуащ. Ар 1950 – 1956 гъэхэм къуажэ школым, 1956 – 1961 гъэхэм Черкесск зауэ нэужьым къыщызэIуахауэ щыта интернат цIэрыIуэм щеджащ. 1971 – 1973 гъэхэм КъШР-м культурэмкIэ и управленэм щылэжьащ. Карачаевск дэт désinstitutыр зэрылажьэм хуэдэурэ къиухащ. Усэным гу хуэзыщIа щIалэр абыи къыщызэтеувыIакъым – Максим Горькэм и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературнэ институтым щIэтIысхьащ. Ар ирагъэджащ зи цIэр къэрал псом щыцIэрыIуэ литературэдж щIэныгъэлIхэм, философхэм, усакIуэ, тхакIуэ, драматург, критик пэрытхэм. Абыхэм я фIыгъэкIэ Ахъмэд кууэ щыгъуазэ хъуащ урысей, дунейпсо литературэхэм, тхыдэм, философием, эстетикэм. ИкIи, институтыр къиухыу къигъэзэжа нэужь, абы и творчествэми, и журналист лэжьыгъэми къыщигъэсэбэпащ еджагъэшхуэхэм я дерсхэр, я ущиехэр, я чэнджэщхэр.*

*1978 – 2002 гъэхэм Зэубыд Ахъмэд «Ленин нур» газетым и корреспонденту, абы и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщIу щытащ. ИужькIэ «Хуитыныгъэ» радиом (радио «Свобода», Прагэ къалэ) щылэжьащ.*

*Литературэм и жанрхэр къудамищу гуэшащ – эпос, драмэ, лирикэ. Абыхэм ящыщу лирикэр усакIуэм и гъащIэм нэхъ епхащ: Ахъмэд «Анэм и сурэтыр» зыфIища усэм зы сатыр закъуэкIэ Iэзэу щызэфIигъэуващ анэм и образыр – «Анэм и нэгум гъащIэр гъуджэу къощыр». ГъэщIэгъуэнщ «Си гум...» жиIэу къригъажьэ усэри (фIэщыгъэцIэ иIэкъым). Сюжетыр къэзыIуатэ лирическэ лIыхъужьым фIыуэ илъагъуу щыта гуэрым зыхуегъазэ: «Си гум и бжэ IухамкIэ си деж укъыщIыхьэмэ, уэзгъэлъагъунщ япэ дыдэ си жагъуэ щащIа махуэм и сахуэр». Апхуэдэуи зэхригъэхынущ гуфIэгъуэм и махуэ «джэрпэджэж хъужам и макъамэри». А псори къыгурымыIуэу щIэкIыжмэ, йолъэIу бжэр Iухауэ къигъэнэну: «Сэ иджыри цIыху къысхуэкIуэнущ». Гукъинэж пщыхъу апхуэдэ щапхъэхэр щыкуэдщ Ахъмэд и IэдакъэщIэкIхэм.*

*БлэкIа лIэщIыгъуэм и 70-80 гъэхэм шэрджэс поэзием зыужьыныгъэшхуэ игъуэтащ. Ар нэхъыбэу зи фIыщIэхэм ящыщщ Бемырзэ Мухьэдин, Нэхущ Мухьэмэд, Пхъэш МуIэед, Зэубыд Ахьмэд сымэ.*

*Зи цIэ къитIуахэм я творчествэр адыгэ псоми, ди гъунэгъу лъэпкъхэми къащIэн папщIэ, лэжьыгъэ пыухыкIа иригъэкIуэкIащ Ахьмэд. Абы зэпкърихащ тхакIуэхэм, усакIуэхэм, драматургхэм я тхыгъэхэр, я гъащIэмрэ творчествэмрэ теухуауэ очерк купщIафIэхэр итхащ. Литературэдж щIэныгъэр и лъабжьэу, къэхутэныгъэхэр иригъэкIуэкIащ. Щапхъэу къэпхь хъунущ Нэхущ Мухьэмэд теухуауэ урысыбзэкIэ итха «Запоздалый реквием по друзьям» зыфIища статьяр. Мыр хуабжьу ягу ирихьащ щIэджыкIакIуэхэми критикхэми. Пасэу дунейм ехыжа и усакIуэгъум щытепсэлъыхькIэ Ахьмэд образ хьэлэмэтхэр къегъэсэбэп. УсакIуэр зытекIыжа дунейр абы ирегъэщхь закъуэныгъэм хуаухуа вокзалым. Зэубыдым зэрыжиIэмкIэ, Нэхущым ныбжьэгъу куэд иIами, и ныбжьэгъу дыдэр и усэхэрт, и закъуэныгъэрт.*

*Псоми зэращIэщи, литературэдж щIэныгъэр Iыхьиищу зэхэльщ. Литературэм и тхыдэ, и теорие, критикэ. Иужьрейр литературэм и адрей жанрхэм къакIэрыхуащ, аращ зы тхакIуэр адрейм тетхыхьын хуей щIэхъур. Зэубыдым и тхыгъэр критикэ нэсым хыубжэмэ, ущыуэну къыщIэкIынкъым. Абы Ахьмэд куууэ щызэпкърихащ Нэхущым и усэхэр, нэсу къыщигъэлъэгъуащ усакIуэм и Iэзагъыр, абы адыгэ литературэм щиубыд увыпIэр. А псом къыдэкIуэу, зи гугъу ищI усакIуэм и шыфэлIыфэр, и хьэл-щэныр, ар ауэ сытми цIыху къызэрыгуэкIыу зэрыщымытыр ди пащхьэм кърильхьащ.*

*Газетым щыщылэжьами, «Хуитыныгъэ» радиом Кавказ Ищхъэрэм щиIэ къудамэм и корреспонденту щыщыта ильэсхэми Зэубыд Ахьмэд хущIэкъуащ адыгэ лъэпкъым и тхыдэр, и литературэр, и культурэр хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэми, нэгъуэщI лъэпкъхэми къаригъэщIэну, дригъэхьэхыну. Сэри сыхишащ а Iуэхум, адыгэ литературэм, хабзэм, щIэныгъэм теухуауэ зыбжанэрэ сыкъыщигъэпсэльащ зэфIэкIышхуэ зиIэ а радиом.*

*УсакIуэхэм, тхакIуэхэм я къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ зытетхыхь зэманыр пэжу, образкIэ гъэнщIауэ къэгъэлъэгъуэныр. Зэубыд Ахьмэд «Зауэм и бын» зыфIища и тхыгъэхэм къыщигъэлъэгъуэжащ зауэм, зауэ нэужь лъэхъэнэм гъащIэр хьэлъэ дыдэу зэрыщытар.*

*Мы темэм щIыпIэ хэха щаубыд Зэубыдым и усэхэми. Псом хуэмыдэу «Сыкъыщыхъуа махуэр», «Жьыныбэу сыхэплъэм си цIыкIущхьам», «Зауэ дыркъуэ» жыхуиIэхэм. ГъэщIэгъуэнщ усакIуэм и жыIэгъуэхэр – «Сыкъыщыхъуар цIыху гъащIэ икъухьыгъуэт», «СызоплъэкIыж гупсысэ къуэпс теплъызэу, ильэсхэр псыхьэлъахуэу зэрохъэх», «Гупсысэ тхъуахэр зэхузохъэсыж». Гупсысэ куу щIэльщ мыбыи – «Фызабэ анэм ишэчащ Iэслъэсыр... ильэс къэсыху итхъэщIурэ пщIэнтIэпскIэ». УсакIуэм жеIэр «гуфIакIэ IускIэ» зи бынхэр зыпIа фызабэхэр гуфIэгъуэ куэд зэрыхэкIыжар.*

*Философие куу щIэлъщ мы сатырми: «ГъащIэр гъуэмылэ тхуримыкъуу, сыт щыгъуи щIылъэм къытонэж» («Зауэм и дыркъуэ»).*

*Иужь зэманым адыгэбзэр хъумэным, абы зегъэужьыным къыхуезыджэхэр куэд хъуащ. Абы и щхьэусыгъуэр глобализацэм къишэ хабзэ мыхъумыщIэхэу лъэпкъ мыинхэм я мыхъэнэр езыудыхырщ. МащIэкъым мы проблемэм загъэIущу тепсэлъыхьхэр, псалъэ дыгъэлрэ къыхуеджэныгъэ гъущэкIэ эфирри газетхэри зыубыдхэр. Адыгэбзэр къызэтенэн, абы зегъэужьын Iуэхум и хущхъуэр къыщылъыхъуэн хуейр унафэщIхэм, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм пыщIахэм, анэ-адэхэм я дежщ. Абы и лъэныкъуэкIэ къалэнышхуэ къапэщытщ усакIуэхэми, тхакIуэхэми, щIэныгъэлIхэми. Абыхэм адыгэбзэм зрагъэужь къудейкъым, атIэ я тхыгъэхэм къыщагъэлъагъуэ адыгэбзэм и зэфIэкIыр, беягъыр. Къэтхьынщ щапхъэу ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, Бемырзэ Мухьэдин, Бещтокъуэ Хьэбас, IутIыж Борис сымэ я тхыгъэ купщIафIэхэр. Абы езым и Iыхьэ гуэри хелъхьэ Зэубыд Ахьмэди. Апхуэдэщ абы и усэхэу – «Гузэвэгъуэ», «Анэдэлъхубзэ», «Псалъэ» жыхуиIэхэр. Анэдэлъхубзэм теухуа гупсысэхэр кIуэцIрокI Зэубыдым и очерххэми, хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм папщIэ игъэхьэзыра радио нэтынхэми.*

*Сабийхэм ятеухуа усэ Iэрами и Iэдакъэ къыщIэкIащ Ахьмэд. Абы и мащIэкъым IуэрыIуатэм, адыгэ тхыдэм епха усэхэри.*

*Зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуа си ныбжьэгъуфIым, шынэхъыщIэу къэслъытэм (абырэ сэрэ интернатым дыщызэдеджащ) сохъуэхъу узыншагъэ быдэ иIэну, и гъащIэри и творческэ гъуэгуанэри кIыхь хъуну.*

**БАКIУУ Хъанджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*



*Усэхэр* 

## ЗЭУБЫД Ахьмэд

* * *

Сабиигъуэм сыкъибжыкIыу
Сывагъуэбжщ.
Си къурш лъахэм
Зэнзэныпсхэр щызэхож.
КIуэмэ-лъэмэ сыщIэмыхьэу
Бгыщхьэм дож
Лъагъуэ хэж...
Сабиигъуэм сыкъиплъыкIмэ —
Вакъэнжей —
Вакъэр щабэщ. Бгыщхьэр лъагэщ.

Жэщыр уейщ.
Ауэ анэм игу хэмыщIу
Жэщмыжейм
Нэху къекIамэ —
Дунеишхуэр сэрат зейр!
Жэщыр пшагъуэу,
Уэс иутэу къыспожьэж —
ЩIымахуэщхьэм
Фызабэбгыр щIекъузэж...
Сабиигъуэм сыкъиджыкIмэ —
Джэрпэджэж.
Сабиигъуэм сыкъибжыкIыу
Сывагъуэбжщ.
Сабиигъуэм сыкъиплъыкIмэ —
Вакъэнжей.
Жэщмыжей...
Акъылэгъу къысхуэмыхъуащэрэт
ЦIыху жьей.



## ПЩIЫХЬ

Ныжэбэ
ПщIыхь слъэгъуащ:
ХьэрэмэIуащхьэ щыгу
Зэманым тпыIуиха
Нартыжьхэр тоджэгухь.
Я хэтIэ-хэсэщ,
ХьэгъуэлIыгъуэ махуэщ...
А Iуащхьэ лъабжьэм деж
И закъуэу щIалэ цIыкIу
КъикIухь-никIухьу щытт —
ДжэгупIэр зэпиплъыхьт.
... ЩыдаIуэм зэхихащ:
«Ей-ей! —
Сыт, щIалэ цIыкIу,
Укъихуэмэ пфIэфIынт
ХьэрэмэIуащхьэ щыгу?!»
Ныбжь гупыр дыхьэшхащ,
ЗэщIагъэзджызджэу бгыр,
ИтIанэ

Сабий щтам
ГущIэгъукIэ къыпежьащ:
«Мэ, къэубыд, нану,
Шэрхъ цIыкIур ныдоутIыпщ...»
... А шэрхъ къаутIыпщам
Си пщIыхьыр пиупщIащ.

* * *

Гъэужь махуэу
ЩIылъэрыжэ,
Бжейм дэжейуэ
Зэбгырыж.
Псалъэр бзу
Бзэрабзэм йоджэ –
ЗымыщIэжщ ар
КъэувыIэж.
ЩIылъэр
Маплъэ,
ГъащIэр
Малъэ,
Уэ уздэплъэр
Къэгъуэтыж!
СыпщIыхьхэплъэщ
Жэщгъуэлъыжым,
Сыхоплъыхь –
Узмыгъуэтыж...
Гъэужь махуэу
ЩIылъэрыжэ,
Бжей дэжейм
Упымыбжыхь.
Псалъэр къыщыджам
Ужеймэ,
Уохъу лъэрынэ –
Уджыджыхь...

## ГЪАТХЭКУ ПЩЭДДЖЫЖЬ

Си зэшым
И зы щIылъэныкъуэ,

Си дэрэжэгъуэм
И зы къат!
Пщэдджыжь къэушым
И лъэбакъуэу
Къипщытэр дыгъэм
Сэ къэскIуат?!.
Псы Iуфэм
Хьэндыркъуакъуэр щочэ,
Бабыщыр
Кхъуафэжьейуэ йос.
НэхугъэкIэ
Даущ зэпэджэр
Ныбжь ужьыхыжхэм
Я къуагъ къуэсщ.
Къулъшыкъу дыгъэпсыр
КъызоIусэ —
Къысщохъу
ЗыгуэркIэ къысхуэупсэу...
Гъатхэку пщэдджыжьым
И уэсэпсым
ХепIыкIыр
Си гупсысэ сысхэр...



* * *

*Тхыдэжь и уасэщ напIэзыпIэр...*
**Сокъур Мусэрбий**

КъемыкIуми сщIэркъым
ЗэщIэушэ
Псалъэ гъэшакIэ
ЛIыр бгъэфIэныр.
Слъэгъуащ — зэхэсхри —
ПсэзыщIэшэ
Усэ сатыр
Сызыгъэдэхэн:
«Тхыдэжь и уасэщ
НапIэзыпIэр...»
Псалъэжь хъужауэ
Зэхызох,

Псэм кӀэрыпщӀарэ
Схужымыӏэу,
Лъэщагъыу щыӏэм
Я пшэкӀухьщ.
Адыгэ псалъэм
И дахагъым
И нурыр
Гум къыщипсэгъар
Тхыдэжь
ЛӀэужьым и кӀыхьагъкӀэ
Уэ уи гум пхыкӀыу
ЗыхэсщӀащ...

## ЗАУЭМ И ДЫРКЪУЭ

Си сабиигъуэм,
Зы илъэсым хыхьэмэ,
Адрейм къызэпрыкӀыжурэ,
ГъащӀэу къызэпичар
КъызэхекӀухьыж,
Зыми хигъуэтэжкъым
Зэи имылъэгъуа и адэр...
Къэнэжар
Абы и цӀэ закъуэращи,
Ари топ гъуагъуэ макъым
Къыхухэхыжкъым...
Къызогъэзэж,
Сыздынэсын хуеями сынэмысауэ:
МыдэкӀэ щызгъуэтыжкъым
ГуфӀакӀэ ӀускӀэ
Дуней хъурейр
Зыгъашхэу щыта
Фызабэхэм
Къытхуагъэна гуфӀэгъуэри!
ИтӀанэ
СыкӀуэтамэ, —
ЩыхупӀэм сыщхьэщытщ —
Ахърэт нэдыр
И нэщӀащэ
НэщӀ-фӀыцӀэхэмкӀэ къыспоплъэ...

Ауэ сэри ар схуэгъэнщIынукъым:
Илъэсу къэзгъэщIар
Си гум изогъэгъуэлъхьэжри,
Къызогъэзэж —
ГъащIэр
Гъуэмылэ тхуримыкъуу
Сыт щыгъуи
ЩIылъэм къытонэж!

* * *

Си псэм и щIэжьейщ
Иджыри си гур,
Ныбжьу зыпхыкIам
Йотхьэкъужыф.
Псэм хьэлъагъыу
Къытехуам щыщ зы бги
Къигъэхъуакъым щыдэмыкIыфа!
Псэмрэ гумрэ
Сракхъуафэжьейуэ,
ГъащIэм и толъкъунхэм
СапхосыкI.
Къемэтмахуэр —
(Сыхьэзырщ ар къэсми) —
КъыслъитIысхьагъэххэу
ХощэтыкI...

* * *

Си пщIыхь зелъатэхэм къахыхьэ,
Жэщыбг кIуэрыкIуэкIэ сыгъэнщI.
ЗызмыгъэнщIыжу сызыщIыхьэ
Уи жьауэ пэкIуэр къызэгъэщI.
ЗыхэдгъэгъапскIэ ди гуфIэгъуэм —
Насып къудамэхэр мэсыс!
Ди гъащIэр йощIэ дэрэжэгъуэу
Хъыринэ. Псэр уи куэщIым илъщ.

* * *

СыгуитIщхьитIыбзэу къызокIухь,
Сыадыгэпсэу.
ИкIи си лъэпкъыр си пшэкIухьщ,
Уи зэнзэныпсу.
ЩыIэжкъым зыри, псори пцIыщ.
Мэгыз цIыху щIыхьыр.
Си хъуреягъыр къеджэдыхь
Ажал пщэ кIыхьым.
Ауаныр щIопщу къызохьэкI,
Дэп зэхэкIыжу.
Хьэзабыр псэзэпехулэкIщ,
ЩыплъэмыкIыжым.
ЦIыху жьабзэ псалъэр псэм и щIэжщ,
Усэбзэ пщалъэу.
Псэ дыркъуэр кIыхьурэ мэкIыж,
ЗымыщIэщ пIалъэ…

* * *

ТфIэкIуэдыр зыхэдмыщIэурэ
ТIэпокI, —
ГуфIэгъуэм и дыджагъыр
КъыдгурыIуэжкъым.
Бэджыхъ кIэрыщIэу
КъыщIэкIыж гукъэкIыр
КунэщIщ,
Ди гунэфагъым ещIыIэкIыу…
Тхьэлъанэ хэлъкъым
Лъагъуныгъэ хъуэпскIым —
Ар гумрэ псэмрэ
Я зы зэрыдзэнщ!
БэмпIэгъуэм и чнутIу
УафэхъуэпскIым
Зэрыуэгу лъащIэу
И зэхэзедзэнщ!

* * *

ЩхьэгъэпцIэжщ
Мы дуней зэщIэжьыуэр.

Псэмрэ гумрэ
Щыхуарзэ ныкъуейм
Жьапщэ задэм
ПэкъуащIэу зеужьри,
Щогъуэлъыж
Гурыгъуазэм и куейм.
Дэнэ уэ
Къыздипхар гукъыдэжхэр?!
Хьэрш псчэуIур
Щхьэщытщ щIы хъурейм.
Гъуанэдэплъщ
ЩIыху гугъапIэ зэхэжхэр.
Нэплъэжыгъуэр
Ахърэт мылъку мыхъейщ.

* * *



Мес, аргуэру
Бжьыхьэпэ мазащхьэр
Щхъуэмчгъэлъалъэ
Мэджэгу, мэкъулей.
Сыту Iув
Дуней хьэхум и лъыщхьэр,
Ем къелар
Етхьэлэж Хъумбылейм.
Уэри сэри
ДыщыIэщ. ИтIани
Сыт мы сигу
Зэщыкъуар щIэгужьейр?!
СощIэ —
ГъащIэм и тешэ тIуанэу
Ажал къуэпсым
Зыщедз мы дунейм.

* * *

Ди пщэдейр
БлэкIагъэххэщ дыгъуасэ.
Ди дыгъуасэр
Псэузу фэрэкIщ.

Икърарджэгу
ФэрыщIыгъэр игъасэу,
Лъэпкъым къещIыр
Иджыри фэрыдж.
Си акъыл
Ныкъуэ пIыщIэм къигуэщIыр
Си фIыщIауэ
ЩытамкIэ шэрэзщ.
Щхьэтегъэу
Къуажэрыхьым и куэщIым
Ису си псэр
Бжьыхьэпэм доплъыз.

* * *

ЩIыху гъащIэ-джанэр
Фащэу зэрыдащ,
Тхуэзэв-тхуэбыхъуми,
Тщыгъщ, зридгъэдахэу.
Абы допщIыпщI
Хьэрш лъащIэ зэIущар —
Марыхъу-марыбзкъым —
Ар Езым тхуидащ!
Ди гъащIэ Джанэр
Жьыфэ зыщIэмыжщ,
ЩIэжьейм дожьу,
Уэзджынэ дыжьыныпсу.
Ажалыр жылэу
Зэрылъэлъ щхьэмыжщ,
ХоткIухьри ЩIылъэм,
ГъащIэу къыдожыж.

* * *

Хэт дэ нобэ дыкъэзыщIыхур?
Зи хущхьэ хъуа бзухэр
Дунейм техуэжкъым,
Укъагъэчэну.
Дыхуитыжкъым
Лъэбакъуэ щIэтчэну —

Ди унэ лъащIэр
Нэсащ къэчэным.
Дэри дыщысщ дыхэплъэу,
Ди фэр пыхьэ-пыкIыу.
Хэт и гулъытэ!
ПцIы зэфэзэщу зэIылъщ
Дунеижь къекIэрэхъуэкIыр.
Нартхэм
Нэмысым пащIыр сытыт —
Нартхэм я Хасэр
Зэфэзэщ гулъытэт,
Лъэувыгъуэ ирамыту
Нэдж-нэпцIыгъэм,
«Уащхъуэ мыващхъуэ кIанэ!» —
Я щIэщхъум
ТращIыхьыжт тхьэлъанэ,
Къызэхуамыгъэнэжу гукъанэ...
Гукъанэм, —
Псэм къыхэна банэу, —
ТрещIыхьыж
Си гущхьэм бдзанэ.
Къытщхьэщымытыж
Ди адэхэм
Я лIэужьыр чийлъэрыкIуэ гуэбэну
ЗэрытшэщIым и кIэрыщIэну
Зэрылъху-зэрыпIхэм
ЗэхуащI хъуа гурыщхъуэр
Дияуэ зэщымыщхъущ,
Хуэдмыгъуэтыжу хущхъуэ.
... Нартхэм
Гулъытэ зыхуащIыр
ЩIыри
Хыри зыцIыхухэрт.
Тобэ!
Дэ дысыт цIыхухэ?!.

# «АДЫГЭ ХАБЗЭР» ИСТАМБЫЛ НЭСАЩ

ТхакIуэ, щIэныгъэлI МафIэдз Сэрэбий и «Адыгэ хабзэ» тхылъыр илъэс блэкIахэм бзэ зэмыщхьхэмкIэ къызэрыдэкIыжам цIыху куэд щыгуфIыкIащ. Тхылъыр къагъэщIэрэщIэжри, адыгэбзэкIэ дунейм къытехьащ, иужькIэ, урысыбзэм щIэлъэIухэр зэрыкуэдым къыхэкIыу, а бзэмкIи ягъэхьэзыращ. Къанокъуэ Викторие зи унафэщI тхылъ тедзапIэ унэм а проектым нэхъри зригъэубгъуащ – Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр къэлъаIуэри, «Адыгэ хабзэр» тыркубзэкIи зэрадзэкIащ.

Дунейм къытехьа тхылъыщIэр дахэу утыку къыщрахьащ Истамбыл. Кокасинан щэнхабзэ центрым щызэхуэсат Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я лIыкIуэхэр, хасэ тхьэмадэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр, егъэджакIуэхэр, зи лъэпкъым и къэкIуэнум ирипIейтей цIыхубэр. Ахэр щыгуфIыкIащ адыгэм и гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызыубыд адыгэ хабзэмрэ абы къызэщIиубыдэ къалэнхэмрэ щызэхуэхьэса тхылъыр иджы тыркубзэкIэ я деж зэрынэсам. АдыгэбзэкIэ къемыджэфми, анэдэлъхубзэм ирипсалъэр щыкуэдщ Тыркум. Пшыхьым къекIуэлIа нэхъыжьхэми щIалэгъуалэми къыхагъэщащ ар къызэрыдэкIам мыхьэнэшхуэ зэриIэр, адыгэм и дуней тетыкIэм, и цIыху хэтыкIэм, хьэщIагъэ ехыкIэм, пщIэ хуэщIыкIэм, захуагъэр, пэжыгъэр, укIытэр, гулъытэр, нэхъыжьыр гъэлъэпIэныр, бзылъхугъэр лъытэныр, сабийм хуэсакъыныр псом япэ зэрырагъэщым, нэгъуэщIхэми къыдэкIуэтей щIэблэр хуаущиинымкIэ сэбэпышхуэ зэрыхъунур.

Пшыхьыр къыщызэIуахым япэу утыкур хуит хуащIащ Тыркум щылажьэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ Хьэгъундокъуэ Яшар. Абы фIыщIэ яхуищIащ хэхэсхэм я лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр яхъумэжыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIу тхылъыр къыдэгъэкIыным жэрдэмщIакIуэ хуэхъуахэмрэ елэжьахэмрэ. ИкIи къыхигъэщащ адыгэхэм нобэ яIэ хъуа зэхэтыкIэр къыщежьэр я нэхъыжьхэм ябгъэдэлъа акъылымрэ Iущагъымрэу зэрыщытыр.




**МафIэдз Сэрэбий тыркубзэкIэ къыдэкIа и тхылъыр.**

– ЦIыху зэгурыIуэкIэм, лъэпкъ зэхэтыкIэм хуэгъэпсауэ arащ адыгэ хабзэр. Я насыпщ зи лъэпкъ хабзэр блэкIа зэманыжьым и щIэину зезыхьэхэм, ар ирагъэфIакIуэрэ яIэщIэмыхуу къэгъуэгурыкIуэхэм. Дэ а Iуэхугъуэм дыхущIокъу икIи нэхъыжьхэм ди къалэну къызолъытэ хабзэр щIэблэм ябгъэдэлъхьэныр. Арaщ дэ

хамэ лъэпкъхэм дахэмышыпсыхьыжынымкIэ, нэгъуэщIхэм я хабзэ дытемыхьэнымкIэ щIэгъэкъуэнышхуэу диIэри, дывгъэхъумэ!

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ икIа хьэщIэхэри.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм ис лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэхэм я советым и тхьэмадэ, Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ щэнхабзэ автономием и унафэщI Уэхъутэ Александр сымэ къыщыпсалъэм жаIащ тхылъыр бзэ нэхъыбэкIэ къыдэкIыху сэбэпынагъ нэхъыбэ къызэрихьынур, къэрал 50-м щIигъум щикъухьа адыгэхэр абы хуэныкъуэу зэрыщытыр.



**ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ Къуэщхьэ Догъанрэ МафIэдз Сэрэбий и тхылъым топсэлъыхь.** *2017*



Тхылъыр бзэ зэмыщхьхэмкIэ къыдэгъэкIыныр зи гуащIэ къыдэкIа Къанокъуэ Викторие псалъэ щратым къыхигъэщащ лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэу плъытэ хъуну хабзэхэр щызэхуэхьэса тхылъыр пIалъэ-пIалъэкIэрэ къыдэгъэкIыжыныр зэрыIуэху щхьэпэр.

– Адыгэ щIэныгъэлI гъуэзэджэ, хабзэм и хъумакIуэ МафIэдз Сэрэбий и тхылъыр лъэпкъым дежкIэ лъапIэщ, – жиIащ Викторие. – Дэтхэнэ цIыхури къэкIуэнум хуэплъэу мэпсэу. Дэри абы дегупсысурэ ди щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр тхъумэн, ар и лъабжьэу къыдэкIуэтей ныбжьыщIэхэм я щIэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ нэхъри едгъэфIэкIуэн хуейщ. Псори щIэтщIэр лIакъуэм къыпызыщэ щIэблэр зэрыарар къэплъытэмэ, тхылъыр сыт щыгъуи гъащIэм и гъуэгугъэлъагъуэу къокIуэкI. Абы ипкъ иткIэ, гуфIэгъуэми гузэ-

вэгъуэми епха дауэдапщэхэр, псэукІэм ехьэлІа хэкІыпІэхэр, дуней тетыкІэ екІур щызэхуэхьэса адыгэ хабзэхэр зэрыт тхылъыр дэтхэнэ унагъуэми щІэлъын хуейуэ къызолъытэ. Абы и мыхьэнэм и инагъыр къэфлъытэу, тыркубзэкІэ зэвдзэкІыну жэрдэм зэрыфщІам къегъэлъагъуэ фи лъэпкъ зэхэщІыкІыр зэрымыкІуэдар, хамэхэм фахэсми, фи адыгэгур зэрыфхъумар. ФІыщІэ хуэсщІыну сыхуейщ щІэныгъэ лэжьыгъэу къэплъытэ хъуну а тхылъ хьэлэмэтыр тыркубзэм къизыгъэзэгъа Емуз Баязит. Тхылъыр Іэмал хъарзынэщ фи хэкум, лъэпкъым, бзэм, хабзэм пэІэщІэ фымыхъунымкІэ. «Адыгэ щэнгъасэращ хабзэм и купщІэ нэхъыщхьэр. Си гъащІэ псом и диссертацэу жыпІэ хъунущ мы тхылъыр», – жиІэт тхакІуэм, апхуэдизу къару хилъхьэу елэжьати. Фэри а лъапІэныгъэхэр ффІэмыкІуэдыну Тхьэм жиІэ.

Емуз Баязит къыхигъэщащ тхылъыр гъэхьэзырыным иужь итахэр тыншу зэрызэдэлэжьар, я лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэр яхъумэжынымкІэ сэбэпынагъ къихьыну гугъэу къыдагъэкІа «Адыгэ хабзэм» и къалэн зэригъэзэщІэнур, ар дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми зэрилъынур.

Апхуэдэу зэІущІэм къыщыпсэлъащ Жылэхьэж Эрдогъан, Нэгуэр Фатхьи, Алъэсчыр Жанберг, нэгъуэщІ куэди.

Зи лъэпкъ щІэиныр хамэ жьэгу щызезыхьэ ди лъэпкъэгъухэм я гупсысэр, псалъэр, гурыщІэр куэдт а пщыхьэщхьэм. Дэтхэнэми и еплъыкІэ иІэжт нобэ Тыркум ис адыгэр къызэрызэтенам, ар хэкум пыщІа зэрыхъуам, лъэмыж пэлъытэу зэзыпх Іуэхугъуэхэр зэрыщыІэм, хэкІыпІэу къагъуэтхэмрэ гуныкъуэгъуэу яІэхэмрэ ятеухуауэ. Илъэси 150-м щІигъуауэ зи адэжь лъахэ имысыжхэм я гуныкъуэгъуэм уигъэгупсысэрт, ауэ апхуэдиз лъандэрэ яхъумэфа адыгэбзэмкІэ утыкушхуэм къызэрыщыпсалъэм, я щхьэр, я бзэр, я хабзэр яхъумэжын папщІэ сыт хуэдэ Іэмалри къызэрагъэсэбэпым гур хигъахъуэрт.



**Презентацэм хэтхэщ** *(сэмэгумкІэ къыщыщІэдзауэ):* **уэрэджыІакІуэ Хьэкъул Оксанэ, Кърым тхылъ тедзапІэм и адыгэ къудамэм и унафэщІ Къанокъуэ Викторие, журналист НэщІэпыджэ Замирэ сымэ.** *2017*

Тхылъым иращІэкІа «лъэтеувэр» и уэрэд щІэщыгъуэхэмкІэ игъэдэхащ КъБР-м и Къэрал филармонием и солисткэ, уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ Хьэкъул Оксанэ.



7 Заказ №144

* * *

Зэхыхьэм хэтахэр я гупсысэхэмкIэ къыддэгуэшащ:

**Хьэгъундокъуэ Яшар:** – Фэ зэрыфщIэщи, Тыркум ис адыгэхэр гукIи псэкIи иужь дитщ ди бзэмрэ хабзэмрэ зэрытхъумэжыным. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, дызэрыс къэралым и тхылъхэр нэхъ къэдгъэсэбэп мыхъумэ, ди лъэпкъым къыдигъэкI тхылъу мащIэщ къытIэщIыхьэр. Ар и щхьэусыгъуэу хамэм ядэплъей хъуа щIэблэм я дежкIэ мыхьэнэ ин иIэщ мыбы. Балигъхэр зэрыщыгуфIыкIым хуэдэ дыдэу, ныбжьыщIэхэми зэбграхынущ, сыту жыпIэмэ, абыхэм я лъэпкъ зэхэщIыкIыр лъагэщ. Дэнэ къэрали щыхэхэс адыгэм нобэкIэ и къару нэхъыбэр зытригъэкIуэдэн хуейр ди щIалэгъуалэр зыщыщыр ящIэжу къэгъэхъунырщ, ар зыхэс лъэпкъхэм къазэрыщхьэщыкIыр яхэлъхьэнырщ. Зи гугъу сщIыр, шэч хэмылъу, лъэпкъ хабзэращ. А псори щызэхуэхьэса тхылъыр сэбэп хъунущ зи нэхъыжь бгъэдэсыжу, зи хьэблэ дэсыжу щымыт хэхэсхэм я дежкIэ. Ину фIыщIэ яхузощI ар зигу къэкIахэми, зи гуащIэ хэзылъхьахэми.

**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд:** – МафIэдз Сэрэбий илъэс 40-м щIигъукIэ си ныбжьэгъуащ. Ди унэр зэбгъэдэтт, я унагъуэм сихьэрт. Мы тхылъыр адыгэбзэкIэ дунейм къыщытехьам япэ дыдэ зритахэм сащыщщ. ИужькIэ езым урысыбзэкIэ зэридзэкIыжри, ди университетым къыдигъэкIащ. Иджы мис, аргуэру гъащIэщIэ иратауэ жыпIэ хъунущ. Хуабжьу си гуапэщ ди къуэшхэр куэду зэрыс хэгъэгум къызэрыщыдагъэкIар. Абы нэмыщI, мыпхуэдэ сэбэпынагъи пылъщ мы Iуэхум – дэ ди хабзэм хуэдэр лъэпкъ зыщыплIым яIэу аращ, ахэр бзэ зэмыщхьхэмкIэ къыдагъэкIмэ, нэгъуэщI лъэпкъхэм едгъэцIыхумэ, ди культурэр нэхъ зэпэгъунэгъу ищIынущ.

**Шурдым Гюнсель:** – Хамэ къэралхэм щыхэхэс адыгэхэмрэ хэкужьым ис ди лъэпкъэгъухэмрэ, ди гуапэ зэрыхъущи, иужьрей зэманым нэхъ зэпыщIа мэхъу, зэкIэлъокIуэ, зэрощIэ. Нобэ дызэхуэзышэса Iуэхури а щхьэусыгъуэхэм ящыщщ. Ди лъэпкъыр зэрыгушхуэ хабзэр Тыркум исхэм къазэрыгурыIуэн бзэкIэ къыдагъэкIауэ зэбграгъэкI. Ар икъукIэ Iуэху дахэщ, зы лъэпкъыр адрейхэм къахэзыгъэщыр и бзэмрэ и хабзэмрэщ. Дэ Iэмал зэриIэкIэ ахэр зэрытхъумэным иужь диту дыкъогъуэгурыкIуэ. Нэхъ гугъу дыщехьа зэманхэр блэкIащ, иджы фэрэ дэрэ нэхъ зэкIэлъыкIуэ дызэрыхъужрэ ди гур нэхъ къэIэта хъуащи, сэбэп къытхуэхъуну къэтлъытэ зы Iуэхури хэхэсхэм къазэрыхэтхьэным дыпылъщ. Си щхьэкIэ си фIэщ мэхъу мы тхылъыр къыдэзыгъэкIахэм я мурадыр къазэрехъулIэнур, Тыркум ис дэтхэнэ адыгэ унагъуэми ар зыIэригъэхьэу нэхъ лъапIэ дыдэу иIэхэм ящыщу зэрызэрихьэнур.

**Тумэ Рэхьми:** – Сэри си Iэдакъэ къыщIэкIащ адыгэ хабзэм теухуа тхылъ. Адыгэ хабзэр дахэщ, сэбэпщ, сыт хуэдизрэ утепсэлъыхьми, утетхыхьми хужыпIэнрэ тептхыхьынрэ бгъуэтыну. Мыр псэукIэр нэхъ дахэ, купщIафIэ, цIыху зэхэтыкIэр нэхъ екIу, нэхъ дахэ зэращI Iэмэпсымэу жыпIэ хъунущ. Зы парламенти къыхуэщтэну къыщIэкIынкъым апхуэдэ унафэ зэгъэзэхуарэ купщIафIэрэ. Адыгэм Iущагъ куэд хэлъу щытащ. ЛIакъуэ

бжыгъэ дэкIа пэтми, и адэжьхэм я бзэмрэ я хабзэмрэ ихъумэу ди лъэпкъыр къызэрыгъуэгурыкIуэм уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Мис мыпхуэдэ тхылъхэр нэхъыфIыжу сэбэп хъунущ ди лъапIэныгъэхэр тхъумэжынымкIэ, ди нэхъыжьхэм яхуэфащэ щIэблэ къытщIэхъуэнымкIэ. Абы ипкъ иткIэ, тхылъыр тыркубзэкIэ къыдэгъэкIыным елэжьахэм фIыщIэ яхузощI.

**Къущхьэ Догъэн:** – Тхылъыр зэрадзэкIа нэужь, сыхэплъэри, пэублэ псалъи хуэстхащ, езыри щIэзджыкIащ. Пэжым ухуеймэ, хуабжьу къытхуэсэбэпынущ мыр, тщыгъупщэжа куэди, къэдмыгъэсэбэпыж куэди къыдигъэщIэжынущ. Ахэр зэтхьэжу щытамэ, ди зэхэтыкIэри, зэхущытыкIэри нэхъри ефIэкIуэнут. Мыр зы махуэм, махуитIым, е илъэсым къагупсыса гуэркъым, атIэ гъащIэм къыхэкIа хабзэщ, аращ апхуэдиз къару щIиIэр. Ар адэкIи ди щIэблэм я деж нэтхьэсын хуейщ Iэмал имыIэу.

Истамбыл инщ, хьэблэ-хьэблэкIэ дэгуэшауэ дэсщ адыгэр, тыркухэм яхэсу. Абыхэм тхылъыр ялъэIэса хъумэ, и къалэныр зэригъэзэщIэнуми, гугъу ехьу къыдэзыгъэкIыжахэми я лэжьыгъэм фейдэ къызэрыпэкIуэнуми шэч хэлъкъым.

**Уэхъутэ Александр:** – Хуабжьу си гуапэ хъуащ ди къуэшхэм я нэхъыбэр зэрыс Тырку къэралыгъуэм МэфIэдз Сэрэбий и IэдакъэщIэкIыр тыркубзэкIэ къызэрыщыдагъэкIар, а Iуэхум сыкъызэрырихьэлIар. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, «Адыгэ хабзэ» тхылъыр бзэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ къыдэбгъэкI хъунущ, адыгэхэр зэрыс къэралхэм я мызакъуэу, нэгъуэщI щIыналъэхэми щызэбгрыбгъэкIыныр игъуэщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар сыт хуэдэ лъэпкъым дежкIи, цIыхум дежкIи зэран хъунукъым, мыр цIыхур зэрыпсэун, зэрихьэн хуей хабзэхэр щызэхуэхьэса щIэнгъуазэ хьэлэмэтщ.

Тыркум исхэр къапщтэмэ, нобэ къыдэкIуэтей щIэблэм бзэр зыщIэжу яхэтыр мащIэщ, ауэ зэрыадыгэр зыщагъэгъупщэркъым. Мис абыхэм я дежкIэ сэбэпышхуэщ къызыхэкIа лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI хабзэ дахэхэр тыркубзэкIэ щIаджыкIыу ар зыхалъхьэну. Ди хэкуми щыIэщ апхуэдэ гуныкъуэгъуэхэр. Ар къалъытэри, адыгэбзэм и мызакъуэу, урысыбзэкIи къыдагъэкIащ. Иджыри зэ къытезгъэзэжынщи, «адыгэ хабзэр» сыт хуэдэ бзэкIэ зэбдзэкIми лей хъунукъым, фIагъ куэд къихьыну фIэкIа.

**Емуз Баязит:** – «Адыгэ хабзэ» тхылъыр дэнэ щыпсэу адыгэм дежкIи зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ хъугъуэфIыгъуэщ. Ар хэкум исхэм къагъэщIэрэщIэжу къыщыдагъэкIыжам дехъуэпсат. ДиIарэт щыжытIэм, мурад тщIащ, зи бзэр тIэкIу зыIэщIэхужа хэхэс адыгэхэм я дежкIэ тыркубзэкIэ зэддзэкIыну. Тхылъыр къыдэзыгъэкIыжахэм защыхуэдгъазэм, дагъэщIэхъуакъым. ФIыщIэ яхузощI Къанокъуэ Викторие зи пашэ гупым, тхылъ тедзапIэм и къудамэу Налшык дэтым и унафэщI, нэхъыбэу къыддэлэжьа Хужьокъуэ Анжелэ сымэ. Псоми ди къару зэхэтлъхьэри, дунейм къытедгъэхьащ тыркубзэ тхылъыр. Хуабжьу щIэупщIэшхуэ иIэщ, яфIэфIу зэбграхыну къысщохъу, интернетымкIэ къыщIэупщIэхэри куэдщ.

**Хужьокъуэ Анжелэ:** – Лъэпкъым и дуней тетыкIэмрэ иригъэкIуэкI дауэдапщэхэмрэ я хабзэр щызэхуэхьэса тхылъым хэт дежкIи мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ауэ, сэ сызэреплъымкIэ, абы хуабжьу нэхъ хуэныкъуэр хамэ къэрал ис ди лъэпкъэгъухэращ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, хэкурысхэм ди хабзэхэр ди нэгу щIэт зэпытщ, цIыху дыхыхьэми, гуфIэгъуэ дыкIуэми. Хамэ хэку къыщыхъухэм ар я псэм хэлъу, хуэсакъыпэу я унагъуэхэм щахъумэ мыхъумэ, апхуэдэ Iэмал яIэкъым. Си гугъэщ хэхэс адыгэхэм захъумэжынымкIэ, къызыхэкIар ящIэжу я щIэблэр къагъэхъунымкIэ мы тхылъыр зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми сэбэп яхуэхъуну.

**Брам Алатин:** – МафIэдз Сэрэбий и IэдакъэщIэкIым иIэ уасэр зымылъытэ къытхэту къыщIэкIынкъым. Хабзэр унагъуэщ, лъэпкъщ, жылэщ, бзэщ, акъылщ, псэукIэщ, менталитетщ. Аращ узыщыщ лъэпкъым и фэ къуезыгъэплъыр. 1980 гъэм франджы щIэныгъэлI гуэрым итхащ дуней псом хабзэ убзыхуауэ тетыр плIы къудей фIэкIа зэрымыхъур. А плIым язщ адыгэ хабзэр. Ар дэ зэи дгъэкIуэд, ди щIэблэм ящыдгъэгъупщэ хъунукъым. Иджы тыркубзэкIэ къыдэкIа тхылъыр хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ лъэмыж зэрахуэхъунум шэч къытесхьэркъым. Тхьэм дызэригъэIыгъ.

Дыщэр чэзэпкIэ ягъэунэхумэ, адыгагъэр зэрагъэунэхур адыгэ хабзэрщ, адыгэ нэмысырщ, цIыхугъэрэ пэжагъкIэщ. А фIыгъуэм нэхъыфI зэрыщымыIэм, абы зэрыхуэсакъыпхъэм, хабзэмрэ бзэмрэ лъэпкъым и блэкIауэ, и нобэу, и къэкIуэну зэрыщытым иджыри зэ щыхьэт техъуащ Истамбыл щекIуэкIа пшыхьыр.



**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**
*Налшык – Истамбыл – Налшык*

# ЦIЫХУ ЦIЭРЫIУЭХЭР

## ФРАНДЖЫ ГЪУАЗДЖЭМ И ВАГЪУЭ



Тхыдэм хэтауэ къыщIэкIынкъым зи творчествэм апхуэдизрэ тепсэлъыхьа сурэтыщI. Пикассо Пабло теухуауэ зэи зыри псэлъакъым шыIэныгъэ хэлъу: хэти абы и цIэр уэгум нэс еIэт, хэти хужимыIэ къигъанэркъым. Бзэ зэхуэмыдэхэмкIэ къыдэкIащ Пикассо теухуа тхылъ куэд. Абы тетхыхьащ Аполлинеррэ Элюаррэ, Маяковскэмрэ Арагонрэ, нэгъуэщIхэри.

Дуней псом тет къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм – Парижрэ Прагэрэ, Токиорэ Римрэ, Нью-Йоркрэ Стокгольмрэ, Мехикэрэ Цюрихрэ, Сан-Паулурэ Амстердамрэ, Москварэ Берлинрэ – щекIуэкIа абы и гъэлъэгъуэныгъэхэр къэхъукъащIэ телъыджэ гуэрым хуагъадэрт. Пабло и лэжьыгъэм дихьэхыр сурэтыщIхэм я закъуэтэкъым, атIэ абы и IэдакъэщIэкIхэм щытепсэлъыхьырт уэрамхэм, клубхэм, шхапIэхэм, метрохэм.

Франджым щыIэ Гримальди Уардэунэр Пикассо и музей ящIащ. КъищынэмыщIауэ, къэрал псоми я къалащхьэхэм дэт музейхэм пэш хэха щаIэщ сурэтыщIым и IэдакъэщIэкIхэм.

Пикассо и творчествэр, абы и гъуазджэр куэдым къагурымыIуэу жаIэ. Ауэ щыхъукIи, абы и цIэр цIыху мелуан бжыгъэм ящIэ. «Ныбжьэгъу» и куэдщ Пикассо, ауэ мынэхъ мащIэу «жагъуэгъуи» иIэщ. Абы ипкъ иткIэ, зи гугъу тщIы сурэтыщIым цIыхухэр зэрыхущытыр тIууэ зэщхьэщокI.

Пикассо Пабло Испанием и Ипщэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ Малаг къалэм 1881 гъэм къыщалъхуащ. Абы и адэ Руис Хуани сурэтыщIт, уеблэмэ сурэт щIынымкIэ егъэджакIуэт. ЩIалэ цIыкIур и адэм дэIэпыкъуурэ дихьэхащ гъащIэм IэщIагъэ нэхъыщхьэ щыхуэхъуа Iуэхум. Хуан щыхущIэмыхьэхэм деж, къыщIидза лэжьыгъэр и кIэм нигъэсыну Пабло къыхуигъанэрт. ЩIалэми ар фIэхьэлэмэту нитхысыжырт. ИужькIэ езы Пабло сурэт ищIу хуежьащ. Абы и IэдакъэщIэкIхэм «Руис-Пикассо» жиIэу кIэщIитхэрт, иужькIэ и анэ Пикассо Марие и унэцIэр къищтащ.

Пабло и сабиигъуэр щигъэкIуар Коруньерэ Барселонэрэщ, абы художествэмкIэ и школым щеджащ. ИужькIэ художествэмкIэ училищэ нэхъыщхьэ Мадрид щыщIэтIысхьащ. Абдеж щегъэжьауэ мурадышхуэхэр зыхуигъэувыжырт. Париж зыбжанэрэ кIуащ, живописым зэрызригъэужьыну Iэмалхэм егупсысу щIидзащ, художественнэ журнал къыдигъэкIыу хуежьащ.

В 1904 гъэм Париж Iэпхъуэну мурад ещI, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а къалэр Европэм и художественнэ центру къилъытэрти. «Париж сыщыщхьэхуиту къысщыхъурт», – жиIэжырт абы. А лъэхъэнэм ар ныбжьэгъу хуэхъуащ тхакIуэ цIэрыIуэу щыта Аполлинер, Жакобо Макс, сурэтыщI Брак Матисс сымэ, Франджым щыпсэунуи къэнащ.

Дуней псом ягу дыхьа и япэ лэжьыгъэхэр XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм итхауэ аращ. Иджы ахэр – «Арлекин» е «Портрет поэта» – классикэм щыщ Iыхьэ хъуауэ ялъытэ.

Пикассо и гъуазджэр зэманым игъэунэхуну хунэсащ. Хэт иджыпсту Бёклин и IэдакъэщIэкIхэм дахьэхыжыр? Футурист Маринетти зыцIыхужыр хэт? Дадаистхэм я усэ еджэжыр хэт сымэ? Ауэ щыхъукIи, 1909 – 1959 гъэхэм Пикассо и цIэр жамыIэу екIуэкIакъым.

Языныкъуэхэр иризодауэ – Пабло испан сурэтыщI хьэмэрэ франджы? Ди деж, Урысей Федерацэм, абы и унэцIэр франджыбзэкIэ щыжаIэ – иужьрей пычыгъуэм ударенэр техуэу, адрейхэм «Пика́ссо» жаIэ. Дауи, Пикассо испану щытащ икIи щытщ. Абы и хэкур фIыщэу илъагъурт, къуищынэмыщIауэ, и теплъэкIи, и хьэлкIи, и дуней тетыкIэкIи испанхэм ещхьыркъабзэщ. Абы зыми шэч къытрихьэркъым. Ауэ цIыхухэм зэдэуэн щыщIадзэр абы гъуазджэм щиубыд увыпIэм деж нэса нэужьщ. Иныкъуэхэм къалъытэ абы и живописым испан Iуэху лъэпкъ хэмыту, и IэдакъэщIэкIхэр Италиемрэ Франджымрэ епхауэ. Езыр испан дыдэщ, ауэ и творчествэр нэхъыбэу зэпхар франджы гъуазджэрщ. Дауэ мыхъуми, Париж и художественнэ гъащIэм хэмытамэ, ар Пикассо хъурэт?!

КъэщIэрэщIэжыгъуэ лъэхъэнэм псэуа IэщIагъэлIхэми хуэдэу, Пабло куэдым дихьэхырт икIи зрипщытырт. Ар живописецщ икIи скульпторщ. Пабло тхылъ куэдым сурэт яхуитхащ, балет куэдым декорацэхэр яхуищIащ.



## НЭМЫЦЭ ТХАКIУЭ



Нэмыцэ усакIуэ, драматург, прозаик, философ, щIэныгъэлI Гёте Иоганн Вольфганг Германием щыIэ Франкфурт Iус Майне къалэм 1749 гъэм августым и 28-м къыщалъхуащ. И адэ Гёте Иоганн Каспар адвокату щытащ, и анэ Катаринэ Элизабет къалэ старшинам ипхъут.

Гёте и адэр цIыху ткIийт, зэпIэзэрытт, пэжагъ зыхэлът. ЩIэныгъэм зэрыхуэнэхъуеиншэмкIэ, гулъытэшхуэ зэрыхэлъымкIэ, зэрыкъабзэлъабзэмкIэ и адэм ещхь хъужауэ къалъытэрт Гёте. И анэращ зи фIыгъэр щIалэр хуабагъэрэ гумащIагъэрэ хуэмыныкъуэу къызэрыхъуар.

Гёте и унагъуэр зыхуей хуэзэу псэурт, библиотекэшхуи яIэт. Абы и фIыгъэкIэ, пасэ дыдэу щIиджыкIащ «Илиада»-р, Овидий, Вергилий, нэгъуэщI усакIуэхэм, тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр. Унэм къэрагъэблэгъа егъэджакIуэм иригъащIэхэм нэмыщI, езыр-езыру куэдым хуеджащ, апхуэдэуи нэмыцэбзэм къыдэкIуэу франджыбзэ, латиныбзэ, алыджыбзэ, итальяныбзэ зригъэщIащ. КъищынэмыщIауэ, Гёте хуэIэзэу щытащ къэфэным, шы тесыным, фехтованием.

Лейпциг университетым щеджащ, 1770 гъэм Страсбург университетыр къиухащ, аращ правэмкIэ и доктор диссертацэр щыпхигъэкIари.

Юриспруденцэм мащIэт Гёте зэрыдихьэхыр. Лейпциг кIуа нэужь, абы фIыуэ елъагъу Шойнкопф Кэтхен икIи рококо жанрым иту усэ

дыхьэшхэн цIыкIухэр хуитхыу щIедзэ. Усэм дихьэха нэужь, нэгъуэщI жанрхэми иролажьэ тхакIуэр икIи произведенэ купщIафIэхэр и IэдакъэкъыщIокI. Щэнхабзэм и тхыдэр зыдж нэмыцэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Гердер Готфир Иоганн хуэза нэужь, Гёте и творчествэм хуабжьу зехъуэж. Страсбург щыдэса лъэхъэнэм тхакIуэ ныбжьыщIэхэм, иужькIэ дуней псом зи цIэр щыIуахэм, гъусэ яхуохъу, и творчествэми зеубгъу. Ауэ и адэм фIэлIыкIырти, юрист IэщIагъэр Iэпэдэгъэлэл ищIакъым, литературэ лэжьыгъэм зыкIи зэран хуэмыхъуу зыкъомрэ къекIуэкIащ.

Урысейм Гёте къыщыщацIыхуар XVIII лIэщIыгъуэм и кIэуххэрщ. Абы и IэдакъэщIэкIхэр япэу урысыбзэкIэ щызэрадзэкIар 1781 гъэрщ. ТхакIуэм и творчествэм япэу щыгъуазэ защIащ икIи щытхъуащ Радищев Александр, Новиков Николай сымэ. Пушкин и лъэхъэнэм гулъытэ нэхъыбэ хуащI хъуащ нэмыцэ тхакIуэм икIи и IэдакъэщIэкIхэу «Фауст», «Вильгельм Мейстер» жыхуиIэхэр зэIэпахыу щIаджыкIырт.

Гёте Иоганн Вольфганг 1832 гъэм дунейм ехыжащ и ныбжьыр илъэс 82-м иту.

## ЛОМБ КАТО



Ломб Като венгр зэдзэкIакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэщ. ЖаIэр занщIэу зэзыдзэкIыу дунейм япэ дыдэу лэжьэн щIэзыдзахэм ящыщщ ар. Бзэ зэмылIэужьыгъуэхэр гугъу демыхьу псынщIэу зригъэщIэфу зэрыщытарщ ар къэрал куэдым цIэрыIуэ щызыщIар. Хуиту ирипсалъэрт, иреджэрт, иритхэрт урысыбзэм, инджылызыбзэм, франджыбзэм, нэмыцэбзэм. КъыгурыIуэрт икIи зыхуей тIэкIур жиIэфт итальян, испан, япон, китай, польскэ бзэхэмкIэ. Псалъалъэр къигъэсэбэпурэ еджэфырт болгар, румын, словак, украин, латынь бзэхэмкIэ.

Езыр химикт, ауэ и щIалэгъуэм щIидзэри бзэхэр иджащ. Като и гукъэкIыжхэр иту къыдэкIа тхылъым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и лъэхъэнэм урысыбзэр щэхуу зригъэщIат, Гоголь Николай и «Мертвые души» тхыгъэм еджэурэ. Совет армэм Венгриер къищта нэужь, советыдзэ администрацэм зэдзэкIакIуэу щылэжьащ.

Псэуху бзэщIэ зэрызригъэщIэным иужь итащ бзылъхугъэр. И IэщIагъэм зэрыхуэIэзэм и фIыгъэкIэ къулыкъушхуэхэр иIыгъащ, Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм зэдзэкIакIуэу щыIащ. А IэнатIэр щиIыгъым къэрал куэд къызэхикIухьащ, икIи абыхэм ятеухуа тхыгъэ куэд ихуащ Като къыдигъэкIа «ЗэдзэкIакIуэм дунейр къызэрызэхикIухьар» тхылъым.

ГъэщIэгъуэнщ Ломб ищIэу щыта бзэ 16-м я нэхъыбэр езым и щхьэ закъуэу зэрызригъэщIар, абы папщIэ къигъэсэбэпари тхылъхэмрэ художественнэ тхыгъэхэмрэщ.

Ломб мызэ-мытIэу щыIащ СССР-м икIи и зэфIэкIхэм хуэфащэ пщIэ хуащIащ. Абы бгъэдэлъ зэчийм теухуа тхыгъэхэр къытехуащ «Наука и жизнь», «Огонёк» журналхэм.

Дунейм ехыжыным илъэс зыбжанэ фIэкIа имыIэжу (и ныбжьыр илъэс 90 хъууэ) ивритыр зригъэщIэну етIысылIат, хьэрыпыбзэр иджыну и мурадт.

* * *

Ломб Като «Сэ бзэхэр зэрызэзгъащIэр» и тхылъым и пэублэ псалъэм итщ:

«Сэ бзэхэр зэрызджым теухуа псалъэмакъ къэхъея нэужь, псоми упщIищкIэ зыкъысхуагъазэ. Абыхэм сытым дежи естыж жэуапхэр зэщхьщ. Аращи, цIыху псоми яфIэгъэщIэгъуэн упщIэхэм я жэуапхэр къыщагъуэтын щхьэкIэ згъэхьэзыра тхылъщ мыр.

*Япэ упщIэр:* **ЦIыхум бзэ 16 зригъэщIэфыну?**

*Жэуап:* Хьэуэ. А псори зэхуэдэу тэмэму зэбгъэщIэфынукъым, шэрыуэу урипсэлъэфынукъым. Сэ си анэдэлъхубзэр зыщ зэрыхъур – ар венгр бзэращ. КъищынэмыщIауэ, зэхуэдэу бзитху согъэшэрыуэ, ахэр сэ сщыщу жыпIэ хъунущ – урысыбзэ, инджылызыбзэ, франджыбзэ, нэмыцэбзэ, венгрыбзэ. А бзэхэмкIэ сыт хуэдэ псэлъафэри занщIэу схузодзэкI, тынш дыдэу зэдзэкIакIуэу сролажьэ. Итальян, испан, япон, китай, польскэ бзэхэм срилэжьэн ипэ къихуэу, си Iэрытххэр къэзгъэсэбэпу махуэ ныкъуэкIэ къэспщытэжын хуейщ. Адрей бзэхэм художественнэ литературэ хэхахэр иризэздзэкIыу аращ.

*ЕтIуанэ упщIэр:* **Бзэхэр щхьэ иумыгъэджрэ?**

*Жэуап:* Сэ сыегъэджакIуэкъым. ЦIыхухэр бзэхэм хуебгъэджэн папщIэ бзэ куэд пщIэн хуейуэ аракъым. Егъэджэныр къалэн хэхащ, жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъщ. Операцэ зэ ящIа цIыхум нэгъуэщI зыгуэр операцэ ищIыну ебгъэувалIэ хъурэ? Сэ апхуэдэм скальпелыр IэщIэслъхьэнутэкъым.

*Ещанэ упщIэр:* **Апхуэдиз бзэ пщIэн щхьэкIэ ямылейуэ зэфIэкI гуэр убгъэдэлъын хуей?**

*Жэуап:* Хьэуэ. Сэ сызэрегупсысымкIэ, гъуазджэм къищынэмыщIауэ, цIыхум сыт хуэдэ Iуэху ищIэфынуми зэлъытар езым абы хуиIэ жэрдэмырщ, егугъуныгъэрщ, жыджэрагъырщ. Псалъэр фIыуэ зылъагъухэм, езым и гупсысэмрэ нэгъуэщIым жиIахэмрэ къызэриIуэтэж бзэм и шэрыуагъым, беягъым мыхьэнэ гуэр езытхэм яхузэфIэкIынущ ар. Сэ ар згъэунэхуащ си Iуэху бгъэдыхьэкIэкIэ, цIыхухэм сепсаплъэкIэрэ. Илъэс плIыщIкIэ сыкIэлъыплъащ абы.

## МЕЛАРДЫРЫБЖЭ СЛИМ ЭЛУ КАРЛОС



Дуней псом щынэхъ къулей Слим Элу Карлос теухуа хъыбарыр гъэщIэгъуэн зыщIыр абы и мылъкур лэжьыгъэкIэ, щIэныгъэкIэ, гуащIэдэкIкIэ, текIуэныгъэм зэрыхуэпабгъэмкIэ къызэрилэжьыжарщ. Абы и щапхъэм дерсу къыхэхыпхъэр лэжьыгъэм хуиIа лъагъуныгъэм и гъащIэм щиIа увыпIэрщ, и адэ-анэм къыбгъэдалъхьа ущиинныгъэрщ.

Слим Элу Карлос 1940 гъэм январым и 28-м Мехикэ къыщалъхуащ. Унагъуэм

къахэхъуа сабийхэм я еплIанэт ар. Къыхэгъэщыпхъэщ абы и адэр хьэрычэтыщIэ Iэзэу зэрыщытар. Ар Ливаным къикIыу Мексикэм къэIэпхъуэжа нэужь, хьэрычэтыщIэ Iуэху цIыкIу къызэIуихащ. ИкIи илъэсипщIым кърихубыдэу и Iуэхур фейдэшхуэ къыхуихьу зэрызэтриублам нэмыщI, Мехикэ и кум бгъэIэпхъуэ мыхъу коммерцэ мылъку 11 къыщищэхуащ.

Унагъуэшхуэм я адэ бжьыфIэ, хьэрычэтыщIэ цIэрыIуэ Слим Дон Хулио къыщIэхъуа щIэблэр хуигъэсащ лэжьыгъэм лъагъуныгъэ хуаIэнымрэ мылъку зэхуэхьэсынымрэ. Уеблэмэ, гъащIэм щынэхъыщхьэ дыдэр унагъуэм илъ зэхущытыкIэхэр арауэ ягуригъэIуащ.

Слим Элу Карлос и адэм пасэ дыдэу хуигъэсащ псэукIэр зэрырагъэфIакIуэ щIыкIэм. Хулио и бынхэр иджыри цIыкIуу тетрадь зырыз яхуигуэшри, къахэхъуэмрэ ягъэкIуэдымрэ ирыригъатхэу хуежьащ. ИужькIэ зэадэзэкъуэхэр зэгъусэу хэплъэжырти, къапщытэжырт. Апхуэдэ дерс къызэрыгуэкIым щIалэхэр хуигъэIущащ мылъку зехьэкIэм.

А илъэсхэм щыщIэдзауэ ахъшэ хъумэнымрэ ар зы Iуэху гуэрым хэлъхьэнымрэ и гъащIэм щыщ Iыхьэу къекIуэкIащ Карлос. И ныбжьыр илъэс 12 щрикъум акцэхэр къызэрищэху счёт къызэIуихат абы. Илъэс 13 щыхъум и адэр дунейм ехыжащ.

ЩIалэм Мехикэ дэт Лъэпкъ автоном университетыр 1961 гъэм къиухащ, инженер IэщIагъэр зригъэгъуэтри. И ныбжьыр илъэс 25-рэ ирикъуауэ Grupo Carso и империер ухуэн щIидзащ.

Зи гугъу тщIы хьэрычэтыщIэм и дежкIэ зэман угъурлыуэ щытащ блэкIа лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэр. А лъэхъэнэм ар унэтIыныгъэ куэдым щыцIэрыIуэ хьэрычэтыщIэт, къищынэмыщIауэ, 1966-1980 гъэхэм кърихубыдэу компание зыбжанэ къызэIуихащ, IуэхущIапIэ лъэщ зыкъоми къищэхуащ.

1982 гъэм Мексикэм кризисышхуэ щызэщIэплъащ икIи хьэрычэтыщIэхэм я мылъкухэр псынщIэу ящэурэ къэралым икIащ. Акцэхэр улъэщIэмыхьэу пуд хъурт. Ар къигъэсэбэпри, Карлос къищэхуу щIидзащ уасэншэ хъуа компаниехэр. Мис аращ ар къулей дыдэ зыщIар – Карлос дежкIэ кризисыр апхуэдэу шынагъуэтэкъым.

1990 гъэхэм Слим фейдэшхуэ зыпылъ зэгурыIуэныгъэм Iэ щIедзри, Telmex (Telefonos de Mexico) телекоммуникацэ компание ехьэжьар зыIэрегъэхьэ. Дауэ жыпIэмэ, доллар мелард 12 зи уасэ а компаниер Карлос мелуан 400-кIэ къищэхуауэ щытащ. Куэд тепсэлъыхьащ а Iуэхум, къулыкъущIэхэри иужь ихьащ къэхъуар зищIысыр зэхагъэкIыну, къэралым и президентым дежи нэсащ. Ауэ зыри къикIакъым. ХьэрычэтыщIэ Iуэхур зебгъэкIуэным сэбэпышхуэ къыщыпхуохъу къулыкъу лъагэ зыIыгъхэр уи ныбжьэгъуныр.

Апхуэдэ мылъкушхуэ зыкъуэлъ Слим Карлос Мексикэр «къезэвэкIыу» хуожьэри, дуней псор зыщIещтэ. Ар тыншу хозагъэ дунейпсо рынокым. Grupo Carso компаниер латиноамерикан къэрал псоми къыщацIыху. Абы активхэр къыщещэху Бразилием, Перум, Гондурасым, Аргентинэм, Колумбием, Сальвадорым...

Слим Карло, и Iуэхухэм къадэкIуэу, пщIэшхуэ хуищIырт и унагъуэмрэ бын гъэсэнымрэ. Абы и щхьэгъусэр 1999 гъэм дунейм ехыжащ, езым сабиих къыхуэнэри. Нэхъыжь дыдэращ иджыпсту Grupo Carso и

унафэщIхэм я советым и Iэтащхьэр. Адрей Марко, Антонио, Патрик сыми адэм и Iуэхум пэрытщ.

Куэд хилъхьащ Карлос унагъуэ дахэ иIэным икIи ахъшэракъым абыхэм ягъэнэхъыщхьэр. Дэтхэнэми пщIэрэ лъагъуныгъэрэ я зэхуаку дэлъыным зэрыцIыкIурэ хуигъэIущащ и сабийхэр. Ар зэи и мылъкум щысхьакъым псапэ щIэнымкIэ. Уеблэмэ, зэман гъунэгъум Латин Америкэм и зыужьыныгъэм щIэгъэкъуэн лъэщ хуэхъуфынущ.

Мелардырыбжэм ахъшэшхуэ трегъэкIуадэ егъэджэныгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмрэ. Ар и щапхъэщ цIыху къулейхэм, ахъшэм имытхьэкъуахэм я щхьэр зыхуей зэрыхуагъэзэным къыщымынэу, мурадышхуэхэр зэрызыхуагъэувыжым. Апхуэдэ къалэн уи пщэм дэплъхьэжыныр зэранкъым, дунейр иригъэфIэкIуэнущи, уи лъэужь дахэ къэбгъэнэнущи, щытхъу пылъу уи цIэр къраIуэнущи.

## БАФФЕТ УОРРЕН И ДЕРСХЭР





Баффет Уоррен Эдвард нобэрей дунейм щыпсэу инвестор нэхъ цIэрыIуэ дыдэщ. Ар 1930 гъэм августым и 30-м Омахэ (США) къыщалъхуащ. Баффетхэ я унагъуэм къихъуа сабииплIым Уоррен и закъуэщ щIалэу яхэтар.

Абы и адэшхуэм Омахэ тыкуэн цIыкIу щиIэт, ерыскъыхэкIхэр щищэу, абы щылажьэу щытащ иджыпсту Баффет и компаньон Мангер Чарли. Уоррен и сабиигъуэм щегъэжьауэ бжыгъэхэмкIэ, есэпымкIэ къызэрымыкIуэу Iэзэт, абы тынш дыдэу зригъэщIащ Америкэм и къалэ къомым дэс цIыхухэм я бжыгъэхэр.

Баффет фейдэ къызыпэкIуа и япэ Iуэхур илъэсих щыхъум иригъэжьащ. И адэшхуэм и тыкуэным «Coca-Cola» банкIитху, дэтхэнэми цент 25-рэ хуэзэу, къыщищэхури, дэтхэнэри цент 50 техуэу ищэжащ. И ныбжьыр илъэс 11 щыхъум и адэм и Iуэхухэм нэхъ дихьэхащ. И шыпхъу нэхъыжь Дорис гъусэ къищIщ, я адэм ахъшэ щIыхуэ къыIахри, и япэ акцищыр къищэхуащ. Куэдрэ иIыгъакъым ахэр, химылъэфэн щхьэкIэ, доллари 5 фейдэ къригъэщIри ищэжащ. Зы акцэр доллар 38-кIэ къищэхуауэ арати, занщIэу 27-м нэс ехуэхащ, махуитI дэкIри, доллар 40 и уасэ хъуащ, абы щыгъуэщ Баффет ейхэр щищэжар. Ауэ зы тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу зы акцэм доллар 200 и уасэ щыхъуащ – шыIэныгъэ пхэлъын зэрыхуейм и япэ дерс хуэхъуащ ар Уоррен.

И ныбжьыр илъэс 13 щрикъуам «Washington Post» газетыр кърихьэкIыу щIидзэри, зы мазэм доллари 175-рэ къилэжь хъуащ. Абы дамэ къызытригъэкIа Уоррен и Iыхьлыхэм яжриIащ, илъэс 30 хъуху миллионер мыхъумэ, Омахэ дэт унэ нэхъ лъагэ дыдэм и щхьэм зыкъызэрыридзыхыжынур. А ныбжьым нэсыху нэхъ губзыгъэ хъунщ ди щIалэр жыхуаIэу, и адэ-анэм къафIэIуэхуакъым абы жиIар. Ауэ илъэс 13-м иту хьэрычэтыщIэ жыджэр хъуа щIалэм и псалъэр игъэпэжащ, и ныбжьыр илъэс 31-м щынэблагъэм япэ доллар мелуаныр къилэжьащ.

Школ нэхъыщхьэри Пенсильвание дэт университетри къиуха нэужь, ар щIэтIысхьащ хьэрычэтыщIэ Iуэхум щыхурагъаджэу Колумбие дэт школым. Зэман дэкIри, Грэм Бенджамин и «Интеллектуальный Инвестор» тхылъыр Iэпэгъу хуэхъуащ. Тхылъым акцэ къызэращэху хабзэ псори IуигъэкIуэтырти, IэмалыщIэхэр итхырт.

ШыIэныгъэшхуэрэ зэгъэзахуэ куурэ пхэлъын хуейт, ар зытехьа гъуэгум ущымылъэпэрэпэн щхьэкIэ, къищынэмыщIауэ, есэпым зэрыхуэIэзэри хуабжьу сэбэп къыхуэхъурт. Зи гугъу тщIы тхылъым и авторым и нэIэ щIэту экономикэмкIэ мастер мэхъу икIи куэдым хуегъэIущ. Ауэ Грэм зытет хабзэхэм я гъунапкъэхэр щIэх дыдэу къезэвэкI мэхъури, адэкIэ зрегъэужь.

1957 гъэм Баффет Омахэ егъэзэжри, абы инвестицэ зэгухьэныгъэ къыщызэрегъэпэщ. Езыр компанием и генеральнэ менеджеру хахри, Iуэхур йожьэ. Баффет и Iуэху зехьэкIэр адрейхэм къащхьэщыкIырт. Зы компание къещэхужри, абы бизнесыр щIэуэ щызэтреублэ, хэхъуэ къыхуихьмэ, егъэлажьэ, фейдэ къыпимыхыфрэ – зэхуещIыж. Ахъшэ къызыпэкIуэращ, армыхъумэ социальнэ Iуэхум егупсысыркъым.

НэгъуэщI зы хьэли хэлъщ Баффет – и бынхэм ахъшэкIэ яхуэжумарткъым, апхуэдиз мылъку бгъэдэлъ пэтми. ЯдоIэпыкъу, ауэ ахъшэ зэбгрипхъыркъым. Зэгуэрым Уоррен и къуэ Говард и адэм къелъэIуащ фермэ къищэхуу, хьэрычэтыщIэ Iуэху зэтриублэну зэрыхуейм къыхэкIкIэ, къыдэIэпыкъуну. Адэм мылъку зыбгъэдэмылъ и къуэр игъэщIэхъуакъым. Фермэр езым къищэхури, и къуэм бэджэнду иритащ, мазэ къэс процент бжыгъэ кърриту. Иджыри зы щапхъэ: Уоррен ипхъу Сьюзи ахъшэ щхьэкIэ къелъэIуат и машинэр аэропортым и гаражым къыщIихужынути. Баффет и пхъум тхылъымпIэм Iэ щIригъэдзри, доллар 20-р щIыхуэу иритащ.

Иджыпсту Баффет къызэригъэпэща «Berkshire Hathaway» компание лъэщыр езым и цIэкIэщ зэрытхар. Зыгуэр къэхъу хъужыкъуэмэ, Уолл Стрит щекIуэкIыну драмэм иджы щыщIэдзауэ топсэлъыхь ар къызыфIэIуэхухэр. Компанием и акцэхэм я уасэм и лъагагъыр ар зыIэщIэлъым куэдкIэ елъытащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, аращ абы щекIуэкI лэжьыгъэр къызэзыгъэпэщри, езыгъэфIакIуэри, зезыгъэужьри. А къулыкъум Баффет щызэзыхъуэкIыну зыгуэр щыIэу я фIэщ хъуркъым цIыхухэм. Ауэ езы Уоррен жиIащ, и къулыкъур зыхуигъэфэщэн къызэригъуэтар, ауэ хэтми мызэкIэ дунейм къытригъэхьэркъым. Куэд щIауэ и партнер Мунгер Чарлиу пIэрэ е Симпсон Лу («Government Employees Insurance Co» и унафэщI)? Хэт ищIэн?!

Дауэ мыхъуами, Баффет Уоррен ита дерсыр дуней псом щызрагъащIэ, уеблэмэ, «Баффет цIыкIухэм» инвестор Iуэхум хэлъхьэныгъэфIи хуащIакIэщ.

*Зыгъэхьэзырар* **ШЫПШ Даянэщ**

# КАВКАЗ РАСЭ

Инджылызыбзэм «цIыху хужьхэр» мыхьэнэр къикIыу XVIII лIэщIыгъуэм къыщыщIэдзауэ нобэм къэс щIэныгъэ фIэщыгъэцIэу къигъэсэбэпыр «кавказ (Caucasian) расэ» терминырщ.

Америкэм и цIыху хужьхэм къызыхэкIар къагъэлъэгъуэн хуей щыхъукIэ, ноби къыхах «кавказ» фIэщыгъэцIэр. Абы щыгъуэми гу лъытапхъэщ езы Кавказым и цIыхухэри а псалъэр къэзыгъэсэбэп хамэ къэралхэри абы и къежьапIэ дыдэмрэ и мыхьэнэмрэ нэсу зэрыщымыгъуазэм.

«Кавказ расэ» терминыр япэ дыдэу 1795 гъэм нэмыцэ щIэныгъэлI, антропологием и лъабжьэгъэтIылъу ялъытэ, Гёттинген университетым и профессор Блуменбах Иоганн Фридрих къигъэсэбэпу щIидзащ.

«ЦIыху хужь» псалъэхэр япэ къыхэзылъхьар Блуменбах Иоганн и лэжьэгъу Мейнерс Христофорщ. «Кавказ расэ» терминыр Мейнерс и цIэм езыпх щIэныгъэлIхэри щыIэщ.

Блуменбах ящыщщ цIыхухэр расэкIэ япэ дыдэу зыгуэшахэм («ЦIыху лIэужьыгъуэхэм ятеухуауэ», 1795). ЩIэныгъэлIым къызэрилъытэмкIэ, «Кавказ щIыналъэм цIыху лIэужьыгъуэхэм я нэхъ дахэ дыдэр къегъэщI». XVIII лIэщIыгъуэм и кIэм Блуменбах цIыхухэр я теплъэмрэ я Iэпкълъэпкъ зэхэлъыкIэмрэ теухуауэ лIэужьыгъуитхуу игуэшащ: кавказ е хужь, монгол е гъуэжь, малай е кхъуэщыныфэ, эфиоп е фIыцIэ, американ е плъыжь.

Блуменбах, Кавказым щыпсэухэм я щхьэ къупщхьэхэр иджа нэужь, етх: «ЩыIэщ расэ хужь, европэ цIыхухэр зыхыхьэр. А расэм кавказ расэкIэ еджэн хуейщ, сыту жыпIэмэ а расэм хиубыдэхэм ящыщу нэхъ къабзэ дыдэр икIи пасэрей дыдэр Кавказ щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэрщ». НэгъуэщIу жыпIэмэ, щIэныгъэлIым къызэрилъытэмкIэ, адрей расэ псоми (Европэми Азиеми я цIыхухэри хиубыдэу) я къежьапIэр Кавказырщ, ахэр къызытекIар абы ис лъэпкъхэрщ. Апхуэдэуи, абы зэрыжиIэмкIэ, илъэсищэ, мин бжыгъэхэм къриубыдэу Европэм и цIыхухэр расэ зэхуэмыдэхэм яхэзэрыхьурэ, зэхъуэкIыныгъэхэр ягъуэтащ, икIи расэ хужьыр къабзэу къыщызэтенар Кавказ щIыналъэрщ.

Блуменбах, а зэманым псэуа щIэныгъэлIхэми ещхьу, шэрджэс цIыхубзхэм я дахагъэ къызэрымыкIуэм гулъытэ лей хуищIащ икIи кавказ расэм хыхьэхэм ящыщу ахэр нэхъ дахэ дыдэу къилъытащ.

Канадэм и иджырей щIэныгъэлI, Гарвард университетым бзэщIэныгъэхэмкIэ доктор щыхъуа, Канадэ дэт Макмастер университетым и профессор, Кавказыр, адыгэбзэхэр джынымкIэ IэщIагъэлI Джон Коларуссо шэрджэсхэм ятеухуауэ мыпхуэдэу етх: «Шэрджэсхэр я цIыхубзхэм я дахагъэмрэ я цIыхухъухэм я хахуагъэмкIэ цIэрыIуэт. Я теплъэкIэ шэрджэсхэм я нэхъыбэр европэ цIыхухэщ, къуэкIыпIэ щытыкIэ мащIэ гуэрхэри щахэлъи щыIэщ. Шэрджэс куэдыр зи нэхэр щIыху щхьэц сырыхухэщ, абы щыгъуэми адрейхэм кавказ цIыхухэм я зэхуэдэ щытыкIэхэри

зыхэлъхэри яхэтщ: я фэ хужьыбзэм щхьэц фIыцIэр щIыгъуу. ЦIыхубзхэми цIыхухъухэми Iэпкълъэпкъыр лантIэу икIи уардэу щытыным гулъытэ хуащIырт, икIи ноби къуажэ куэдым зи ныбжьыр хэкIуэта цIыху узыншэхэр дэсщ, абыхэм ящыщ куэдым я ныбжьыр илъэсищэм щIигъуащ». («Прометей шэрджэсхэм ящыщщ», 1987).

XIX лIэщIыгъуэм псэуа нэмыцэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Гегель Г. В. Ф., нэгъуэщI щIэныгъэ лэжьакIуэ куэдым хуэдэуи, «кавказ расэ» терминыр къигъэсэбэпырт: «Тхыдэр ипэкIэ зыгъэкIуатэр кавказ расэм и закъуэщ» («Псэм и философие», 1817).

Американ щIэныгъэлI, лъэпкъхэр джынымкIэ америкэ щIэныгъэм и къызэгъэпэщакIуэ Мортон Самюэль Джордж зэреплъымкIэ, расэхэм я къежьапIэр зэтехуэркъым («ЦIыху лIэужьыгъуэхэр», 1854). Мортон пщIэшхуэ зиIэ щIэныгъэлIт, абы и теориехэри егъэлеяуэ цIэрыIуэт. Блуменбах антропологие псом и лъабжьэгъэтIылъу ялъытэмэ, Мортон американ антропологиер зэфIигъэуvaуэ ябж. ЦIыхухэм я акъылым и зэфIэкIхэм тещIыхьауэ, щIэныгъэлIым расэ иерархием теухуа гупсысэ къыхилъхьауэ щыташ. А иерархием расэхэм мыпхуэдэ увыпIэхэр щагъуэташ: кавказ цIыхухэр ищхьэм, цIыху фIыцIэхэр и лъабжьэм, адрей расэхэр зэхуакум. Абы нэмыщIыжкIэ, пасэрей Египетым къыщагъуэта щхьэ къупщхьэхэр иджа нэужь, Мортон ахэр Кавказым ейуэ, Египетым зыкIи пымыщIауэ къилъыташ.



Дунейм и япэ цIыхухэр Кавказым къыщежьэу къэзылъытар краниологие къэхутэныгъэхэм я закъуэкъым, атIэ бзэщIэныгъэм, уеблэмэ генетикэм ехьэлIауэ США-мрэ Канадэмрэ я еджагъэшхуэхэри апхуэдэ гупсысэм хуэкIуащ. Профессор Джон Коларуссо зэрыжиIэмкIэ, зыкIи зэмыпха къэхутэныгъитIым (Канадэм и Макмастер университетымрэ США-м и Гарвард университетымрэ) япкъ иткIэ, дуней псом тет лъэпкъхэм ящыщу индоевропей геныр нэхъыбэ дыдэу зыхэлъу къалъытар адыгэхэрщ. Коларуссо «Голос Америки» хъыбарегъащIэ IэнатIэм и урыс IуэхущIапIэм ирита интервьюм зэрыщыжиIамкIэ, генетикэ къэхутэныгъэм куэдкIэ япэ къихуэу абы къихуташ зэман жыжьэм индоевропейхэм (урысхэм, славянхэм, инджылызхэм, алыджхэм, итальянхэм, н. къ.) я бзэр адыгэхэр, убыххэр, абазэхэр зэрыпсалъэм пэгъунэгъуу, уеблэмэ техуапэу. Индоевропейхэр Кавказым ис адыгэхэм екIуэлIэжу къилъытэу, щIэныгъэлIыр мыпхуэдэ гупсысэм хуэкIуащ: «дунейм цIыхуу тетыр культурэрэ лъыкIэ дызэпхащ».

Езы «кавказ» е «расэ хужь» терминым и гугъу пщIымэ, ахэр нобэ къэгъэсэбэпыным ехьэлIауэ еплъыкIэ зэхуэмыдэхэм урохьэлIэ. Апхуэдэу американ университетым антропологиемкIэ и егъэджакIуэ Мукхопадхьяй Кэрол къызэрилъытэмкIэ, а терминыр къэгъэсэбэпыным «щIэныгъэ расизм» икIи «расэхэр езыр-езыру къызэрыунэхум, цIыху гуп щхьэхуэу кавказ расэм ехьэлIахэр адрей гупхэм ефIэкIыным теухуа гупсысэ пхэнжыр» къырокIуэ. Абы къыхэкIыуи, «кавказ цIыху», «цIыху хужь» термин-

хэр нобэрей США-м къыщыгъэсэбэпыныр расизмэм и нэщэнэу къыщалъытэ щыIэщ.

Абы и лъэныкъуэкIэ гъэщIэгъуэнщ нэгъуэщI еплъыкIэр: «кавказ расэ» терминыр Америкэм убгъуауэ къызэрыщагъэсэбэпым и щхьэусыгъуэщ расист термину къалъытэ «хужь» псалъэм нэхърэ цIыхум и фэм емылъыта икIи щIэнытъэ псалъэу щыт «кавказ» терминыр нэхъ къызэраштэр (Пэинтер Нелл: «ЦIыху хужьхэм «кавказ цIыхукIэ» щIеджэр», 2003).

Урысейм и еджапIэ ищхьэм сызэрыщIэса зэманым къриубыдэу «кавказ расэ» терминым зэи срихьэлIакъым. Хамэ къэрал, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, Лондон къалэм зи гугъу тщIы Iуэхугъуэм зыкIи емыкIуалIэ упщIэм теухуа магистр лэжьыгъэм ехьэлIа литературэм щыгъуазэ зыщыхуэсщIым, зи фэр хужь цIыхухэм псоми «кавказ расэкIэ» зэреджэм нэIуасэ сыхуэхъуащ.

Шэч хэмылъу, сыт хуэдэ зэхэгъэжыныгъэри (ирехъу ар расэ, лъэпкъ, дин, ныбжь е нэгъуэщI) нобэрей зэманым къезэгъыркъым. Тхыдэр тхащ икIи къэгъазэ зимыIэщ. ЦIыху хужьхэм фIыщIэхэр щагъэпщылIу щыта зэманри блэкIам къыщынащ. Ауэ цIыхухэр къызыхэкIа и лъэныкъуэкIэ зэрагуэшыр иджыри къогъуэгурыкIуэ.

Дунейм цIыхуу тетым я къежьапIэр зыщ, икIи абы щыхьэт тохъуэ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ бжыгъэншэхэр, мы лэжьыгъэм зи цIэ къыщитIуахэри яхэту. Зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым: зэщхьэщыкIыныгъэ нэрылъагъухэм емылъытауэ, дэ псори дунейм дрицIыхущ, ди лъабжьэхэр зыуэ икIи благъагъэкIэ дызэпхауэ.



**МЭРЕМЫКЪУЭ Элеонорэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

# МЫХЬЭНЭШХУЭ ЗИIА КЪЭХЪУКЪАЩIЭХЭР

1

ЦIыхубэ тхыдэм и куэдщ мыхьэнэ абрагъуэ зиIа къэхъукъащIэхэр, Iуэхугъуэхэр. Апхуэдэхэм ящыщщ 20-нэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм, 1917 гъэм и февраль-октябрь мазэхэм, апхуэдэуи 1918 – 1920 гъэхэм Урысейм къыщыхъуауэ щыта зэхъуэкIыныгъэ иныр. 1917 гъэм и жэпуэгъуэм къэхъуауэ щыта Iуэхугъуэхэм иджы хэти революцэкIэ йоджэ, язынықъуэхэми зэхъуэкIыныгъэ фIащ. А тIуми я телъхьэ дымыхъуу, дыхущIэкъунщ а къэхъукъащIэм цIыхубэм я гъащIэм и дежкIэ мыхьэнэуэ иIар зыгурыдгъэIуэным. А лъэхъэнэм Урысей пащтыхьыгъуэм иIа щытыкIэр нэхъри нэхъ хьэлъэж ящIырт политикэ, социально-экономикэ я лъэныкъуэкIэ абы и Iуэхур зэIумыбзу зэрыщытым. Къэралыр зыхэт Езанэ дунейпсо зауэри зыужьыныгъэм лъэпощхьэпо хуэхъу Iуэхугъуэхэм ящыщт.

Апхуэдэ щытыкIэ хьэлъэм Урысейр итт, 1917 гъэм Революцэ Иныр къыщыхъуам щыгъуэ. Дунейпсо цивилизацэм къыгуэуда хъуащ мелуан куэд щыпсэу къэралышхуэ. Абы щытепщэ хъуа къэрал Iуэху зехьэкIэмрэ щыщыIэну яубзыхуа цIыхубэ хозяйствэмрэ ипэкIэ зэи зыщIыпIи щаухуатэкъым, еджагъэшхуэхэу Маркс Карл, Энгельс Фридрих сымэ яхуэдэхэм я лэжьыгъэхэм къыхэща мыхъумэ.



1917 гъэм Урысейм къыщыхъуауэ щыта зэрыхьзэрийм ихьащ цIыху гъащIэ куэд, мылъку и лъэныкъуэкIи къэралым хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. АтIэми, апхуэдэ къэхъукъащIэхэм ядэтлъагъу зэрыхабзэщи, экономикэ, политикэ, социальнэ, гъащIэм и нэгъуэщI унэтIыныгъэхэм щыщыIэ Iуэхухэр зэфIэхыным хуэгъэпса Iэмалхэр къыкъуокI. Къыхэгъэщыпхъэщ а Iуэхугъуэхэр зэIубз щащIкIэ, цIыхубэм хэщIыныгъэ ин зэрагъуэтыр. Зэш зэзауэм хуэкIуауэ екIуэкIа революцэм цIыху куэд зэрыхэкIуэдам къыдэкIуэу, «лъэпкъым и набдзэ» зыхужаIэу къэралыр зэрыгушхуэ еджагъэшхуэхэм, зэчий къызэрымыкIуэхэр зыбгъэдэлъ ди хэкурысхэм ящыщу мащIэкъым хамэ щIыпIэхэм Iэпхъуэу ар псэупIэ зыщIахэр. ЖыпIэнурамэ, зэхэщIыкI лъагэ зыбгъэдэлъ цIыху куэд а лъэхъэнэм фIэкIуэдащ Урысейм. КъыкIэлъыкIуа илъэсхэми «властым, цIыхубэм я бий» фIащри, цIыху мин бжыгъэхэр ягъэкIуэдауэ щытащ. ИтIани, лIэщIыгъуэ блэкIам и пэщIэдзэм псэукIэщIэ зыухуэу щIэзыдза ди къэралым и Iуэхур хьэлъэт, ситу жыпIэмэ абы и жэрдэмщIакIуэ большевикхэм я телъхьэ дуней псом щыбгъуэтынутэкъым. А щытыкIэ хьэлъэм иту къэралыгъуэщIэм къиIэтыжын хуейт зэтекъута хъуа цIыхубэ хозяйствэр, зыщIыпIи зэи щыщымыIа псэукIэ, хабзэщIэхэмрэ мардэщIэхэмрэ зи джэлэс гъащIэ зэриухуэм и гугъу умыщIыххи. Ахэр щызэфIэпхкIэ, Iэмал имыIэу къэлъытэн хуейт къэралым щыпсэу лъэпкъ псоми я Iуэху еплъыкIэр, я фейдэ зыхэлъыр, зы лъэпкъи гулъытэншэ умыщIу. Урысейм къыпэщылъ къалэн псоми, жыпIэнурамэ, я нэхъыщхьэу, къыщIэкIынт а лъэпкъ Iуэхур.

Я мурадхэр зыIэрагъэхьэн папщIэ, большевикхэм сыт хуэдэ Iэмалми зыщадзейртэкъым. Абыхэм яIащ «военнэ коммунизмэм и политикэ», «мылъкум ебгъэрыкIуэ гвардие плъыжь», «продразвёрсткэ», «продналог», нэгъуэщI Iуэху зехьэкIэ мардэхэри. ПсэукIэщIэ зэраухуа щIыкIэм

щыхьэт тохъуэ а лъэхъэнэм къыщIэна псалъэхэмрэ псалъэ зэпхахэмри: «лъыифхэр», «гъэпщылIакIуэхэр», «цIыхубэм я бийхэр», «зыуи щымытахэр сыти хъуащ», «плъыжьхэр», «хужьхэр», н. къ. А лъэхъэнэм къыдэунэхуа псоми я жэуап тэмэмыр Булгаков Михаил къыщигъэлъэгъуащ «Собачье сердце» тхыгъэм.

Властыр къэзыщта большевикхэм къапэщылъ къалэн ин дыдэхэм, зэIумыбзхэм ящыщт къэралыгъуэщIэм и лъабжьэр Центрми абы къедза щIыналъэхэми, Кавказ Ищхъэрэри яхэту, щыгъэбыдэныр. А Iуэхугъуэр зэрекIуэкIар зэпкърытхын ипэкIэ, къыхэдгъэщынщ абы ехьэлIа щхьэхуэныгъэхэр. Зи гугъу тщIыр, къапщтэмэ, адыгэхэм езыхэм я къэралыгъуэ, феодал зэхэтыкIэ мардэм тет псэукIэ яIэжу зэрыщытарщ. «Къэбэрдей», «Шэрджэс» жыхуэтIэхэр зэрыщыIами, ахэр, Урысейри яхэту, къэрал куэдым къалъытэу зэрыщытами арэзы дэмыхъун щыIэкъым. КъинэмыщIауэ, Къэбэрдейм куэд-мащIэми, и унафэм щIэтащ и гъунэгъу щIыналъэхэм щыпсэу лъэпкъхэр. АрщхьэкIэ, илъэси 100-кIэ екIуэкIа Кавказ зауэм и Iэужьу Къэбэрдейм фIэкIуэдащ ипэкIэ иIа политикэ, нэгъуэщI щхьэхуитыныгъэхэр, апхуэдэуи гъунэгъу лъэпкъхэм я деж щиIэ лъэкIыныгъэми хэщIащ.

Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу бгырысхэм я деж лъэпкъ-къэрал ухуэныгъэр зэрыщекIуэкIам укIэлъыплъмэ, нэхъ мыхьэнэ ин дыдэ зиIа лъэхъэнэхэм ящыщщ 1917 гъэм и февраль – 1921 гъэм къызэщIаубыдэр. Дызэрыщыгъуазэщи, 1917 гъэм и февралым пащтыхьыр традза нэужь, щыхьэрым къыщыунэхуащ властитI: ПIалъэкIэ щыIэ Правительствэмрэ (буржуазием и лIыкIуэу) Советхэмрэ (лэжьакIуэбэмрэ мэкъумэшыщIэхэмрэ я властыр). Центрым Iуэхур зэрыщекIуэкIым къыщхьэщыкIырт щIыналъэхэм ар зэтеубла зэрыщыхъур. Къапщтэмэ, Къэбэрдеймрэ Бгырыс (Балъкъэр) жылагъуэхэмрэ зыхыхьэ Тэрч областым лъэпкъ-къэрал властыр гъэувынымкIэ жэрдэмыр къыщащтащ щIыпIэ интеллигенцэм и лIыкIуэхэм. А лъэхъэнэм ирихьэлIэу щIыналъэм щыIэтэкъым а Iуэхур зэфIэзыхыфын нэгъуэщI политикэ къару. Абы къыхэкIыу абыхэм я властыр щIыналъэм щыуващ. Ахэр я телъхьэт ПIалъэкIэ щыIэ Правительствэм.

Февралым къэхъуа Iуэхугъуэхэм я ужькIэ куэд дэмыкIыу, мартым и 5-м, щIыпIэ интеллигенцэм и лIыкIуэхэр Тэрч щIыналъэм и къалащхьэ Владикавказ щызэхуэсащ, къэралым щыщыIэ хъуа политикэ щытыкIэм тепсэлъыхьыну. Абыхэм ирагъэкIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэмрэ Дагъыстэнымрэ щыпсэу бгырыс зэкъуэтхэм я Комитет Нэхъыщхьэм и хэхыныгъэхэр. Абы къыдэкIуэу а зэманым къызэрагъэпэщащ Тэрч областной гъэзэщIакIуэ комитетрэ Къэзакъыдзэм и правительствэрэ. Апхуэдэу Тэрч щIыналъэм иIэ хъуащ ПIалъэкIэ щыIэ Правительствэм и органу щы. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми я лэжьыгъэр зыхуэгъэпсар унэтIыныгъэ зырызт, арщхьэкIэ щыми ирагъэкIуэкIыр къэрал Правительствэм и политикэрат.

1917 гъэм и мартым и 27-м къызэрагъэпэщащ Налшык окружной граждан гъэзэщIакIуэ комитетыр. Арат Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ унафэр щызыIэщIэлъыр. Урыс лъэпкъым и лIыкIуэхэм къызэрагъэпэщащ «Урыс гъэзэщIакIуэ комитет», «Слободская дума»-кIэ еджэу. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри хуэлэжьэжырт я лъэпкъ Iуэхур зэрыдэкIыным. Ахэр хъуащ лъэпкъхэм я щхьэхуитыныгъэр гъэбелджылыным хуэщIа япэ лъэбакъуэ.

А лъэхъэнэм ди щIыналъэм и унафэр зыIэщIэлъа властым щытепсэлъыхькIэ, тхыдэ щIэныгъэм ахэр къызэрыхэщыр цIыхубэм яфI

зезыхуэу щымыта ІэнатІэхэут. ЦІыхубэм я гъащІэр зэтезыухуэу жаІэр Советхэм я закъуэт, арщхьэкІэ мыбдеж къыжыІапхъэщ а зэманым Советхэри большевикхэм я партри ди щІыпІэм иджыри зэрыщымыІар. Къэралыр зэрыхуа щытыкІэ гугъум къишынымкІэ ди щІыпІэм мыхьэнэшхуэ щиІащ лъэпкъ интеллигенцэм хэлъа жыджэрагъым. Большевикхэр абыхэм «лъыифкІэ» еджэу, цІыхубэм я бийуэ къалъытэу щытами, лъэпкъым и фІыпІэт, хэкупсэ нэст, щІэныгъэ куурэ зэхэщІыкІ лъагэрэ зыхэлът а гъэзэщІакІуэ комитетхэм хэтхэр. ЖыпІэнурамэ, лъэпкъыр зэрыгушхуэт, я ІэщІагъэхэмкІэ щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ цІыхут ахэр. Апхуэдэт, псалъэм папщІэ, Чыжьокъуэ Хь., Куэцэ П., Абыкъу М., Абэныкъуэ И., Даутокъуэ-Серебряков З., Щэкъумэн Т., Сэхъу Г., Карачаев Б., Урусбиев И., Шаханов Б., нэгъуэщІхэри. Абыхэм къапэщІэуват щІэныгъэ гуэри зыбгъэдэмылъ, къэрал органхэм зэи щымылэжьа икІи апхуэдэ лэжьыгъэм и пІалъэ зымыщІэ цІыхухэр.

Жылагъуэм захуагъэ щыщыІэным, демократием я телъхьэт ГъэзэщІакІуэ комитетхэр. Ар хьэкъ пщохъу Кавказ Ищхъэрэмрэ Дагъыстэным щыпсэу лъэпкъхэмрэ я езанэ съездым, 1917 гъэм майм и 1-м Владикавказ щызэхуэсам, и утыку абыхэм къралъхьауэ щыта Іуэхугъуэхэм щыгъуазэ захуэпщІмэ. Апхуэдэт, къапщтэмэ, бгырыс лъэпкъхэр зауэм зэрыхущытым, ПІалъэкІэ щыІэ Правительствэм зэрадэлэжьэну щІыкІэм, къэралым щыпсэу нэгъуэщІ лъэпкъхэм хуаІэну пыщІэныгъэхэм, лъэпкъ милицэ къызэгъэпэщыным, Іэщэ зехьэным, къэралпсо зэхуэсым я лІыкІуэ щыІэным, школ еджэныгъэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным, Бгырыс зэкъуэтхэм я союзым и Комитет Нэхъыщхьэм и газет иІэжыным епхахэр, нэгъуэщІхэри. Съездым щаубзыхуа политикэ программэм къыщыгъэлъэгъуат Урысейм федерацэ ухуэкІэ щыщыІэныр Іэмалыншэу къызэралъытэр. Абы итт бгырыс лъэпкъхэр псори зэкъуэувэу къэралпсо гъэзэщІакІуэ органым я лІыкІуэ ягъэкІуапхъэу. А Іуэху еплъыкІэр щыгъэбыдат съездым къыщащта Конституцэми. Федерацэ ухуэкІэ къэралым щыщыІэныр къыхэзылъхьари иужькІэ гъащІэм хэпщэн щІэзыдзари лъэпкъ интеллигенцэращ, атІэ большевикхэракъым. А Іуэхугъуэм большевикхэр щыхунэсар нэхъ иужьыІуэкІэщ, 1918 гъэм и январырщ. Ар щагъэбыдауэ щыташ Советхэм я ещанэ съездым къыщаща, ГуащІэрыпсэухэмрэ пщылІыпІэм итхэмрэ я хуитыныгъэхэр къыщыгъэлъэгъуа Декларацэм.

Бгырыс зэкъуэтхэм я союзым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм я лъабжьэт я зэхуэсым къыщаща Программэр. 1917 гъэм и сентябрым а зэгухьэныгъэм хыхьащ Абхъазыр. Октябрым и 20-м Союзыр зэрыщыту хыхьащ Ипщэ-КъуэкІыпІэ зэгухьэныгъэм. Абы хэтт Тэн, Кубань, Тэрч, Астрахань щІыналъэхэм щыпсэу лъэпкъхэр. ЗэраухылІа Союз зэгурыІуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуат абы хэт щІыналъэхэр штат щхьэхуиту къыщалъытэ Урысей демократие федеративнэ республикэ къызэгъэпэщыныр и къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр. Лъэпкъ тхыдэм къикІуа гъуэгуанэм уриплъэжмэ, иджы уолъагъу бгырыс зэкъуэтхэм къызэрагъэпэща а зэгухьэныгъэм къэкІуэну зэримыІар. Абы хэта дэтхэнэ лъэпкъми я хабзэхэр, Іэмалхэр, зэфІэкІхэр зэраІэжыр къалъытатэкъым. Ахэр зэщхьэщыкІырт щІым епха Іуэху еплъыкІэхэмкІи. А псори нэрылъагъу хъури, мыгувэу зэхэкъутэжауэ щытащ къызэрагъэпэщагъащІэ Бгырыс АССР-р.

1917 гъэм и октябрым Петроград къыщыхъуа Іуэхугъуэхэм къызэпаудащ Кавказ Ищхъэрэм щекІуэкІыу хуежьа мамыр лъэпкъ-къэрал ухуэныгъэр. Властыр къэзыщта большевикхэм лъэбакъуэ быдэхэр ячащ



8 Заказ №144

къэралыр зэкъуэгъэувэжыным ехьэлIауэ икIи совет къэралыгъуэм и органхэр къызэрагъэпэщу щIадзащ.

Большевикхэм властыр иджыри къамыщтауэ, «Бгырыс зэкъуэтхэм я союзым» (Бгырыс правительствэм), Тэрч, Дагъыстэн областхэм я къалэхэм я зэгухьэныгъэм щIыгъуу, 1917 гъэм и декабрым къызэригъэпэщащ Тэрч-Дагъыстэн правительствэ. Абы и ужькIэ, 1918 гъэм и январым, Мэздэгу щызэхашащ Тэрч щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я езанэ съездыр. Совет властыр щIыпIэм щамыгъэувами, къыкIэлъыкIуэ зэхуэсым ар къыщацтэн хуэдэу лъабжьэ щагъэтIылъащ зэIущIэм. Съездым и унафэхэр щагъэзэщIэн хуейт Тэрч къедза щIыналъэ псоми, абы и къалащхьэ Владикавказ щылажьэрт Тэрч-Дагъыстэн правительствэр.

ЗэпэщIэува къаруитIым я зэныкъуэкъур екIуэкIащ 1918 гъэм и март мазэм нэсыху. Мартым и 4-м екIуэкIа етIуанэ съездым совет властыр щIыпIэм зэрыщыувар къилъытащ, Совнаркомыр и унафэщIу Тэрч Республики къызэрагъэпэщащ. ИтIани, мартым и 20 пщIондэ Налшык щIыпIэм унафэр щызыIэщIэлъар граждан гъэзэщIакIуэ комитетыращ.

Мартым и 21-м щыIа Езанэ цIыхубэ окружной съездым щыжаIащ Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ совет властыр зэрыщагъэувар. Абы щыхахащ цIыху 30 зыхэт Совет. А съезд дыдэм къыщызэрагъэпэщауэ щытащ Балъкъэр цIыхубэ совети. Мыхьэнэшхуэ зиIа а псоми къакIэлъыкIуэу, Тэрч Республикэр яужь ихьащ щIы Iуэхум унафэ тещIыхьыным. Мыбдеж къыхэгъэщыпхъэщ а Iуэхур щызэфIахым нэхъыбэу зытращIыхьар Къэбэрдейм къепха щIыхэр гуэшыныр зэрыарар, ауэ щыхъукIи, щIыпIэм хиубыдэ урыс жылэхэм ящIхэм емыIусэу. Апхуэдэу, большевикхэм пащащ Къэбэрдейм и щIыр гуэшыным, Урысей пащтыхьыгъуэм Кавказ Ищхъэрэм щригъэкIуэкIа политикэм тету.

Къэбэрдейм ищIхэр гъунэгъу бгырыс лъэпкъхэм яхуэгуэшыным теухуа унафэр мытэмэму къыщалъытащ 1918 гъэм и августым екIуэкIа еплIанэ окружной съездым. ЦIыхубэ советым и тхьэмадэ Щэкъумэн Т., комиссар Карачаев Б. сымэ я фIыгъэкIэ съездым къыщызэрагъэпэщащ Къэбэрдей лъэпкъ Советыр, Къэбэрдей полкыр.

Къэбэрдейм ищIхэр зэрапхъуэжу имыдэу япэу къэувахэм ящыщщ «Къэбэрдей щхьэхуит» зыфIащауэ щыта, Даутокъуэ-Серебряковым къызэригъэпэща партыр. КъызыхэкIа лъэпкъым и къуэ пэж а хэкупсэр съездым и утыку къихьащ Къэбэрдейм къыщхьэщыжыным хуэгъэпса программэ щхьэхуэкIэ. Абы къыщыгъэлъэгъуахэм ящыщт Къэбэрдей лъэпкъ Совет къызэгъэпэщыныр, и хэкум и щхьэхуитыныгъэр ихъумэн папщIэ лъэпкъыдзэ иIэныр, щIыналъэм къепха нэгъуэщI лъэпкъхэми къащхьэщыжыныр. Партым и Программэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, абы къыдэлэжьэну къыхуриджэрт зи лъэпкъым ифI, и ехъулIэныгъэ къызэрыкIыну Iуэхухэм зи гупсысэхэр хуэгъэпса уэркъхэри пщыхэри. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэ зиIа партми, абы и пашэми я тегъэщIапIэт демократие нэсыр, арщхьэкIэ большевикхэм ар ягъэIуауэ щытащ экстремист зэгухьэныгъэу.

Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкIа лъэпкъ-къэрал ухуэныгъэм увыпIэ хэха щиубыдащ 1920 гъэм ноябрым и 17-м къызэрагъэпэщауэ щыта Бгырыс АССР-м. Абы теухуа Декрет щхьэхуэ РСФСР-м и ВЦИК-м къыдигъэкIащ 1921 гъэм и январь мазэм. Республикэм хыхьэрт щIыналъих: Шэшэн, Ингуш, Осетин, Къэбэрдей, Къэрэшей, Балъкъэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми езым и окружной гъэзэщIакIуэ исполком иIэжт. Бгырыс Республикэр къызэгъэпэщынымкIэ жэрдэм къыхэзылъхьар Кировымрэ Орджоникидзерэт, лъэпкъ интеллигенцэм и комитет-

хэм япэщIэувэу. А республикэр куэд дэмыкIыу зэхэкъутэжащ. Къыщызэрагъэпэща япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ абы хыхьэ щIыналъэхэр хуеIэрт Къэбэрдейм ищIхэр зыIэрагъэхьэну. РСФСР-м и Совнаркомым и лIыкIуэу ди щIыналъэм щыIа Алий Умар зэрыжиIауэ, ар къэбэрдейхэм къызэралъытар революцэм къахуищIа фIыгъуэутэкъым, атIэ абы къыдэкIуа хэщIыныгъэут. Къэбэрдейм ищIхэм къыпачу иратынут осетинхэми, ингушхэми, къэрэшейхэми. Бгырыс Республикэм и гъунапкъэхэм иIэбыкIыу щIы зи мащIэ щIыналъэхэм ар къахупычыныр зытемыпсэлъыхьыххэ Iуэхут, сыту жыпIэмэ урыс лъэпкъыр зытес щIыхэм большевикхэр еIусэну хуейтэкъыми.

ЖыпIэнурамэ, Къэбэрдейр щытыкIэ гугъум ирагъэувати, абы хэкIыпIэу къыхуэнэжыр зыт: Бгырыс Республикэм къыхэкIыжын. 1917 гъэм Къэбэрдейм щIыуэ иIащ дестынэ мин 541730-рэ, абы щыщу гъавэ щIапIэхэм яубыдырт дестынэ мини 177997-рэ, хъупIэхэм яубыдырт дестынэ мин 231558,23-рэ. КъыкIэлъыкIуэ илъэситIым къриубыдэу Къэбэрдейм фIэкIуэдащ дестынэ мин 200-м щIигъу, нэгъуэщIу жыпIэмэ, и щIыналъэм и процент 30-р. ЩIы Iуэхур хъуащ Къэбэрдейр зыхэт республикэм къыхэкIыжыну щIиукъуэдиям и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ. Къэбэрдейхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIа а Iуэхугъуэм щытепсэлъыхьащ IэнатIэ куэдым, къэралым и унафэщIхэри хэту. ИкIэм-икIэжым, Бгырыс Республикэм хэт адрей щIыналъэхэр мыарэзыми, РСФСР-м и ВЦИК-м 1921 гъэм сентябрым и 1-м унафэ къищтащ Къэбэрдейр а республикэм къыхэкIыжу езым и щхьэкIэ, субъект щхьэхуэу, РСФСР-м хыхьэну. Апхуэдэуи хъуащ. Бахъсэн, Налшык, Аруан, Джылахъстэней округхэр зыхиубыдэ Къэбэрдей автоном область къызэрагъэпэщащ.

Къэбэрдейр ГАССР-м къыхэкIыжа нэужь, Балъкъэрри абы къыхэкIыжын хуейуэ а лъэпкъым къигъэуващ. Абы экономикэ, культурэ, географие я лъэныкъуэкIэ щхьэусыгъуэ куэд щыщыIэти, РСФСР-м и ВЦИК-м унафэ къищтащ Балъкъэрри Бгырыс Республикэм къыхэкIыжыну, ауэ щыхъукIи Къэбэрдейм гухьэу зы автономнэ область къызэрагъэпэщыну. А субъектыщIэр РСФСР-м щхьэхуэу хыхьэн хуейт.

Унафэ къащта щхьэкIэ, Iуэхур занщIэу зэфIэкIакъым. Балъкъэрхэм я унафэщIхэм, Энеев М. я пашэу, яфIэкъабылтэкъым Балъкъэрыр Къэбэрдейм гухьэныр. Ахэри хуейт я закъуэ автоном щIыналъэ яIэжыну. А Iуэхум теухуа псалъэмакъхэр екIуэкIащ 1922 гъэм и декабрь пщIондэ. Лъэпкъхэр зэгурыIуэртэкъым власть органхэм езыхэм ящыщу хыхьэн хуей цIыху бжыгъэмкIи. Балъкъэрхэм къызэрагъэувымкIэ, лъэпкъитIми я лIыкIуэу унафэ зыщI IэнатIэм щыIэхэр зэхуэдизу щытыпхъэт. Къэбэрдейхэм трагъэчыныхьырт, езыхэр хуэдихкIэ нэхъыбэти, абы тещIыхьа цIыху бжыгъи унафэ зыщI органхэм хэтын хуейуэ. 1922 гъэм и июлым екIуэкIащ Наркомнацым (Лъэпкъ IуэхухэмкIэ цIыхубэ комитетым) и зэхуэс. Абы къыщащта унафэм ипкъ иткIэ, Къалмыкъымрэ Энеевымрэ я нэIэм щIэту, тхьэмахуитI пIалъэм къриубыдэу къызэрагъэпэщын хуейт Къэбэрдей, Балъкъэр лъэпкъ гъэзэщIакIуэ комитетхэр. Ауэ щыхъукIи, лъэпкъхэр я хуитыныгъэкIэ щызэхуэдэкIэ, гъэзэщIакIуэ комитетхэм къэбэрдейрэ балъкъэру хэтхэм я бжыгъэри зэхуэдэн хуейуэ къыхуагъэуващ. А Iуэхухэр щIыналъэм щызэфIамыгъэкIауэ, зыужьыныгъэм хуэгъэпса мылъку лъэпкъ къызэрыхуамыутIыпщынури къыжраIащ.

Апхуэдэу щыхъум, Къэбэрдейм зыри къыхуэнэжыртэкъым, ткIийуэ къыхуагъэува Iуэхум еувэлIэн фIэкIа. Къэбэрдей-Балъкъэр автоном

областыр къызэрагъэпэщауэ щытащ 1922 гъэм декабрым и 30-м. Ар техуащ СССР-р къыщызэрагъэпэща махуэм.

Къэбэрдейм Балъкъэрыр гуагъэхьа къудей мыхъуу, Кавказ Ищхъэрэм и политикэ картэм къихъуащ лъэпкъ къэралыгъуэщIэ, Къэбэрдей-БалъкъэркIэ еджэу. А лъэпкъитIыр зэрызэгуагъэувам хуэдэ дыдэу ди щIыналъэм ис адрей лъэпкъхэри зэгуагъэхьэурэ автоном щIыпIэхэр къызэрагъэпэщащ. Большевик къэралым къигупсыса апхуэдэ ухуэныгъэм и зэранкIэ Къэбэрдейм игъащIэ лъандэрэ зэрихьэу щыта, дуней псом къызэрыщацIыхуу къекIуэкIа тхыдэ фIэщыгъэри фIэкIуэдащ.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм зэхъуэкIыныгъэшхуэ игъуэтакъым зи гугъу тщIы лъэхъэнэм яухуа къэрал зэхэтыкIэм. Жылагъуэм щекIуэкIа зыужьыныгъэм иужькIэ Iэмал къитащ къэралым и КонституцэщIэр къащтэну.

1936 гъэм декабрым и 5-м къащтащ СССР-м и Конституцэр. А илъэс дыдэм Къэзахъ, Къыргъыз автономнэ республикэхэр союзнэ республикэхэу СССР-м хагъэхьащ. СССР-м абы щыгъуэ хыхьащ союзнэ республикэхэу Азербайджаныр, Армениер, Куржыр. ИпэкIэ ахэр зэхэтауэ щытащ зы Закавказскэ СФСР-у. Автономнэ областхэм ящыщ куэд автономнэ республикэ хъуащ а зэманым. Абыхэм яхиубыдащ икIи СССР-м и Конституцэм иратхащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-р. Абы къигъэлъагъуэрт ар административно-политикэ ухуэкIэм къикIыу къэрал-политикэ псэукIэм зэрыхуэкIуар.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 20-30 гъэхэм, дауэ мыхъуми, большевик къэралыщIэм лъэпкъхэм я зыужьыныгъэм хуэгъэпса IуэхугъуэфI куэд зэфIигъэкIащ. Пэжу, а лъэпкъ-къэрал ухуэкIэм нэмыщIыса Iыхьэ куэд хэлъащ, къапщтэмэ, хэкум щыпсэу лъэпкъ псоми зэхуэдэ хуитыныгъи Iэмали ягъуэтакъым. Зи бжыгъэкIэ нэхъыбэ хъу лъэпкъхэм апхуэдэ фIыгъуэхэр нэхъыбэу къалъысащ. ИтIани, а лъэхъэнэм екIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм зыужьыныгъэ ин къыхуахьащ къэралым зэрыщытуи, абы хыхьэ щIыналъэхэми. Абыхэм цIыху мелуанхэм я гъащIэр яхъуэжащ. Абы хиубыдащ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэри.



2

Илъэси 100 и пэкIэ большевикхэм яухуауэ щыта къэралыгъуэм зыхущыщIэрэ зыхунэмысу куэд хэлъами, абы щекIуэкIа лъэпкъ-къэрал ухуэныгъэм къыдэкIуэу, гулъытэшхуэ щигъуэтащ социально-экономикэ, культурэ зыужьыныгъэ цIыхубэм етыным. Граждан зауэмрэ Езанэ дунейпсо зауэмрэ къыхэкIыу псэун щIэзыдза къэралым и экономикэр къанэ щIагъуэ щымыIэу зэтекъутат. Хэкум и промышленнэ IэнатIэм лэжьыгъэ гуэри къыщрахьэлIэртэкъым, мэкъумэш хозяйствэрати, зэтещэхат, цIыхубэр мэжэщIалIагъэм иубыдат. А псори я лъабжьэу щIыпIэ-щIыпIэхэм щекIуэкIырт цIыхубэ зэщIэхъееныгъэхэр, совет къэралыгъуэм иригъэкIуэкI политикэмкIэ мыарэзыхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытт. Апхуэдэ щытыкIэм къишэнкIэ хъунут езы къэрал дыдэр зэтещэхэныр. 1917 гъэм екIуэкIа къэхъукъащIэхэмрэ Граждан зауэмрэ мылъкукIэ хэщIыныгъэу къахьар мелуан бжыгъэ куэд хъурт. Къэрал гъунапкъэхэм Iуэхур куэдкIэ щынэхъ хьэлъэт, центрым нэхърэ.

Жылагъуэр зэщIэзыубыда а зэхъуэкIыныгъэхэр, дауи, къэсащ къэбэрдейхэмрэ балъкъэрхэмрэ я дежи. Мы щIыналъэхэм промышленностым зыщиужьагъэххэтэкъым. Экономикэм и лъабжьэр мэкъумэш IэнатIэрат. ЩIыпIэм щыпсэухэм я процент 96-р мэкъумэшыщIэт. А

илъэсхэм екIуэкIа зэрыхьзэрийхэм я зэранкIэ зэхэкъута хъуат мэкъумэш IэнатIэри. Къапщтэмэ, щIыналъэм гъавэ щIапIэу 1920 гъэм иIар процент 52-кIэ нэхъ мащIэ хъуат, 1913 гъэм еплъытмэ. Iэщ бжыгъэми хуэдищым щIигъукIэ хэщIат. ЦIыхухэм я нэхъыбапIэр мэжалIэрт.

«Продразвёрсткэ»-кIэ зэджэу къыхалъхьа Iэмалыр, ипэжыпIэкIэ жыпIэнурамэ, къэралым иригъэкIуэкI хъунщIэныгъэт. Абы нэхъри нэхъ хьэлъэж ищIырт цIыхубэм я псэукIэр. А къуэдыр зытралъхьа мэкъумэшыщIэм гукъыдэж лъэпкъ иIэтэкъым нэхъыбэ къилэжьыну, сыту жыпIэмэ куэд къилэжьми, мащIэ зыIэригъэхьэми – тIум щыгъуэми къэралым къанэ щымыIэу трихынут. Куэдрэ къэхъурт мэкъумэшыщIэм жылапхъэ къудей къыхуамыгъанэу гуэн нэщIкIэ гъатхэм щытехьэ. Псалъэм папщIэ, 1921 гъэм къриубыдэ мазэ зыбжанэм и кIуэцIкIэ Къэбэрдейм къалэн къыщащIат къэралым щIакхъуапхъэу пут мин 700 иритын хуейуэ. Абы хэтт гуэдзу пут мин 500. КъищынэмыщIауэ, къалэн къыщащIахэм къыхэгъэщат лыуэ пут мин 80, фоуэ пут 22-рэ, нэгъуэщI ерыскъыпхъэхэри. Апхуэдиз къуэды зытелъ щIыналъэм и экономикэм лъабжьэ хуэхъур ерыскъыпхъэ мащIэ къыщалэжь IэнатIэхэрат. Абыхэм я процент 50-м нэсыр мэкъумэшыщIэхэм зэрахьэ губгъуэ-хадэхэрат. Нэхъ къулейхэу «кулак»-кIэ зэджэхэм я хозяйствэхэм проценти 6,8-рэт яубыдыр. Апхуэдэ щытыкIэ гугъум, къэралым и лъабжьэр щIэзыудым, хэкIыпIэ гуэр къыхуэгъуэтын хуейт Iэмал имыIэу.

Абы и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ 1921 гъэм и март мазэм екIуэкIауэ щыта РКП(б)-м и X съездым. Абы щаубзыхуа Iуэхугъэ нэхъыщхьэхэм ящыщт къэралыр военнэ коммунизмэм и политикэм къытекIыу экономикэ политикэщIэм (НЭП) зэрытехьэр, продразвёрсткэр продналогым хуэзыгъакIуэр. А налогыр хуэдищкIэ нэхъ мащIэт, продразвёрсткэм еплъытмэ. МэкъумэшыщIэхэм я нэхъ тхьэмыщкIэхэм ар ятыххэнутэкъым, абыхэм къакIэлъыкIуэхэм къыIахынур нэхъ мащIэт, кулак хозяйствэхэм хуагъэува налогым нэхърэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу мэкъумэшыщIэхэм ят налогхэм, къапщтэмэ, процент 30-кIэ хэщIат. КъищынэмыщIауэ, абыкIэ ипэкIэ ятелъа щIыхуэхэр псори хуагъэгъуат.

НЭП-м къызэригъэувымкIэ, хьэрычэтыщIэ Iуэхухэми зебгъэужь хъунут. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм мэкъумэшыщIэхэм лэжьыгъэм хуаIэ гукъыдэжыр къиIэтыжырт, ар нэхъыбэж къэлэжьыным хуэгъэпса жэрдэмыщIэхэми я джэлэс хъурт. А псоми къашэрт гъавэ щIапIэхэр нэхъыбэ щIыныр, Iэщ гъэхъун IэнатIэми нэхъри зегъэужьыныр. НЭП-м и лъэхъэнэм къэунэхуа производствэ, сату IуэхущIапIэхэм ящыщщ МэкъумэшыщIэ зэгухьэныгъэхэм я зэдэIэпыкъуныгъэ комитетхэр (ККОВ), ЩIым елэжьынымкIэ зэгухьэныгъэхэр (ТОЗ), нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу, НЭП-м къигъэщIащ экономикэм и лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэр, уней сатуми зригъэужьащ.

ЖыпIэнурамэ, XX лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм я кIэухым къэралым IэщIыб щащIа апхуэдэ лэжьэкIэ мардэхэм дэ дыщыхуэкIуэжар зэхъуэкIыныгъэхэм я лъэхъэнэу ялъытэ 90 гъэхэращ. Апхуэдэу къэралым зыIэщIигъэкIащ рынок экономикэм и Iэмалхэр икIи илъэс 70-кIэ тетащ зы экономикэ Iуэху зехьэкIэм - социалистическэм. Ар япэщIэуэрт экономикэ политикэм и хабзэ псоми.

Апхуэдэ хабзэ ткIийхэм тет пэтми, къэралым улъэщIэмыхьэу зиужьырт. Псом хуэмыдэу ар щынэрылъагъут щIыпIэхэм. ИтIани, къэралым иджыри иIэтэкъым езым и лъэпкъ промышленность IэнатIэ, абы къыхэкIыуи цIыхухэм яхурикъуртэкъым Iэмалыншэу зыхуей хьэп-

шыпхэр. Апхуэдэ щытыкIэм къалэныщIэхэр къыхуигъэуват властым: икIэщIыпIэкIэ къызэгъэпэщын хуейт лъэпкъ промышленностыр, псом хуэмыдэу гулъытэ хуэщIыпхъэт абы щIыналъэхэм зыщегъэужьыным.

Индустриализацэм хуэгъэпса зыужьыныгъэм гъунэ щралъащ 1925 гъэм и декабрым екIуэкIа, партым и XIV съездым. Абы къыкIэлъыкIуа илъэсхэм къэралым ехъулIэныгъэшхуэхэр зыIэригъэхьащ промышленнэ IуэхущIапIэхэр ухуэнымкIэ.

Урысей пащтыхьыгъуэм и гъунапкъэ щIыпIэхэу иджы Совет къэралым хыхьахэм а Iуэхум мыхьэнэ ин дыдэ щиIэт, сыту жыпIэмэ абыхэм промышленность IэнатIэм зыщиужьыххатэкъым, лэжьакIуэбэ класс, инженер-техникэ IэщIагъэлI жыхуаIэхэри щыIэтэкъым. Къэрал унафэщIхэм гулъытэшхуэ хуащIу хуежьащ СССР-м хыхьэ щIыналъэ псоми. Абыхэм ящыщт Кавказ Ищхъэрэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым индустриализацэр щыщекIуэкIым, гулъытэ нэхъыбэ хуащIащ промышленность псынщIэмрэ ерыскъыпхъэм елэжьымрэ зыщегъэужьыным. Къыхэгъэщыпхъэщ, промышленностым зегъэужьыным къыдэкIуэу, щIыналъэм и щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэри яджу, а унэтIыныгъэм епха къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу зэрыщытар. Абыи мыхьэнэшхуэ иIэт къэралпсо экономикэм нэхъри зегъэужьынымкIэ. Лъэпкъ экономикэр лъэ быдэкIэ увын папщIэ, IэнатIэр зэлэжьыпхъэ хьэпшып, гъавэхэкI, гъэшхэкI хуэдэхэр, нэгъуэщIхэри нэхъ гъунэгъуу щыIэмэ зэрынэхъыфIыр наIуэти, абыи мыхьэнэ иратырт. А псори къалъытэурэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралым къыщызэригъэпэщащ промышленнэ IуэхущIапIэ куэд. Абы щыхьэт тохъуэ лIэщIыгъуэ блэкIам и 20-30 гъэхэм ди республикэм къыщызэIуаха IуэхущIапIэхэр. Къапщтэмэ, 1928-1930 гъэхэм кърuубыдэу Налшык щаухуауэ щытащ гъавэ хъумапIэ, дагъэ щыщIаху завод, IэфIыкIэ щащI фабрикэ, щIакхъуэгъажьэ комбинат, вакъэ, щыгъын щад фабрикэхэр, нэгъуэщI промышленнэ IуэхущIапIэхэр. Мэкъумэш IэнатIэм и продукцэхэм щелэжь промышленнэ IуэхущIапIэхэр къыщызэIуахауэ щытащ Мэртэзей, Котляревскэ, Прохладнэ, Нарткъалэ жылэхэм. Апхуэдэу Щхьэлыкъуэ, Дыгулыбгъуей къуажэхэм лэжьэн щыщIадзат чырбыш-кхъуэщын заводхэм. Ахэр псори траухуат щIыпIэм щыIэ сырьём, къыщыщIах хъугъуэфIыгъуэхэм елэжьыным.

Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэм траухуауэ щытами, зэманыр кIуэтэхукIэ нэрылъагъу хъуащ промышленнэ IэнатIэм хыхьэ завод, фабрикэ хуэдэхэм ящыщ куэд щIыпIэ продукцэкIэ зэрымылэжьэжыр, Гидрометзаводым къищынэмыщIа. Абыхэм къыщыщIагъэкI продукцэхэр зы хьэпшып гуэрым и Iыхьэу арати, лэжьакIуэхэр щыгъуазэтэкъым сытым елэжьми, заводым и дамыгъэр трагъэувэ мыхъумэ. ЦIыху мини 2-3 щылажьэ промышленнэ IуэхущIапIэхэр яухуами, лэжьакIуэбэм я Iуэху зэрыдэкIыным елIалIэ щыIэтэкъым. Иджы хуэдэу, заводхэм, фабрикэхэм я гъунэгъуу яухуэртэкъым школхэр, сабий садхэр, тыкуэнышхуэхэр, цIыхухэм я гъащIэр тынш ящIу.

Къищынэмыщlауэ, промышленнэ IэнатIэм кърагъэблагъэрт хамэ щIыпIэхэм щыщ IэщIагъэлIхэр, къращалIэрт къуажэхэм щыпсэухэр. Абыхэм ящыщ куэдым иужькIэ псэупIэ яхуэхъуащ ди республикэр, абы и къалащхьэр. Ельцин Борис зи пашэ «демократ-хэкупсэхэм» къэралыр зэтрагъэщэхэжу промышленнэ IуэхущIапIэ куэд зэхуащIыжа нэужь, апхуэдэ IэщIагъэлI цIыху минхэр (нэхъыбэр урыс лъэпкъым щыщу) щIыбым къыдэнащ, щIакхъуэ Iыхьэ къалэжьу я бын зэрагъэшхэн хэкIыпIэ ямыIэжу. Республикэм икIыжыну Iэмал зыгъуэтахэр зэман

кIэщIым къриубыдэу абы иIэпхъукIыжащ, адрейхэм лэжьыгъэ IэнатIэ къалъыхъуэу гугъу ехьащ. Ди щIыналъэм ис лъэпкъхэм я нэхъыбапIэр къуажэдэсти, ахэр жылэхэм къыдэнэжащ, зэрыпсэун Iэмал ямыIэу.

Къэрал унафэщIхэм ирагъэкIуэкIа апхуэдэ демографие, экономикэ мыжыжьаплъагъэм къишащ армырами цIыху Iув зыщыпсэу ди щIыналъэм хамэ щIыпIэхэм къиIэпхъукIахэри щетIысэхыныр. Абы и лъэныкъуэкIэ къыхэгъэщыпхъэщ ди жылэхэм ящыщ куэдым мы зэманым цIыху мини 10-м щIигъу зэрыдэсыр, къуажэхэм я гъунапкъэхэр зэхыхьэжыным нэсауэ. Дигу къэдгъэкIыжынщи, нобэр къыздэсым куэдым ягъэулъий Къалмыкъ БетIал хузэфIэкIащ лIэщIыгъуэ блэкIам и 20 гъэхэм жылэщIэу 30-м нэс игъэтIысын, демографием пыщIа Iуэхухэр тэмэму зэфIихыу. Ар экономикэ, политикэ я лъэныкъуэкIэ лъэбакъуэ пэжт. Иджырей ди къуажэхэми яхэтщ инышэ хъуа, абы къыхэкIыу ди унафэщIхэм пхагъэкIын хуейщ жылэшхуэхэр зэхэгъэтIысыкIыным хуэщIа федеральнэ программэ ищхьэмкIэ къыщегъэщтэныр. Апхуэдэу мыхъумэ, КъБР-р социальнэ и лъэныкъуэкIэ къыщиудыныр зыхуэIуа щыIэкъым. НэгъуэщI щIыналъэхэм щымызэгъа цIыху куэдыщэ ди республикэм къызэрырагъэблэгъами къишащ а щытыкIэ хьэлъэр. Яхуэмыубыд, мардэ зимыIэ ди «хьэщIагъэм» къытхуишахэм ящыщщ игъащIэми адыгэ жылэу къэгъуэгурыкIуа куэдым ди лъэпкъэгъухэр нэхъ мащIэ дыдэу дэсхэм халъытэ зэрыхъуари.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIахэм ящыщщ 1940 гъэм и сентябрь мазэм Тырныауз вольфрам-молибден комбинат зэрыщаухуар. Абы къыщIигъэкI продукцэм къэралпсо экономикэм зиужьыным увыпIэшхуэ щиубыдырт. Индустриализацэм и илъэсхэращ ди республикэр электроэнергиекIэ къызэгъэпэща щыхъуари. 1936 гъэм яутIыпщауэ щытащ киловатт 25000-рэ зи лъэщагъ Бахъсэн ГЭС-р. Абы къилэжь электрокъарур зыхурикъур КъБАССР-м и закъуэтэкъым, атIэ Кавминводы щIыпIэхэри зэлъигъэIэсырт. Лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ гъуэгу-лъэмыж ухуэныгъэми мэкъумэш IэнатIэхэр псыкIэ къызэгъэпэщынми. Ауэ щыхъукIэ, большевизмэм хэлъа ныкъусаныгъэхэм сыт хуэдизу дытемыпсэлъыхьми, индустриализацэм и илъэсхэм зэфIэха хъуа лэжьыгъэшхуэхэр зыщIыпIи пхуэхьынукъым, псори нэрылъагъущ.

Мэкъумэш IэнатIэм утепсэлъыхьмэ, абыи къэралым ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэригъэхьауэ щытащ, ар залымыгъэкIэ коллективизацэм хуагъэкIуэн и пэкIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм ехъулIэныгъэхэр яIащ, адрей илъэсипщIхэм еплъытмэ. Дауи, цIыхухэр хуэныкъуащ ерыскъыхэкIхэм, нэгъуэщI хьэпшыпхэм. Абы теухуат 1927 гъэм и декабрым зэхаша XV парт съездым и лэжьыгъэр. IэнатIэм щыщыIэ къыкIэрыхуныгъэхэм укъызэрикIыфыну щыIэр хэкIыпIитIт. Япэр: мэкъумэшыщIэм уней мылъкур зи лъабжьэ хозяйствэм зригъэужьурэ (абы хэтт щIыри, техникэри, Iэщри), продукцэ зэмылIэужьыгъуэхэр къилэжьынут, езым сатуи ищIыжынут, дуней псом щызекIуэ хабзэхэм я мардэхэм изагъэу. ЕтIуанэр: мэкъумэшыщIэм езым и Iыхьэ щIыми, техникэми, Iэщми хэмылъу, псоми я зэхуэдэ Iуэхум телэжьыхьынут, къилэжь продукцэм и унафэри ищIыжыну хуимыту.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, Совет къэралым къыхихар етIуанэ гъуэгуращ. Пэжу, тхылъымпIэм ар къызэрыщыгъэлъэгъуар нэгъуэщIут, арщхьэкIэ колхозу зэгухьэныр – мэкъумэшыщIэхэр аргуэру гъэрыпIэм изыгъэувэж Iэмалт. Езыхэм я арэзыныгъэкIэ колхозым хыхьэхэр зыри зимыIэ мэкъумэшыщIэхэрат. Адрейхэр, середнякрэ кулаккIэ зэджэхэу

продукцэ къэзылэжьыфхэр, а зэгухьэныгъэм залымыгъэкӀэ хахуауэ аращ. Колхозым хыхьэн зымыдэххэхэр, «цӀыхубэм я бийуэ» ягъэӀурти, хуэфэщэн тезыри тралъхьэрт. Апхуэдэ щытыкӀэ гугъум ирагъэува мэкъумэшыщӀэхэм къахэкӀырт къэралым иригъэкӀуэкӀ политикэмкӀэ мыарэзыхэр. Абы и щапхъэщ 1928 гъэм Бахъсэн къыщыхъуауэ щыта мэкъумэш зэщӀэхъееныгъэр. Щысхьырабгъу лъэпкъ имыӀэу властым зэхикъутащ а зэпэщӀэувэныгъэр, цӀыхуи 120-м щӀигъур уголовнэ жэуапым ирашэлӀащ, цӀыху 20-м щӀигъуи яукӀащ.

Апхуэдэ Ӏуэхугъуэ гуемыӀухэр, ткӀийхэр хэлъами, къэралым ехъулӀэныгъэфӀхэр щызыӀеригъэхьащ колхоз ухуэныгъэм. Абы ущыгуфӀыкӀ хъунут, цӀыху гъащӀэу куэд зэрыщӀатар Ӏуэхум къыхыумылъытэмэ. Мэкъумэш продукцэр къэзылэжьу щыта кулак классыр абдеж щагъэкӀуэдащ. Колхоз-совхоз продукцэ къэлэжьыкӀэм хуэкӀуа мэкъумэшыщӀэр ткӀийуэ тетыпхъэт а унэтӀыныгъэмкӀэ къэралым щыубзыхуа хабзэхэм, ауэ щыхъукӀи къилэжь мылъкур зэгъэзэхуэным и Ӏуэху хэлътэкъым. Къуажэдэс унагъуэхэм яӀэну хуиттэкъым зы жэм зэщӀэс, Ӏэщ цӀыкӀуу плӀы нэхърэ нэхъыбэ. Шы, шыд жыхуэпӀэхэр яӀыгъыну хуитыныгъэ лъэпкъ яӀэтэкъым, пхъэӀэщэ, нэгъуэщӀ техникэ лӀэужьыгъуэхэм я гугъу умыщӀыххи. Зэгухьэныгъэхэм къалэжь, ябгъэдэлъ мылъку псоми унафэ тезыщӀыхьыну хуитыр ар зи ӀэмыщӀэ илъ колхоз е совхоз унафэщӀхэрт.

ГъэщӀэгъуэныракъэ, апхуэдэ щытыкӀэ гугъум ит пэтрэ, мэкъумэшыщӀэм зыӀеригъэхьэфырт ехъулӀэныгъэфӀхэр. ГуащӀэрыпсэухэм къахэкӀырт я лэжьыгъэ хьэлэлкӀэ къэрал псом цӀэрыӀуэ щыхъухэр, Социалист Лэжьыгъэм и ЛӀыхъужьхэр, орденхэр, медалхэр зыхуагъэфащэхэр. Псалъэм папщӀэ, Бахъсэн щӀыналъэм хыхьэ Зеикъуэ къуажэм щызэхэта хозяйствэм зэман къыхуихуащ Ӏэщ цӀыкӀуу мин 30-м щӀигъу, Ӏэщышхуэрэ адыгэ шы лъэпкъ лӀэужьыгъуэу мини 10 бжыгъэхэр щиӀа. Совет властым и лъэхъэнэм а жылэм щыщу цӀыхуиплӀым хуагъэфэщащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛӀыхъужь цӀэ лъапӀэр. Апхуэдэхэт Бырс Анзор, Щоджэн ТӀэлашэ, Къалмыкъ Хьэжмурат, Бгъэжьнокъуэ Хьэчим сымэ. Жэмыш пашэ Шурдым Лидэ иратауэ щытащ ГуащӀэдэкӀ ЩӀыхьым и орденым и нагъыщэ псори.



Колхоз псэукӀэр зэгухьэныгъэу щыӀэм я нэхъыфӀу къыпщагъэхъун, ар цӀыхубэм я гъащӀэр езыгъэфӀакӀуэ Ӏэмал ехьэжьауэ ягъэӀун папщӀэ, хьилагъэм хуекӀуи щыӀэт. МэкъумэшыщӀэхэр колхозхэм, совхозхэм залымыгъэкӀэ зэрыхагъэхьам ищӀыӀужкӀэ, къызэрагъэпэщыну хуежьэрт хозяйствэ абрагъуэхэр. «Мэкъумэш-индустриальнэ гигант»-кӀэ зэджэ апхуэдэ колхоз ин Джылахъстэней щӀыналъэм къыщызэрагъэпэщауэ ягъэӀуат. ЗэрыжаӀэмкӀэ, абы хэтт хозяйствэ мини 5 икӀи щӀыуэ яӀэт гектар мини 114-рэ. Языныкъуэ унафэщӀхэм къыхалъхьэ жэрдэмхэр епхат Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыщыту зы колхоз абрагъуэу ухуэным.

Колхоз-совхоз ухуэныгъэм и тхыдэм къигъэлъэгъуащ апхуэдэ псэукӀэр къэкӀуэну зимыӀэ зэгухьэныгъэу зэрыщытыр. Абыхэм къыщалэжь псори «къэралым и гуэным» иракӀутэурэ (абы щыгъуэми цӀыхубэр куэдым хуэныкъуэу) ехъулӀэныгъэ лъагэхэр зыӀэрагъэхьэми, щытыкӀэ гугъум япэу щихуа зэманым, зэхъуэкӀыныгъэхэм я лъэхъэнэм, ахэр зэтещэхэжащ. Ауэ щыхъукӀи, ар ди тхыдэ блэкӀащи, щӀэблэр щыгъуазэ щӀын хуейщ, апхуэдэ щыуагъэхэм иужькӀэ къытрамыгъэзэжын щхьэкӀэ.

Культурэ и лъэныкъуэкIэ къэралым игъуэта зыужьыныгъэм и гугъу пщIымэ, лIэщIыгъуэ блэкIам и 20 - 50 гъэхэм къриубыдэу абыкIэ егъэлеяуэ зэхъуэкIыныгъэшхуэ къыщыхъуащ цIыхубэм я гъащIэм. ЖыпIэнурамэ, мис ар культурэ революцэ нэст.

1917 гъэм къэхъуа жылагъуэ-политикэ зэщIэхъееныгъэхэм ирихьэлIэу Урысейм и цIыхубэр нэхъ щIэныгъэншэу ялъытэхэм ящыщт, зызыужьа къэралхэм еплъытмэ, абы и гъунэхэм щыпсэу цIыхубэм я гугъу умыщIыххи. Къапщтэмэ, къэбэрдей, балъкъэр жылэхэми я цIыхубэм щIэныгъэ гуэри ябгъэдэлъакъым абы щыгъуэ. Мыбдеж къыхэгъэщыпхъэщ мыпхуэдэ зы Iуэхугъуэ: ди лъэпкъхэм щIэныгъэ зэрабгъэдэмылъам теухуауэ а лъэхъэнэм большевикхэм къахьа бжыгъэхэри процентхэри пэжу къэплъытэ хъунукъым, сыту жыпIэмэ емыджэфымрэ мытхэфымрэ я бжыгъэм хагъэхьащ хьэрыпыбзэм хуэшэрыуэ адыгэхэри балъкъэрхэри. Дызэрыщыгъуазэщи, абыхэм ящыщ куэдым фIы дыдэу хьэрыпыбзэр ящIэрт. Ауэ щыхъукIи, ди цIыхубэм я процент 95-р щIэныгъэншэт. Культурэмрэ искусствэмрэ, щIэныгъэм я IэнатIэхэр, курыт школхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ диIэтэкъым.

Сыт хуэдэу большевикхэм датемыхъущIыхьми, илъэсипщI бжыгъэхэм къриубыдэу абыхэм яхузэфIэкIащ лъэпкъ щIыналъэхэм культурэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ, щIэныгъэ IуэхущIапIэхэр къыщызэрагъэпэщын. Адыгэхэм, балъкъэрхэм я литературэ, тхыбзэ яIэ хъуащ, лъэпкъ интеллигенцэкIэ дызэджэ IэщIагъэлIхэр хэкум къитэджащ. Абы къищынэмыщIауэ, ди лъэпкъ мащIэхэм ящыщ щIалэгъуалэр хэхауэ щрагъэджащ къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъыфIхэм, лъэпкъ IэщIагъэлIхэр щIыналъэхэм хуагъэхьэзыру. Культурэмрэ щIэныгъэмрэ щIыпIэхэм нэхъ щIэхыу зыщаужьынымкIэ дэIэпыкъуэгъу къыт- хуэхъурт лъэпкъышхуэхэм къахэкIа IэщIагъэлIхэр. Псом япэу я цIэ къиIуапхъэщ урыс, украин, куржы лъэпкъхэм ящыщхэм.

Къыхэгъэщыпхъэщ, адрей унэтIыныгъэхэми хуэдэу, культурэ ухуэныгъэми егъэлеиныгъэ, щыуагъэ зэрыхэлъар. Абыхэм я нэхъыщхьэщ динымрэ къэралымрэ зэпэщхьэхуэ ящIауэ, уеблэмэ зэпэщIагъэуващ зэрыщытар. «Диныр цIыхубэм я щхьэр зыгъэуназэ, я гупсысэр зэтезыху щхъухьщ» («Религия – опиум для народа») къыхуеджэныгъэм щIэту сыт хуэдиз дин лэжьакIуэ, фIэщхъуныгъэ зыхэлъ къызэрыгуэкI цIыху IэщIэкIуэда абы щыгъуэ властым?! Архитектурэ, тхыдэ фэеплъу зэтракъутари мащIэкъым. Къулейхэм къахэкIахэр, абыхэм къащIэхъуэ щIэблэр гугъу ирагъэхьырт, щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щызрагъэгъуэткIэ, лэжьыгъэ IэнатIэ щыувкIэ, къэрал, жылагъуэ къулыкъухэм щыпэрыувэкIэ.

Ауэ щыхъукIи, культурэ ухуэныгъэ и лъэныкъуэкIэ къэралым ича лъэбакъуэр къыпхуэмылъытэным хуэдизт. Ди лъэпкъхэм къахэкIа цIыху куэд цIэрыIуэ щыхъуащ щIэныгъэми, культурэми, искусствэми, литературэми. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Темыркъан Юрэ, Къумахуэ зэкъуэшхэр, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Энеев Тимур, Зумакуловэ Танзиля, Балъкъэр Фоусэт, нэгъуэщIхэри.

Культурэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэшхуэхэм я щапхъэ наIуэщ, къапщтэмэ, Зеикъуэ къуажэр. Абы къыдэкIащ республикэми къэралми цIэрыIуэ щыхъуа щIэныгъэлIхэр, егъэджакIуэхэр, культурэмрэ искусствэмрэ я лэжьакIуэхэр. ЩIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я докторрэ профессору жылэм къыдэкIащ цIыху 42-рэ. ЩIэныгъэхэм я кандидатхэм я бжыгъэр 300-м щIегъу. Абыхэм ящыщщ Нэхущхэ Iэдэмрэ Викториерэ, Шурдымхэ Гъэзалийрэ Барэсбийрэ, Щауэхэ Мухьэмэдрэ

Iэбубэчыррэ, Сэбаншы Хъусен, Бгъэжьнокъуэ Барэсбий, Къэрмокъуэхэ Ахьмэдрэ Хьэчимрэ, Ашэбокъуэ Борис, Унэжхэ Хьэсэнрэ Кашифрэ, нэгъуэщIхэри. Къэрал псом щызэлъащIысащ спортсменхэу Щомахуэхэ Къэралбийрэ Борисрэ, Шурдым Хьэжмурат, Къуэдзокъуэ Лев, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Мэжджыхь Эдуард, Шыд Хъусен сымэ я цIэхэр. ЦIыхубэм фIыуэ ялъэгъуащ искусствэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэу Нэхущ Чэрим, Щомахуэ Хьэсэнбий, Лосэн Тимур, Хьэмырзэ Ахьмэд, Согуэ Данил сымэ. Зеикъуэдэсхэр ирогушхуэ я жылэм къыдэкIа политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэхэм, генералхэмрэ полковникхэмрэ. А къуажэращ зыщыщыр УФ-м и Къэзыбж  палатэм и япэ тхьэмадэу, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIу щыта, политик цIэрыIуэ Къэрмокъуэ Хьэчим, КъБАССР-м и Правительствэм и пашэу илъэс 15-кIэ лэжьа Къущхьэ КIыщыкъуэ...

Аращи, илъэси 100 и пэкIэ екIуэкIауэ щыта социалист революцэм цIыху мелуанхэм я гъащIэр ихъуэжащ. Языныкъуэхэм я дежкIэ ар дунейкъутэжт, насыпыншагъэ инт, адрейхэм ар къахущIэкIащ гъащIэщIэм и щIэдзапIэ нэхуу. А къэхъукъащIэхэм цIыху куэдым я псэм къыщагъэушащ лъапIэныгъэщIэхэр, псэуныгъэм и гъуазэщIэхэр. Апхуэдэуи цIыху гъащIэ куэд зэтекъута хъуащ, лъэпкъ Iэджэми я хабзэхэр, я культурэр IэщIагъэхуащ, ахэр гъащIэщIэм пэщIэуэу къалъытэри.

А псори щыIащ. Ар дэ ди тхыдэщ. Абы епхауэ кIэщIу сытепсэлъыхьынут цIыху щхьэхуэм тхыдэм щиубыд увыпIэм. Хрущёв Никитэ и зэман лъандэрэ къокIуэкI Сталин Иосиф гъэулъииныр. А жэрдэмыр къыщапхъуэтащ къэралым и щIыналъэхэм икIи зэрахузэфIэкIкIэ тохъущIыхь, ягъэулъий лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм ди къэралым и унафэщIу щытахэм я цIэхэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэм хокIуадэ цIыхухэр, унафэщIхэми яIэщIокI щыуагъэхэр, мылъкукIи хэщIыныгъэхэр щыIэщ. НэгъуэщIу къэхъурэ? Большевизмэри апхуэдэ хабзэращ зытетар.

Сталиным и гугъу пщIымэ, ар политикышхуэу, цIыху акъылыфIэу щытащ. КъыдгуроIуэ икIи гурэ псэкIэ зэхыдощIыкI зи благъэ, Iыхьлы зыфIэкIуэдахэм я гурыщIэхэр. Лениным къуаншагъэу нэхъ мащIэ зэрихьа? СызэригугъэмкIэ – хьэуэ. Большевизмэм и бий гуащIэхэм ящыщ Черчилль Уинстон зэрыжиIамкIэ, Сталиным Урысейр пхъэIэщэм къыIэщIихри, ядернэ Iэщэ зиIэ къэралыгъуэ лъэщ ищIыфащ. Нэхъыжьхэм ящIэж абы и тетыгъуэм экономикэ, щIэныгъэ, культурэ, дзэрэ флотрэ я лъэныкъуэкIэ къэралым зыужьыныгъэу игъуэтар зыхуэдизыр.

Къалмыкъ БетIал теухуауэ жысIэнуращи, бгъэдэлъа щыщIэныгъэ псоми къадэкIуэу, ар и щIыналъэм, и цIыхубэм я къуэ пэжт, хэкупсэ нэст, хахуагъэрэ лIыгъэрэ бгъэдэлъу, бэм яфI зыхэлъ Iуэхугъуэхэр пхигъэкIыфу. Апхуэдизу гурэ псэкIэ зыхуэлэжьа, къулыкъу пэж зыхуищIа совет властыращ Къалмыкъыр зыIэщIэкIуэдэжари. Езы Совет къэралыгъуэри зэуэзэпсэу лъэлъэжащ, абы епха гукъэкIыжхэр къанэри.

**УНЭЖ Кашиф,**
*философие щIэныгъэхэм я доктор, профессор,*
*КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*

# ЩIЭБЛЭМ Я ХЪЭТI

Адыгэ литературэм къикIуа гъуэгуанэр къыщапщытэжкIэ, щIэныгъэлIхэм ар лъэхъэнэ-лъэхъэнэкIэ ягуэш хабзэщ. Тхылъищу зэхэту илъэс зэхуэмыдэхэм (Япэ тхылъ – 2010 гъ., ЕтIуанэ тхылъ – 2013 гъ., Ещанэ тхылъ – 2017 гъ.) дунейм къытехьа «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и тхыдэм» къыщыхьа гуэшыкIэм ипкъ иткIэ зэпэщхьэхуэу къыхэгъэщхьэхукIащ ХХ лIэщIыгъуэм и 20-нэ гъэхэм къыщыщIэдзауэ Хэку зауэшхуэм и пэщIэдзэм нэс, зауэ лъэхъэнэр – 1941–1945 гъэхэр, 1945–1956 гъэхэр, ХХ лIэщIыгъуэм и 60–80 гъэхэр, «совет лъэхъэнэ» фIэщыгъэм щIэту зи гугъу ящI 80–90 гъэхэр, совет нэужь лъэхъэнэу 1990–2000 гъэхэр, иджырей лъэхъэнэр – 2000–2017 гъэхэр. Къэдгъэлъэгъуа лъэхъэнэ къэскIэ лъэпкъ литературэм зыужьыныгъэ щхьэхуэ игъуэтащ: жанрхэр, мотивхэр, стилистикэр зэфIэуващ, лъэпкъ художественнэ гупсысэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр убзыхуа хъуащ.

А лъэхъэнэхэм ящыщу иужьрей дыдэм – 2000–2017 гъэхэм – къэбэрдей литературэм «лIэщIыгъуэщIэм и щIэблэкIэ» узэджэ хъун усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэ гупышхуэ къыхыхьащ. Абыхэм я творчествэм къыдэунэхуащ темэщIэхэр, мотив щIэщыгъуэхэр, художественнэ гупсысэм и къэIуэтэкIэ IэмалыщIэхэр. Апхуэдэщ Жамбэч Рабия, Гугъуэт Заремэ, Щомахуэ Залинэ, КъуэщIысокъуэ Марьянэ, Къаныкъуэ Анфисэ, Нартокъуэ Анжелэ, КIарэ Альбинэ, Бэрбэч Аслъэнджэрий, Къэзан (Гъыдэ) ФатIимэт, Шорэ Маринэ, Кумыщ Маринэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Ахэр тхакIуэ Хьэх Сэфарбий илъэс куэдкIэ зи унафэщIу щыта «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм и гъэсэнхэщ. Литературэ хасэм лэжьыгъэ щхьэпэ зэрыригъэкIуэкIам, къэбэрдей литературэм зэчиищIэ къыщыунэхунымкIэ, макъыщIэ щыIунымкIэ къалэн ин зэригъэзэщIам и щыхьэтщ иужьрей илъэсипщIым усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэсауэ дунейм къытехьа «Жызум уэшх» (2005), «КъудамэщIэ» (2009), «Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» (2010) сборникхэр. КъищынэмыщIауэ, зи цIэ къитIуахэм яхэтщ зи IэдакъэщIэкIхэр тхылъ щхьэхуэу дунейм къытехьахэри. Апхуэдэщ Къаныкъуэ Анфисэ и «Синэмис» (2011), КIарэ Альбинэ и «Си Iэлъыныр узот» (2011), Нартокъуэ Анжелэ и «Лъагъуныгъэм и къару» (2013), Щомахуэ Залинэ и «Мадоннэ» (2014), Гугъуэт Заремэ и «Хьэуа Iубыгъуэ» (2016), Шорэ Маринэ и «Си усэхэр» (2016) тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

КъызэщIэкъуауэ къапщтэмэ, зи гугъу тщIы гупым я творчествэм щытепщэр щIалэгъуэм я Iэпэгъу лъагъуныгъэрщ, гурыщIэ нэхухэрщ е гухэлъ жэуапыншэм къигъэщI гурыгъухэрщ. Абы щыгъуэми усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэхэм яхэтщ пейзажри, гъащIэм и плъыфэ зэхуэмыдэхэр къэзыIуатэ философие гупсысэхэри, психологизмри художественнэ Iэзагъ хэлъу зи тхыгъэхэм хэзыухуанэхэр. Дызытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэр нэхъ нэрылъагъу хъун папщIэ, щIэблэм я творчествэм къытеувыIэпхъэщ, абыхэм я хъэтIым хэлъ щхьэхуэныгъэхэр къыхэгъэбелджылыкIыурэ.

ЩIалэгъуалэм яхэтщ усэм нэхъ хуэIэрыхуи, прозэм зезытаи, а жанритIым щылажьэхэри. **Жамбэч Рабия** иужьрейхэм – уси прози зытххэм хеубыдэ. Абы и IэдакъэщIэкIхэр республикэм адыгэбзэкIэ

къыщыдэкI газетымрэ журналымрэ къытохуэ, «Къудамэщlэ», «Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» сборникхэм хыхьащ.

Жамбэч Р. и тхыгъэхэр литературэ критикэм и шыбзэм щыщlэбгъэкIкIэ, наIуэ къохъу абы и творчествэм прозэ гупсысэкIэр зэрыщытепщэр. Апхуэдэу щытми, Рабия и усыгъэм поэзие лъагэм и щапхъэу образ гъэщIэгъуэнхэм ущрохьэлIэ. Псалъэм папщIэ, «КъитIысхьэ си гъащIэ хъыринэм…» усэм гухэлъым и кууагъымрэ къабзагъымрэ телъыджэу къыщыIуэташ:

*КъитIысхьэ си гъащIэ хъыринэм,*
*ДещIэнкъэ мо мазэм нэсыху.*
*ДыщIэплъэу дыгъэми и нэм,*
*ЗыдгъэфIэу дисынщ дрикъуху.*

Жамбэч Р. и усыгъэм щымащIэкъым философие гупсысэхэмкIэ къулейуэ гъэпса едзыгъуэ шэрыуэхэр. Абыхэм нэхъыбэрэ лъабжьэ яхуэхъур лирикэ лIыхъужьым и гухэлъ жэуапыншэрщ, гъащIэм щимыгъэувыфа насыпырщ. Абы щыгъуэми апхуэдэ едзыгъуэхэм къызэрыкIуэ къэIуэтэкIи, гушыIэ щаби щахэплъагъуэ щыIэщ:

*Тумыгъэхьэ сабэ лъагъуныгъэм,*
*БжьыщIкIи пIуэткIи пхуимыгъэкIыжын.*
*КъыпхуихьынкIэ хъунущ зы мыгъуагъэ –*
*ПфIыхэпкIэнщи, укъигъэсыжынщ.*



Жамбэч Р. езым и хъэтI прозэми къыщигъэщIыжащ. Нэхъыбэу ар зыщылажьэр прозэм и жанр цIыкIухэрщ – рассказымрэ философие миниатюрэмрэщ. Иужьрейхэр «Гупсысэ чырэ» фIэщыгъэм щIэту зы гупышхуэу зэхэтщ. Абы хохьэ «Ерыщыгъэм и лъахэм», «ФIым къиша Iей», «Къигъэзэжамэ, ипхъуэтэжынт», «Насып Iыхьэ», «УIэгъэ», «ЯугъащIэ жагъуэгъухэм», «Шэ къэуэж», «Дыгъэм и бзэ», «Сурэт», «Насып гъуэгу», нэгъуэщIхэри.

ГъащIэм и лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэр къызэрыщыгъэлъэгъуам, дунейм и зэхэлъыкIэр плъыфэ куэду зэрыщызэхэухуэнам къыдэкIуэуи, Жамбэч Р. и философие тхыгъэ кIэщIхэм психологие кууагъ ящIэлъщ, нэхъыбэрэ лъабжьэ яхуэхъури цIыхухэм я зэхущытыкIэхэрщ, цIыхупсэм игъэв гурыщIэхэрщ – гуфIэгъуэрщ, нэщхъеягъуэрщ, гухэхъуэгъуэрщ, гухэщIырщ. Апхуэдэ гупсысэхэмрэ гурыщIэхэмрэ щытепщэ тхыгъэхэр дэтхэнэ цIыхуми дерс къызыхихын IущыгъэкIи псыхьащ. ГурыIуэгъуэщ ахэр щIэджыкIакIуэм деж зэрынэпхьэсыну бзэри къулейуэ икIи шэрыуэу зэрыщытыпхъэр. А псори зэдекIуу тхакIуэм къехъулIэу къэплъытэ хъунущ.

Миниатюрэ жанрым зэрыщыхабзэщи, Жамбэч Р. и тхыгъэхэм сюжет шэщIа яIэу, къэхъугъэ гуэрхэр щекIуэкIыу, образхэм я гъащIэм зыщиужьу щыткъым. Ахэр теплъэгъуэ щхьэхуэу, Iуэхугъуэ пыухыкIа гуэрыр цIыхупсэм зэрызыхищIэм тегъэщIауэ ухуащ. Псалъэм папщIэ, «УIэгъэ» фIэщыгъэм щIэт миниатюрэм лъабжьэ хуэхъуар гухэлъ жэуапыншэм и узыр цIыхум и псэмрэ и пкъымрэ зэрыхыхьэрщ. Ар тхакIуэм психологие куурэ художественнэ Iэзагъэрэ хэлъу къегъэлъагъуэ: *«УIэгъэу си гъащIэм ухэтщ. Сыт сымыщIэми, усхуэгъэхъужыркъым. <…> ИтIани, уздэщыIэр къысхуэхутакIэрэт! Iэпкълъэпкъыу сиIэр щIэспщытыкIащ – укъысхуэгъуэтыркъым. <…> Ауэ сыту*

*хуабжьу псэм укъытехьэлъэрэ! Арагъэнущ уэ хэщIапIэ пщIар. А тхьэмыщкIэм и махагъэмрэ и хеягъэмрэ дэни щыпщIэрэт?! Хъунщ, адэкIэ къару сиIэжкъым – их закъуэ си акъылыр зэгуэзыуд уIэгъэр си пкъым. Телъхьэ хузощI узытегуплIа си псэри. Ежьэж, зыкIи си гуэныхь къызэрыптемыхуэм уи гур ирибгъэфIурэ…».*

«УIэгъэ» миниатюрэм и купщIэр нэхъ нэIурыту, и къэIуэтэкIэр абы нэхъ фагъуэ щIэхъукIыу гъэпсамэ, «Насып Iыхьэ» жыхуиIэ тхыгъэм гупсысэ куури образ ухуэкIэ гъэщIэгъуэнри щызэщIэлъщ. Зи гугъу тщIыр тхыгъэм и япэ сатырхэми наIуэ щохъу: *«Мы дунейр плъыфэбэу, нурыбэу зыухуам уэркIэ къыпича гъащIэ Iыхьэр сыту къуабэбжьабэу къыхихат. Быркъуэшыркъуэмрэ лъэпощхьэпомрэ я зэхуаку къыдиIущIыкIами ярейщ. УкъимыгъэщIыххэныр насыпышхуэу къэплъытэу, уи щхьэм щхьэнтэр ебгъэубэ зэпыту уекIуэкIыныр щIэнэкIалъагъэкъэ?!.».* Апхуэдэ зэкIэлъыхьыкIэ гъэщIэгъуэнкIэ ешэжьа хъуа гупсысэ кIапэр философие Iущыгъэм – пэщIэдзэ зиIэ псоми кIэух зэраIэм, дунейр чэзууэ зэрызэхэлъым – хуокIуэж. Абы и щапхъэу тхакIуэм къегъэлъагъуэ зы бзылъхугъэм и гъащIэр: *«Набдзэ зытелъым я нэхъ дахэу зэгуэр щытауэ жыхуаIэ фызыжьым, нэ утхъуаитIкIэ гъуэлъыпIэм къиплъым, си гур щIоуз. Моуи согупсыс: шэч хэмылъу, мыбы и насып Iыхьэр нэгъуэщIхэм яIэрыхьащ, ауэ нэсу, хэутэн ямыщIу къагъэсэбэпауэ пIэрэ?..».*

И усыгъэри прозэ тхыгъэхэри щыхьэт зэрытехъуэщи, Жамбэч Р. гъащIэм кууэ пхырыплъыф усакIуэщ икIи тхакIуэщ. Аращ абы и IэдакъэщIэкIхэр гукъинэж зыщIри.

**Гугъуэт Заремэ** усакIуэщ, журналистщ. Абы и усэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ къытохуэ, «КъудамэщIэ», «Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» сборникхэм хагъэхьащ. 2016 гъэм усакIуэм и «Хьэуа Iубыгъуэ» япэ усэ сборникыр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ.

«Хьэуа Iубыгъуэр» Гугъуэт З. и япэ лъэбакъуэщ. Абы ихуа усэхэм гъащIэм и плъыфэ куэд къыщызэщIэкъуащ: гухэлъ къабзэри, гуапагъэри, гущIэгъури, фIыщIэри, губгъэнри, гуфIэгъуэри, нэщхъеягъуэри. УсакIуэр сыт хуэдэ мыхъумыщIагъэ иримыхьэлIэми, дунейм и дахапIэр къыхелъагъукIыф, дэтхэнэ лъэпощхьэпоми къыпекIуэкIыфу, езым и гъуэгу екIуж. Псалъэм папщIэ, зи гугъу тщIыхэр щынэрылъагъущ «СыгущIыIэу жызыIэм» усэм. Образ гъэщIэгъуэнхэмкIэ абы къыщыIуэтащ усакIуэм и псэкупсэ дунейм и щытыкIэр, гъащIэм гъуазэ щыхуэхъу гупсысэхэр:

*ПщэдджыжьыпэмI и джийм*
*Ирегъэх уэсэпс щIыIэ.*
*СыблэкIынущ иджы*
*СыгущIыIэу жызыIэм.*
<…>
*СыблэкIынущ зэгуэр*
*СыгущIыIэу жызыIэм.*
*Хэт хищIыкIрэ зыгуэр*
*А гу щIыIэм ишыIэм.*
**(«СыгущIыIэу жызыIэм»)**

Гугъуэт З. и IэдакъэщIэкIхэм гурыщIэр щытепщэщ. Абы щыгъуэми лирикэ лIыхъужьым и лъагъуныгъэр зэмылIэужьыгъуэщ, зы пIэмрэ

зы хьэлымрэ иткъым, атIэ зихъуэж-зиужьу къогъуэгурыкIуэ. Апхуэдэ лъагъуныгъэм и лъабжьэщ гумащIагъэр, гуапагъэр, гущIэгъур. Псом хуэмыдэу иужьрейр щынэрылъагъущ «Гъатхэм зыхуегъафIэ жыг къудамэм…» усэм. УсакIуэм гущIэгъу ин хэлъу къегъэлъагъуэ зи къудамэр паупщIа жыгым къылъыса гуауэшхуэр:

*Мес, къохуэх, къыгуоху къудамэр жыгым,*
*ЩIыр къигъаскIэу удзым къыхэхуащ,*
*Ар зи нэгу щIэкI жыгым и гъэгъахэр,*
*Нэпсым хуэдэу щIылъэм телъэлъащ.*
**(«Гъатхэм зыхуегъафIэ жыг къудамэм…»)**

Усэхэм нэмыщI, «Хьэуа Iубыгъуэ» тхылъым итщ адыгэ литературэм щыщIэщыгъуэ жанркIэ тха тхыгъэхэр – прозэу тха усэхэр: «Щэху», «Гугъэ», «Зимычэзу бжьыхьэ», «Мазэм ихъумэр», «Гу щIыIэ», «Бзэм и лъахэм», нэгъуэщIхэри. Мы тхыгъэхэм щынэрылъагъущ усакIуэм и гупсысэ куухэм нэмыщI, абы и бзэм и къулеягъэри, и образ къэгъэщIыкIэм гъэщIэгъуэнагъыу хэлъри. А псом и щыхьэтщ, псалъэм папщIэ, «Бжьыхьэр къыщыджэкIэ» тхыгъэ кIэщIым щыщ мы пычыгъуэр: *«Лъэ макъ щабэ бзыщIакIэ бжьыхьэм утыку зыкъещI. Жыгхэр зэм зоIущащэ, зэм къызэдофэ, зэми жьыбгъэр къудамэ шэщIахэмкIэ ялъахъэри, хадэм ирашэ, жаIэхэм щIагъэдэIу. Жыгхэм зэдагъэщIагъуэхэр жьыбгъэм иIуэтэжынущ».*



Гугъуэт З. и усыгъэм зыкъызэкъуих къудейщ. И япэ тхылъыр щыхьэт зэрытехъуэщи, ар лъэпкъ литературэм, къапщтэмэ, усыгъэм, хэлъхьэныгъэ пыухыкIахэр хуэзыщIыфыну гугъэ уэзыгъэщI усакIуэщ.

**Шорэ Маринэ** курыт еджапIэм зэрыщIэсрэ усэ тхыным дехьэх. Абы и IэдакъэщIэкIхэр «Баксанский вестник», «Адыгэ псалъэ» газетхэм мызэ-мытIэу къытрадзащ. 2016 гъэм дунейм къытехьащ «Си усыгъэхэр» зыфIища и япэ усэ тхылъыр. Абы ихуа тхыгъэхэм къызэрагъэнэIуащи, Маринэ и гупсысэр куущ, и усэбзэр къулейщ.

«Си усыгъэхэр» тхылъым гъащIэм и лъэныкъуэ куэд къызэщIеубыдэ. Абы ущрохьэлIэ лирикэ лIэужьыгъуэ псоми: лъагъуныгъэми, пейзажми, граждан, философие усыгъэхэми. Къапщтэмэ, Шорэ М. и усэхэр зытеухуа, я купщIэ и лъэныкъуэкIэ гуп щхьэхуэурэ зэщхьэщыбгъэкI хъунущ: *лъэпкъым и гъащIэр, хэку лъагъуныгъэр, адыгэ хабзэр зи лъабжьэхэр* («Адыгэш», «НэгъуэщI щIыпIэм сэ сыщызеиншэщ», «Гум и пшынэ», «Илъэсищэрэ щэ ныкъуэрэ», «Адыгэ ныпыр», «Псэ гъы макъ», «Налшык», «ШыкIэпшынэ», н.), *анэдэлъхубзэр зыгъэлъапIэхэр* («Уи бзэр умыщIэжу умыжей», «Си адыгэбзэ», «Адыгэбзэ къабзэ», «Ди бзэр хэдвмыгъэутэ», «Сэ си бзэр фIыуэ слъагъу къудейщ»), *гухэлъым, гуапагъэм, гумащIагъэм теухуахэр* («УсцIыхуакъым», «Си псэм нобэ къелъэтыхь», «Лъагъуныгъэр щыIэжкъым», «Уэ сыноплъри», «Узотыж уи лъагъуныгъэр», «УзоутIыпщ», н.), *дунейм и теплъэ зэмыфэгъухэр къызыпкърыщхэр* («Бжьыхьэ таурыхъ», «Театр хьэлэмэт», «Бейщ бжьыхьэр», «Уэсыр дахэу кърепхъыхыр»), *усэ-зыхуэгъэзэныгъэхэр* («ХьэкIуащэ Андрей хуэгъэзауэ», «Алий», «ЦIыпIынэ Аслъэн и фэеплъу», «Си адэ шыпхъу Iэминат и фэеплъу», «Си Дыщэнэ»), *жылагъуэм и зэхэтыкIэр, мылъкукIэ зэхуэмыдэныгъэр къызыхэщхэр* («Ахъшэ уз», «Дыщхьэрыуауэ дрокIуэр зы гъуэгу»). Апхуэдэуи, зи гугъу тщIы тхылъым и кIэм къыщыхьащ сатыр плIырыплIу зэхэт едзыгъуэ шэрыуэхэр.

«Си усыгъэхэр» тхылъым ит дэтхэнэ зы тхыгъэри и щыхьэт наIуэщ Шорэ М. и анэдэлъхубзэр IэкIуэлъакIуэу зэригъабзэм. УсакIуэм и гупсысэхэр псалъэ гъэщIэрэщIа къудей мыхъуу, образ щIэщыгъуэхэмкIэ къэIуэтащ. Абы и усыгъэм бзэм и Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэм – эпитет, метафорэ, зэгъэпщэныгъэ, къэгъэпсэуныгъэ, н. – куэдрэ ущрохьэлIэ. Къапщтэмэ, поэтикэ гъэщIэгъуэн яIэщ мыпхуэдэ гупсысэ къэIуэтэкIэхэм: *«Псэм жэщым вагъуэ къопэщэщ»* («Убэуэжыну хуиту зэ?»), *«КIэщIызодзыр щхьэнтэ щIагъым вагъуэ»* («Гугъэм и вагъуэ»), *«Пшэбжэ дамэдазэм си псэр доплъэ»* («Пшэбжэ дамэдазэм си псэр доплъэ»), *«Чэфыжьыпкъэу бжьыхьэм / ЗэхекIухь дунейр»* («Бжьыхьэ»), н.

Шорэ М. и усыгъэм хэлъ хабзэ гуапагъри, щабагъри, образ дахэхэри «Гущэкъу уэрэд» зыфIища тхыгъэ закъуэм щызэхэухуэнащ. ГъэщIэгъуэну икIи гухэхъуэу къэгъэлъэгъуащ жэщым и теплъэр:

*Дыжьын вагъуэ цIыкIухэр*
*Мазэм егъэжей,*
*Гущэ папщIэщ уафэр,*
*Пшэхэр и пкIэлъейщ.*

Мыпхуэдэ щапхъэ нэгъэсахэр щымащIэкъым Шорэ М. «Си усыгъэхэр» зыфIища и япэ тхылъым. Нэхъыщхьэращи, ахэр и щыхьэт наIуэщ усакIуэ ныбжьыщIэм и усыгъэм адэкIи зэрызиужьынум.

ЩIалэгъуалэм я творчествэм прозэм и жанр зэхуэмыдэхэми зыужьыныгъэ щагъуэтащ. Абыхэм ящыщу рассказымрэ новеллэмрэ Iэзэу иролажьэ **ГъукIэ Маринэ**. Абы и IэдакъэщIэкIхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ щIэх-щIэхыурэ къытохуэ. УсакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ 2010 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа «Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» тхылъым ихуащ Маринэ и «ГъащIэ кIэщIым и зы жэщ кIыхь» рассказыр. КъищынэмыщIауи, абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ нэгъуэщI рассказ, новеллэ пщIы бжыгъэхэр: «Ещанэр лейщ», «Лъагъуныгъэр зэрагъэунэхур», «ДамитI», «НасыпыщIэ», «Дэ тIу дохъу», «Уафэ щIагъым», «ФIыуэ слъагъум и нэ щIыхухэр», «Усщыгъупщэм сигу зыкъэгъэкIыж», «СыщIалэу фигу сыкъренэж», «Джэду фIыцIэ», нэгъуэщI куэди.

ГъукIэ М. и тхыгъэхэм къыщигъэлъагъуэ Iуэхугъуэхэр гъащIэмрэ цIыхухэм я зэхэтыкIэ-зэхущытыкIэмрэ къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ. Зы теплъэгъуэ мыин дыдэм тхакIуэм къыщегъэлъэгъуэф иджырей жылагъуэ зэхэтыкIэм и щыщIэныгъэхэр, цIыхухэм я хьэл-щэным хэлъ никъусаныгъэхэр, абы щыгъуэми тхыгъэм зыщызыуж сюжет нэхъыщхьэми, абы къытепщIыкI Iуэхугъуэ щхьэхуэхэми къызэщIэкъуауэ хэкIыпIэ гъэщIэгъуэн къахуегъуэтыф.

Маринэ и тхыгъэхэм гъащIэм зэи къыщымыхъуа телъыджэ гуэрхэр къыщритхэкIыркъым, атIэ абыхэм зи гугъу щищIыр дэтхэнэ жыли, къали узыщрихьэлIэ Iуэхугъуэхэрщ. ГъукIэм и рассказхэм ятелъщ зыми хэзымыгъэгъуэщэн нэпкъыжьэ. Къэхъугъэ къызэрыгуэкIхэр щIэщыгъуэу, удихьэхыу, психологие куукIэ гъэнщIауэ къигъэлъэгъуэну хузэфIокI авторым. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, тхакIуэ ныбжьыщIэм и творчествэм ублапIэ хуэхъуахэм ящыщ «ГъащIэ кIэщIым и зы жэщ кIыхь» рассказыр. Абы лъабжьэ хуэхъуар иджырей жылагъуэм узыфэшхуэу пкърыт афияным цIыхур зыхуишэ щыхупIэр

къэгъэлъэгъуэнырщ. Нэхъ гъэщIэгъуэнращи, ар тхакIуэм ди пащхьэ къызэрырилъхьэр езы афиянафэм и зэхэщIыкI-гупсысэмкIэщ, а узыфэр зыгъэв цIыхум и еплъыкIэмкIэщ. Психологие лъэщи художественнэ Iэзагъи щызэщIэлъу тхыгъэм къыщыхьащ афиянафэм и монологыр: *«Наркоман» псалъэр уз зэрыцIалэм ещхьщ. Апхуэдэхэм псоми къыпакIухь, гъунэгъуу бгъэдыхьэн мэшынэ. Дэ гъащIэ дахэ зыхуэмыфащэхэм дащыщщ, цIыху тэмэмхэм пэIэщIэуи даIыгъщ. Уеблэмэ дыкъэзызыгъэщIа дыдэм дыщыгъупщэжа хуэдэщ».* Апхуэдэ гъуэгу пхэнж теува цIыхум и псэуныгъэри пэжыгъэ нэс хэлъу тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ: *«Акъылыр ажалым пожьэ. Псэр гъащIэм йопхъуэ».*

ГъукIэ М. и нэгъуэщI тхыгъэ куэдми я щхьэхуэныгъэщ ахэр символ гъэщIэгъуэнхэмрэ бзэм и Iэмал зэхуэмыдэхэмкIэ зэрыгъэнщIар. ТхакIуэм и художественнэ Iэзагъым и нэщэнэщ ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа рассказым къыщыхьа зэгъэпщэныгъэ, метафорэ, эпитет щIэщыгъуэхэр, къэгъэпсэуныгъэхэр. ЖытIам и щыхьэтщ мыпхуэдэ щапхъэхэр: *«Унэ зэтетхэм я щхьэгъубжэхэр, иныжьым и нэхэр игъэупIэрапIэ къыпфIагъэщIу, зыр къыщIонэ, адрейр мэункIыфI»; «Уэшхым уэрэд жеIэ, жьыр Iэгу йоуэ»,* н.

«ГъащIэ кIэщIым и зы жэщ кIыхь» рассказми хуэдэу, «Джэду фIыцIэ» новеллэми лъабжьэ хуэхъуар жылагъуэ зэхэтыкIэм и зы мыхъумыщIагъэщ – Iэзэгъуазэм и Iуэхурщ. Тхыгъэм и образ нэхъыщхьэ Ленэ Iэзэщи, Iэзэгъуэ зэрызэрихьэ удзхэр куэду иIэщ. Уеблэмэ ар Заур щхьэгъусэ зэрыхуэхъуари и «IэщIагъэм» и фIыгъэкIэщ: и «зэфIэкIхэр» къигъэсэбэпри, ар и ныбжьэгъу нэхъыфI дыдэ Лерэ «къытрихауэ» щытащ. АрщхьэкIэ апхуэдэ «IэщIагъэм» Ленэ фIы къыхудэкIуакъым: зэгуэрым Заур и лъакъуитIыр къыщIэмыувэу нэху къокI, иужькIэ абы и узым зэщхьэгъусэхэм бэлыхь куэд дашэч.

Тхыгъэм и сюжетыр, зэ еплъыгъуэкIэ, къызэрыгуэкIщ. Ауэ тхакIуэм абы къыщигъэсэбэп художественнэ пкъыгъуэхэмрэ (деталь) нэщэнэхэмрэ (примета, символ), апхуэдэуи новеллэм къыщиIэта Iуэхур и кIэм деж зэрызэфIих щIыкIэр щIэщыгъуэщ. Псалъэм папщIэ, зэщхьэгъусэхэр фIыуэ зэрылъагъуми, абыхэм Заур зэуэзэпсэу къеуэлIа узыфэ мыцIыхум дашэч гугъуехьхэр тхыгъэм художественнэ пкъыгъуэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ къыщыгъэлъэгъуащ: апхуэдэщ сымаджэм ишхыну игу зыхуэкIуэ зэрыджэр, Ленэ ар къыщифыщI кхъэ куэбжэпэр, ар къыщифыщIым щIым нэкIукIэ хэхуэу и напэр зэщIэзыщта лъыкъуалэр, лIэныгъэ къыщыхъунум и деж абы пщIыхьэпIэу къыхуэкIуэ джэду фIыцIэр, Iэзэгъуазэ зэрызэрихьэ удзхэр, бзылъхугъэм и щхьэцыр езым зэрыпиупщIыжыр, н. Новеллэм и кIэм деж, Ленэ зэрыIэзэ удзхэр игъэса нэужь, зэщхьэгъусэхэм я гъащIэр нэхутхьэху мэхъуж – Заур и лъэхэр къыщIоувэж. Апхуэдэ конфликт зэфIэхыкIэмкIэ тхакIуэм дызыхуишэ гупсысэр зыщ – Ухыгъэм и Iэмырымрэ цIыхуитIыр зэзышалIэ лъагъуныгъэмрэ нэхъ лъэщ зэрыщымыIэрщ.

Зи гугъу тщIы новеллэм лъабжьэ хуэхъуауэ иджыри зы Iущыгъэ хэлъщ – фIым и плъыфэр сыт щыгъуи хужьу зэрыщымытыр. Ар къэгъэлъэгъуащ Ленэ зэпымычу и пщIыхьэпIэ къыхэхуэ джэду фIыцIэм и образымкIэ. Джэдур цIыхухэр ем щихъумэным хущIокъу, абы папщIэкIи езыр зызыщахъумэн хуей насыпыншагъэм и нэщэнэу къокIуэ. Ауэ абы и гуращэфIхэр зыхэзыщIэр Ленэ хуэдэ закъуэтIакъуэхэрщ, адрейхэм, хабзэ зэрахуэхъуауэ, джэду фIыцIэм зыщадзей.

«Джэду фIыцIэ» новеллэм и фIагъхэм ящыщщ ар зэрытха бзэм и къулеягъ-шэрыуагъыр. Тхыгъэр цIыхупсэр зэрыхьэ щытыкIэ зэхуэмыдэхэмрэ цIыхухэм я зэхущытыкIэмрэ нэхъ тегъэпсыхьами, тхакIуэм гулъытэншэу къигъанэркъым ахэр къэзыухъуреихь дунейм и теплъэри. Новеллэм и пэщIэдзэм деж щIыуэпсым и щытыкIэр къызыхэщ пычыгъуэм образ защIэкIэ къыщыIуэтащ сюжетым иIэну зыужьыныгъэмрэ икIэм-икIэжым ар зыхуэкIуэнумрэ: *«Нышэдибэ уэфIу нэху къекIащ. Уафэр, и жагъуэ ящIри тхьэмахуэ псокIэ ягъэгъати, иджы теужри къэгуфIэжащ. Бжьыхьэ ежьэжам и иужьрей сэламу къыкъуэкIа дыгъэр гуапэу псэм йодэхащIэ. Дыгъэ бзийхэращи, псыIэрышэу уафэм къежэхыурэ унэхэм щIолъадэри, нэхъ жейнэд дыдэри хагъэжаеркъым. ИгъащIэми уэших къемышхыжам хуэдэу, дунейр къэщIэрэщIэжащ».* Тхыгъэм и къэкIуэну сюжетым ухуигъэхьэзыру мыпхуэдэ хэзышэ псалъэ къыщыхьа ухуэкIэри ГъукIэ М. и художественнэ Iэзагъым и зы нэщэнэщ.

«СыщIалэу фигу сыкъренэж» рассказым гупсысэ нэхъыщхьэу пхокI псэм и къулеягъымрэ абы къыпкърыкI дахагъэмрэ зэрыуахътыншэр. Ар Анастасие и образымкIэ къэгъэлъэгъуащ. А сурэтыщI пщащэм и образым дунейм и IэфIымрэ и дыджымрэ щызэхэшыпсыхьащ. Зы лъэныкъуэкIэ, гъащIэм и IэфIыпIэщ Анастасие и псэкупсэм щызэрихьэ дахагъэр, къыдалъхуауэ хэлъ зэчийр, адрей лъэныкъуэкIэ, абы и дыджыпIэщ цIыхур пасэ дыдэу, имычэзууэ жьы зыщI «прогерие» узыфэр пщащэм зэрыпкърытыр. Аращ абы и сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэм языхэзым «ЩIалэгъуэм и жьыгъэ» щIыфIищари.

Настя и псэуныгъэр икIи фIыгъуэшхуэщ, икIи гурыфIыгъуэншэщ. Абы и щапхъэмкIэ тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ гъащIэм и хабзэ ткIийхэр, дунейм сыт щыгъуи щызэпэщIэт къарухэр (фIымрэ емрэ, нэхугъэмрэ кIыфIыгъэмрэ, гъащIэмрэ ажалымрэ, н.) Пщащэм и образым щIалэгъуэмрэ жьыгъэмрэ щызэпэщIигъэувэкIэрэ, тхакIуэм и тхыгъэм философие гупсысэ зэхуэмыдэхэр щызэхиухуэнащ. Апхуэдэщ пэщIэдзэ зиIэм кIэух зэриIэр, дунейр чэзууэ зэрыщытыр, зэманыр шэ икIауэ зэрыкIуэр, цIыху гъащIэр зэрынапIэдэхьеигъуэр, блэкIам къэгъазэ зэримыIэр, цIыхур Ухыгъэм и пащхьэ зэрыщыкъарууншэр, н.

Тхылъеджэр дихьэхыу, зыпэмыплъа Iуэхугъуэхэмкlэ гъэнщIауэ, психологизм куурэ философие Iущыгъэрэ щызэхэшыпсыхьауэ тхащ ГъукIэ Маринэ и тхыгъэхэм я нэхъыбапIэр. Абыхэм шэсыпIэ урагъэхьэ щIэдзапIэ гуащIафIэ зиIэ тхакIуэм пхиша творческэ лъагъуэм дяпэкIи зэрызиубгъунумкIэ.

Прозэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэм – повестым, рассказым, новеллэм – хуэIэрыхуэщ **Щомахуэ Залинэ**. Абы и IэдакъэщIэкIхэр «Iуащхьэмахуэ» журналым, «Адыгэ псалъэ», «Советская молодежь» газетхэм мызэ-мытIэу къытехуащ, «КъудамэщIэ», «Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» тхылъхэм итщ. Залинэ Урысей Федерацэм и Ипщэ щIыналъэм и тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я зэIущIэм (2008, 2010 гъгъ.) хэтащ. 2014 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ Щомахуэм и IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса «Мадоннэ» тхылъыр. Ар тхакIуэ ныбжьыщIэм и япэ лъэбакъуэщ.

«Мадоннэ» тхылъым итщ «Псэм ипэ – напэ» повестыр, рассказ зыбжанэ, прозэу тха усэхэр. Щомахуэм и тхыгъэхэм зи щIалэгъуэ, щIэрэщIэгъуэ пщащэм и дуней еплъыкIи, гъащIэм и лъэпощхьэпо зэхуэмыдэхэм япсыхьа акъыл зэпIэзэрыти, зэхэщIыкI-гупсысэ

кууи, адыгэ бзылъхугъэм и нэмыс, щабагъ-Iэдэбагъи, хьэл-щэн дахи хыболъагъуэ. Залинэ и тхэкIэм и къыщхьэщыкIыныгъэщ и IэдакъэщIэкIхэм, псом хуэмыдэу и рассказхэм, кIэух гущIыхьэ къахуигъуэтыныр. Абы къыхэщ лIыхъужьхэр гъащIэм щыщщ, образхэм фIэщ щIыгъуеи егъэлеиныгъи ядэплъагъуркъым, ауэ абыхэм я нэхъыбэр гъащIэм иужьыгуащ, я псэхэр абы и жьыбгъэм ипхъэхащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, тхакIуэ ныбжьыщIэм дунейм и хабзэхэр, гъащIэм и философиер зэрыщыт дыдэм хуэдэу, ифIри и Iейри зэпигъэшачэу, ди нэгу къыщIегъэувэ. Дэхуэхахэм, тхьэмыщкIэхэм, ибэхэм я щыIэкIэпсэукIэр къигъэлъагъуэкIэрэ, Щомахуэм и тхыгъэхэм я психологие лъабжьэр нэхъ щIегъэхуабжьэ икIи щIегъэбыдэ, сюжетыр тхылъеджэм нэхъ кууэ зэрыпкърыхьэным, и IэдакъэщIэкIхэм къахэщ образхэр нэхъ гукъинэж зэрыхъуным толажьэ.

Щомахуэ З. и тхыгъэхэм я фIэщыгъэхэри абыхэм я сюжетымрэ ухуэкIэмрэ хуэкIуэу къахуегъуэт. «Нэхунэ» рассказым хэт пщащэр нэфщ, абы къыхэкIкIэ фIыуэ илъагъу, езыри къэзылъагъу щIалэм и насып хэхуэркъым. Алим и анэм идэркъым и къуэм пщащэ нэфыр къишэу, ар къишэмэ, езым зиукIыжыну жеIэри, щIалэм залымыгъэкIэ нэгъуэщI кърегъашэ, пIалъэ докIри, анэм къихьа гуэныхьыр сабий хейм – нэфу дунейм къытехьэ и къуэрылъху цIыкIум тохуэ. Ар игу худэмыгъахуэу, Алим зеукIыж. Зэман гуэр дэкIа нэужь, Нэхунэ и нэхэр къоплъэж, хущхъуэ гуэр къегъэунэхури, цIыхухэм йоIэзэ, егъэхъуж, Алим и анэри, абы и къуэ цIыкIури хэту. Зэрынэрылъагъущи, Щомахуэ З. и рассказым гупсысэ нэхъыщхьэу щыпхишар «Iей пщIауэ фIы ущымыгугъ» псалъэжьым и мыхьэнэр аращ – Алим и анэм къыхуэгъуакъым и къуэмрэ Нэхунэрэ я лъагъуныгъэр зэрызэпиудар, ауэ дунейм захуагъэ зэрытетым, гъащIэм щхьэж и пIэ зэрыригъэувэжым, фIыр ем, нэхугъэр кIыфIыгъэм зэрытекIуэм и щыхьэту Нэхуни, Алим и къуэ цIыкIуми я нэхэр къоплъэж.

Щомахуэ З. сабийхэми балигъхэми яхуотхэ. ЦIыху гъащIэм, абы щынэхъыщхьэ лъагъуныгъэ, ныбжьэгъугъэ, гущIэгъу, гуапагъэхэм зэрытетхыхьым нэмыщI, ар сабийхэм я нэкIэ дунейм хоплъэф, псэущхьэхэм, хьэкIэкхъуэкIэхэм, бзухэм я образхэр гъэщIэгъуэну къигъэсэбэпкIэрэ цIыкIухэм я къэухьым зезыгъэужь, дунейм хэзыгъэгъуазэ тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр къегъэщI. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Дыгъужьым имыгъэгъуар» рассказыр. Аллегорие Iэмалым и хабзэм тету, тхакIуэм мыбы къыщигъэлъэгъуащ гъащIэм къыдекIуэкI нықъусаныгъэхэм ящыщ зы – зыгуэрым епцIыжыныр. Дыгъужь шырыр лы Iыхьэм дихьэхыу и адэм зэрепцIыжамкIэ Щомахуэм езыр зыхэпсэукI зэманыр наIуэу ди нэгу къыщIегъэувэ, и тхыгъэм щIагъыбзэу щIилъхьари цIыхур мылъку угъуеиным дихьэхыу, япэрауэ, игу-и псэ зэрепцIыжарщ, етIуанэрауэ, езым хуэдэ цIыхум гущIэгъуи гулъыти хуимыIэжу къызэрынарщ.

«Дыгъужьым имыгъэгъуар» рассказым быным адэ-анэр зэхимыщIыкIыжу щытлъагъумэ, «Тхьэрыкъуэ IэрыпI» тхыгъэм лъабжьэ хуэхъур гуапагъэм къыпэкIуэ фIыщIэрщ. ЦIыхуIэ зэреIусам къыхэкIкIэ, тхьэрыкъуэ анэм абгъуэм къридза шырыр цIыхум IэрыпI ещI, иужькIэ ар балигъ хъууэ езым абгъуэ иухуэжа нэужь, зыпIа цIыхур и «псэуалъэм» бгъэдешэри ирегъэплъ, апхуэдэ щIыкIэкIи фIыщIэ хуещI, хуищIамкIэ зэрыхуэарэзыр кърегъащIэ.

Щомахуэ З. гъащIэм хуэнабдзэгубдзаплъэщ, езы тхакIуэм и ныбжьым емылъытауэ, дунейм сыт щыгъуи къыдекIуэкI Iуэхугъуэшхуэ-

хэр, философие куу зыщIэлъ гупсысэхэр и тхыгъэхэм къыщеIэт, абыхэм къэIуэтэкIэ гъэщIэгъуэн икIи щIэщыгъуэ къахуегъуэт. Ар щынэрылъагъущ абы и дэтхэнэ тхыгъэми, псом хуэмыдэжу «ПIэхэнэ», «Мадоннэ» рассказхэм.

Щомахуэ З. и творчествэм хэлъ фIагъхэм ящыщщ адыгэ литературэм щыщIэщыгъуэ прозэу тха усэ жанрыр IэкIуэлъакIуэу къызэригъэIэрыхуэр. А жанрым иту тхащ «Ухэтщ си гъатхэм», «Псэм и псалъэ», «ПситIым я уэрэд» тхыгъэхэр, нэгъуэщIхэри.

Прозэм и жанр цIыкIухэм ирилажьэ тхакIуэ ныбжьыщIэхэм ящыщщ **Нартокъуэ Анжели**. Сабий ныбжьым зэритрэ усэхэр, миниатюрэхэр, рассказхэр етх абы, и япэ рассказхэр 2003 гъэм дунейм къытехьауэ щытащ. И IэдакъэщIэкIхэр «Адыгэ псалъэ», «Советская молодежь», «Баксанский вестник» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария» журналхэм къытрадзащ, апхуэдэуи тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я тхыгъэхэр щызэхуэхьэса «Жызум уэшх», «КъудамэщIэ», «Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» сборникхэм хагъэхьащ. Нартокъуэм и рассказхэр щызэхуэхьэса «Лъагъуныгъэм и къару» япэ щхьэзакъуэ тхылъыр 2013 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ. Абы ихуащ рассказибгъу: «Жьыгъэм и IэфIыгъэ», «Лъагъуныгъэм и гуэныхь», «ГъащIэм и пцIымрэ и пэжымрэ», «Гум и щэху», «Лъагъуныгъэ уз», «Лъагъуныгъэм и къару», «Кристинэ», «Псэ псори зэныбжьщ», «Гум и лъагъуэ».

Нартокъуэм и рассказхэм къыщиIэт Iуэхугъуэхэр къызэрыгуэкI дыдэщ, дыкъээзыухъуреихь дунейм, иджырей жылагъуэм махуэ къэскIэ ди нэгу щыщIэкI къэхъугъэхэрщ. Апхуэдэ рассказхэм я нэхъыбэм тхакIуэм лъабжьэ яхуищIар лъагъуныгъэ хъыбарщ, нэхъ тегъэчыныхьауэ жыпIэмэ, фIыуэ зэрылъагъухэм я насыпыр къызэпызыуд лъэпощхьэпохэрщ, ахэр я гухэлъым зэрыщIэбэнырщ.

«Псэ псори зэныбжьщ» рассказым и фIэщыгъэм и деж къыщыщIэдзауэ арэзы утехъуэнкIэ Iэмал зимыIэ Iуэху еплъыкIэ гуэрхэм ущыхуозэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, тхыгъэм и фIэщыгъэр. ЦIыхур ныбжькIэ щIалэ дыдэу, и псэр гъащIэм ипхъэхауэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ псэкIэ жьы хъуауэ ущрихьэлIэ къохъу. Апхуэдэ дыдэуи, жьы хъуа цIыхум и псэр щIалэу къыщынэ щыIэщ. ПситI зэхуэдэуи, зэныбжьуи дунейм къытехъуэркъым, зэгъунэгъуу, зы плъыфэу, я зыхэщIэ зэтехуэу къигъэщI мыхъумэ. Ди гупсысэхэр къызэщIэткъуэжынщи, псэ псори зэныбжькъым!

«Псэ псори зэныбжьщ» рассказым лъабжьэ хуэхъуар илъэс тIощI зи зэхуаку дэлъ Къантемыррэ Къалэрэ я лъагъуныгъэрщ. ЩIалэми пщащэми я Iыхьлыхэр а тIум зы защIыным арэзы техъуэркъым. Апхуэдэу щытми, абыхэм, хэт и жыIи емыдаIуэу, унагъуэ зэдаухуэн мурад яIэщ. Рассказым и сюжетри, абы хэлъ конфликт нэхъыщхьэри мыщIэщыгъуэми, гурыIуэгъуэщ. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэр къызыхэщ тхыгъэхэм ди литературэми нэгъуэщI лъэпкъ литературэхэми щIэх-щIэхыурэ ущрохьэлIэ. Сюжетхэм куэдрэ къытрагъэзэжыным, а зы темэм тхакIуэ зыбжанэ тетхыхьыным мыхъумыщIагъэ хэтлъагъуэркъым, тхыгъэм къэIуэтэкIэ гъэщIэгъуэн иIэмэ, а Iуэхум еплъыкIэ щIэщыгъуэ авторым къыхуигъуэтыфмэ.

Нартокъуэм и тхыгъэхэр образнэ дуней лъагъукIэ-къэIуэтэкIэкIэ къулейуэ пхужыIэнукъым. ТхакIуэм и бзэр къызэрыгуэкI дыдэщ, образ щIэщыгъуи къыщигъэщIыр мащIэ дыдэрэщ. Уеблэмэ, арэзы узытемыхъуэ, художественнэ гупсысэм къимытIасэ, адыгэ литературэм

хэмызагъэ Iуэхугъуэ куэдкIэ абы и тхыгъэхэр гъэнщIащ. ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа «Псэ псори зэныбжьщ» рассказым хэт Къалэ фIыуэ илъагъу щIалэм и анэм, зи унагъуэ ихьэу нысэ хуэхъуну зыхунэмыса бзылъхугъэм жреIэ: *«Сэ абы [Къантемыр] залымыгъэ есхыркъым, ищIэнумкIэ езыр хуитыжщ. Къысхуейщ, сыхуейщи дызэхуозэ, дызопсалъэ».* Мыпхуэдэ псэлъэкIэми, хьэл-щэн мыхъумыщIэми, дауикI, гъащIэм ущрохьэлIэ, ауэ тхыгъэм къыщыIэта Iуэхугъуэм и зэфIэхыкIэри, персонажхэм яIурилъхьа бзэри тхакIуэм къехъулIауэ пхужыIэнукъым.

ИщхьэкIэ къэтхьа щапхъэхэм нэмыщI, «Нэпс къызыпыткIу насып» рассказым («ГъащIэм и пцIымрэ и пэжымрэ» фIэщыгъэм щIэту «Лъагъуныгъэм и къару» тхылъым ихуам) нэгъуэщI ныкъусаныгъэ зыбжанэми ущрохьэлIэ. Псалъэм папщIэ, уигу къеуIэ адыгэ пщащэм мыпхуэдэ дуней тетыкIэрэ псэлъэкIэрэ иIэу художественнэ тхыгъэм – дахагъэм и щапхъэу, и гъэлъэгъуапIэу щытыпхъэм – къыщыхэщым деж: *«Къэфэн тIэкIур си жагъуэтэкъыми,* ***хэт сыкъыдишми, сыкъэфэнут.*** *А пщыхьэщхьэм а щIалэм* ***танго сыкъыдэфащ.*** *Макъамэр щиух дакъикъэм, абы быдэу сызэщIиубыдэри* ***ба къысхуищIащ».*** Сыт щыгъуэ адыгэ пщащэр хэти и зэхуэдэу къыдэфэу (ари танго), япэ къэса щIалэ мыцIыхуми зэщIиубыдэу ба къыхуищIыну хуитыныгъэ иIэу щыщытар? Абы щыгъуэми, апхуэдэ «пщащэр» тхакIуэм игъэкъуаншэркъым, уеблэмэ лей зытехьа, хуэмыфащэу зи псэлъыхъум IэщIыб ищIа хъарып цIыкIуу къегъэлъагъуэ. Нэхъ гъэщIэгъуэныжращи, фIыуэ къэзылъагъуу щыта, и пщащэр танго къызэрыфэр зи нэгу щIэкIыу лъэныкъуэ зезыгъэзыжа щIалэм жреIэ: *«Лъагъуныгъэм епцIыжар уэращ»...* Мыпхуэдэ мыхъумыщIагъэхэм гъащIэм ущрихьэлIэми, фIым, дахагъэм и ущиякIуэу щытыпхъэ художественнэ литературэм хэзагъэркъым. Ахэр зи лъабжьэ тхыгъэми художественнэ лъапIагъ иIэну, ар литературэм и хэлъхьэныгъэ хъуну фIэщ щIыгъуейщ.

Зи цIэ къитIуа, зи щапхъэ къэтхьа рассказитIым хуэдэщ Нартокъуэ А. и дэтхэнэ тхыгъэри. Я сюжеткIи, къэIуэтэкIэкIи жылагъуэ хъыбарым пэблагъэщ, литературэм Iэмал имыIэу хэлъын хуей эстетикэр, философие гупсысэр е психологизмэр хэплъагъуэркъым, абыхэм хэт образхэри нэщIысауэ пхужыIэнукъым.

«Лъагъуныгъэм и къарур» Нартокъуэм и япэ сборникщ. Дыщыгугъынщ абы къыкIэлъыкIуэну тхылъхэм тхакIуэм и дуней лъагъукIэм, и бзэм зыщиужьыну, езым и хъэтI щызэфIэувэну.

ТхакIуэ ныбжьыщIэхэм усэ тхынымкIэ къыщIадзэу прозэм хуэкIуэжаи яхэтщ. Абыхэм ящыщщ **НафIэдз Мухьэмэд**. Тхэн щIэзыдзагъащIэ дэтхэнэ зыми хуэдэу, абы и япэ усэхэр зытеухуар лъагъуныгъэрщ, гурыщIэ къабзэрщ, хъуэпсапIэ дахэхэрщ, Хэкур фIыуэ лъагъунырщ, лъэпкъым хуэпэжынырщ. Ауэ иужь зэманым НафIэдз М. нэхъыбэу и Iэдакъэ къыщIэкIыр прозэ тхыгъэхэрщ. Апхуэдэщ «Щхьэж и гухэлъ щIыкIэ иIэжщ», «Iумахуэ и дэшхуейхэр» рассказхэр, «Насып зэхэгъэкIыпIэ» повестыр, нэгъуэщIхэри.

«Щхьэж и гухэлъ щIыкIэ иIэжщ» рассказым лъабжьэ хуэхъуар кIэух гууз зиIэ лъагъуныгъэщ. Зэ еплъыгъуэкIэ, НафIэдзым и рассказым къыщигъэщIа сюжет ухуэкIэр нэгъуэщIхэм къазэрыщхьэщыкI щIагъуэ щымыIэу къыпфIэщIынущ: адыгэ щIалэм шэшэн пщащэм гухэлъ хуещI, езыри а гухэлъым къыподжэж, ауэ пщащэм къеуэлIа уз бзаджэм ныбжьыщIэхэм – Аслъэнрэ Фаидэрэ – я лъагъуныгъэр

къызэпеуд. Зэрытлъагъущи, рассказым и сюжетыр къызэрыгуэкIщ, ауэ абы куэдым ядумылъагъу щIэщыгъуагъ къыпкъризылъхьэр и художественнэ къэIуэтэкIэ дахэрщ, тхакIуэм адыгэбзэр екIуу зэригъэшэрыуэрщ. Псалъэм папщIэ, тхыгъэм ущрохьэлIэ мыпхуэдэ зэгъэпщэныгъэ гъэщIэгъуэным: *«Абы (Фаидэ –* ***Хь. Л.****) и нитIыр зэбгъапщэ хъун щыIэу сщIэртэкъым, ауэ ар иныкъуэм деж езгъэщхьт цIыхуIэ зэмыIуса губгъуэш дахащэм и нэ лыдхэм».*

«Iумахуэ и дэшхуейхэр» рассказым щIэлъ гупсысэр куэдкIэ нэхъ куущ, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа тхыгъэм нэхърэ. Рассказым лIыхъужь нэхъыщхьэу къыхэщ щIалэ цIыкIур я гъунэгъу Сэрэж дадэ еущий, гъащIэр пщIэрэ щIыхьрэ пылъу къызэригъэщIэн хуейм теухуауэ. Я гъунэгъуу псэуа Iумахуэ дадэ и хъыбар къыхуеIуэтэж, абы илэжьа IуэхуфIхэр щапхъэу къыхуехь. Сэрэж зэрыжиIэжымкIэ, Iумахуэ гъуэгубгъум щыхисауэ щыта дэшхуейхэм илъэс куэдкIэ гъуэгурыкIуэхэр ягъэгуфIащ, иджы ахэр гъужами, дадэм и цIэр псоми фIыкIэ ягу къинащ. Аращ Сэрэжи цIыкIухэм я джэгупIэ Iуащхьэм жыгыщIэ цIыкIуитI щыхисэну мурад щIищIар.

«Iумахуэ и дэшхуейхэр» рассказым гъэсэныгъэ-ущииныгъэ мыхьэнэ зиIэ гупсысэ зэхуэмыдэхэр щызэхэуухуэнащ. Ахэр Iумахуэ дадэ и псалъэу Сэрэж къиIуэтэжхэмкIэ тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ: *«Мылъкур уэсэпсщ, къыщыкIуэри щыкIуэжынури пщIэнукъым».*

Къэдгъэлъэгъуа рассказитIри, «Насып зэхэгъэкIыпIэ» повестым и Iыхьэ щхьэхуэу дунейм къытехьахэри зэзышалIэр тхакIуэм и хъэтIымрэ и гупсысэ къэгъэщIыкIэ гъэщIэгъуэнымрэ наIуэу къызыхэщ философие куурщ.

НафIэдз М. и IэдакъэщIэкI тхыгъэхэр ди республикэми нэгъуэщI щIыналъэхэми къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ мызэ-мытIэу къытехуащ, «Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» тхылъым ихуащ. «Насып зэхэгъэкIыпIэ» повестым щыщ пычыгъуэхэр «Iуащхьэмахуэ» журналым и къыдэкIыгъуэ зыбжанэм традзащ.

Иджырей къэбэрдей литературэр нэхъ зыхуэныкъуэ, зыужьыныгъэ щIагъуэ зымыгъуэт жанрхэм ящыщщ гушыIэмрэ ауанымрэ. А жанрхэм иту тхыгъэ зи Iэдакъэ къыщIэкIар тхакIуэ нэхъыжьхэрщ – ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ, Дудар Хьэутий, Мысачэ Пётр, Нало Ахьмэдхъан, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, КIуантIэ Iэзид, IутIыж Борис, Хьэх Сэфарбий, Мэзыхьэ Борис, нэгъуэщIхэри. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэрей ди тхакIуэ щIалэхэм ящыщу ауанрэ гушыIэрэ зытххэр мащIэ дыдэщ. Къапщтэмэ, **Дзэгъащтэ Азэмэт** и рассказ зыбжанэм къиищынэмыщIа, а зи гугъу тщIы жыпхъэм иту тха тхыгъэ иджырей къэбэрдей литературэм хэту дыщыгъуазэкъым.

Дзэгъащтэ Азэмэт и зэчийм лъэныкъуэ куэдкIэ зиубгъуащ. Ар тхакIуэщ, журналистщ, филологие щIэныгъэхэм я кандидатщ. «Мэшыкъуэ-2013» щIалэгъуалэ зэхыхьэм грант къыщызыхьа «Кавказым и гупсысэ нэхъыфIхэр» проектыр игъэхьэзыращ. Абы ипкъ иткIэ адыгэхэм, дагъыстэнхэм, ингушхэм, осетинхэм, шэшэнхэм я Iущыгъэхэр зэхуихьэсри, аудиотхыгъэу къыдигъэкIащ. «Адыгэ Iущыгъэхэр» Iыхьэм Дзэгъащтэм, адыгэ псалъэжьхэм нэмыщI, КIыщокъуэ А., Бейтыгъуэн С., Хьэх С., IутIыж Б., КIуантIэ I. сымэ я псалъэ шэрыуэхэр хигъэхьащ. Аудиотхыгъэм щызэхуэхьэсащ гъащIэм къигъэув сыт хуэдэ упщIэми жэуап нэс езытыф Iущыгъэхэр.

Дзэгъащтэ А. рассказ зыбжанэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ къы-

техуащ. Апхуэдэуи, «Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» тхылъым иту къыдэкIащ.

Азэмэт и рассказхэм я щхьэхуэныгъэ нэхъыщхьэу къэгъэлъэгъуапхъэщ абыхэм ящIэлъ гушыIэр, образхэр къыщигъэщIкIэ ауан мащIэ хэлъу зэриухуэр. «Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» тхылъым ихуа «Нысэ», «Ди IуэрыIуатэ» рассказитIри апхуэдэу гъэпсащ. Абы щыгъуэми, «Ди IуэрыIуатэ» рассказым хэлъ гушыIэр сэтейуэ икIи дыхьэшхэну, уигъэнэжэгужэу щытмэ, «Нысэ» тхыгъэм и щIагъыбзэм ар кууэ хэгъэпщкIуащ, абы и лъабжьэри езы гъащIэм къигъэщI дыхьэгъырщ. Нэхъ тегъэчыныхьауэ жыпIэмэ, «Нысэ» рассказым и сюжетыр «парадокс»-кIэ зэджэ узыпэмыплъэ къэхъугъэу ухуащ. Зэеплъыгъуэкlэ, ар къызэрыгуэкIщ – тхыгъэм хэт лIыхъужь нэхъыщхьэм – Алимбэч – Даринэ зи цIэ пщащэ тхьэIухудым гухэлъ хуещI, арщхьэкIэ щIалэм и унагъуэр зэрыхуэмыщIам, пщащэм ейр зэрынэхъ бейм къыхэкIыу, а тIум я насыпыр зэпоуд, Даринэ нэгъуэщI щхьэгъусэ егъуэт. Абдеж къыщыщIэдзауэ рассказым и сюжетым гъэщIэгъуэну зешэщI, зи гугъу тщIа парадоксыр къыхохьэ, и кIэм нэсыхуи хэтщ.

И сюжетым хуэдэу, тхыгъэм и бзэри гъэщIэгъуэнщ, шэрыуэщ. Ар образнэ гупсысэ къэIуэтэкIэ щIэщыгъуэхэмкIэ гъэнщIащ. Апхуэдэ Iэмалхэмкlэ къулейщ «Ди IуэрыIуатэ» рассказри. Абы и лIыхъужь нэхъыщхьэм и теплъэр гъэщIэгъуэну икIи укъыщеджэкIэ наIуэу уи нэгу къыщIэувэу тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ: *«Лъахъшэ цIыкIу гуэрт, цIафтэу упса и щхьэм, ибгъу зырызымкIэ тхъурыжь пIащэшхуитI плъыжьу гъэжьауэ къыгуагъэуваyэ фIэкIа умыщIэну, и тхьэкIумитIыр къыгуэпIиикIыу».* Рассказым ущрохьэлIэ зэгъэпщэныгъэ щIэщыгъуэхэми – псалъэм папщIэ, *«си лъынтхуэхэм псы къэкъуалъэ иракIа хуэдэщ».*

Дзэгъащтэ А. и творчествэм гушыIэр и щIасэщ: ар и рассказхэми хыболъагъуэ, и щIэныгъэ лэжьыгъэми лъабжьэ хуэхъуар гушыIэмрэ ауанымрэ адыгэ литературэм зэрызыщаужьарщ, а псом къищынэмыщIауи, езыр пародие жанрым щолажьэ.

Къэбэрдей литературэм и иджырей зыужьыныгъэр ищхьэкIэ къэдгъэлъэгъуа щIалэгъуалэм я цIэхэм и деж щиухыркъым. Литературэр зызыужь пкъыгъуэу щыщыткIэ, абы махуэ къэскIэ усакIуэхэр, тхакIуэхэр къыхохьэ, мотив щIэщыгъуэхэр къыхощхьэхукI, и тематикэм, стилистикэм зэхъуэкIыныгъэ ягъуэт. Зи цIэ къитIуахэм нэмыщI, усэ гъэщIэгъуэнхэр и Iэдакъэ къыщIокI Къуэщlысокъуэ Марьянэ, сабий усэ тхыным хуэIэрыхуэщ Къэзан (Гъыдэ) ФатIимэт, езыр зыхэпсэукI лъэхъэнэм и нэпкъыжьэ зытелъ усэ щIэщыгъуэхэр етх Бэрбэч Аслъэнджэрий.

Нобэрей къэбэрдей литературэм иужьрей илъэси 10 – 15-м творческэ къаруущIэ къыщызэщIэрыуащ. «МэлищIэ щIакъуэншэ хъуркъым» зэрыжаIэу, абы щыщIэныгъи иIэщ – ныбжьыщIэхэм я Iэдакъэ къыщIэкI псори художественнэ тхыгъэ нэгъэсам и щапхъэ хъуркъым. Ауэ, нэхъыщхьэращи, лъэпкъ литературэр зы пIэм иткъым, атIэ зеужь. Апхуэдэ зыужьыныгъэм гъуазэ хуэхъури ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэ гупырщ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

## ЩОМАХУЭ Залинэ

# НУР

*Рассказ*



Гъэ Iэджэ хъуауэ зэрамыхьа унэмрэ пщIантIэмрэ я закъуэтэкъым Фарузхэ тхьэмыщкIафэ къатезыгъауэр. Узыфэ хьэлъэм хигъащIэ анэм зэрыунагъуэу дэнэщхъейт. ЦIыхубз Iэпкълъэпкъым, хьэIуцыдз мэжэлIауэ, «хэшхыхь» узыр абы кIуэ пэтми къытекIуэрт. Фаруз къыхуэна щIагъуэ щымыIэу къыщыхъуми, и махуэхэм къыхупищэрти, Тхьэми и узми шыкур яхуищIырт.

Гъатхэ пщэдджыжьым къыдэушащ унагъуэр. ЦIыху цIыкIужьейхэм хуащIами ярейуэ, къуажэкIэ дыдэм деж щытт зы унэжь цIыкIу. Ар пэшитI хъуми, унагъуэр зырат зыщIэсыр. Ипхъу закъуэрат Фаруз зезыхьэжыр. Пэжым ухуеймэ, а зырат абы къыкIэлъыплъыну иIэри. Заринэ и анэм и пIэ лъапэм тесу нэху щигъэщыр нэхъыбэт. Зэзэмызэ Iурихмэ, и щхьэ хуэшхыдэжу къызэщыурти, зэщIэдэIукIырт, анэм и бауэ макъыр зэхихыну пIащIэу и щхьэр анэбгъэм трилъхьэрти, и гур псэхужырт. Апхуэдэурэ жэщ кIыхьхэр игъакIуэрт. Иужьрей илъэс зыбжанэм абы гурыфIыгъуэу иIэр анэм и гур къызэреуэр зэхихынырт. Арат ди Тхьэм къыхуищIэну зэрыщыгугъри, зэрелъэIури. Аркъудейм насыпыфIэ щищI куэдрэ къыхуихуащ хъыджэбзым. Ауэ насыпу пIэрэ уи щIалэгъуэу, уи дахэгъуэу дэлъху ныкъуэдыкъуэри анэ лъэрымыхьри зепхьэну, уэ пхуэдэхэр еджапIэ хэплъыхьахэм зэрыщIагъэтIысхьэр, псэлъыхъу къазэрыхуэкIуэр, я хьэгъуэлIыгъуэр зэрыдахыр щыплъагъукIэ?! «Насыпщ!» А жэуапырщ хъыджэбзым и гурыщIэм махуэ къэс щызэныкъуэкъу гупсысэхэм зэрапэщIэувэр. Абы и анэр хуэпсэущ, анэкъилъху иIэщ! Ауэ адрейхэм я анэхэри яхуэпсэущ, анэкъилъхури мызу, атIэ Iэм Iэпхъуамбэу пытым хуэдизу зиIэхэри щыIэщ, нэхъыщхьэращи, абыхэм адэ ящхьэщытщ... Апхуэдэу гъащIэм и гугъуехьхэм ар натIэкIэ щеуалIэкIэ къезыгъэлыр нэпсыращ. Уоу, а нэпсри!.. Ар щымыIамэ... Сыту куэдым кърагъэла абы хъыджэбзыр... НэпскIэ насып къащэхуу щытамэ, мы хъыджэбзым нэхърэ нэхъ насыпыфIэ щыIэнтэкъым. АтIэ, сыт зи Iэпкълъэпкъыр зэмыпцIа хъыджэбз

лантIэ Iэпсыгъуэ-лъэпсыгъуэ цIыкIум апхуэдиз къару къезытыр? СыткIэ игъэфIэжыну ар апхуэдизу зыхуэбэшэч гъащIэм?.. ИгъэфIэжыну сытми зэгуэр?.. Ар Тхьэм и щэху быдэщ, пщащэм и хъуэпсапIэ жыжьэщ.

* * *

– А си хъыджэбз, щхьэгъубжэр Iухи сыдэгъэплъыт! Гъатхэр къэсауэ пIэрэ?

Жейм къимыутIыпщ хъыджэбзыр щхьэхыпэурэ мэIэбэри, щхьэгъубжэIупхъуэр Iуегъэкlуэт.

– Хьэуэ, къэсакъым иджыри...

– Гъэр кIасэ хъуащ. Иджы хуэдэм, сощIэж, бостей пIащIэ тщыгъыу щытащ.

– Ди анэ, щIымахуэр иуха къудейщ, иджы хуэдэм бостей пIащIэ щызытIагъэ щыIэ?

– ... ЩIыбым сыщIэши, жьы къабзэкIэ сыгъэбауэ, жыгхэр къызэрытIэпIым сегъэплъ.

– Мамэ... Сэ усхущIэшыну мыгъуэкъым...

Анэр заулкIэ щыму щыса нэужь къопсалъэ:

– Лы сигу къихьащ... Сыту зыри щIэупщIакIуэ къэмыкIуэрэ? – гукъанэ хэлъу мэпсалъэ ар. – Сызэрысымаджэр ящыгъупщэжауэ ара? А мыгъуэ, хабзэ яхэлъыжкъым иджырейхэм. Сымаджэм ущIэупщIэн хуейкъэ на-а? Ди щIалэгъуэм щIэупщIакIуэу дэтыным дыкъыдэхуакъым. Мы си IэпщитIыр къыдихужауэ, яхуэзмыщIэ щымыIэу, дапхуэдэу сахущыта сэ цIыхухэм...

– Мамэ, иджы цIыхухэр хущIыхьэжкъым. Я унагъуэр ягъэпсэужын, я щхьэ Iуэху дагъэкIын хуейщ. Хэт йоджэ, хэт мэлажьэ, хэти... Я Iуэху щыхуэкIуэ къыткIэлъокIуэ.

– А КIулацу, сэ сымыщIэжри... Уэ уеджэрэт, хьэмэ къэбухат университетыр?

– Къэзухат.

– Ари сыту фIыт. АтIэ сыт ущIэмылажьэр? Укъызбгъэдэсу куэдрэ ущысыну? - губжь мащIэ хэлъу зыхуегъазэ и пхъум.

– ЛэжьапIэ згъуэткъым.

– Къуажэм дохутыр ямыIэу жаIэу тхьэусыхэу зэхэсхати?

– Къагъуэтащ, ди къуажэ нысэ...

– Къуажэпхъу нэхърэ къуажэ нысэ нэхъ ягъэдурысащ, зэрыжыпIэмкIэ. Нысэр нобэ уиIам пщэдей уимыIэжынкIи мэхъу, пхъуракъэ укъэзымыгъэпцIэжынур. Ахьмакъ гуп, зыри зымыщIэращ иджы къулыкъу зратыр... Ар сигу къэкIыжыртэкъыми...

– Сытыр, мамэ?

– УщIыдэмыкIуэр сыт уэ Iушэр?

– Сашэкъым. Си насып къыкъуэкIакъым.

– «ЛэжьапIэ сыкъащтэкъым», «си насып къыкъуэкIакъым», «сашэкъым»... Мыр сыт, мыхъуну щыIэр уи деж щызэхуэсаи. «Фаризэт ипхъу къыдэнэжар», жаIэу, сыткIэ сыхуей сэ абы...

– Мамэ, сэ уэ фIыуэ узолъагъу, фIы дыдэу, – жи Заринэ, и анэм и псалъэхэр зэхимыха хуэдэ. – Сызэрамышэри, лэжьапIэ сызэрамыщтэри сщызыгъэгъупщэж лъагъуныгъэ сиIэщ сэ.

Заринэ и анэр зыхэлъ пIэм лъэгуажьэмыщхьэу бгъэдотIысхьэри, и Iэм ба хуещI. Анэм зыгуэр къиищIэжа хуэдэ, и щхьэм йопхъуэжри къоупщI:

– А си хъыджэбз, сытыт дызытепсэлъыхьыр?

– Сызэрамышэм, – мэдыхьэшх хъыджэбзыр.

– Лей бжесIа? Уи жагъуэ сщIа?

– Уэ жыпIэм лей хэлъкъым, зыыыыриии.

– СызыщIэхъуэпсыр пщIэрэ, Заринэ?.. Моуэ си лъакъуэхэр къыщIэувэу, пщэдджыжьым урикъуху ужеяуэ укъыщытэджкIэ, жэмыкуэ хуабэр Iэнэм къыпхутезгъэувэнырщ. Пхъур зэрагъафIэм хуэдэу узгъэфIэнырщ. Ей, бетэмал...

Хъыджэбзым абы зыри пимыдзыжу къотэджыжри, къэушауэ хэлъ и дэлъхум щхьэщохьэ.

– Замир, ди дыгъэ, укъэуша? Уэ ужеиху мамэрэ сэрэ нэху тхуримыкъуу, тхуримыкъуу...

Заринэ и дэлъхум ба хуещI, и щхьэм Iэ делъэ, йодэхащIэ. Мыдрей тхьэмыщкIэми, гуфIэным къыхуигъэщIа нэхъей, и дзэлыфэр етIри, къызэфIэтIысхьэну къоIэ. Заринэ дэIэпыкъуурэ ар къегъэтэдж.

– Замир, дышхэн?

И щхьэр фIэхуным нэсауэ, гуфIэу еутхыпщI щIалэм.

Заринэ и дэлъхум зригъэтхьэщIа нэужь, хуэсакъыпэурэ Iэнэ хъурейм пэрегъэтIысхьэри шхын хутрегъэувэ. И анэр пIэм деж щегъашхэ. Бжэмышх зыбжанэ нэхъ иримыгъэхауэ, щхьэгъубжэ цIыкIужьеймкIэ дэплъурэ анэм жеIэ: «ЩIыбым сыщIэкIынт, гъатхэм сыбгъэдэсынт...» Ар зэрыщIимышыфынур къызыгурыIуэж хъыджэбзым и нэпс къекIуар хуэмурэ щIелъэщIыкI, къыщыгугъхэм апхуэдэу закъримыгъэлъагъуну хэту.

– ДыщIэкIынкъэ атIэ, ар Iуэху сытми. Уигу умыгъэныкъуэ абы щхьэкIэ.

– ЩIыбым, щIыбым, щIыбым, – къокIий балигъыпIэ нэмыса щIалэ ныкъуэдыкъуэр, шэнтым зэрытесу зыдридзейурэ и Iэм IэщIэлъ бжэмышхымкIэ шхыныр зэбгрипхъыу.

– Замир, дапщэрэ бжесIэну ущышхэкIэ умыпсэлъэну, – мэгубжь шыпхъур.

ЩIалэшхуэм бжэмышхыр IэщIохури, и гукъыдэжыр зэуэ къутауэ, нэпс къудамэ IэщIокI. Хъыджэбзыр абы бгъэдолъадэ.

– Нур, ди нур закъуэ, ди дыгъэ, ди гъащIэм и псэ, ди дуней гурыфIыгъуэ, ди мелыIыч, сынолъэIу, кхъыIэ, умыгъ. КъэгуфIэжи си псэр гъэпсэхужыт, – едэхащIэурэ щIалэм и нэп-

сыр щIелъэщIыкI. Мыдрейри къытехьэжащи, гурымурэ и Iэр бжэмкIэ ещI.

– Хъунщ, щхьэузыхь сызыхуэхъун, дыщIэкIынщ...

Абы хэту зыгуэр къоджэри, хъыджэбзыр щIокI.

– Фи махуэ фIыуэ!

– НэхъыфIыжу!

– Фаруз щыпсэур мыра?

– Мыращ, къеблагъэ.

Заринэ хьэщIэр унэм щIешэ.

– Ди анэ, уи махуэ фIыуэ! Дауэ ущыт? – жи хьэщIэ щIалэм.

– МахуэфIкIэ тхьэм фигъэгуфIэ! Тхьэ сызэрыхэлъым...

– Дэ IэIэтым щхьэкIэ дыкъэкIуащ, ди анэ. Республикэм и унафэщIыр хыдох. Хэтхынухэм я унэцIэр зэрыт тхылъымпIэр къыпхуэсхьащи, уэ узыхуейр къэгъэлъагъуэ.

– Ей щIалэ, уэ уахэт абыхэм?

– Хьэуэ.

– Алыхь мыбы итхэм нэхърэ уэ унэхъыфIым си дежкIэ, зи мыхъуми укъакIуэри укъытщIэупщIащ. Мыдрейхэр сыт, тхылъымпIэм ит къудейуэ аращ...

ЩIалэр мащIэу пыгуфIыкIри, тхылъымпIэр анэм хуишиящ.

Хъыджэбзыр и анэм щхьэщыхьэри тхылъымпIэм ит унэцIэхэм я зым теIэбащ:

– Мис мыращ хэпхынур. ПщIэжкъэ, ар къыддэIэпыкъуауэ щытати?

– А-а-а, арат Замир и пенсэр къыдезыгъэтар?

Хъыджэбзым арэзыуэ и щхьэр ещI.

– Фэ нэхъ фцIыху сфIощIыр политикхэр, – мащIэу погуфIыкI щIалэ хьэщIэр.

– Си Заринэ IэщIагъэ ищхьэ иIэщ, дохутыру къиухащ, ауэ лэжьапIэ игъуэтыркъым. Сытым хуэдэу фIыуэ еджа ар!

– Дохутырхэр лэжьыгъэншэ хъурэ?! Нобэ имыгъуэтмэ, пщэдей къигъуэтынкъэ. Уигу умыгъэныкъуэ, ди анэ. IэщIагъэлIым и лэжьыгъэм фIыуэ хищIыкIмэ, зэи щагъэсынукъым.

– Сэ сыщIэгузавэр пщIэрэ?.. Ар зэрыдэмыкIуэри, лэжьапIэ зэримыгъуэтри ди ягъэу къысщохъу. Iэрызехьэхэр дыпсэун щхьэкIэ езыр гъащIэм хыдогъэкIыж, – жеIэри, и нэпс къекIуахэр елъэщIыж анэм.

ЩIалэ хьэщIэр щыщIишыжым, и анэм зэрызэхимыхыным хущIэкъуу, Заринэ щэхуу абы жреIэ:

– ЕмыкIу къысхуумыщI, кхъыIэ, ауэ зыгуэркIэ сыномылъэIуу хъунукъым... Сэ си закъуэ си къарум дэхуэкъым... Си анэр бжыхьэ лъандэрэ унэм щIэкIакъыми, шхэми псалъэми, хъуэпсапIэу иIэр аращи, сигъэпсэуркъым, «сыщIэш» жери. Си закъуэщи, дзыхь сщIыуэ есшэжьэфыркъым...

– Умыгузавэ, иджыпсту щIэтшынкъэ, – жиIащ щIалэ хьэщIэм. Зы тэлайкIэ гупсысэри къыщIигъуащ: – Мыпхуэдэу

тщIынщ. Сэ пщыхьэщхьэ хъуху къуажэр къызэхэскIухьу сыдэтынущи, си Iуэху зэфIэкIмэ, къэзгъэзэжынщи, щIэтшэжынщ.

Апхуэдэу зэгурыIуэри, Заринэрэ щIалэ хьэщIэмрэ Фаруз щIыбым щIашащ, и IэблитIыр яIыгъыу.

– Тобэ, тобэ, ди пщIантIэжьым сыдэплъэжын си гугъакъым. Модэ плъэт, удзхэр къыхэжащ.

– Уи дэлъхур-щэ? – щIоупщIэ щIалэ хьэщIэр. – Ари къыщIэшын хуейкъэ?

– Ар сэ къысхущIэшынущ...

Заринэ жиIэнур и кIэм нрыримыгъэгъэсу, щIалэр кIуэри ар къыщIишащ.

Замир щIыбым къызэрыщIашам щогуфIыкI, и щхьэр бгъукIэ иришэкIыурэ зеплъыхь.

Зэанэзэкъуэм зыщамыгъэнщIу дыгъэм зрагъэу.

– Сэ сывимыIэжми, Замир цIыкIу уи анэмэтщ, – жи анэм. Лей къытумыгъэхьэ, си хъыджэбз.

– Мамэ, ар жумыIэ. Уэ удимыIэжу дэ дыпсэуфыну сытми?

– А си хъыджэбз, лIэныгъэр си деж щаублакъым, си дежи щиухынукъым... Уэ ущIалэщ, мы гъащIэм хуэсакъ, абы удын и куэдщ. Си хъыджэбз закъуэ, нэхъыжьуи жьэгущхьэ хъумэуи уэращ къытхуэнар. Ауэ сынолъэIу, цIыхухъум хуэдэу уи гур быдэ умыщI, узэрыбзылъхугъэр зыщумыгъэгъупщэ, армыхъу уи бынхэм уи IэфIагъи уи гуапагъи яцIыхункъым, уэри цIыхубз насыпыр зыхэпщIэфынкъым.

– Си бынхэми? – мэдыхьэшх Заринэ.

– Уи бынхэм тхьэ. АтIэ мы унэ Iушэм игъащIэкIэ ущIэсын уфIэщIрэ? Уэ унагъуэ дахэ бухуэнущ, Тхьэм жиIэмэ, анэфIи къыпхэкIынущ.

– Мамэ, Замир цIыкIурэ уэрэщ сэ си унагъуэр. Фэр нэмыщI нэгъуэщI зыми сыхуейкъым, – жи Заринэ нэщхъейуэ. – Сэ иджырейхэм сакъыгурыIуэну? Сэ къызгурыIуэнури хэт? Зыри!.. Насып мывэ къырым си натIэр зэгуезмыгъэудмэ, сщIэн згъуэткъэ?..

– Зыщ сызэрынолъэIур: Замир къыумыгъанэ и закъуэу... Апхуэдэхэр куэдрэ мыпсэууэ жаIэри, и гуэныхь къыумыхьу, псэуху тIэкIу зыгъэтэмакъкIыхь.

– Мамэ, сэ Замир си псэм нэхърэ нэхъыфIу солъагъу. Абы псори къыгуроIуэ. Ар зыкIэ цIыху къабзэщи... Дунейм теткъым сэ ар IэщIыб сэзыгъэщIыфын. Си анэкъилъху закъуэ... Си тхьэмыщкIэ цIыкIу...

И пхъум и Iэр иIыгъыурэ дыгъэ гуащIэм дэсу Iуриха Фаруз къыщцыушыжам, и къуэр дэлъейуэ и пащхьэм итт.

– Мыдэ еплъыт мы делэм и къэфэкIэм. Дапщэщ уэ губзыгъэ ущыхъунур?

– Мамэ, зыри жумыIэ. Ар апхуэдэу къалъхуащ, пщIэжкъэ, – жи Заринэ, зи гугъу ищIыр кърилгъэщIэжын и гугъэу, и анэм и нэм щIэплъэурэ.

– Делэу къалъху щыIэ? Псори губзыгъэу къалъху, ауэ гъащIэм делэ ищI щыIэщ... Мыр удэфа гуэрщ е зещI... Си къарур щIэфхри, си куцIыр фшхыжащ фэ тIум... ЦIыхум сахыхьэн сыукIытэу сыкъигъэнащ мобы. Щхьэ си натIэм кърихтат делэ спIыну? СыткIэ секъуэншэкIат Алыхьым? Сыдыгъуатэкъым, сыфыщIатэкъым, сынэщIат, бытыр стат, итIани сэр фIэкIа делэ зритын игъуэтакъым. Узахуэкъым, дыкъэзыгъэщIа... – жи Фаруз губжьауэ.

Ар зэхэзыха Замир, гъыуэ къуэгъэнапIэм зыкъуидзащи, мэкIэзыз. Зэзэмызэ и щхьэр къыщиIэткIэ, и анэм щошынэри, «Маамэ, маамэ», жиIэурэ зегъэпщкIуж.

– Мамэ, Алыхьым щышынэ, жумыIэ апхуэдэу. Ар делэкъым... Ар ди мелыIычтэкъэ, пщыгъупщэжа?

– «Алыхьым» жыпIа? А жыхуэпIэм мыдэ зэ сыхуэзарэт, абы жесIэн сиIэт сэ.

Хъыджэбзым и нэпсхэр щIилъэщIыкIыурэ къуэгъэнапIэм кIэзызу къуэс и дэлъхур къегъэтэджыжри, унэм щIишэжыну ирешажьэ. Замир гурымурэ и анэм и пащхьэм зыщредзыхри, ифI кърищэжыну, и лъакъуэхэм ба хуещI.



Фаруз, мылъхуанэ фIэкIа умыщIэну, щIыIэ-щIыIэу жеIэ:

– Мыр щIэшэжи, хущхъуэ егъафи гъэгъуэлъ.

Зэрихьэлу, Замир, и Iэбжьанэхэр пишхыкIыжурэ, и шыпхъум япэ иту унэм хуэмурэ щIохьэж.

Фаруз, дыгъэпсым зэпкърихыу, тIэкIу щхьэукъуами, я иужьрей псалъэмакъыр щыгъупщэжатэкъым, уеблэмэ къыпищэн мурад иIэт, ауэ, къызэрыригъэжьэнур имыщIэу, гупсысэ архъуанэм ирихьауэ щыст, щIыIэщIэлIэ зэрыхъуари зыхимыщIэу.

– Си хъыджэбз гуащэу, си бын закъуэ, – къригъэжьащ абы бдзапцIэшэу гущIэм щетIысэх макъ тхъунщIакIэ.

– Ди анэ, аргуэру ар жыбоIэ... Замир цIыкIу сымаджэмэ, сыт и ягъэ? Ар быным щымыщ пщIыну ущIыхэтыр къызгурыIуэркъым? А тхьэмыщкIэм и псэм бэлыхьу телъыр ирикъунщ, дэ дыхуэмыгущIыIэми...

– Си хъыджэбз, уэ ущоуэ. Хьэдрыхэ здызумыгъэхьу, сэ жысIэнум къедаIуэ. Сытегушхуа щIыкIэ жызмыIэмэ, иужькIэ апхуэдэ лIыгъэ къыслъыкъуэмыкIыжынкIи хъунщ, е сыхунэмысыжынри хэлъщ... Замир уи дэлъхукъым, ар сэ си къуэкъым икIи ди благъэкъым. Ар лъыфIей щылъхущ...

– Ди анэ, жыпIэм егупсыс. Узым укъызэригъэдзыхэр сощIэ, ауэ, итIани, ахэр уи жьэ къебгъэкIуу дауэ пхужыIэрэ? – зэхихыр и фIэщ ищIыну хуэмейуэ, жеIэ зи щхьэр ундэрэбжьа хъыджэбзым.

– Илъэс куэд лъандэрэ цIыхум закъезмыгъащIэу схъумэ щэхущ а бжесIэр. Замир нэчыхьыншэу дунейм къытехьащ,

сэ ар спIауэ аркъудейщ... Абы и адэм  унагъуэ зэриIэрэ куэд щIами, зэщхьэгъусэхэм бын яIэтэкъым, икIи, зэрыжаIэмкIэ, яIэнутэкъым. А цIыхухъур хъыджэбз тхьэIухуд гуэрым дихьэхащ, фIы дыдэуи зэрылъагъуу щытауэ жаIэж. Таурыхъым хуэдэу цIыхухэм яIуэтэжырт а зэпсэгъуитIым  я лъагъуныгъэм и хъыбарыр. Псэр зыгъэгужьей, гур зыгъэделэ лъагъуныгъэт ар... ЛIыр и щхьэгъусэм бгъэдэкIыжыну хэта щхьэкIэ, къикIа щыIэкъым. Сыт Iэмалкlэ иIыгъми, и щхьэгъусэ ябгэм ар къиутIыпщыртэкъым. ЗэрыжаIэжымкIэ, ар ерыщт Iэзэ кIуэнкIэ, езыми Iэзагъ гуэрхэр хэлът. Куэд дэмыкIыу, зэщIаситIым щIалэ цIыкIу ягъуэтащ, ауэ я насып «къэдыгъуам» куэдрэ щыгуфIыкIакъым ахэр. Фыз мылъхуэм и гыбзэм нэхърэ нэхъ Iей щымыIэу жаIэри, ар ятехуауэ арагъэнт, а тхьэмыщкIитIыр  зэгъусэу машинэм щIиукIар. Сабийр щхьэгъубжэмкIэ къыдэхури къелат...  ГъащIэ зиIэм къыпхутехын?! Ауэ къелар Iуэхут... ЛъэпкъитIми къахэкIакъым ар къэзыщтэн. Сабийр зым адрейм хуригъэкIуэтэкIыурэ псалъэмакъ ин яку къыщыдэхъуэм, Сабий унэм иратыну траухуащ. Iуэхур апхуэдэу къыщекIэрэхъуэкIым, уи адэмрэ сэрэ, дытегушхуэри, сабийр дэ къэтщтащ. Ар зыкIэ сабий дыгъэти, цIыхугъэ гуэр пхэлъыххэмэ, уи гур итхьэкъунут. А цIыкIур къызэрытхьрэ мази иримыкъуауэ, щыгъуэн зымыуха, бэлыхь псори зи кIэм къикIа фыз мылъхуэр ди бжэм къытеуIуащ. Абы къызжиIащ щIалэ цIыкIур Iэмал зэриIэкIэ нэхъ псынщIэу Сабий унэм едмытмэ, ди гъащIэр мыгъуэрэ гуауэу етхьэкIыну. «И адэ-анэм я гуэныхьыр епшыныж мы зинэкIэ къалъхуам, псэухуи ипшыныжынущ. Мы фIейр фи унэ ивмыгъэлъу, псынщIэу дэфх. Апхуэдэу фымыщIмэ, абы кърикIуэнум ухэплъэныр гужьеигъуэщ. Зым IэрыкIрэ адрейм Iэрыхьэу, фи унагъуэм ис псоми чэзууэ къыфлъэIэсынущ псэ гузэвэгъуэрэ щхьэ гузэвэгъуэрэ. Фи гу пцIанагъэкIэ сабийр къызэрыфщтар сощIэри, аращ сыкъыщIэкIуар. Ар зыхьар нэгъуэщI зыгуэру щытамэ, жыжьэуи закъезгъэщIэнутэкъым. Уи щхьэгъусэм, уи хъыджэбз закъуэм, уэ езым уи щхьэ егупсыси, щыуагъэ къыфIэщIэщIар вгъэзэкIуэж. Ди псалъэмакъыр зы цIыху нэхъ мыхъуми хуэпIуэтэжмэ, уи уэсятыр умыгъэгувэ», – щыжиIэм, си щхьэр къэсIэтри бзылъхугъэм сыIуплъати, слъэгъуар зи псэр гъуэла уд фызыжьщ. Сэ абы зыри пэздзыжакъым, ауэ, пэжым ухуеймэ, сыкъэдзыхат... Пщыхьэщхьэм къэкIуэжа уи адэми зыкъезгъэщIакъым. Си щхьэр хэкIуэда пщIондэ, си гур зыкIэрыпщIа сабийр зыми схуетынутэкъым. МазэкIэ сэ сызыхэта шыгъушыпсыпIэр зымыгъэунэхуам къыгурыIуэнукъым. Сабийм и IэфIагъым елъытауэ си гъащIэр мыхьэнэншэ гуэру къысщыхъурт. Сытми, си Iуэхур зым тезмыубыдэфурэ зэман дэкIащ... Щхьэмрэ гумрэ яку дэлэлу сыдэтыху, насыпыншагъэр къэблэгъащ. Лажьэ имыIэу пщэдджыжьым дэзгъэкIа уи адэр хьэдэгурышэу ди унэ къыщрашэжым, сигу къэкIыжащ уд фызыжьым къызжиIауэ щытар. Ауэ, итIани, зыри жысIакъым. ГуIэгъуэр къыс-

лъысами, си щIэгъэкъуэным я нэхъ быдэр джэлами, си дамитIыр гуэхуами, сэ зызгъэбыдэри, си бынитIым къызэрыхэмыIэбамкIэ Тхьэм шыкур хуэсщIащ. Зызумысыжынщи, а зэманым си нэм илъагъур Замир и закъуэт...

– Тхьэри цIыхури узогъэлъэIу, мамэ, щыгъэтыж, хъунумэ. Сыт мы къэбгупсыс делагъэхэр зищIысыр. Сэ Замир симыдэлъху пхуэщIынукъым... Ар дыкъэзыхъумэ мелыIычщ, жыпIэу сыкъэбгъэхъуащ, пщIэжрэ?.. Иджы щхьэ ухъуа апхуэдэу гущIыIэ?..

– Уи адэр дунейм щехыжам, и натIэм арат итыр, жысIэри сувыIэжащ. ИужькIэ езы Замир узибл къыхукъуэкIащ. Дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, ахэр къызыхэкIар а цIыкIур машинэм къыщихуам щыгъуэ игъуэта фэбжьхэрат. ПкIатэлъатэу щыта сабийм и къарур щIэкIуэсыкIырт. Къэзлэжьыр абы и хущхъуэ уасэм ирикъу къудейуэ арати, хуэм-хуэмурэ гъащIэм дыкъыкIэрыхуащ, иужькIэ и гупкIэм дыкъридзыжыпащ. ИтIанэ сэри къыслъэIэсащ щхьэлажьэр... Заринэ, сэ иджы уэращ сыщIэгузавэр... Сэ си Iуэху зытетыр болъагъу, мынобэмэ, пщэдейщ... СынолъэIу, Замир ныкъуэдыкъуэхэр щапIыж унэм едгъэт...

– Мамэ, ар дауэ пхужыIэрэ?.. Замир дэкIмэ, сэри сыдэсынукъым мы пщIантIэм. Ди закъуэ гузэвэгъуэ зиIэр? Замир хуэдэ зимыIэхэми гуауэ ялъагъу. Дэ къытщыщIа псомкIи си анэкъилъху закъуэр богъэкъуаншэ... ЕмыкIущ а жыпIэр.

– Ар уи дэлъхукъым...

– Си дэлъхущ!

– Уи дэлъхукъым! Уэргуэрым уи гъащIэр абы егъэкъутэну ара?.. Сэ и чэзум слъэкIакъым абы сыпыкIын, иджы уэ къызэдаIуи...

– Ма-мэ... Замир ди мелыIычщ. Сытым хуэдэу псэ къабзэ ар!.. Сэ слъэкIынукъым ар мы пщIантIэм дэсшыну, – гъыурэ Заринэ и анэм лъэгуажьэмыщхьэу бгъэдотIысхьэри, и щхьэр и куэщIым ирелъхьэ, и Iэхэм ба хуещI.

Зэщыджэу гъыуэ щыс зэанэзэпхъум нышэдибэрей щIалэ хьэщIэр къащрихьэлIэжым къэхъуамкIэ щIэупщIати, жэуапыншэу къагъэнащ. Ауэ, зэрызэгурыIуам тету, ар къадэIэпыкъуурэ, къарууншэ хъуа Фаруз унэм щIашэжри ягъэгъуэлъыжащ...

Нэху къекIа дунейм Фаруз хэтыжтэкъым... И псэукIам ещхьт и лIэкIэри. Зыри имыгъэгузавэу, щэху цIыкIуу и псэр хэкIат. ДэIэпыкъуэгъуншэу къэна хъыджэбзыр яфIэгуэныхь хъури, Фаруз зыхуей хуагъэзэжащ къуажэдэсхэм.

Унэ нэщIым къыщIэна зэдэлъхузэшыпхъум адэкIэ пащэжащ я гъащIэ мытыншым. Заринэ, зэресауэ, и дэлъхум кIэлъыплъырт, ауэ хуэтэмакъкIэщI хъуат. Модрей тхьэмыщкIэм къэхъуари къыгурымыIуэу, и анэр щIимылъагъури къыхуэмыщIэу щIэмычэу «мамммэ, ммммаммэ», жиIэу гурыму щIэупщIэрт, апщIондэху хъыджэбзыр къыщиудырти гъырт. Замир и шыпхъур имыгъагъы-

ну гурымурэ ерагъыу бгъэдэпщхьэрти, едэхащIэрт. Хъыджэбзыр къэгумащIэрти, и дэлъхур быдэу зрикъузылIэрт.

Заринэ и къэкIуэнур зэрыхъунур къыхуэщIэртэкъым. Абы и хъуэпсапIэхэр къехъулIэн папщIэ и гъащIэм Замир хэкIын хуейт. Ауэ хъуэпсапIэ минкIи абы къыуитыфынутэкъым дуней псом щиIэ псэ закъуэр.

Фаруз зыщIэхъуэпсу имылъагъужа гъатхэ Iу хуабэр къыщихьэм, жыг хадэр щызэщIэгъагъэм, Заринэ и анэр игу къэкIыжри, макъ утIыпщакIэ гъащ. Пшахъуэм джэгуу хэс Замир ар игъэудэIужыну яужь ихьати: «СкIэрыкIи, си анэр хуиту сыгъэгъей», – жиIэу и шыпхъур къыщыхуилъым, «Ыыыыыы, ыыыыыыыыы, ыыыыы», – жиIэу гурыму къыбгъэдэкIыжащ.

Гъыныр къызыщыхьа Заринэ щIэх гу лъитакъым Замир пшахъуэм зэрыхэмысыжми, пщIантIэм зэрыдэкIами. ЗыкъищIэжу уэрамым щыдэжам, зи щыгъыным псы къыпыж Замир и блэр иIыгъыу щIалэ гуэрым къишэжырт.

– Замир, си нэху, сыбгъэунэхъурти... Дауи удэкIа уи закъуэ? Уэ зыгуэр къыпщыщIамэ, сэ дауэ сыпсэужынут? – жиIэурэ гужьеяуэ IэплIэ хуещI.

– Ярэби, хъыджэбз, уи гъуджэ иплъэныр нэхъ мащIэ пщIыуэ, мы щIалэм тIэкIу укIэлъыплъамэ хъунутэкъэ? Бгым щыхури, псым хэхуауэ къыхэсхыжауэ аращ мы тхьэмыщкIэр.

– Гъуджэ иплъэн жыпIа?.. А жыхуэпIэм хуиту сызэримыплъэрэ сыт щIа? Бгым ущыхуауэ ара, си тхьэмыщкIэ?..

– НакIуэ, унэм нэс нэсшэжынщ. Мыбы насып иIэти, сэ нобэ бдзэжьеящэ сыкъежьат. Уи цIэр сыт?

– Заринэ...

– Уэракъым, щIалэращ жыхуэсIэр.

– А-а, ар Нурщ, хьэуэ Замирщ.

Замир унэм щIашэжщ, и щыгъыныр хузэрахъуэкIщ, пIэр хуащIыжри хуабэу щIауфэжащ.

– Мыр хущхъуэ егъэфэн хуейщ... Къыфхуэзыхьын фиIэ?

– Хьэуэ... Сэ иджыпсту сыжэнщи къэсхьынщ.

– Уэ укъэтыху мыбы ищIэнур хэт зыщIэр... Уэ мыбы бгъэдэс, сэ сыкIуэнщи хущхъуэ къыхуэсхьынщ, – жиIащ щIалэм.

Хущхъуэм Замир ирагъэфэу ягъэжеижа нэужь, ныбжьыщIэхэр иджыри куэдрэ уэршэру зэбгъэдэсащ. Жэщ ныкъуэм нэблэгъауэ щIалэр къэтэджыжащ:

– Сежьэжынщ... Жэщыр хэкIуэтащ, емыкIущ, цIыхухэм сыт жаIэн?! Сэ иджыри сыкъэплъэнщ, Тхьэм жиIэмэ...

– Мы унэм узэрыщIэсыр къысхуэзымыдэн адэ ткIий, е дэлъху бзаджэ, е анэ гузэвэх сиIэныр сыт нэхъри нэхъ къэсщтэнт... Ауэ языхэзри къысхуигъэфэщакъым...

– Заринэ, уигу умыухыж. ГъащIэм Iэджи къыщохъу, ауэ ар Iей защIэу зэхэлъкъым. Абы хэтщ дакъикъэ насыпыфIэ куэд... Сэ сежьэжынщ... НэхулъэфI фыкъикI!

– Фэри!

А пщыхьэщхьэм и ужькIэ Инал мызэ-мытIэу къытригъэзащ. Япэхэм Замир хущхъуэ къызэрыхуихьыр щхьэусыгъуэ ищIами, иужькIэ щхьэусыгъуэншэуи еблагъэ хъуат. Инал Замир куэзыр джэгуу иригъэсэну и ужь ихьат, тIэкIу теунщ жыхуиIэу, ауэ хуегъэсакъым. Иналрэ Заринэрэ зэдэуэршэру жэщ ныкъуэ хъуху зэбгъэдэст. Хъыджэбзым и гущIэм, хьэндырабгъуэ IэкIуэу, хъуэпсапIэ Iэджэ щызэрызехьэрт, абыхэм Замир зыкIи зэран хуэхъуртэкъым.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым Инал Заринэ и деж къэкIуащ, гъуджэшхуэ къыхуихьри. «Си нитIым ялъагъукIи зызыщамыгъэнщI телъыджэм уэ ухэныныр сфIэзахуэкъым», – жиIэри кърitащ. Заринэ и гум къызэримыгъэпцIамрэ и гухэлъхэр зэрымыщхьэегъэзыпIэншэмрэ къарит гурыфIыгъуэм нэху щыху игъэжеякъым.

Хъыджэбзым и хъуэпсапIэхэр бэгъуауэ къэунэхуащ махуэщIэр.

ГъащIэр и пIэ иувэж хуэдэт... Заринэ насып Iуащхьэм нэсауэ къыщыхъужырти, абы хуабжьу иригуфIэрт. Дауэ мыгуфIэнрэт: иджы хуэдэу абы  и гур къыщигуфIыкIрэ гукъыдэж щиIэрэ къэхъуатэкъым.  Ауэ, Инал... Инал иIэмкIэ арэзытэкъым, ар хуейт нэхъыбэ, куэдкIэ нэхъыбэ. Зи къэшэгъуэ хъуа щIалэм и мурадыр Заринэ къыщыжриIа пщыхьэщхьэр пщыгъупщэж хъун?! Лъагъуныгъэр зыхэзыщIа дэтхэнэми ещIэ а насыпым и инагъымрэ а гурыфIыгъуэм и кууагъымрэ. Уи псэр зи IэмыщIэ илъ цIыхум езым ейри дзыхь къыпхуищIыныр – ар акъылыр къыщымысэбэпыж дунейщ... Зы гуауи гукъеуи щыIэжу пщIэркъым лъагъуныгъэм дунейм «ущытригъэлIыкI» а лъэхъэнэм...

И унагъуэ ихьэ къудеймэ, и гукъеуэри  и гугъуехьри щхьэщызыхыну къэзыгъэгугъа щIалэм Заринэ зыри пидзыжакъым, нэпс къудамэ Iэпыхуа мыхъумэ.

– КъызгуроIуэ ар  уи деждкIэ Iуэху цIыкIуу зэрыщымытыр, ауэ сыхуейт си мурадыр къыздэпIыгъыну. Егупсыс... Ди Iуэхум кIыхьлIыхь зедмыгъэщIамэ нэхъыфIт...

– Инал, Замир-щэ?! – зэрыгъыр иджы имыбзыщIу ерагъыу къыдрешей хъыджэбзым.

– Си дахэ, сэ Замир си унэ сшэуэ щIэзгъэтIысхьэну укъэзгъэгугъэркъым. Уэ езым болъагъу абы и Iуэху зыIутыр. Си адэанэм сыт къысхужаIэн, хьэблэм, благъэм... Уэ абы фIэкIа Iуэху уимыIэу уопсэу, унагъуэ уихьа нэужь, абы апхуэдизрэ укIэрысу хэт къыпхуэзыдэнур? Дэ, Тхьэм жиIэмэ, бын диIэнущ, ахэр мобы Iуплъэу къэхъуну сыхуейкъым сэ. Уи жагъуэ умыщI, ауэ Замир дэ ди гъащIэм хэзэгъэнукъым...

– Инал, сэ ар си дэлъхущ... Ар унэ нэщIым къыщIэзнэрэ сыдэкIуэмэ, цIыхухэм сыт къысхужаIэн?.. Сэри апхуэдэу сыпсэуфынукъым...

– Заринэ, уэ уцIыху балигъщ. Зыми емыкIу къыпхуищIынукъым унагъуэ уихьэкIэ. Уи щхьэ и унафэ щыпщIыжын хуей ныбжьым унэсащ. Зыми, зэхэпхрэ, зыми фIыщIэ къыпхуищIынукъым, уи дэлъху никъуэдыкъуэм уIурыплъыхьу уи гъащIэр бгъакIуэкIэ. Тхьэмахуэм зэ укъакIуэурэ укъэплъэнщ, ухуэпщэфIэнщ. ЦIыхум и насыпыр зэщ къызэрыкIуэр... Уи насыпыр щхьэ ебгъэкъутэн хуей мо тхьэмыщкIэм. Егупсыс, тхьэмахуэ пIалъэу уиIэщ... – жиIэри бжэр кIыргъыу къыздыхуищIыжащ щIалэм.

КъыздыхуищIыжащ, абы зи псэр кIэлъыщIэжа Заринэ и гугъэ минхэр къызэпиуду. Абы и ужькIэ и макъыр хуиту иутIыпщри гъащ зи дунейр къызытекъута хъыджэбзыр. Заринэ апхуэдизкIэ зимыщIэжу гъырти, и щхьэцыр къызэрырифыщIыкIыжыр зыхищIэртэкъым. И шыпхъур зэрыгуIэр зылъагъу Замири гъырт, гурымт, уи гур хигъэщIу. Абы къарууэ иIэр зэхилъхьэри, Заринэ тригъэуну бгъэдыхьати, мыдрейр къеIэдэкъауэри къриудащ. ИтIанэ стIолыщхьэм телъ удз Iэрамэр къипхъуатэщ, иджыри фIадзэну зыхунэмысауэ блыным кIэрыт гъуджэшхуэм бгъэдыхьэри абы къищым удз IэплIакIуэмкIэ енэпауэн щIидзащ. Ауэ сыт и лажьэт абы къищым?!. ЗыкъищIэжа нэужь чы цIынэ фIэкIа къызыхэмына удз IэплIакIуэр хыфIидзэри, унэ лъэгум зызышыхьауэ илъ и дэлъхур къигъэтэджыжащ. Зыгъэжеин хущхъуэ иритри, игъэгъуэлъыжащ.

Нэпсым хуэдэу цIыхум и къарур щIэзых щыIэу къыщIэкIынкъым. Гум хыхьэу угъа и ужькIэ, сытым хуэдэу псынщIэу уIурихрэ. Апхуэдэ жей Iувым здыхэтым, Заринэ и анэм йопщIыхь. ФIыцIабзэу хуэпат ар, зыгуэркIэ игу зэрынықъуэр нэрылъагъуу. Хъыджэбзым абы зыхуедз, и гущIэгъу хуэныкъуэу, ауэ анэр къыхуэгущIыIэщ. «Заринэ, укъызэдэIуакъым. БжесIатэкъэ уэри уи гъащIэр Замир зэрикъутэнур... Си хъыджэбз, щхьэ зыбгъэунэхъужрэ? Зэрыунагъуэу аращ дызытекIуэдар. Плъэгъуам сыту губзыгъэ уимыщIарэ?..» – къыжреIэ.

Жэщ никъуэм къызэщыуа хъыджэбзыр и щхьэнтэр иIыгъыу къотэджри, Замир бгъэдохьэ. «Си хъыджэбз, щхьэ зыбгъэунэхъужрэ? Зэрыунагъуэу аращ дызытекIуэдар...» псалъэхэр итщ и тхьэкIумэм. «Замир, сэ сыхуейщ насыпыфIэ сыхъуну, адрейхэм ещхьу сыпсэуну...», жиIэурэ къарууэ иIэр зэхелъхьэри, жей IэфIым хэт и дэлъхум щхьэнтэр треIубэ. АрщхьэкIэ щIалэм и хъырхъ макъыр зэрызэхихыу зыкъещIэжри, щхьэнтэр абы и нэкIум къытрепхъуэтыкIыж. А дакъикъэм а тIум нэхъ гужьеяр къэщIэгъуейт. И дэлъху никъуэдыкъуэм гъыуэ зезыдза хъыджэбзыр зыщIэплъа нитIыр гъащIэр къызыгурымыIуэ цIыху делэтэкъым зейр. ЩхьэгъубжэIухамкIэ жьышхуэ къызэрыщIэпщара е нэгъуэщI, сытми блыным кIэрыта гъуджэр уфэрэкIри, щыкъуейуэ къутащ.



10 Заказ №144

– КъыздикІам кІуэжащ. Укъэмыщтэ, си Нур. Укъызогъэгугъэ афІэкІа «си насып» жысІэу, уэ зэран сыпхуэмыхъуну... – жиІэри, Заринэ пэш  зэхэтхъуар зэщІикъуэжащ...

ЖиІам хущІегъуэжами, зигъэгусами къыпхуэмыщІэу, Инал етІуанэ махуэм и пщыхьэщхьэм бжэщхьэІум къытеуващ, и щхьэр ехьэхауэ.

– Сыту фІыт укъызэрыкІуар... Сынопсэлъэнут, – пежьащ Заринэ  щІалэм.

– Зарин...

– Хъунумэ, къезгъэжьар жызгъэІэ, си лІыгъэ къихь щІыкІэ. Инал, сэ сегупсысащ дыгъуасэ къызжепІахэм...

– СыпІащІэри, лей жысІащ...

– Псори пэжщ, зыкІи укъуаншэкъым. Ауэ а уэ уи пэжымрэ сэрэ дызэзэгъынукъым. Сэ схуэдэкъым зи насып щІэбэныр, сэ сиІэкъым апхуэдэ Іэмал. Си насып зэрызгъэувыжын хуейм къищынэмыщІа, нэгъуэщІ къалэнхэри си пщэ къыщыдохуэ мы гъащІэм.

– Уи щІалэгъуэр Іэрызехьэм укІэрысу бгъэкІуэну ара?

– Хуей хъумэ, си гъащІэ псор. Сэ укъысщымыгугъмэ нэхъыфІщ.

– Джэгуэн сыщІэпщІар сыт, укъыщыздэмыкІуэнум?

– Къысхуэгъэгъу фІыуэ узэрыслъэгъуар.

– Сыкъэплъэгъуакъым. ФІыуэ илъагъум папщІэ цІыхур сытми йобэкъуэф.

– Сэ зэи сызэмыбэкъуэфын, зэи ІэщІыб схуэмыщІын сиІэщ!

– Щхьэусыгъуэщ ар псори. Тхьэм ещІэ, сэ нэхърэ нэхъыфІ е нэхъ къулей къэбгъуэтауэ къыщІэкІынщ... ЦІыхубз псори зэщхьщ, щыжаІэм си фІэщ схуэщІатэкъым...

– Сыт ухуейми жыІэ... Ауэ афІэкІа си унэбжэ укъытемыуІуэ.

Къэгубжьу, бжэр къезыдзылІэу щІэкІыжа щІалэм, дауи, зэхихакъым Заринэ и иужьрей псалъэхэр.

«Си анэ, узахуэт... Сэри си гъащІэр икъутащ Замир. Ауэ ар и закъуэу мы унэ нэщІым къыщІэзнэ нэхърэ нэхъ къэсщтащ си насыпыр скъутэмэ. Згъуэтакъым абы нэхъ хэкІыпІэфІ», – псалъэхэр куэдрэ и щхьэ хужиІэжащ Заринэ. Тхьэм ещІэ, а псалъэхэмкІэ и насыпым и пащхьэ зыщигъэзэхуэжу арагъэнт...

Зэдэлъхузэшыпхъум я гъащІэр гурыфІыгъуэншэу екІуэкІырт... Замир нэщхъеирилэ зэрыхъуам и мызакъуэу, иужьрей зэманым нэхъ хэлът, къэтэджыну хуэмейуэ. Заринэ Іуэху иІэу щІэкІамэ, Замир и нэкІум щхьэнтэр триІубэжарэ жьы имыгъакІуэу ІэкІэ быдэу трикъузэу къыщІыхьэжырт. Зэрылейр къыгурыІуауэ, зиукІыжыну хэтт е, и шыпхъум кърищІар ищІэжу, щхьэнтэ щІагъым щыбауэу зригъасэрэт?.. ГурыІуэгъуэтэкъым. Заринэ и дэлъхум хуэсакът зэрылъэкІкІэ, еубзэрт, шхыным я нэхъыфІыр абы хуигъэтІылъырт. Ауэ абы ишхыр махуэ къэс нэхъ мащІэ хъуурэ кІуэрт.

Замир и хьэлым куэдкIэ зихъуэжат, ар иджы гуфIэу плъагъужынутэкъым. Заринэ щыгъкIи, игу щIэгъуу тригъэужыртэкъым, уеблэмэ гу къылъитэххэртэкъым. И нэр щхьэгъубжэм триубыдэрти, жэщ хъуху дэплъу щыст.

Бжьыхьэр къихьэу япэу жэп къыщеха пщэдджыжьым, зэдэлъхузэшыпхъум я бжэщхьэIум хьэпшыр тесу нэху къекIащ. Абы Замир зэрыщыгуфIыкIам щIэ щIэткъым. И гукъыдэжми зыкъыдигъэзащ. НэIуцэ хъужарэ езыр цы топым хуэдэу дэлъейуэ, унагъуэм псэ къахилъхьэжат IэмыщIэм из фIэкIа мыхъу а хьэ цIыкIум. Псом хуэмыдэу Замирт ар зи ныбжьэгъур, а тIур зэдэшхэрт, зэдэджэгурт, уеблэмэ, зэгъусэуи жейрт. Заринэ а псор фIэмыфIыщэми, и дэлъхур къызэрыгуфIэжа къудейм щхьэкIэ зыри жиIэртэкъым. Махуэ гуэрым Заринэ къыщIыхьэжащ хьэпшырым унэ псор къызэхитхъуарэ Замир и вакъэ лъэныкъуэм егъуу щысу. Унэр къызэрыритхъужьари къыхуигъэгъунт абы Заринэ, ауэ лъапсейуэ Замир хурагъэщIа вакъэр Iисраф зэрищIар щилъагъум, хъыджэбзыр къэгубжьри хьэм еуащ.

– Уэ, уэ, уэээ, уIейщ, уIей дыдддэщ, – жиIэурэ Замир и нэпсыр къежэхыу и шыпхъум бгъэдыхьэри, и къару къызэрихькIэ еIэдэкъэуащ.

Заринэ, къэхъуар къыгурыIуэну хунэмысу, джэлащ, гъуэлъыпIэ дзакIэм щхьэ щIыбкIэ техуэри, къызэфIэмэхащ. Куэдрэ щылъами, мащIэрэ щылъами, Тхьэм ещIэ. ЗыкъыщищIэжам Замир тхьэмыщкIэр гурымыжу къыщхьэщыст, и щхьэм Iэ дилъэу.

– Замир, си Нур, дэнэ ущыIэ? Мы ди пэшри щхьэ апхуэдизу кIыфI, уэздыгъэр пыбгъанэкъэ... Сыту Iейуэ ундэрэбжьа мы си щхьэр... Нур, дэнэ ущыIэ, мо къэзыкIухьу ди пэшым щIэт мафIэ цIыкIури сыт? КъызгурыIуэркъым, щхьэ зыри сымылъагъурэ?..

– Зарррррринэ, тэдж, – жиIэу Замир абы къолъэIу.

Замир и шыпхъур ерагъыу къегъэтэджыж, и пIэм нэс нешэсыжри, егъэгъуэлъ. Куэд дэмыкIыуи Заринэ Iурех.

Жьыуэ къэтэджу еса Заринэ зэрихабзэу къэушащ, ауэ, Iуэхуракъэ, и хъуреягъыр аргуэру кIыфIщ. Зыгуэр къызэрыбгъэдэлъыр зыхещIэри, пIэр къеIэбэрэбыхь... КъыгурыIуащ къыбгъэдэлъыр зэры-Замирыр. Мыдрей и джабэм къыкIэщIэлъыр – хьэращ.

– Замир, сызэхэпхрэ, Нэху?

– За-ри-ннннн...

– Замир, нэху щащ, бзухэм уэрэд жаIэ, ауэ сэ зыри слъагъуркъым. Хьэуэ, мес мафIэ цIыкIу хуэдэ нур гуэр солъагъу...

МэIэбэри, Замир тоIэбэ.

– Мис, Замир, уэ уи щхьэщыгум итщ а мафIэр, соIэбэри, сIэщIохуж къысхуэмыубыду. А зыращ сэ слъагъур. Замир, сыт сэ нэгъуэщI зыри щIэзмылъагъур? Нэф сыхъуауэ ара? Замир! Хьэтыр уиIэмэ, зыгуэр жыIэ... – и макъ утIыпщауэ магъ Заринэ.

КъызэрыщIэкIамкIэ, хъыджэбзыр нэф хъуат. Дохутырхэми Заринэ и хъыбар зэхэзыха я къуажэгъухэми хуабжьу ягъэщIэгъуащ абы и дэлъхум щхьэщыту илъагъу нурыр. Арат абы илъагъужыххэри. А нурым и ужь иту, и дэлъхур здэкIуэм ар щымыуэу кIуэрт. ЯпэщIыкIэ къуажэдэсхэр къакIэлъыкIуэрейуэ щытами, хъыджэбзым и щхьэ Iуэху зэрыхудэгъэкIыжыр ялъэгъуа и ужькIэ, къелIэлIэжакъым.

Зэдэлъхузэшыпхъум кIэлъыплъыну, пенсэу кърат ыр яхузэригъэзэхуэну, шхын къахуищэхуну пщэрылъ щащIат я къуажэдэс цIыхубз гуэрми, ар щIэх-щIэхыурэ къакIуэрт. Апхуэдэ псэукIэми куэд дэмыкIыу есэжащ зэдэлъхузэшыпхъур. Иджы а тхьэмыщкIэ цIыкIуитIыр нэхъ зэхуэгумащIэт. ТIуми къагурыIуэрт зыр имыIэу адрейр мы дунейм зэрытемытыжыфынур.

Пщыхьэщхьэ гуэрым абыхэм я бжэм къытеуIуащ Инал. Хъыджэбзым и хъыбар зэхихауэ къыщIэкIынт… «Сэращ ар, Иналщ, бжэр къыIуфх», – жиIэри къэджащ.

Бжэр зэрыIуихыу, Заринэ щIалэм зридзащи магъ…

– Заринэ, ар дауэ? Сэращ зи къуаншагъэр, сыпхуэсакъакъым. ЖыпIэм семыдаIуэу…

– Инал, зыри къэхъуакъым, къэхъун хуейм фIэкIа…

– Сыт къыпщыщIар?

– Си щхьэр уназэри сыджэлат… Сыт пщIэн, апхуэди къохъу…

– Дауэ-тIэ узэрыпсэур? Дауэ фыхъурэ?

– Тэмэмщ псори, десэжащ. Мыпхуэдэу сыхъун и пэ хьэпшыр къытхуэкIуат. «КъыпхуэкIуэр фIыщ», жаIэ, сэри ар си фIэщ хъури къыщIэзгъэхьат. Мис а хьэр иджы си дэIэпыкъуэгъушхуэщ, итIанэ… Замир и щхьэщыгум ит нурыр сытым хуэдэу сэбэп къысхуэхъурэ сэ.

– Сыт нур?

– ЗыжепIэм и фIэщ мыхъунри хэлъщ, ауэ Замир цIыкIу и щхьэщыгум зы нэху гуэр итщ сытым дежи. Ар жэщи махуи къоблэ. ГъэщIэгъуэнщ… Си анэм Замир хужиIахэр сигу къызогъэкIыжри… ПцIыщ псори, апхуэдэ нур цIыху Iейм щхьэщытыфынукъым…

– Заринэ, къебгъэгъэзэжыфамэ, а пщыхьэщхьэм арэзы ухъунт?..

– Къезгъэгъэзэжыфамэ, сыкъамылъхуну сылъэIуэнт…

– Апхуэдэу жумыIэ…

– СфIэгъэщIэгъуэнщ… Инал, цIыху насыпыфIэм и гъащIэкIэ упсэуныр сыт хуэдэу пIэрэ?.. Сэ сиIакъым апхуэдэ гъащIэ икIи сиIэнукъым. ГъащIэр щадым къыдэхуа бзыхьэхуэм сыхуэдэщ, зыщIыпIи сыкъыщымысэбэпрэ дэнэ дежи сыщылейуэ. Сэ насып зэи сиIакъым, сиIэкъым икIи сиIэнукъым. СиIар хэкIыпIэ зимыIэ насыпыншагъэщ… Иджы… иджы си дунейри кIыфI

хъуащ. ПщIэрэ, сэ лIэныгъэм сыщышынэркъым. Иджыри зы гуауэ нэхърэ лIэныгъэ къабзэри нэхъ къэсщтэнущ. Зы дакъикъи сымыгупсысэу, си псэм сеIэжынт, ауэ Замир цIыкIу сфIэгуэныхьщ...

– Заринэ, апхуэдэу жумыIэ! Сытым хуэдэу гуэныхьышхуэу жаIэрэ зыбукIыжыну.

– ЛIо, я жэнэтым сыщIамыгъэхьэну ара? Сыхэзэгъэну сэ жэнэтым щыIэ псэукIэм?.. Инал, уэ зыри къысхэпщIыкIыркъым... Илъэс дапщэкIэ сыпэщIэтами пщIэрэ сэ гугъуехьым. Пщэдджыжь дапщэкIэ си нэр нэпскIэ щIэстхьэщIыкIа, щхьэц жыпIэ сымыгъуэту жэщ къыщыстехъуэр нэхъыбэу. Жылэм зыщагъэпсэхум, сэ сыгузасэу унэкум ситу дапщэрэ нэху згъэща... Алыхь щыIамэ, сызэхищIыкIынтэкъэ, а псом и щIыIужкIэ нэф симыщIу?.. Илъэс дапщэ мыпхуэдэу сызэрыпсэунур, дапщэ?..

– ...

– ... АфIэкIа укъэмыкIуэ. Дэ хьэщIи, лIыщIи, гущIэгъуи дыхуэныкъуэкъым.

– ...

– Инал, щIэкI! ЩIэкI жыхуэсIэр хэт сэ?.. – мэкIий Заринэ и макъ къызэрихькIэ.

– Мы си гущIэр къизысыкIым сыт есщIэнур?

– Сысейм есщIар. КъуэгъэнапIэрэ гъэпщкIупIэрэ зи куэд кIыфIыгъэм хэзгъэпщкIуащ сэ гухэлъу сиIа псори. Нэхъ пэжым ухуеймэ, щIэслъхьэжащ, си адэ-анэр зэрыщIэслъхьэжам хуэдэу.

– Апхуэдэу упсэуну тыншкъым.

– Абы и гъунэгъуу щIэлъщ си гугъапIэ мышыу псори. Сыту сыделэт... Инал, зы лъэIу пхузиIэт... ФIыуэ сыкъэплъагъур пэжмэ, афIэкIа укъэмыкIуэ, уи гугъапIэкIи гупсысэкIи укъысщIэмыупщIэ. Сэ фIыуэ слъагъуххэр...

– Тхьэм и ней къысщыхуат сэ, уэ фIыуэ ущыслъэгъуа махуэм... Узыншэу... – жиIэри ежьэжащ Инал.

Замир жейуэ къигъанэщ, пщIантIэ дыхьэпIэм деж щепха хьэм шхын иритри, Заринэ иунэтIащ къуажапщэм щыпсэу Iэзэм деж. ГугъапIэ псори бухауэ къыщыпщыхьум дежи, иджыри бухыркъым гугъэн. Зарини къезыхуэкIыр и гущIэм къина гугъэ тIэкIурт. Абы езыми къыгурыIуэжтэкъым а Iэзэм деж щызэхихыну зыхуейри къыхуищIэну зэрыщыгугъри, ауэ кIуэрт, и башымкIэ лъэс лъагъуэм и гъунэхэм еIусэурэ. Заринэ и Iуэху зытетыр зыщIэ бзылъхугъэ гуэр къыхуэзэри, абы ишащ зыхуей пщIантIэм нэс.

– Унагъуэр къызэрыптеунэхъуэнур уи анэм щыжесIэм, къыгурыIуакъым. И фIэщ хъуакъым... Мес иджы, зыри къэнакъым... – япэ зыкъригъэщри жиIащ здэкIуа Iэзэм.

– Уэ зыгуэр зэхыбогъэзэрыхь. Сэри сащыщщ а ягъэунэхъуа унагъуэм. Нэф сызэрыхъури куэд щIакъым. Ди анэр дунейм ехыжын и пэ къиихуэу къызжиIат а къытщыщI мыгъуагъэ псори къахьу япIа си дэлъхурауэ зи ягъэр.

– Зыгуэр зэхэзыгъэзэрыхьыр сэракъым. А адэ-анэкIэ узэджэм къахьар уэрат. Си щхьэгъусэм зинэкIэ кърыгъэлъхуар хэтми сэра зымыщIэр? Сэрат уи анэм деж нэкIуар, сабий унэм уритыну чэнджэщ езытар. Тхьэм ещIэ уи анэм укъыщIигъэпцIар. Узым къыщыхигъащIэм, хэзэрыхьыжат, хьэмэ... Дауэ мыхъуми, Iуэхум и пэжыпIэр сэ бжесIащ, пхузэфIэкIмэ, уэ зэгъэзахуэ.

– ПцIыщ, аргуэру пцIыщ, пцIыщ псори. Сыту Iей мы цIыхухэр!.. Сыт фэтщIар?.. – жиIэурэ Заринэ къыщIэкIыжри, джалэм къэтэджыжурэ ерагъыу унэм къыщысыжам и бгъафэр нэпсым псыфыпс ищIат.

Замир щыжей пэшым щIыхьэмэ, нурыр илъагъужкъым, пIэр къеIэбэрэбыхьри, и дэлъхур хэлъыжкъым.

– Замир, си Нур, дэнэ ущыIэ? Зыгуэр жыпIэкъэ, – жиIэу щIапIэр къызэхикIухьащ Заринэ, дуней даущыншэм нэхъри игъэгужьейуэ. Хадэм щихьэм, пхъэ тыкъыр щылъым игъэджалэу, лъыпсыр къежэхыу и напэр ичэтхъами, гужьеяуэ Замир къилъыхъуэрт. Щымыхъум, уэрамым дэкIащ. БлэкI-къыблэкIыж гуэрым Замир зэримыгъуэтыжыр щыжриIэм, зэгъусэу пщIантIэм къыдыхьэжащ, къалъыхъуэну.

Тхьэм ещIэ ар зэрыхъуар... Зэдэджэгуурэ тIури хэзэрыхьыжат кIапсэ кIыхьым?.. Ирапхыу емыса хьэмрэ Замиррэ я пщэм кIапсэр быдэу щыкъузауэ мыбэуэжу щылът...

ТАЖДЖЭ Замир

# ЕЗАНЭ

*Рассказ*



КъатипщІу зэтет унэм и щхьэ дыдэм зы щхьэгъубжэ щынıкъуэзэІухщ, ауэ, жьы мащІэм игъэхъей Іупхъуэм уигъэлъагъуркъым абы къыдэгъэпса фочыпэри, фочыр зыІыгъ цІыхухъури, абы ибгъукІэ къыщыт цІыхубзри.

ЦІыхухъум фочым тет нэрыплъэмкІэ зыгуэрым йоплъ, трегъапщэ, иужькІэ ирехьэхыж.

– Иджыри сыхьэт ныкъуэ иІэщ, – къопсалъэ цІыхубзыр, и нэгъуджэ фІыцІэр зыІуихауэ бэлътоку хужьыбзэкІэ илъэщІурэ. – Нэхъ тэмэмыжу жыпІэмэ дакъикъэ щэщІрэ зырэ дэкІмэ, мо гъуэгум адэкІэ къыщыт шхапІэм и щІыхьэпІэ дыдэм кърахулІэнущ машинэ фІыцІэ...

– Апхуэдэ дакъикъэ закъуэм сэ махуэ бжыгъэкІэ сыщежьэ щыІэщ...

– Уэрмырами, адрей цІыху къызэрыгуэкІхэми я гъащІэм къыхохуэ апхуэдэ дакъикъэ гуэр. ИгъащІэ псокІи щежьэ щыІэщ. Псалъэм папщІэ, лъагъуныгъэм...

– Зэбгъэпщаи! Лъагъуныгъэм цІыху къигъэщІу аращ, сэ абы къигъэщІар...

– «Хызогъэбагэ», «ІузопІэ»... Ара? Хьэмэрэ нэхъ псалъэ гуащІэжкІэ уеджэрэ уи ІэдакъэщІэкІым?

ЦІыхухъур абы ней-нейуэ къеплъащ...

– Уи жагъуэ сщІа си гугъэщ. Уэ уцІыхухъущ, сэ сыцІыхубз цІыкІущ, къысхуэбгъэгъунщ...

– Къыпхуэгъуащ...

– Гугъуу къыщІэкІынщ зыгуэрым и псэ бгъэныну...

– ?......

– ЦІыху букІауэ, ар уи гум илъу упсэуфыни хуейкъэ...

– Уэ гъусэ укъыщІысхуащІар нобэрей Іуэхум сыхущІебгъэгъуэжыну апхуэдэ къалэн уи пщэ кърлалъхьауэ ара, хьэмэрэ дызыхуей лІыр сыбгъэлъагъун хуейуэ ара?

– Укъэмыгубжь, кхъыIэ... Уэзгъэлъагъунщ ари. Сэ... Сэ къызгурыIуэркъыми аращ... КъомыхьэлъэкIмэ, тIэкIу къызэпсалъэ...

– Сыт жызбгъэIэну нэхъ узыхуейр?

– Псалъэм папщIэ... ЦIыху дапщэм я псэ бгъэна уэ?

– СыткIэ ухуей абы уэ?

– Хуабжьу сфIэгъэщIэгъуэнщ! КхъыIэ, къызжеIэт!

– Мы иджыпсту дызэжьэр бгъущIрэ ебгъуанэщ...

– ЦIыхуищэ...

– Хьэуэ, цIыхуищэкъым. БгъущIрэ бгъурэ!

– Зы закъуэ щхьэкIэ къыумыгъанэу, «щэ» жыпIэмэ зэфIэкIакъэ?.. Абы и пэжыпIэр хэт зыщIэр?

– Сэ сощIэж... Си щхьэм пцIы щIыхуэзупсыжын хуейр сыт?

– «Къыумылэжьар хьэрэмщ» – жыпIэу ара?

– «Хьэрэм» псалъэр мыбдеж къыщезэгъыркъым. Уи щхьэм пщIэ хуэпщIыжын хуей къудейуэ аращ.

– Уэ – улIыукIщ. ЛIыукIми и щхьэм пщIэ хуищIыжу...

– Мы дуней псор къапщтэмэ, зы махуэм къриубыдэу минищэ бжыгъэкIэ цIыхухэр щагъэкIуэд нобэ! Мис ахэр зыIэщIэкIуадэхэращ лIыукIкIэ узэджэнур! Езыхэр дыщэ къэпым тесрэ, адрейхэр шхын щхьэкIэ ягъалIэу! Абыхэм я щхьэм сытым хуэдэу пщIэ хуащIыжрэ! Япэрей зэманыр-щэ? Пащтыхьхэр уигу къэгъэкIыжыт! Сыт хуэдиз цIыху абыхэм зэтраукIар?!



– Уэри, узыхуейр щыбукIыфкIэ, упащтыхь пэлъытэщ...

– Сэ сызыхуейр сщIэуэ аракъым. Мыр си лэжьыгъэщи, къызжаIэр згъэзащIэу аркъудейщ... Зауэм къыздисха IэщIагъэщ. Сэ нэгъуэщIым сыхурагъэджакъым...

– АтIэ, уэ езым ухуейуэ, уигу ебгъауэ, зэи зыри умыукIауэ ара?

– СукIакъым! Зауэм сыIутыху унафэ къысхуащIащ, иужькIэ и уасэ къызатащ...

– Уасэ... Ахъшэ... Лъымэ къакIэрихтэкъэ а ахъшэхэм?

– ?!!!......

– Хъунщ, хъунщ! АфIэкIа зыри жысIэнкъым! А бгъущIрэ бгъум яхыубжэрэ уздэщыIа зауэм щыбукIахэр?

– Абы псори хэтщ...

– Фоч дакъэр ирабзэу зэхэсхащ... цIыху къэс – зы.... Уэри пщIырэ апхуэдэу?

– СщIыркъым. Сэ фочхэр сохъуэж, си Iуэху зэрызэфIэкIыу...

– Уэ зэи уегупсысыркъэ, а букIахэм адэ-анэ, бын, щхьэгъусэ яIэнкIэ зэрыхъунум? Е лъагъуныгъэ зэхуэзыщIа цIыхуитIым я насыпыр зэпыбудынкIи мэхъу...

– Уэ хъыджэбзыр езыр убегъымбару ара? Убегъымбармэ, лIыукIым гъусэ щхьэ укъыхуащIа? Уэр мыхъуми, мы нобэ сукIын хуейм и сурэт къызатамэ, сэ ар къысхуэцIыхунут.

– Мыр иужьрей илъэсипщIым дунейм къытехьакъым, и

сурэти щыIэкъым, ар зыцIыхур си закъуэщ...

– АтIэ, илъэсипщIкIэ дурэш гуэрым дэсар фукIыну и ужь щхьэ фихьа?

– КхъыIэ, укъэмыгубжь... Иджыпсту машинэхэр къыIухьэнущ. Уэ уи Iэпэхэр сыс хъунукъым...

– Сэ си Iэпэхэр зэи сысыркъым...

– ЛIыгъэ пхэлъщи аращ. Ауэ... ГущIэгъур-щэ?

– Сэ си лэжьыгъэр гущIэгъу пхэлъу пхуэгъэзэщIэнукъым. Уэ езым пхэлъ а гущIэгъу жыхуэпIэр?

– СщIэркъым схэлъми... Ауэ нобэ уэ зи псэ бгъэнынур сфIэгуэныхь мэхъу...

– ПфIэгуэныхь зэрыхъур арауэ къыщIэкIынщ, «Мес мор аращ», жыпIэу сыбгъэлъагъуу щIэдбгъэукIынур...

– «ЩIэдбгъэукIынур», жумыIэ. Уэращ зыукIынур... Уи закъуэщ...

– Ар уэ сумыгъэлъагъумэ, сэ сцIыхуххэркъым...

– Зэт-зэт! – зэпеуд псалъэмакъыр цIыхубзым, нэрыплъэм здиплъэм. – Машинэхэр къэсащ! Зыгъэхьэзыр... КъоувыIэ, цIыхухэр къокI.... Мес мо кIэстум хужь зыщыгъ зи щIыбыр къэгъэзар плъагъурэ? Мис аращ къэтлъыхъуэр...

ЦIыхухъур, напIэзыпIэм мывэм хуэдэу жыри, фочым и кIакхъур щIичащ...

– Iуэхур зэфIэкIащ, – жиIащ абы, фочыр игъэтIылъыжурэ. – НакIуэ, иджы, дызэрызэгурыIуам тету, псынщIэпсынщIэу зыдгъэкIуэдын хуейщ...

– Сэ уэ зыкIи сыбгурыIуакъым...

ЛIыукIым, щтэIэщтаблэу хуэмурэ зыкъригъэзэкIмэ, къелъагъу цIыхубзым къытригъэпща кIэрахъуэр:

– Мис иджы къызгурыIуащ гъусэ укъыщIысхуащIар... Ауэ къызгурымыIуэр иджыри къэс зи гугъу пщIахэрщ – гущIэгъути, лъагъуныгъэти жыпIэу...

– Сэ си дежкIэ гугъут мы къалэн къысщащIари, уэ узэрыгущIэгъуншэр си фIэщ пщIымэ, нэхъ тыншу зэфIэзгъэкIынути аращ...

КIэрахъуэр уащ. ЦIыхубзым ар гумызагъэу бэлътокукIэ илъэщIыжри, иукIа цIыхухъум и гущIыIум иридзэжащ. ЕмыпIэщIэкIыурэ и нэгъуджэ фIыцIэр зыIуилъхьэжри, и лэжьыгъэм къыхуеплъэкIыжащ:

– Езанэ...

ДАУР Зое

# ЗЫМ И ЗЭРАН ЩЭМ ЙОКI

*Таурыхъ*

Хьэбыжрэ Хьэлимэтрэ зэгурыIуэу зэдэпсэурт. Ауэ бын зэрамыгъуэтыр я гукъеуэт. Илъэс бжыгъэ дэкIауэ, Хьэлимэт уэндэгъу хъуащ. Ар псынщIэу хьэблэм зэлъащIысащ – и Iыхьлыхэри и гъунэгъухэри хъуэхъуакIуэ къыхуэкIуэрт.

Ауэ, зыри пэмыплъауэ, къуажэм бэлыхьышхуэ къыдэхъуащ. Пщым и щхьэгъусэр сымаджэ хьэлъэ хъуащ. Къэгузэва пщым, Iэзи чытапаплъи къигъанэртэкъым, и фызыр зыгъэхъужын лъыхъуэу.

Iэзэхэм ящыщ зым абы къыжриIащ: «Уи фызыр сымаджэми, щIэх лIэнукъым, ауэ и ажалыр къэзыгъэсынур иджыпсту ныбэм илъ сабийщ, мы къуажэм дэс уэндэгъухэм ящыщ зым къилъхуну щIалэ цIыкIурщ».

Ар зэхэзыха пщым къуажэм фыз уэндэгъуу дэсыр щыхупIэм щригъэдзащ. Хьэлимэт зигъэпщкIури, и ныбэр ин хъухукIэ бгы гъуанэм исащ. Ар къэзылъэгъуа гуэрхэм пщым бзэгу хуахьащ.

Пщым и блыгущIэтхэм Хьэлимэт бгым щагъэхуащ. Хьэбыж, къытепсыха гуауэшхуэр хуэмыхьу, и гур зэгуэудащ.



ФIэщщIыгъуей Iэджи щIым къыщохъу. Хьэлимэт и псэр щыхэкIым ирихьэлIэу, и сабийр дунейм къытехьащ. Абы хэту, щIалэ цIыкIум и гъунэгъуу бжьо къыIуохьэри малъхуэ. Бжьом тIури шэ иригъафэурэ епI. Куэдрэ ипIа, мащIэрэ ипIа, сытми, сабийри быртIым цIыкIу хъуауэ, зы махуэ гуэрым хьэкIэтеуэ ящIри, бжьо анэр щакIуэ гупым яукI. ИкIи къалъагъу бжьо шырымрэ щIалэ цIыкIумрэ ибэ зэращIар. ЩакIуэхэм я нэхъыжьым мурад ещI щIалэ цIыкIумрэ бжьо шырымрэ къихьу ипIыну.

Бжьор ин хъуа нэужь, къыщигъуэта дыдэм деж ешэри еутIыпщыж. Ауэ бжьор апхуэдизкIэ щIалэ цIыкIум къесати, къакIуэурэ къилъагъурт, къыдэджэгурт, щIалэ цIыкIуми бжьор имылъагъуу махуэ худэгъэкIыртэкъым.

Хьэмыр (арат щIалэ цIыкIум фIащар) ищIэртэкъым щакIуэм къилъхуауэ фIэкIа. ЩакIуэм и лIэгъуэ щыхъум, Хьэмыр зыбгъэдигъэтIысхьэри и Iуэху къызэрекIуэкIар хуиIуэтэжащ, мылъкуу иIэр къызэрыхуигъанэр къыжриIэри къелъэIуащ: «Си щIалэ, сэ бжьом и анэр зэрызукIрэ щакIуэ сыкIуакъым, уэри сынолъэIу псэущхьэ тхьэмыщкIэхэм я псэ умыгъэныну, ауэ уилъ пщIэжыну хуит узощI. Къуажэпщым уи анэм кърищIар езым и унагъуэмкIэ ебгъэпшыныжын хуейщ. Бжьор мэлъатэ, абы дэнэ ухуейми уихьыфынущ». Ар жиIэри, и псэр хэкIащ.

Хьэмыр игу ирелъхьэ и адэ-анэм ялъ ищIэжыну.

Бжьоушэ ирикъухукIэ ефа щIалэм къарукIэ къытекIуэн истэкъым куейм. Зы махуэ гуэрым ар бжьом тотIысхьэри, пщым и пщIантIэм къыдохутэ. Iуэм ит выр кърегъэкIри, фIегъэж, лы Iыхьэ зырызу еупщIатэри, къуажэм нэхъ тхьэмыщкIэу дэсым яхуегуэш.

Пщым и Iэщыр и пщIантIэм дахуу зэраукIар къыщищIэм, и

щхьэгъусэм дежи къэсынкIэ мэшынэри, мэзым ирегъашэ, пщыIэ цIыкIу хурегъэщIри щIегъэтIысхьэ. Къуажэм гъуо хегъэхьэри, дэсу хъуар зэхуешэс, яхоупщIыхь, къедыгъуар хэтми къищIэн и мураду.

МыдэкIэ, бжьор мэзым щыкIуэжым Хьэмыри дэщIыгъуу макIуэ. КъыздикIари къыздихуари ямыщIэу, бжьом зы мыщэжь къыбгъэдохьэри къезауэу щIедзэ. Ар ирахужьэри, мэзым щIэт пщыIэм яфIыщIолъадэ. Мыщэр Хьэмыр щиукIым, пщым и фыз пщыIэм щIэсыр мащтэри зэгуоуд.

Хьэмыр и Iуэху къызэрекIуэкIар къуажэдэсхэм яхуиIуэтэжыну къыздэпIащIэм, пщым къызэригъэпэща зэIущIэм кърохьэлIэ.

Пщыр къызэхуэсахэм щахэкIием, Хьэмыр къыхокIуэтри жеIэ: «Уэ къуажэм пщыуэ удэсщи, псоми пщIэрэ нэмысрэ къыпхуащIыну ущогугъ. Сыт уэ уи выр зэрыкIуэдар щIэбгъэщIагъуэр? ПщIэну ухуеймэ, ар зыукIар сэращ. Уэр нэхърэ нэхъ зыхуэфащэхэм, лы зымыгъуэтхэм яхуэзгуэшащ. Си анэм и лъхуэгъуэ дыдэу бгым щебгъэдзри, гуауэшхуэм си адэри илIыкIыжащ. Ауэ сэ сыкъелащ. Лейр гъуркъым. Уи щхьэгъусэр уэ птекIуэдэжащ».

Хьэмыр псори къызэрекIуэкIар къуажэдэсхэм яхуиIуэтэжащ.

«Узыхуэсакъ хьэкъущыкъур мэкъутэ. Дапхуэдизу яужь симытами, си щхьэгъусэр схуэхъумакъым. Сыт къыстефлъхьэми си хьэлъэщ, къэзлэжьащ», – жиIэри пщыр, и макъыр утIыпщауэ, гъащ.

Къуажэдэсхэм унафэ ящIат пщыр яукIыу абы и пIэ Хьэмыр ирагъэувэну. Ауэ Хьэмыр идакъым: «Къуажэм дэхуауэ и гъащIэ къэнэжар гугъусыгъуу егъэхьын хуейщ. Абы и зэранкIэ сэ си сабиигъуэр згъэкIуащ бжьом сыщIэфу, сыкъэзылъхуа дыдэр сымыщIэу».

Пщыр мэлъаIуэ: «Къысхуэвгъэгъу, сыщыуащ, си фызыр ажалым къыIэщIэсхын щхьэкIэ, лей куэд зесхьащ. Си лъахэм сивмыху закъуэмэ, къыстефлъхьэ тезыру хъуамкIэ сыарэзыщ».

«Уи щхьэфэжьыр теплъэфу лъэгущIыхь къытхуэпщIами, пхуэдгъэгъунукъым», – Хьэмыр и псалъэхэр къуажэдэсхэми даIыгъ.

Пщым сыт ищIэнт, пхыгъэ тIэкIу фIэкIа имыIыгъыу и жьыщхьэ и къуажэм докI. И мылъкур къуажэм дэс тхьэмыщкIэхэм хуагуэшыж.

Лажьэу емыса пщыр шхын щхьэкIэ лIэным нэсащ. Къуажэ гуэрым дыхьащи, зыми иригъэблагъэркъым, факъырэ къащыхъуурэ мылIэIус къратурэ къыIуагъэкIыж. Жэщ къыщытехъуэм, зыгуэрым и хадэм зыщигъэпщкIуащи, пщым и щхьэм Iэджэ щызэрегъэзахуэ. ИкIи къегупсыс Iэзэ хъуауэ зигъэIуу, абыкIэ ахъшэ къыхихыну.

ЗдыкIэщIэлъ мэкъу Iэтэм зы гуахъуэжь егъэкъуат, шыдыжьи шхэуэ кIэщIэтт. Пщым гуахъуэр мэкъу Iэтэм кIэщIегъапщкIуэ, шыдыжьыр ехури псыхъуэм деутIыпщхьэ. Нэхулъэр къыщищIым, хадэм къокIыжри, гъуэгум тоувэ. ЦIыхухэм я Iэщыр къыдаху. Шыдыр зыфIэкIуэда лIыр къыбгъэдохьэри къоупщI: «Куэд щIауэ утет мы гъуэгущхьэм? Ди шыдыжьым здигъэзар умылъэгъуауэ пIэрэ?»

«Хьэуэ, слъэгъуакъым, алыхьым фIыр зыхуищIэн, уи насып тхьэм химыхкIэ. Ухуеймэ, сэ сыпхуэплъэнщи, къэбгъуэтыжынрэ къыумыгъуэтыжынрэ бжесIэнщ. Ауэ тIэкIу сышхэн, унэ нэщIым сыщIэсу сыплъэн хуейщ».

ЛIыр гуфIэри, пщыр иригъэблэгъащ, игъэшхащ, унэ нэщIым щIигъэтIысхьащ.

ЗимыIэжьащэу «Iэзэр» къыщIэкIри, лIым жриIащ и шыдыр здэщыIэр. ЛIым шыдыр къихужри гум щIищIащ, ауэ уэри щIыри игъэзри гуахъуэр игъуэтыжакъым. Гуахъуэр я мэкъум зэрыхэлъри къыжриIащ. Арыххэу, лIым къуажэ псом щигъэIуащ къэунэхуа «Iэзэм» и хъыбарыр.

Къуажэпщым ар зэрызэхихыу, «Iэзэм» лIыкIуэ къыхуегъакIуэ: «И адэм и фэеплъу ди пщым зэрихьэ дыщэ сыхьэтыр кIуэдащи, къыумыгъуэтыжу хъунукъым».

«Iэзэр» къэгузэващ. ПцIы зэриупсар езым ещIэжри, кIуэн идэркъым, и лъэр хущIэкIыркъым. АрщхьэкIэ, лIыкIуэм, Iэзэр имышэу кIуэжмэ, къуажэпщым кърищIэнур ещIэри, трегъэчыныхь.

«Алыхьыр фIыщ, сыщыгугъынщ, мы зэм сыкъелмэ, гъащIэ сиIэщ, ауэ си пцIыр къыщIэщмэ, ар кIуэдыжыпIэ схуэхъунщи, сэри сытыншыжынщ», – жери, пщыр лIыкIуэм и гъусэу йожьэ.

Къуажэпщым деж нос. Абы къыжреIэ: «Си дыщэ сыхьэтыр фэеплъщи, къэбгъуэтыжмэ, и уасэм хуэдэ тIощIрэ пщIырэ уэстынущ, зыдыгъуар къысхуэбгъуэтмэ – нэхъыбэж. Сэ мы пщIантIэм сыдэкIакъым, ар мы лъапсэм илъщ, ауэ зыдыгъуар къысхуэщIэркъым. Къыумыгъуэтыжмэ, мыхьыр уэзгъэхьынущ, уи фэм фэлъыр дэсхынущ, псэууэ мы пщIантIэм дэкI уиIэкъым».

«Iэзэм» и псэр и лъэдакъэпэм нэсыжащ. «Сыт мыгъуэт сызезыхуэр? Шхын щхьэкIэ сылIами нэхъыфIти», – жеIэри мэгузасэ.



Сыхьэтыр къэзыдыгъуахэр хущIыхьатэкъым ар ящэнуи, пщIантIэм дахынуи. Пщыр здэжейм, дэрбзэрыр абы бгъэдыхьэри, бзыпхъэ трих хуэдэу, и жыпым сыхьэтыр кърихат, ауэ хъумакIуэу щытар пщафIэрат, ещанэу я гъусат пэшхэр зэлъыIузыхыр.

«Iэзэр» и закъуэпцIийуэ зы пэш нэщI щIагъэтIысхьэ. ЦIыхубзищыр пэшыбжэм и гъунэгъуу зэхэсщ, зэхуотхьэусыхэжри: «Дыунэхъужакъэ Iэзэм дыкъищIэрэ пщым жриIэжмэ».

«Iэзэри» и щхьэ хуопсалъэ, и жьэмрэ и гумрэ зэрегъэчэнджэщыж: «Пшапэ зэхэуэгъуэм щыщIэдзауэ нэхущ хъухукIэ сыщIэсынщ, кIыфIзэхэту сыщIэкIуэсыкIыжынщи, къуажэр сыбгынэнщ. Шыр щыщмэ – пшапэ зэхэуэгъуэщи, си гугъуехьым щIедзэ, жьындур джэмэ – жэщыбгщи, си гугъуехьыр соух, жэмхэр къэбумэ – нэхущщи, сыщIопхъуэж».

Арати, шым и щыщ макъыр зэрызэхихыу, «ари зыти къэсщIащ», жиIащ. Ар зэхэзыха дэрбзэрыр къэгузэващ.

Жьындур джэри, «ари етIуанэу къэсщIащ», жиIащ. Ар зэхэзыха пщафIэри къэгузэващ.

Нэхущым жэмхэр къыщыбум, «ари, ещанэти, зэфIэкIащ», жиIащ. Пщым и пэшхэр зэлъыIузыхыр къэгузэващ.

«Iэзэр», хуэм дыдэурэ бжэр къыщыIуихым, цIыхубзищым яIууащ. Щыми лъаIуэу щIадзащ: «Уэ пхуэдмыщIэн фIыгъуэ щыIэкъым, ауэ пщым дыжумыIэж, сыхьэтыр мы уэ узыщIэс пэшым щIэт гъуэлъыпIэм илъ щхьэнтэм кIэщIэлъщи, абдеж къыщыбгъуэтауэ жыIэ, дэри дыкъебгъэлынщ, уэри къулей ухъунщ. Ди сабийхэр ибэ умыщI, пщым дебгъэукIыу».

Пщым зэрыжиIам тету, мылъкушхуэ къритри «Iэзэр» къиутIыпщыжащ. Ар унэм кIуэжынут, ауэ уни лъапси иIэжтэкъым. И

гум ирелъхьэ япэ зыхуэзэ къуажэм дыхьэу, псэупIэ щищIу, и гъащIэр щIэрыщIэу къыщIидзэжыну.

И пащIэкIэ щIогуфIыкI, дзапэ уэрэд тIэкIуи къреш, выхэм яхэуэурэ, и гъуэгу хегъэщI. Апхуэдэурэ псы гуэрым нос.

Ауэ уунэхъунумэ куэдрэкъым, дунеижьыр къызэщIэуфIыцIащ, уафэр гъуанэ хъуа хуэдэ, уэшхыр къош, «Iэзэр» гужьеяуэ выхэм яхоуэ.

Псым телъ лъэмыжым къызэрытехьэу, псыдзэм лъэмыжыр трехри выгур псы къиуам хохуэ. ГъэпцIагъэкIэ зэхуихьэса мылъкур бжэныцрэ хьэцыпэу уэшхыпсым зэрехьэ, псы къиуам ехьыж. Езыр, выкIэм зыкIэрещIэри, ерагъкIэ псым къыхопцыжри гъуэгу тоувэж. «СаукIыу щытми, сыщалъхуа си къуажэжьым сыдыхьэжынщи, къысхуагъэгъуну зэ сылъэIуэжынщ».

«Сэ абы фIэкIа сыIэзэнукъым, гъэпцIагъэкIэ къэсхьа мылъкур псым ихьыжащ, си Iэзагъри уэшхыпсым хэкIуэдэжащ. ГъэпцIагъэкIэ мылъку зэвмыгъэпэщ, хьэлэл фхуэхъунукъым. ПцIым лъакъуэ щIэткъым», – жеIэ «Iэзэм». ИкIи езым и пIэкIэ пщы ящIа Хьэмыр зыхуегъазэри йолъэIу: «СыпсэухукIэ цIыху и жагъуэ сщIын дэнэ къэна, бадзэ сукIынкъым, вы тIыса згъэтэджынкъым, си пщIэнтIэпс къабзэкIэ сыпсэужынщ. Си гъащIэ къысхуэнэжа тIэкIур мы къуажэм щызгъэхьыж».

Хьэмыр, къуажэдэсхэр зэхурегъэшэсри, яжреIэ: «Ди пщым и къуаншагъэр къыгурыIуэжащ, Iиман къихьыжащ. Къэзыгъэзэжыр тхьэм къещтэж. Хуэдгъэгъунщи, къуажэм къыдэдгъэхьэжынщ, и лъапсэ, унапIэр еттыжынщ».

Къызэхуэса къуажэдэсхэм даIыгъащ Хьэмыр и псалъэхэр. Апхуэдизыр къезыкъутэкIа, лейр зэрымыгъуэр хьэкъыу зи фIэщ хъуа, къуажэпщу зэгуэр щытар, адрей къызэрыгуэкI дэтхэнэми хуэдэу, и жылэжь дэтIысхьэжащ. АдэкIэ къипсэуа гъащIэм гугъуехь зыкъомым щыIууами, и пщIэнтIэпскIэ шхэжу къэгъуэгурыкIуащ.

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ



*ЕкIуэкIыу:* **7.** ЛIыгъэншэ, шынэгъуафIэ. **9.** Зы мэжджытым къепхауэ, хьэблэ зыбжанэ хъууэ къуажэм щыщ Iыхьэ. **10.** Ерыскъыпхъэ гуэрхэр щахъумэн папщIэ щIым хыхьэу ящI псэуалъэ. **11.** «Насыпым и хэкIыпIэ» романыр зытхар. **13.** Мэз джэд лъэпкъ. 15. Нарт лIыхъужь. **16.** ... ищIэ щхьэкIэ, ябзыр иIэкъым *(псалъэжь)*. **17.** Гъавэ щаIуэ щIыпIэ. **20.** Акъыл зиIэм ... иIэщ *(псалъэжь)*. **21.** Макъамэ зыщIалъхьа усэ. **22.** Шым и кIуэкIэ. **23.** И лэжьыгъэм, и дунеӣ тетыкIэм пэкIуэу цIыхум хуащI лъапIэныгъэ, пщIэ. **24.** «Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ, ... щытми къожьэр — къызэплъэкI» — Бицу

Анатолэ и усэ сатырхэм щыщщ. **26.** НасыпыфІэ, Іуэху къызэхъулІэ. **28.** УэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, Урысей Федерацэм, КъБР-м, КъШР-м, АР-м я цІыхубэ артист. **30.** Пасэрей зауэлІым и жыр пыІэ. **32.** «Сэ ... сыкъихуу губгъуэм сыкъинами, Си уэрэдыр жепІэурэ дахэм игу сигъэлъ» — КІыщокъуэ Алим и усэ сатырхэм щыщщ. **33.** ПлІанэпэ. **36.** Зыгуэр щІэхыу зыужэгъу, игу ирихьу щытам щІэхыу блэхъуэпсыкІ. **38.** ЕІэ-епхъуэу, пІащІэу Іуэху зыщІэ. **39.** «Къэбэрдей тхакІуэхэр» тхылъыр зи Іэдакъэщ ІэкІ щІэныгъэлІ, филологие щІэныгъэхэм я кандидат. **40.** Явауэ гъатхэм нагъэс щІы. **41.** ... и щІэр, ныбжьэгъум и жьыр *(псалъэжь)*.

*Къехыу:* **1.** ЦІыхум и гуащІэдэкІым къыпэкІуэ ахъшэ. **2.** Быныр ... . *(псалъэжь)*. **3.** ... къэкІуэнущ жыІи гъэтІылъ, куэдрэ щылъащ жыпІэу умышхыж *(псалъэжь)*. **4.** Хэт къакІуэми фІэхъус ирех *(къуажэхь)*. **5.** Бын ящІа щІалэ. **6.** ... и нэ дыщэ ІуэнтІа щІэлъщ *(псалъэжь)*. **8.** Муслъымэн диныр зезыхьэхэм Алыхьым щелъэІукІэ хьэрыпыбзэкІэ къабж нэмэзыбзэ. **12.** Адыгэ тхакІуэ. **14.** Зытепсэлъыхьыр зыгуэрым нэхърэ нэхъ жыжьэу зэрыщытыр къэзыгъэлъагъуэ псалъэ. **18.** Шортэн Аскэрбий и пьесэ. **19.** Гъэм и зэман. **20.** МахуэцІэ. **25.** Тыншу бгъэш хъу, ІэтІэльатІэ, жауэ щымыт. **27.** Зэман пыухыкІа, Іуэхугъуэ гуэрыр здынэсыфынум и гъунэ. **29.** Вагъуэиж. **31.** ... жьы хъумэ, хьэІуцыдзыр щодыхьэшх *(псалъэжь)*. **32.** Фащэм я нэхъ дахэр ... *(псалъэжь)*. **34.** Адыгэ лъэпкъ. **35.** ШыкІэпшынауэ, адыгэ макъамэ Іэмэпсымэхэр щІынымкІэ ІэщІагъэлІ. **37.** Хьэщыкъ зыхуэхъуа, фІылъагъуныгъэ зыхуаІэ цІыху. **38.** ... зыгъэдалъэм илъ япэ мажэ *(псалъэжь)*.



---

**Япэ къыдэкІыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкІуэкІыу:* **7.** ПщыхьэщІэ. **9.** Ажэгъуэмэ. **10.** Тхьэгъуш. **11.** Сыринэ. **12.** Хамэхьэ. **13.** Убзэ. **14.** Гугъэ. **15.** Хуабэ. **16.** Суд. **18.** Бжэ. **20.** Дарий. **21.** Уэлий. **25.** Жыг. **26.** Пуд. **28.** Джэду. **29.** Блэ. **30.** Уэркъ. **33.** КъэкІуэгъуэ. **34.** Ашэмэз. **35.** Дэлэн. **36.** Псыхэуэ. **37.** Шхыныгъуэ.

*Къехыу:* **1.** Бырымбыху. **2.** Джэримэс. **3.** Уэтэр. **4.** Уашхэ. **5.** Сэрмахуэ. **6.** Куэш-Хьэблэ. **8.** ХьэдэгъэлІ. **17.** Угъурлы. **19.** Жылау. **22.** Гузэвэхыр. **23.** Белджылы. **24.** Уэрсэрыжь. **25.** Жумэрэн. **27.** Думэныщ. **31.** Фэдэн. **32.** Къуаншэ.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№2**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков,
Хачим Кауфов, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 09.04.18. Выход в свет 30.04.18
Формат 70x108 $^{1}/_{16}$. Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 14,0.Уч-изд. л. 11,7. Тираж 2.187 экз. Заказ №144
Подписная цена на 2 месяца 31 р. 17 к.
Подписная цена на 6 месяцев 93 р. 51 к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано ООО «Печатный двор»
360000, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыIэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркIэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэмэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Калюжнэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 1, ООО «Печатный двор».